

KANDJUTKUNDANG

Kelile Republikan
S.M.P.T

KANDJUTKUNDANG

13/8-1969

Rp 90,-/-

KANDJUTKUNDANG

Prosa djeung Puisi Sunda sabada Perang

DIPILIH SARTA DISUSUN KU :

Ajip Rosidi

DJEUNG

Rusman Sutiasumarga

DIPAPAESAN 8 GAMBAR DJEUNG 17 VIGNET
KU JUS RUSAMSI



DJAKARTA 1963

P.N. Balai Pustaka

Dikaluarkeun ku:
Dinas Penerbitan Balai Pustaka

Ditjatak di
Balai Pustaka

B. P. No. 2124

Hak nu ngaraang ditangtajungan ku Undang²

Rp. 600, —

Masbar-djili Jat. Rotansi

*Wantu wantu sindir mali sasindir,
wantu wantu basa mali sabesa,
ngan beda nu lepiraos,
tjatur ki djuru pantun,
djuru pantun unu bérbudi,
pantun ti Padjedjaran,
nu ti kuan pojakan,
njaos p'euieuvana,
sindir lidji di mana waliwisi mandi,
niandi di panggijangan*

*Panggijangan panggijangan kuring,
panggijangan panggijangan urang,
urang nu keur ngalalahon,
lalakon nu keur ngalun,
pada-pada boga pamanggil,
padu boga tjerita,
pada boga galur,
gok amprok djeung sasamana,
marurantun aja nu pait nu anus,
baralik kari ngaran.*

*Kalipah Apo (R.H. Muhammad Syekh)
Tina Dangdaengguila Lant Kidul*

BUBUKA

DASA DJEPANG datang, kasusastean Sunda ana tadiwa keur meudjeuhua morontod, ngadadak leijn fir tangkol ditigas sirung, malah bangun rek ngararengrengan da pada uaring golkeun. Kumaha teu rek pada naringgalkeun; sigala ke giatan ditudjukeun keur kapuntingan Asia Timur-Baja. Sipatia pektis djeung ekonomis, saluhu djeung kauajaan mangsa pôrtau, sang sidera tua teu hajang neugusuléun 1.136 buen buen keur di sakulih li ketuleun Indonesia. Ari sene lucihé nge-ot, hasil Malaju amu dina taun 1928 ku poca nomorné diliung denglingané diadi Lasa Indonesia. Kauakeun iku nia panutuhanan bawa katut kasusastean deureuh, maliolah mudahlah djeung kontorilitok lan totorilitok pasilulir beunanya diselarikun henten dilere kaséripéun hi'up.

Dituna ku munesa republik manesa nge-pércabutan ngegédur burungan neurasé salibihunéan salburéjé keperluhanadéngkeun republik pércabutan amu bérdebat. Dina ukuré kawéwan nyekéh ti bura ana misih hirup péruwéga, tina nitungrumé lidii benrekéton amu pagérahé. Lewat kira-kira déni, Paca katut sene kawéwané hirup sene a. Péruwéga kawéwan pétan hirup da émon nge-matalan kana péruwéwané amu. Cékek. Belaké sene kawéwané amu munesa nge-peché tuléun. Tatié iku jené hirup sene kawéwané tatié sene kawéwané tuléun. Tuléun dadi neueréngku kena kosa katut lesuit istramna deurihi djeung tsah neupéun 1.175.000.000 rupiah. Dina péculi amu munesa

susumbarna oge, magar tehi basa daerah kudu ditumpes, dēmi gembelengna pēsatuan Indonesia, tjénah.

Tapi di sagigireun eta, aja oge djalma anu insap kana harti utjapan Empu Tantular anu kiwari dipake moto Iambang nagara Republik Indonesia, anu unina : *Bhinneka Tunggal Ika*, Kartina : nadjan bola-bola tayi mangrupa katunggalan dina lüdji bcungkeutan anu tohaga. Mimitina mah djalma-djelma anu mraktekkeun eta moto ku djalan ngahu-ripkeun deui kabudajaan daerah teh, kalah ka diaranggap gundam, ngimpi tēngange ereng-erengan. Malah aja anu teu enleum-enleum njebutkeun : kakitangan van Mook, provinsialis, sukuistis, daerahistis, sempit, pémétjali-bélah, maleh nöpi ka pëngluvanat pêrsatuan pisan. Utjapan-utjapan kita tehi babakuna djolua ti para djalma anu masih kenehi hirup dina sumanjët ngagédur anu mawatni hënteu bisa mikir kalawan objektif djeung esak-timbang-taradju.

Nu rek narulis dina basa Sunda, leba anu asa-asä, sieun bisi énja diadi pémétjali-bélah atawa kakitangan van Mook. Djalma-djalma anu pidunja, ku lanteran hënteu aja érongan bu-kai meurang kauntungan-keuningan finansial larum nulis dina basa Sunda. tungtungna milih nulis dina basa Indonesia, amu ambahan djeung pasarna leuwih djembar.

Ngutjip sifat ulhamduhlah rehma dina keajaan anu sakitu beuratna teh (babakuna psikologis), aja djalma-djalma anu teunueun-luhuny ku djalan nioha-nioha nealuarkeun madjali-madjaleh niadisan bakat-bakat anu bakal rénung. Ku hajoh diasong-asong mah, mimiti tjul-tjél nu ngarora oge narulis dina basa Sunda. Djadi di sagigireun anu néruskeim latjak baheula teh, rea nonoman anu lelengkah-halu nulis dina basa Sunda. Ènja ari čujana mah keaboton para sépuh teh, magar basa Sunda batuolah kiwari rumidjud. Tapi kajnjataan jen barudak ngora kiwari darack narulis dina basa Sunda bari hënteu ncingélkeun mitung-ruzina keur dirira pribadi, mangrupa bukti anu mod bisa ditelok, jen basa katut kasusastran Sunda niandiareupan mangsa-balehat anu rek moro ka benrang, djadi moal tauguran.

Rənungna pəhatian djeung kapərtjajaan ti barudak kiwari kana basa katut kasusastran Sunda teh, lir lahirna baji anu bakal néruskeun latjak karuhun anu disangke muguran. Nja ku lantaran ningal eta bebandingan pisan. ieu buku emi mangrupa antologia sastia Sunda sebada pəitung dingaranan *Kandjutkundang*. Nutur talari karuhun, djabang-baji anu kakara gubrag ka dunja dibahanan cobongsa radjut nu disebut *kendiukundang*, dicusi ku mangrupa rupa kios djeung tarekah ngarah mahala-nachaju, ngadjauhkeun mamalana, ngadeukeukem mahaluna, maledi hirup-hirup, lulus-banglus.

Maksud ieu antologia ge nya kitu pisan : kabidji mangrupa dokumentasi keur enak-intiu sampeneran kaboreup, dumeh bermang disebutkeun kasusastran Sunda salada pəcang mali gəlerna ngan dina madjalah-madjalehi djeung suratkarar hac. Aja eta oga anu mangguna buku, "ini kerjanya dilanjut ku rani. Ari suratkarar djeung medelih tsia wuwuna ngan sapoo (impi harian) atawa tanjungga (rotan m'izguan)", penglibuna cabuler (imun medelih dina bulanan), lištu iku kewas buku anu bisa d'sampen dihadde hadé. Tah korangan korangan anu ku na njrusun dianggap hadé serta aja hartina keur kamékanan djeung sadjarah kasusastran Sunda dikumpulkeun dihidijkem dina ieu buku.

Kadu : dina m'illera korangan-korangan, boh prosa boh puisina keur ieu buku teh, nu niusun babekuna ngabeuratkeun kana kadar-sastrana, djadi maksud teh keur Ekkél si diabeng kuméléndang di pawéngan, supaja setiwa sadar m'lhu nětöpkeun ukuran kasusastran Sunda anu k'wari mesili katjida samarna.

Djulul *Kandjutkundang* dibambahi ku katérangan „prosa djeung puisi sastra Sunda sabada pəcang“, anu netelekeun watés-watés ambalianana. Waktuna diwatésou ngan ti séméti sabada pəcang rēpi ka taun 1959 katorpernakeun. Kurang-leuwih ngurung waktu samuluh taun.

Katérangan „prosa djeung puisi“ dikenbar pisan, meh ngawéngku segala lapangan sastra. Pedhal dina kajataanana mah, ngan seluhbaraha wenginan sastra wae anu dimuat dira

ieu buku teh. Dūni sababna, bahakuna mah nya ku lantaran kagiutan kasusastran Sunda sabada pērang teh hēnteu dina sakabeli wangunan-sastra. Roman upamana, anu dina mangsa mengsa samebeli pērang mah tjenjalih sarta njekel pēranan anu katjida pēntingna, ngan lidji dua wae anu kaluar sabada pērang. Eta ge kece ari digolengkeun kana hasil sastra anu ditulis kalawan kasaderan nyastra mah. Kitu deui drama. Ani loba teh ngan sadjak, tjarpon, dangding, sketsa djeung parineungan. Esej djeung kritik (sastra) mah, kurang pisan dina basa Sunda teh.

Maksud anu njesun, kadjabo ti tjarpon, sempalan roman, parineungan djeung si eten teh kana prosa ege rek diasupkeun esej. Tapi songgensusa adilawuan i djeumé pihak pēnérbit, aja kateusalujuan : pihak pēnérbit ngarasa kaabotan upama esej diasupkeun kana ieu astrologia. Nja tuluj ujekot diclan-téngah : esej diumurkeun teh za deui bac, maksud mah masih dina seri ieu kendi : lamun naréng *Kandjukundang* rek disusul ku *Tulungbening* ngamuat esej djeung kritik.

Ari anu disebut puisi ku mi njesun, hēnteu ngan sēmét sadjak wae, tapi oge ngewéndhuku dangding. Ieu hēt teh yéi élu pisan dietieskeun. salih sol aja sebenesa salih-sancku ti urang Sunda anu boga anggapin ieu dangding nich wangunan sastra samebeli pērang ari sadjak wangunan sastra sabada pērang. Boleh sadjak boli dangding, duanana ge ngan saukur wangunan, anu duanana bisa digolongkeun kana puisi atawa ngéran. Sadjak djeung deréding sajara wangunan, duanana oge njamrek dina dunia kasusastran sabada pērang. Ngan hanjukabia teh, labuhan dangding anu diumurkeun dina mangsa sabada pērang iea, nya sémét malikan deui kaendahan basa samebeli pērang, ana ciuma mah karasana hēnteu spontan, zahab zees manerupu klise nya meti.

Sakumpulan anu lepilihah di luhur, dina révél karimans-Lorraine ieu jen bolu, anu rujem arkeumatikum karo adien sastrani, djadi lain nyaun wungkul ieu wa cronginan. Siapa dina nu allu adienan hasil sastra ari dipilih zeusen ieu buku mi njeres ngubemathem kana kualian ideu djeung

watiquanana, djadi kaeslian ensi djeung wadali. Ieu kaeslian teh kudu lahir kalawan djuljor, djadi lain djudjeunan.

Dina milili djeung nempaikeun karangan², nu njusun satjara sajar, halang mendekomu kamékarou sastra Sunda sabada pérang nu organis supaya ku sing salia bae nu watja bisa kaeunteungkeun (nadian henten kungsi nuturkeun kamékarou sastra Sunda sabada pérang ee)

Sumbér anu dicunakem nju sia medjalih³ djeung surat-kabar-suratkabar Sunda anu kungsi (masili keuch) nju (ajeuna) antarana : *Kivari, Warga Sunda, Panghegar, Sipata-heenan, Tjandra, Mengle, Siliwangi, Panglajang*, djeung *Kalawarta Lembaga Baro d'eurng Sastra Sunda*

Ka para Pangasuhu madjalih/surat-kabar anu kasébat di Lubur, nu geus ngabantu ku djudan mere alamat⁴ pangarang nu ngalaataaradeun nu ri ismu bisa bulungan laungung dieung diinisa, tapatiséun di jené diktatuk un rewut⁵ nukum Nja kitu deni ka para pangarang nu geus ngawidiana ngarmuatkeun hasil sastrana bori di ngéngan ku tulidhar tiatéfan ureunaan erondéunna trivedat hirum dai. Haulihah hénteu sadala puncaknya koyé lembu akbaratna. Tienshi d'eurng eta, aja sababaraha pangarang anu hénteu kunesi katjuktijuruk alamatna, atuh hénteu Lémoé distriktem widina, kitu deui biotrapina ose ten bisa kalah turken.

Ka para kantionitra anu geus ngandéun pérhatian dieung ngabantu satekoh polah dina wélu ngérap ieu antologia antarana ku késé ngajukkeun leuwileuh medjalih/surat-kabar nu d'pribileum Balakena lo Sdrk. M A. Salimun, Sdrk. O. Hidjat, Sdrk. Atje Rustaman Sdrk. Moh. Koerdie, ka Sdrk. R.A.F. kum blinten d'ejiji wélu, nu njusun ngabaturkeun entuh mi ten éte hirum.

Patumoké : batu nukum ieu lo Sdrk. Aitrohaedi djeung Sdrk. K.S. Kartikaan nu, seni marhaen nemuan tulisan⁶ djeung menengé⁷ ketemu dengan sastra mely neolitik-caraka nu ngawéndéuhua deni bu Bali meskah nu Béseké ; saeta Lisa diadukeun lo Pénéhbit.

A. R.
R. S.

E U S I

Katja		Katja	
BUBUKA	7	KLARA AKUSTIA (A.S.)	
PANGATEUR	17	DHARTA;	139
TJARAKA	29	Poe Lanja	140
Neangan	30	Lagu	142
Patjul	50	Kadung Sundajana	144
M.A. SALMUN	57	Talalma Anepakén	145
Tukang Rantape	58	Kls. WS	146
SJARIF AMIN (MOH. KOERDIE)	70	Ajeuna mangsana	147
Sabot Balangah	71	Ngipri	149
Geus Leas	74	Manoboro	150
Neangan Lebaran	77	Napsu	152
KURDI NATAMIHAR- DJÀ	80	Tekad	153
Dasar Milk	81	Gumilar	154
K.T.S.	84	Sareapna di Padesan	
Samar	85	Sunda	155
Rek Naen	86	PA NANJA	156
Gandrun	87	Tepung deni	157
KI UMBARA	88	E. PERMANA	158
Murahing Pangeman	89	Noda	160
Sapardjeng Djaken	90	Pamabokan	173
IDA N. LAB	96	SJ. BASTAMAN	173
Aja "bagdja" teu da- lat	97	Tapau	179
RUSMAN SUTIASU- MARGA	103	Si Likur	181
Papatjengau	104	RAGHMAN OM.	182
M.O. KOESMAN	115	Hana	189
Dai Likur taun katu- kang	114	OLLA S. SUMARNAPU-	
LTUY T. SONTANI	117	TEVA	197
Sangkuriang	118	Emba; embat	199
Gambar	119	Rik p	199
Si Kabajan dina pocan		R.A.T.	204
Lebaran	125	Eapa kereng mata-mata	
Sang Kuring (fr)	123	mesuh	205
		Main Bal	213
		IAN BIE HUN	227
		Di meudara mtsdjid Sya- hada	228
		rendjean djeung Ku- ring	229

	Katja		Katja
Tangtungan	220	Tjinta	325
PRIJATNA AFIATIN ...	231	Ladaki di Tegalpati	326
Kasepondok Kasopan-djang	232	KUSNADI (EDI) PRA-	
TIEN WIRADIKUSU-MAIH ...	241	WIRASUMANTRI	338
Ka mana „koring” nu kuring	242	Sangkuriang	339
J. NIRMALA ...	243	Sukabumi	341
Nini	244	K S. WIDJAJA	342
Djumahahan	249	Keur na indi ti heula	343
ATI WR ...	254	Tjardi di sisi ombak	344
Modjang, sulier, katja-pi	255	Balik	345
Sakadar Karincung	257	JUS RUSAMSI	355
Angga Pakidolan	259	Prasing di kampung	356
Tjatetan Pocan	261	Pasundan	357
Tel pon	265	Bandhang	359
TINI KARTINI ...	269	Sepurupat abid	360
Uling-wuu	270	Kasihoman	361
Surat	271	WATY WIBISANA ...	362
Djurig	281	Souadvani bababuk	363
HASAN WAJIHU ATMA-KUSUMAH ...	287	Prapisul	365
Sangkuriang	289	Paparajan	366
Sadjak Tjinta	290	Pangbatikan	367
SAHURI ...	291	Tjekita ne sarma	368
Ka mana ?	292	Hatiman	369
Rek tepi ka mana ?	296	Bi Empat	377
Meupeus Keujang	301	ELDI TARMIDDI ...	391
Arip-aripeun	309	Eja: Mudjur	392
SAJUDI ...	316	Penting	394
Neangan	317	Konda	395
Panglatikeun	318	SURACHMAN R.M. ...	401
Longser	319	Isak-isak di Basisir	402
Katumbirি	320	Fabu Mitudura tapa	403
Indung djeung anak	321	I remahjai	404
Omih	322	Baredu Epa Kolet	405
Langit tjeudeum	323	Elegi Pamringkas	406
Hudjan	324	Lagu Paturaj	407
		Tjinata Indung	408
		Robinson Crusoe	409
		Gamagina	410
		Inju Kuring	411
		UNUS SUR ...	412

	Katja		Katja
Sanggen dalapaan taun...	413	nan	444
HENOAN WANGSASEN-		AMIP MUSTORA	451
DJAJA	418	Dosa	452
manusa Karim	419	Elegi	453
KARDJO WANGSAAT-		Datu	454
MADJA	425	Angin bulan Mei	455
Roh	426	SI TONGGINAR	456
Pilar Djapati	427	Kosongna Kandang si	
ESON SUMARDI	428	Manis	457
Mush	429	Pano Tadjug	462
Angin Peuling	430	AJAI'R RAHIDI	469
AJIP ROSIDI	431	Pananggih	470
Djante Arkidam	432	Imeh	471
Tanah Sunda	436	Leban	472
Keur Toto	438	Peuling	473
Uavir beuki ngoloan ...	439	Lembah-tjal	474
Kutimbiri	440	Leerdung	475
Djati Walagedi	442	Lindung	476
ODHI SETIAODHI AR ..	443	Deban Ngelipat	477
Leupasna kidji buro-			

PANGANTEUR

Dina njanghareupan hasilsestra-hasilsastra sabada pérang, babakuna beubeunangan nu ngarora, aja dua sikép anu patukangtonggong: anu nganggap ajana hidji kamunduran sarta ku lantaran kitu njébutkeun jen kasusastran Sunda sabada pérang teh keur ngalanglajung, djeung amu nganggap ajana balebat anu madju ka beurang sarta ku lantaran kitu hénteu narima anggapan jen kasusastran Sunda sabada pérang teh ngalaunglajung. Dina Simposion Sastra Sunda anu diajakeun di Djakarta dina bulan April 1955, M.A. Salmin (salah saurang pangarang semiemeh pérang anu masih keneh aktif), njébutkeun jen kasusastran Sunda kiwari (maksudna mah Kasusastran Sunda sabada pérang) teh keur lésu, aja dina kamunduran. Ieu paindégan teh disanggah ku Achdiat K. Mihardja amu njébutkeun jen kasusastran Sunda sabada pérang teh hénteu keur ngalanglajung, malah sabalikna: njanghareupan padjar anu gumawang.

Alésan-alésan anu nganggap kasusastran Sunda sabada pérang keur ngalanglajung, babakuna mah didadasarkeun kana dua sabab. Sabab nu kabidji ku lantaran dina mangsa sabada pérang beunang disébutkeun euweuh buku hasil sastra Sunda amu anjar kaluar. Kadua, ku lantaran basa Sunda anu diparake ku para pangarang Sunda anu ngarora gëde teuing kapangeruhan ku basa djeung kasusastran Indonesia. Di sagigireun eta dua sabab, loba kench alésan-alésan pikeun

ngeuweuhkeun atawa sakurang-kurangna : ngabaekueun kana hasilsastra-hasilsastra Sunda sabada pérang.

Alésan anu kahidji saënjanan mali lain alésan anu bisa ditarima. Lain alésan anu asup-akal. Alésan euweuhna buku tjiptaan sastrawan Sunda ngora ana kaluar, soënjanan mah lain masalah kasusastraan, tapi masalah pénérbitan djeung nu kitu mah aja hartina seteh pikem djalma-djalma tukang tjetöt statistik anu radjin ngitung ti mangsa ka mangsa. Sadajyan sicutik pisan, nalah nrah euweuh nu kaluar mangrupa buku, tapi dina madjaleh madjalalah djeung suratkabur, kagiatan Kasusastraen Surada sabada pérang, boh djumlah (kquantitatif) boh adjen (kwalitatif) henten aja di sahan-dapeun djamau samemeh pérang, mangsa tjeujahna roman-roman (pitjisan).

Alésan anu ladua dipadjukeun ku djalma-djalma anu kangeunge-unalan ieuung lirup dina bidji koajaon bari henten hajang neuleuman situasina. Eta djalma-djalma teq dina naungtukeum alus-gorengna basa Sunda, nake ukuan djeung babantuan basa Suerla samemeh pérang, mangsa maranehananra sekola di Iskola Radja, dilendo bari didjas-tutup, disarung bari dijelma. Keur maranehananra mah basa Sunda teh mangrupa undak-unduk anu lëtjep-këtjapna teu meunang patjorok. Rasa basana geus mati ku padika-padika warisen ti Mataran, nèpi kana basa teh kénéteu nganggap gambaran espresi rasa djeung pikiran manusia, tapi sabangsa tembok anu ngadingding di sakurilingna sarta unggal djalma anu wanu ke lear tina eta tecilek, teu meunang ampan deui dianggap „danawa”, „mainela”, „tukang ngariksak” drkd. Autu dina njangbareupan hasilsastra oge, siképmra teh nja sikép mantri pulisi anu ngadjaga sakitan bari mamawa tjameti ngintip-ugintip sugan aja koalahananra, atawa sikép djuregan guru njangbareupan hasil-hasil ulangan muridna : patlot beureum sajagi keur njoretan nu salah. Ari sastra-sastjaran salah sabidii wanganan geusan manusia ngamanifestasikeun sèni mrah, henten kahartieun.

Kitu deui kanjataan jen para pangarang nu ngarora tea

nulis dina basa Sunda teh kadjurung ku kanjaah, katjinta djeung kadeudeuh anu taja hinggana kana basa Sunda (anu keur manehina samanehnaeun mah loba rugina manan untungna tibatan lamun nulis dina basa Indonesia anu amba-hannana-leuwih djember djeung djaminan finansialna leuwih gede) mah, tara nèpi ka katiten ku djalma-djalma anu kabisana ngan njoret-njoretkeun patlot beureum kana kasa-lahan-kasalahan tatabasa djeung undak-usuk basa Sunda bae. Kanjataan jen lamun di antara pamuda Sunda anu kakara sawawa dina mangsa atawa sabada Djèpang aja nu boga kadaek nulis dina basa Sunda teh, istuning kadjurung ku gedena kanjaah djeung katjintana kana basa Sunda wungkul. Kanjataan jen maranehanana mah (beda pisan djeung djalma-djalma anu hirup sagènèrasi atawa dua gènèrasi saheula-eunana) beunang disebutkeun hënteu kungsi meunang pangadjaran basa Sunda anu rada bénér. Sarta lamun maranehanana ngagunakeun basa Sunda, basa anu digunakeunana teh istuning basa beunang mulungan bari ulin djeung papada baturna. Sabab barudak Sunda anu kakara sawawa sabada Djèpang mah, lain wae hënteu ngalaman hirup dina hidji lingkungan hirupkumbuh Sunda anu masili weuteuh, tapi oge mehi hënttu kabagian pangadjaran basa Sunda di sakola. Da sanadjan aja oge pangadjaran basa Sunda dina daptar-pangadjaranana, make diembel-embelan ku „mun aja guruna”. Sèlengkeun hënteu unggal zakola kabènèran boga guru basa Sunda.

Kitu deui lingkungan hirupkumbuhna, boda pisan pasipatan djeung kasjeanna lamun seug ku urang dibandingkeun djeung lingkungan hirupkumbuh Sunda dua atawa tilupuluh taun somanehna. Dina djero duapuluhan taun pangahirna, babakuna sanggeuna Djèpang datang djeung sabada revolusi, pakumbuhan Sunda ngaleman parobahan anu katjida gedena. Ieu parobahan teh hënteu ngau ukur dina widang sosial-ekonomi wae, atawa dina widang politik djeung tatapradja wungkul, tapi oge njoko kana widang-widang rohatjalma. Rosa kaséh-ran beuki ipis, sabalikna rasa

kabangsaan Indonesia beuki kandēl beuki kandēl wae.

Ku ajana pidato-pidato anu langsung, radio, surat kabar-surat kabar, pangumuman-pangumuman resmi, buku-buku batjaan djeung pangadjaran anu male basa Indonesia ka djero pakunibuhan Sunda, pangaruh basa Indonesia teu bisa dieuwenthalkeun. Di sekolah-sekolah, oge sekolah-sekolah rajat, basa luluguma lain basa Sunda, tapi basa Indonesia. Pangaruhna atra katingal: lain wae kētjap-kētjap Indonesia, loba ngareuman-beuj basa Sunda barudak Sunda kiwari, tapi babakuna mali djalan-pikiranana oge kapanggaruhan deuih ku djalan pikiran basa Indonesia.

Ku lantaran eta salah pisan lamen urang neumbleuhkeun kasalahan ka diri barudakna sorangan. Jen basa Sunda barudak Sunda kiwari hēnteu „bērēsih”, tapi „ramidjud”, laiu ku lantaran barudakna teu hajang teu ramidjud, tapi mangrupa hasil tina hidji kaajaan anu teu bisa disingkahan. Sabab, sabab-musabab anu ngalantarankeunana teh diua wideng anu aja di luareun kahajang djeung kakawasaan barudakna sorangan. Ieu kaajaan teh gambaran sakumna masarakat Sunda anu keur ngalaman parobahan anu katjide gēdēna. Parobahan tina djiwa sadaja-daja kena djiwa sawawa anu teu sudi diatur ku batur. Parobahan tina djiwa anu pasif kana djiwa anu aktif-kreatif.

Ieu parobahan teh sejenjana mali mangrupa budangna deui djiwa aktif tur kreatif anu bacheula kungsi kapibanda ku karuhun Sunda, njeeta djiwa anu kungsi ngalahirkeun djiwa badag saperti Sang Kuriang, Si Kabajan, Lutung Kasarung, Mundinglaja Dikusumali, lagu-lagu Dēgung, lagu-lagu Tji-andjurian, ibing topeng. Djiwa Sunda anu kungsi ngalahirkeun H. Hasan Mustapa.

Pangaruh basa djeung alam-pikiran Indonesia djeung barat lain kudu disingkahan, tapi kudu disanghiareupan kalawan teuncung-ludeung.

Mum urang njoreang kana sadjaradi Sunda, urang insap, jen mungguhing pikeun urang Sunda mali konfrontasi tjara kieu teh lain anu mimiti. Karuhun Sunda bacheula geus nem-

bongkeun kateuneungan dina njanghareupan mangrupa-rupa pangaruh ti luar : ti India, ti Djawa, ti Arab, sarta hasilna oge salilana nembongkeun jen djiwa Sunda teh miboga kaniampuh pikem ngajakeun sintesa anu harmonis. Djiwa Sunda salilana teumeung-ludeung ngajakeun konfrontasi djeung djiwa sarta alam pikiran ami beda pisan pasipatanana. Eta konfrontasi salilana hasilna ngagambarkeun jen djiwa Sunda henteu pareum, henteu kasoran ku anu mangaruhanana, tapi kalawan harmonis ngalébur anu mangaruhanana djadi boudana pribadi.

Ti India urang Sunda meunang pangaruh mangrupa agama-agama djeung kapertjajaan-kapertjajaan, tapi di sagigireun batara-batari djeung deva-devi anu diimpot ti India tea, teteup susunan Sonda mali dipageuluan : Sunan Ambu, Sang Rumiuhun, Para Budjangga, Para Pohatji. Kapertjajaan anu geus njampak di Sunda sarengan Hindu, njacta kapertjajaan ka pangecan nu esa, teteup hurip, henteu tuturuti djadi tilu (trijuriti). Ti urang Djawa urang Sunda meunang pangaruh iembang, tapi lagu-lagu Tjiandjur anu mangrupa hasil kreasi djiwa Sunda anu djember sarta asli. Ti urang Arab urang Sunda narima agama Islam, tapi H. Hasan Mustapa ngan bisa lahir djeung hurip di lingkungan djiwa Sunda, sabab andjeuma mali mangrupa djiwa kreatif dina tradisi Sang Kurieng djeung Si Kabaian. Kalawan pageuh djeureng djero, H. Hasan Mustapa nandjeur ka bumi tempat bali geusanne ngadjadi, njacta bumi Sunda.

Kiware Sunda njanghareupan pangaruh babakuna ti barat sarta kalawan sadar nempatleun dirina dina lingkungan persatuan Indonesia. Lannun urang pertjaja kana djiwa Sunda anu geus ngalahirkun H. Hasan Mustapa, urang teu kudu ringrang-léwang sienn Sunda ngan tinggal ngaran. Dina djero lingkungan persatuan Indonesia, Sunda bakal nembongkeun djiwa anu aktif sarta kreatif kalawan sadar jen hirup di tengah-tengah dunja moderén.

Menang pikem djalma-djalma anu djiwana mati ku padika-padika djeung aturan-aturan mah, ieu parobahan teh

matak longkewang : gendjlongna tembok-tembok anu ngadingling ngawatésan di sakuriling bungkingna. Ku lantaran saumur-umur geus biasa teuing rendjo tembok-tembok ngadiéga harcupan, atuh dina njaksian runtuhan tembok-tembok anu bakal nukakeun kabebasan teh ngan baluan djeung hariwang nu eja. Nja njelutkeun jen pakumbuhan Sunda kivari teh ngalanglagung, sarta kasusastran Sunda anu dijadi saksi anu hurip dina lehimpun djeung hirupkumbuh Sundana oge ngalanglagung deuih. Enja ari anu ngalanglagung tea mah eja, tapi ngan Sunda anu djiwana epesmeer bae, njaeta Sunda se-laja-saja, sabab dina lingkungan Sunda kaharcup mah moal aja témplate pikeun manusa-manusa anu djiwona kakungkung ku padika-padika mati djiidjiemian batu. Demi hirupkumbuh Sunda djaga, nja ditangtukeun ku Sunda-kivari anu ajeuna rēnung budang deui tea. Pikeun djiwa anu kivari niaring tur sadar mali, kaajaan krusastran Sunda kivari teh djadja-uhun tina ngalanglagung, malah : balebat mapag padjar hibar tébeh wetan !

KASUSASTRAN Sunda sabada pérang, babakuna mangrupa hasilsastra dina wancinan tiarpon djeung sadiek atau dimuat dina madjalali-madjalali djeung suratkabar. Wengunan tiarpon, geus populér ti mangsa samemeh pérang keréh. Tapi keluengguhanana dina dunja kasusastran Sunda sabada pérang, dianuh leuwih pérting dina mangsa samemeh pérang, lamun baheula mah tiarpon teh ngen wungku mangrupa hiburan batjacun bari negliwat di sociigireun wengunan roman eru leuwih kandél sarta leuwih pandjang, klveri mah beunang disébutkeun njukél monoroli wengunan prosa. Roman meh honten katintal muntul Kadiaba ti tiarpon, wancinan prosa anu tjujali tina madjalali-madjalali djeung suratkabar Sunda sabada pérang teh njeta panirouwagan djeung sketsa. Loba sketsa anu humoristis ngagambarkeun kaajaan masarakat Sunda kivari, Beumang Sahuri, Jatna Nirmala, E. Pérmana djeung lian-lianna plastis pisán ngagambarkeun manusa Sunda anu hitup di djero masarakat anu geus beda

pisan pasipatan djeung masarakat Sunda anu sok kapenggih ku urang dina buku-buku Moh. Ambri upamana.

Kadjaba ti Sjarif Amin, beunang disebutkeun taja deui anu nulis panineungan anu antéb-léléb, daria (series) sarta senkeut ngelhudang alam katukang anu nantjéb dina ati. Panineungan-panineungananana Sjarif Amin teh saénjaua mangrupa parineungan ka alam Sunda samemeh pérang ti hidji djalma anu sadar kana parebahan waktu djeung kaajaan. Sakilat-sadjorelat djiwana ngawawaas njorcang alam anu ngan kaij wangwangon.

Anu nuatak reugreug njecta beuki lobana esej djeung kritik ditulis dina kasusastran Sunda sabada pérang. Sanadjan H. Hasan Mustafa nulis esej-esej anu lurade pisan, tapi ku lanteran henteu loba anu kungsi nöpi ka mesaraket, beunang disebutkeun pangaruhna kona kagiatan para pangarang Sunda samemeh pérang henteu pati loba. Beuki lobana nu narulis esej dina mangsa sabada pérang, nemibongkeun kamadjuan urang Sunda dina bab panikiran. Sustra teh laiu wungkul pikéun suka-sukan ngalihbur bari ngaboléj, tapi hidji wanguunan parenti manusia njuktiruk aingna ketut bélbénérana-bélbénérana.

Kritik beunang disebutkeun henteu dlikénd ku duaja kasusastran Sunda samemeh pérang, babakuna kritik-sastra. Kiwari geus mimiti aja nu ngabaladahi ieu lapangan. Sanadjan reaksina masili piyuh ku prasangka, tapi ajeuna urang Sunda geus mimiti wanoh kana adjen-inadjen dina widang sastra djeung seni.

Kitu deui mitutina mah realé mearakat kona wanguunan sadjak dina basa Sunda, munggah geundjeung. Loba pisan urang Sunda anu ngaraco krabotan wanguunan sadjak dicurakeun dina basa Sunda, sabab maranehanana ngantép jen mungguling pikéun urang Sunda mah njé éngéng wanguunan puli anu geus diwariskeun ku karuhun setia luda diartrap sutii djeung karapat. Saénjana mah samemeh pérang ore, Rd. Mamed Sastrahadiprawira nganakeun wanguunan sadjak dina bukuna Mantri Djero,

tapi harita mah (bisa djadi ku lantaran henteu mandiri tea), taja reaksi ti masarakat.

Sabada pérang anu ngamimitian deui mulis wangunan sadjak teh Kadir Tisna Sudjana anu Liasana make inisial K.T.S. Ku pangaruh tina kasusastran Indonesia, eta wangunan teh gantjang populer, babakuna mah di kalangan nu ngarora. Tapi henteu eureveheun anu mere reaksi njanggah : nja timbul polemik anu kap-paudjangan nich diim umggal madjalah.

Polemik anu mimiti di Sabudenreun taun 1952, antara djalmia anu njamput di satukangeun sandiasma Ki Sunda djeung Kiswa Wirastismita, leuwih dikenal Kis. Ws. djeung saparakantjaca. Ieu masalah haneut deui dina taun 1955 antara Wahyu Wibisana saparakantja djeung Juju Juliatty saparakantjana.

Leuwih gedé kertina nippel sepla rēndelaon kana hak hirupna wangunan sadjak dina polemik tea, njseta kenjataan beuki tjenjalna sadjak-sadjek anu ditjiptakeun ku nu ngarora. Ieu hal norihongkeun, ieu wewenan sadjak beuki populer sarta beuki dipikarésép ku urang Sunda.

Tapi memang antara produksivita djeung kwalita henteu salilana aja kasaltuan dina karmajuci-karmadjuwanana. Henteu kabeh sebjak tea nèpi kana tulap anu mihogé adjen sastra. Kakalutan ukuran ti para mlektur madjalah dina njangliereupan hasilsastra, njebabkeun sadjak-sadjek anu mateng dimuat karéng dieung sadjak-sadjek anu teu adjenan. Ukuran sastra Sunda Ila teuing nyukulun adien-inadien lahiriah kajenin purwokenti dieung kaendahan basa anu teu eusian. Ku lantaran geus biasa teuing njangharenpau dangding, ukuran sastra ngan nèpi kara minuhun henteuna papagon-papagon anu geus tangtu, anu mangrupa padika mati. Dina mere-adjen kana dangding, anu diadjenan teh hal-hal wangunan wungkul : naha eta dangding teh njukupan patokan-patokan kajening djumlah éngang umggal padalisan sarta vokal éngang panuning anggal padalisan dieung djumlah padalisan dina unggal pada. Nja ku lantaran eta pisan dangding lain dianggap wewenan manifestasi seni, tapi mangrupa

karadjinan ngeusian patokan-patokan anu geus ditangglukeun.

Memang henteu kabeh dangding mangrupa hasil kardjinan. Aja sastrawan-sastrawan anu insap kana hartina padika-padika dangding anu lain mangrupa tudjuhan puisi, tapi ngan wungkul panjori kana kaendahan-kaendahan wonguan. Mun seung urang matjaan dangding-dangding H. Hasan Mustapa bakal ngarasa ieu pikeun eta buljanganzga mah dangding teh teu kurang teu leuwih ngan wungkul wongunan paranti andjeunna ngalahirkeun kéri-étèging atina. Aturan-aturan dangding pikeun andjeunna mah henteu metatak ngagokan. Dangding-dangdingna ngagulujur kaluar kalawan spontan, henteu mati katalian ku padika-padika. Malah mun pérlu mah, sama sekali henteu ngukuhian eta padika. Leuwili saenggang malah nèpi la duu-tilu éngang teh mangrupa hal amu biasa dina dangding-dangding H. Hasan Mustapa mah.

Leuwili teuing éngang teh sakapeung mah kipaksa sarta daek-teu-daek kudu dilakukem ku para ahli témbang Tjanddjuran, djustru ku lantaran diselujukem djeung lagu. Dina dangding „Eling-eling masing eling” (pupuh Asmarandana benging R. A. Brata liwidjaja) pada anu kehiljhi padalisen anu kalima anu tjeuk patokan dangding mah kudu tudjrh éngang, ku lantaran mun tudjuh éngang teh metak kagok nembangkeunana, nja padalisen amu unina „Jamun kasasar lampali” teh dijadikeun dalapan éngang: „jamun kasasar nja lampah”.

Tapi sanadjen para ahli témbang Tjanddjuran, leur kepuntingan lagu wani juktar tina patokan patokan dangding, rereaua nu ngadarangding mah rèsép nalikung-maneh ku eta patokan-patokan. leur kepuntingan eusi henteu wani ngajakeun parobahan.

Dina sadjak leunang disebutkeun kacudahan kaendahan lahiriah teh henteu atra njata mangrupa patolan tjara dina dangding.

Sanadjen Kis. Ws. (1953) diua ngabela bakhirup sadjak dina kaensastrau Suria, njebetkeun ieu wawunganan sadjak teh asli wonguman sasira Sunda pituun, bari njebutan tjonto-

tjonto tina tjaritapuntun djeung kawih barudak, tapi ari sadjak-sadjakna sorangan mah djelas pisan nembungkeun panngaruh tina sadjak-sadjak basa Indonesia sabada pérang. Usaha néruskeun talari karuhun Sunda saperti dina puisi buhun kakara dilakukeun ku Sajudi, tilu-opat taun sanggeusna Kis. Ws.

Sadjak-sadjak Sajudi mangrupa usaha néruskeun djiwa karuhun Sunda dina tradisi puisi pantun djeung djangdjawoken kari nandjeur kana kahirupan sapopoe mangsa kiwari. Babantingan-bebandingan djeung kaendahan basa buhun dihirupkeun deui bari djeung dibere tafsiran katut warna anu moderen dibawa ka djero lingkungan hirup kiwari. Dina sadjak-sadjakna Sajudi nembungkeun jen ēnja-ēnja wawuh sarta diadjak masamoan ka tēnyah-tēngah hirup moderen.

Usaha neangan sarta nafsiran djiwa Sunda buhun disalujukeun djeung kahirupan kiwari, katenihong dina lobana tafsiran-tafsiran kana djiwa Sang Kuriang. Utuy T. Sontani sanggeusna nulis sadjak *Sang Kuriang*, masih ngarasa hēnteu singéma nya sababaraha keli deui nulis drama *Sang Kuriang*. Lain wae dina basa Sunda, tapi ege dina basa Indonesia. Dina esejna *Kakajaan Batin Ki Sunda* Utuy mire tafsiran anu orisinal kana djiwa Sang Kuriang djeung Si Kabajan, njaeta minangka djiwa nu katjida dariona di sagigireun djiwa anu rēsēp lieureuj sarta ngagrap jen munugguhing hirup di dunja euweuli nanaon, atawa rum ngagunakeun istilah Utuy mah : geus ten neneotu ku nanaon.

Kadjaba ti Utuy, masih loha kereli sastrawan cumu njebanjeha mire tafsiran anu mandiri kana tokoh Sang Kuriang, upamana Kusnadi Ps., Hasan Wahyu Atmokusumah djsb. babakuna dina wangunan sadjak.

Kitu deui kadiaba ti Sang Kuriang, tokoh-tokoh sastra Sunda buhun kajaning Latung Kesarung, Dajang Sumbi, Sunan Ambar djsb. memang sorotan djeung interpretasi anjar ti para sastrawan Sunda kiwari.

Ieu usaha teh saénjana mah gambaran ludangna deui djiwa Sunda dina alam kahirupan kiwari. Arinsap, jen dina ne-

angan panandjeuran teh taja deui iwal ti kana kabudajaan Sunda bilihun bari djeung henteu mophokeun kanjataan-kanjataan hirup kiwaci.

Kainsapan kana ieu hal, geus ngahasilkeun hidji badan pangulik budaja (studi-kleub) ann aja di sakurilingcum madjalalah *Kiwari* anu oge make ngaran B.P.B. *Kiwari*. Para anggota B.P.B. *Kiwari* insap kana harti djeung tēmpat kabudajaan Sunda dina lingkungan kabudajaan Indonesia anu hirup di tengah-tengah kabudajaan dunja. Oge maranelianana insap, jen kabudajaan nasional Indonesia teh bakal Jahir sarta diwangun tina kanjataan-kanjataan anu kiwari njampak dina kahirupan masarakat Indonesia sorangan. Dēmi kanjataan-kanjataan tea, nurutkeun B.P.B. *Kiwari* mah aja dua rupa :

1. Jen Indonesia teh kungsi meuwang pangaruh ti luer (deungeun), sarta eta pangaruh teh diterima ku masarakatna, malah loba anu geus asa kana banda sorangan ;
2. Jen Indonesia teh diwangun ku lingkungan-lingkungan kabudajaan daerah anu geus boga sadjarah sarta geus njantel dina ati para anggota masarakat eta daerah.

Nja tina ieu kanjataan-kanjataan pisan nurutkeun B.P.B. *Kiwari* mah kabudajaan Indonesia teh diwangunna. Ku kituna, B.P.B. *Kiwari* mah lain wae ngaku kana hak hirup kabudajaan daerah dina lingkungan persatuun Indonesia, tapi oge malah ngarodjong sarta aktif ngamadiukeunna.

LAMUN urang nalingakeun hasilsastra-hasilsastra, pangpang-na puisi, beunang nu ngarora, karasa pisan jen orientasi para sastrawan nu ngarora teh babakuna kaj kasasastan Indonesia atawa dunja (ngaliwatan lawaung Barat). Sanajan énja di luhur geus disebutkeun jen dina usaha neungan tēmpat ngadég, loba sastrawan-sastrawan anu maliken deui hasilsastra-hasilsastra Sunda bilihun, tapi karasa pisan jen henteu unggal sastrawan ngora Sunda meunang kaséripcten plkeun neuleuman sarta matja hasilsastra-hasilsastra Sunda bilihun.

Ieu hal teh, lain bae disababkeun ku lantaran memang hasil-sstra Sunda kultur tea masih keneh mangrupa kasus-stran-lisan sarta ku lantaran eta hese njukrukna, tapi oge anu geus ditjatētkeun (babakuna moh beunang usaha C.M. Pleyte, urang Walanda, sarta dimuatken dina madjalah-madjalah anu dikaluarkeun ku Bataviaasch Genootschap anu ajeuna dilandi djadi Lembaga Kebudajaan Indonesia) hese neanganana, sarta praktis teu bisa diindjeum, kadjabati pērpustakaan Museum (L.K.I.), sedengkeun henteu unggal sastrawan natangga djeung museum.

Loba keneh pisan tjaritapantun-tjaritapantun anu tatjan katjatētkeun, sorte lanum urang ningal jen beuki fla beuki kurang wae djuripantun, pērēlu pisan ieu tjaritapantun buru-buru dituliskeun. Lain eta wae : dalah anu geus ditjatētkeun ege pērēlu ditjitak deui ngarah bisa kebatja ku gēnērasi sabada pērang. Kitu deui buku-buku hasilsastra Sunda anu kunci kaluar samemeh pērang sarta adjenna bisa dipēttenggung-djawabkeun, pērēlu dikaluarkeun deui.

Ieu usaha teh katjida pēntingna, babakuma pikeun ngimbangan orientasi anu loba teuing njawang ka luar.

Nu leuwih djamih : supaja aja kasempētan pikeun gēnērasi kiwari djeung nu hekal datang mere intēpretasi djeung mere-adjen kana beubemangan karuhun Sunda. Njoreang ka anu geus kaliwat teh, mere perspektif pikeun njawang ka anu baris disorang.

Bandung, Desember 1959.

A.R.
R.S.

TIARAKA

Sandiasma, Ngaraan bénérna : Wiranta. Keur leutik Tahja atawa Ojo. Dilahirkeun di Kawunglawuk, Tjonggeang (Suméndang) dina taun 1902.

Sakolana di Sakola gupérnemen 3 tahun sarta tainat kalawan ngantongan diploma ti kelas IV dina taun 1911.

Djadi guru dina taun 1917 sarta meunang udjian Wekling (Kweekeling), nipi ka dina taun eta keneh diangkat djadi Wekling di Sakola Kelas II Kalapanunggal (Sukabumi). Dina taun 1918 meunang udjian Gurubantu di Sukabumi. Sanggeus ngalauangan surat-kabar *Kaoen Moeda* (Bandung), mimeti nulis. Taun 1921 lulus udjian "Klein Ambtenaar" sarta taun 1922 meunang diploma Boekhouding A. 1923, kaluar djadi guru sarta térus digawe djadi Asisten Bockhouder di Karawang.

1925 pindah ka Bandung djadi Rédaktur Mingguan Sunda *Soerapati* sarta kungsi dihukum sataun lantaran perselit tina artikélaa : Tan Mataka Dibuang.

Kungsi dibuang ka Boven-Digoel ti taun 1927 - 1931. Népi ka taun 1940, samulangna ti Digoel aktip di kalangan pasuretkabaren : *Kiauw-Po* (Bandung), *Sinar Pusoendan*, *Matahari* (Semarang), *Keng Po*. Kungsi ngamudi mingguan Sunda *Bidjaksana*, muka Romans-Burcau *Manilli* di Bandung.

Népi ka 17 Agustus 1945 ti djaman Djépang lantaran disangka Komunis, ditangkép ku pamarentah Djépang. Aktip bérduang 1945-1948, di wéwéngkon Tjiandjur, 1949 balik deui djadi guru.

Buku²na ditulis dina basa Indonesia djeung basa Sunda : *Buron dari Boven-Digael*; Ir. *Sukarno*; *Handjekal Djadi Awe-we*; *Isukan Kuring Digantung*. Ku Penerbit Kiwari Bandeng, taun 1963 dikeluarkeun buku kumpulan tjarponna *Neangan*.

Karangan-karanganana dimuat dina *Sunda*. Knngsi meunang hadiah kadua saembara tjarpen nu diajakeun ku Lembaga Basa Djeung Sastra Sunda taun 1953.

Dina ieu buku dimuat tjarponna :

NEANGAN
PATJUL

Neangan

R̄EBUN-R̄EBUN hudang, moro pukul 7 digawe.

Pukul 2 mulang, dahar reureuh.

Reup peuting sare.

Isuk-isuk hudang deui. Kitu djeung kitu, bulak bolik saban por, 2½ djam, seban minggu, saban bu'au, mangtaun-taun.

Kudu lindang. Ludu mero pukul 7, kudu digawe, kudu dahar, kudu sare, djeung sababaraha kudu deui, lalakon hirup djero sapoe-sapeuting.

Hirup tungkul kana kudu, diengglér ku waktu.

Kuring nanja ka kuring: „Naha kitu kuduna hirup kumelén-dang di dunja teh ? Bēt hirup diurēd ku waktu, dihalangan, teu jasa sakarép ingsun. Tuh manuk, hibér kakalajangan di buana pantja-tengah, sakalajangna, sakarépna, mun eunteup di mana tjérgna, mun njajang di mana dackna. Euweuh nu geureuh, taja nu njaram, taja nu open mērdika !”

Kuring inilut sanggeusna diidinan pérlop.

Rek ka mana ? Duka tenuing. Intjah teu diaéjam ti tadina, teu paguh nu ditudju, rek ka mana bae andjogna, sugaran mah rek miturkeun inilung suku bae tjéra nu pondung.

Rek naon ? Duka tenuing. Kawasna mah rek nurutan manuk.

Serung polekat, kopeah make nilu diasupleun kana rangsél, kabénérnan make boga keneh rangsél urut bérdoang bareto. Djaba ti eta teh, make dijeljelan ka bêbekélen dha-reun, ti antarane komet, sardentjis dua kaleng, malah roko mah make mawa aja lima bungkusna. Termos wadah tjai teu tinggleum.

Pamotretan disorendang tjara Wartawan-potret.

Djog andjog ka stasion, meuli kartjis, sarta teu kungsi lila kareta-mpi tehi geus ngaleong.

Kérctéging hate, barang kuring nöpi ka pangeurungan kareta-mpi leutik, di tengah-tengah antara pasir djeung pasir, sanggeusna kareta-mpi ngaliwatan djalan nu punikal-pengkol, bēt halang teum.

Sanadjau kartjis tatjan nēpi ka tēmpat nu ditudju oge, da harita hajang turun, da hajang nuturkeun kahajang tea, ah, turun bae.

Djut turun manggih djalan satapak ka tonggolikeun, kuring leumpang mapaj-mapaj djalan suni.

Leumpang apitara kēbon djeung kēbon, nandjak mudun mapaj reuma ngurilingan pasir.

Panon-poc rek nōngahan poc, nongtoreng nodjo kana beungeut, kesang huit-leet, bēt ngarasa keurat babawaan sakitu tehi, moal leuwih ti sapuluh kilo.

Di tengah-tengah reuma nu harita keur meudjeuhna digrap, kuring neindjo tangkal ngarunggunuk bangun iuh.

Kuring reureuh, diuk njangkundjar lambar, ngarasakeun hareudang katēbak angin ngahiliwir, tiis njētjēp sumarambah ka saluar awak.

Nendjo ka tonggoh, pasir bulistir, leutjir kawas tonggong nu keur tungkul matjul.

Rēntul di dieu di ditu, nu keur digarawe, nu djauh djiga tunggul hirup, haligis teu dilaradju, di alam nu sakitu nongtoreng panasna. Kesang ngutjur, njaktjlakan, ka luar ti saben bulu badan, njiraman taneuh, nambahar gēmuk lamun tapak patjul geus waktuna dipēlakan.

Djongdjon tēngtrēm ajēm, teu hoream ku lēga, teu sungkan ku panas, ngētjuruk tungkul, teu galideur ku kaajaan sa kurilingna.

Sakali, pamotretan kuring ditjētrekkeun.

Kuring kurah-koreh muka bēbékolan, sasarap ku lēlēnipēr. Ana torodjal teh barudak aja limana, nu panggēdena kira-kira umur 10 tamu, malah nu saurang mah ngais budak nu kakara satann umurna.

Manehna ngariung ka kuring sanggeusna digupajan supaja daroukeut.

Arulutud, ngan nu panggēdena nu make tjelana teh, nu mawa budak leutik tea. Tjénah mah keur ngasuh da ēmana keur mantuan bapina ngarag djukut.

Sanggeus ku kuring dibagi roti sakeureui sewang, eta ba-

rudak teh dipotret, ngadjadjar. Nu saurang mah dipotretna tehi meungpeuman beungeut.

Kesang geus tuus, rangsēl diberesan, kuring indit deui dituturkeun ku barudak.

Hénteu térus nonggoh, tapi mipir pasir, sarta waktu kuring ti mumunggang turun ka lēbak, barudak tehi teu térus miluna, tapi ngadjadjar ujalengir neudjo kuring sosorosodan dina lamping.

Di antara pasir djeung pasir nu bulistir, ugotjor walungan leutik, tjaina tjamembrang herang. Sapandjangna walungan tehi ngadjedjer sebabaraha kotakan, umpak-umpak, nu harita pareua keur gumunda.

Dina tépungan suku pasir djeung pasir, kokotjoran walungan ita, katendjo ku kuring aja batu gëde namprak, sartat deukeut eta batu gëde tehi aja tangkal loa ngarung-guruk.

Kabita bangun génah, djiga nu hajang didiukan eta batu lempar teh. Kuring eureun, gek diuk, atuh rangsēl dilaan, diteundeun di gigireun.

Lèga, neudjo alam narawangan, teu tjara di kota, asa heurin, asa leutik, sindék-sindul, deukeut deudeuleuan.

Taggah, da kapindingan ku-tonggong pasir, katendjo, djanuh ngalumbuk, gunung sému paul.

Ngalirik ka gigir, ka sisi² walungan, galengan ting raring-kéh, ratjuog tuturu hajang djeung djuat.

Beh tonggoli sacutik, kira-kira aja limawélas metér ang-gangna aja pantjuran tjaina ngagélenggeng, diauban ku tangkal nu ngarojom ngiuhian tampian.

Ama disidik-sidik, hét aja nu keur mandi, ngojok, ngutjur kana pantjuran.

Sorangan, mangitung sakadar dituruban ku samping, ti luhur nénghali tonggong, ti bandap luhureum tuur. Pernalna ka kuring moh nekangan.

Mekprekan dangdaunan, kawasua mah daun kamalandi-nga. Pek dikasajkeun ka saluar awakna, meureun minangka sabumna mun tjare urang kota mah.

Kabeh, n i tunur ka hiuslap népi karo, nampal suku dikesor
wan fu daen meunang neuk, endan t.a.

Djengdjon nu keur ngejok stub kuringdjongdhon nu nendjo
Pancauakan Mandjang, agemé pépé mané Tetela lain
tuléh de lauh, ng apelai partéhna

Kendjo huitme zola ten lewatih nih di tengah téungah
antara amuncung nyé djeung nu maha, eng het aja kuil kitu
Kuili tembok loko. Ditéung hanik indeung djeung bedas
diadéh, ngélik dispalihur kuli kuil naon pingaranan
déné.

Nili Lada kumpangna taéar, dilapis ku kuil naon pangar
paneumana tea, ras wékté bana dongeng : „boa ieu teh ipri
ngédon mandi”

Pancretan kriting difitnahéhah,

Beres pamiceran het tuléh njoko beungéutan, prakur
man awak sampior kitu, ngétegut beungéut goring patat.

Lauhina, sengazuma beréh nu ndiba, tulaj ngélikan, sarà
wanggeutan ngélikan en, temur malu, camping baséuh, nu
ngan sléh tu-a ieu i ; dina-kéu panibor clangkeng, budju
wéris kane pinggungan.

Adju kabéjana keling, dipado, kéri disampaikan di
labuan

Ditung andir nu lauhéhah, kumpang mapaj galuh
lauh nu sepele ngan ob sentimen, ngélik boboko

Seradijus kuria ngédominan nu nomiti keur mandi
ngéliké tuléh tembi ngélik nu keur lempengna din
guléh, tuléh hiuslap nu maha beungéutan. Juga naon manik tem
bereng nu en salinan pacéh o ngélikan, situ oge radé ha
ndungan ka kertina. Iku ieu ngélikan, meunun ngélik
tabuh.

Nendjo japo ieu ngélikan, tuléh éta geus bisa ngagumbur
tuun ieu, oé tjué gendé

Pancretan tuléh éta ngalihéh, tuléh ngebadedogken
nu ngélikan, tuléh badent nu dituméhah

Tetela hiuslap belai huna, na eri wélesti tuléh atuh labuh
ngélikan tuléh galuhéh lauh, tembus meureuh dumeh sji

nu ngagorobas, nja eta taneuh nu ditenggorkeun ku kuring.
„Aduh!” Manehna ragrag kana kotakan, boboko nu di-
eusian beas meunang ngisikan teh lesot tina leungeunna,
beasna awur-awuran.

Kuring buru-buru luntjat, rek mulungan.

Kasampak teh keur ugil-ugilan bae tatjan bisa hudang
Ku kuring dipangku, didjungdjungkeun sina naungtung.

Ret manehna nendjo ka kuring, atuh kuring nendjo ka
manehna.

Ajeuna mah kuring nendjo sidik kana beungeutna. Lain bae
awas kana beungeutna wungkul, tapi sidik sapuratina sakur
nu aja dina beungeutna, panowna, irungna, liwirna, sungut-
na, pipina djeung gadona. Teu djauh ti sangkaan, tjatur-
rangga koloi teh tetela benerma, lamun pangawakan nitu
kulit kitu, moal salah beungeutna oge kitu.

Modjang ngora kench piyan geuning niun lele tea mah
keur meudjeuhna kumeuhuer, kakara 15 taun kawasna.

Manehna ngabétem, kuring pireu.

Bari ngagosokan leungeun nu pinuh ku leutak, manehna
tungkul, tuluj luak-lieuk, meureum neangan bobokona.

Ku kuring bobokona dipangnjokotkeun.

Njeh manehna imut saentik, bari nampunan boboko.

Leos indit, teu basa teu tjarita, sumawonna ngamihunkeun
ruhi, malah leumpangna teh gagantjangan.

Kuring olahok mata simeuteun.

Kira-kira gesus rada djauh, beh tonggoh, manehna ngarerai
njeli imut deui, leos, ts. duka ka mana njalingkérna.

Kuring buru-buru balik kana batu tempar urut njerangkeun
tadi tea, top rangsél, top pamotretan, gadjléng, leos rek nu-
turkeun.

Mapaj djalan saupak nu lidig, nèpi ka tèmpat waktu tadi
teu kanjahoan ka mana leosna tea, tèrus dipapaj iepus, ana
andjog teh geuning aja lèmbur dina lengkob.

Dipapaj unggal imah, kabeh kosong, meureum tatjan da-
ratang ti pagaweanana.

Kabènèran imahna di lèmbur eta teh teu loba, sabéla-

imah, atuh kukurilingan unggal imah sugar aja na muka pantona, sugar kapanggih nu tadi, tapi wéleh rek ka saha nja nanjakeun, iaja budak-budak atjan.

Tungtungna, kuring diuk di bidji tépas, njarande kana ti-hang, ten puguh ngaler-ngidulna.

Imah nu didiukan tépasna teh, bidji imah nu panggédéna. Satukangeun imahna aja leuit, beli dituna aja kandang munding.

Ku bawaning teu puguh tjatik, maksud teh rek ngababéuhaj, nangkarak, na ari ngareret, bét nu tadi datang, tapi sampingna nu djéblog ku taneuh unut labuh tea, ajeuna mah ngan baseuh wungkul, kawosna nih njali angkér térus balik ka tjaí ngumbah nu djéblogua.

Manehna kageuteun nendjo kuring geus aja di tépas, térus ka pipir imah, sup ka panté diparé tsuchi ieu pisar.

„Njil! Njil!” tjeuk kuring „Ieu teh lumi Njai!”

„Sumuhuni!” djawabna, bari térus asup ka dépur.

Kuring teu wani térus ngudog, nja balik déui bae ka tépas, gek diuk deui.

Teu lungsi lile, panté ti tépas ka imah vibuka. Djol mu-uehna kaluar bari mawa samak, térus disimpateun.

Ajeuna mah geus njisiran, dibadju ségala, atuh sampingna mèke nu tuhur.

„Angkat ka mana bapa?” tjeuk kuring.

„Di sawah!” térus asup deui ka imah, ten kadenge sorasorana deui.

Sabot ngarép-ngarép sugar daek ngéloj deui, djomodjoj hate kuring nanja : „Naha ieu budak awewe teh perawan, atawa randa, atawa boga salaki?”

Périanjaan nu moal bisa didjawab lu kuring, da puguh budak awewe oge bangun ngadédémpes bae di djéro.

Uduh geus sababaraha kénjotan, geus boak sigaret aja tiluna, bét teu daek ngéloj deui budak ieh.

Ari kurunjung teh aja laloki kolot, tjalana wontog hideung pinuh ku taneuh, sukuna baraseuh, kawac nu tas békérésili, sarti diiring ku budak awewe tea.

„Moal salah bapana, da pitaku ari salakina mah geus sakitu kolotna.”

Kuring buru-buru nangtung, njatipeurkeun ka manehna.

„Bapa, abdi teh kuanawantun teu aja nu kagungan bu mi”

Tatjani kungsi iamat kuring ngomong, bapa teh geus naga djawab : „Nuhun bae, kersa linggih mah, bapa !”

Kuring hareugeueun, naha djeléma nu sakitu kolotna bét njébut bapa, da meudjeulna mah njébot udjang.

„Bapa teh Santara ?” manehna ngomong deui.

Sadjongdjongan kuring ngahuléng, naha nu matek disébut Santara, tapi kuring kaburu ingét, njeh kuring imut.

„Abdi mah saues, djeléma biasa bae” tjek kuring.

Eta meureun sapalsih kuring make papakean sarwa-hedjo tjara těntara, padahal papakean kuring mah harita teh drilisepe tea, hëntea hedjo-hedjo teuing.

Manehna asup ka imahna, tartu teu kungsi lila, djoj daten deui bari mawa oclat nu dieusian bako wule katut dawa kawumgna.

„Njai, geura naheur tja! buru-buru haturan tamu” manehna nitah.

„Bape teh, red vas aja atoh aja ketatamuun teh. Bade aja pikersacun naon sunping ka lembur singkur teh ?”

„Ah, teu kédali reuwas-reuwas, abdi mah sédja ulin bae hajang térang pilémbaran.”

„Ti mana atuh panglingpihan teh ?”

„Abdi teh ti kota” bari ngareret kuna erlodji geuning harita teh geus pukui 4 sone. „Kumaha bape, abdi teh tangtos ko wéngian.”

„Atuh nánum bac utu aja bapa mah, kersa turumpadéun make kéléni sagala mudi, mung nja kitu”

Budak awewe teh dateng njedorkeun panimbok djeung ija tjangkir.

Kuring ngareret ku djuru panon, gérénités hate ngomong. Gedéla, tupi aja ledana djeung geulis kota teh ari si Njai

malih, kawasna dasar budak gawe, ranpona teh teu maréjtut
tiara ramo geulis-kota."

"Njai, éma geus datang? Ieuuh, bedjakeun ka éma, njaja-
gikeun tuangeun, djeung meuntijit hajam kituh!"

Ajeuna kuring njaho teteh, jen eta budok awewe teh
anakna, tapi naha ronda otawa porowati?

Djol awewe kolot njampueurkeun, horimpoj diuk, pok ngo-
mong: „Aeh haturan, bapa!"

Eta geus pok deni bac njébut bapa, atub bari kalamos
kelemes kuring ngadjawab: „muham, ilu?"

Manehna diukna teu lila, törus pamiton émai, rek ka dapur
tjénah.

Babawaan koring komet djeung sardantji: tea dipasrahkeun
ka éma. Basana teh: „Enteuh lauk kaleng!"

Loba pertanyaan bapa ka kuring, babakuna nanjakeun ku-
maha kaajaan di kota, malah make nanjakeun keur usum
naon tjénah di kota teh.

Kuring pérnisi rek ka tjai, peuning ka tjamia teh salémbur
eta inah ka tempihan urut tadi tea.

Saban inah katendjo ngarébul, casta kadenge ajeuna inah
sora rea djélèma di inah-inah teh, malah barudik oge loba
di buruan arulin, atuh nu ka tjai ngabrus.

Peuting geus nimiti reup-reupan, sarta waktu kuring da-
ting ti tjai, kasampak si njai djeung émana keur sasajagian
dahareun.

Di tengah inali, dina samak rubak, ngadjadjar subabaraha
piring, ti antarana aja goreng daging hajam, sambel djeung
lalab katjang djeung tjitjipir teu tinggaleun, rupana ari baba-
wean kuring mah hënteu disuguhkeun.

„Tuang oge, bapa, maliun di kampung, mangga atuh njang-
gakeun" tjeuk éma.

Teu kungsi ngadua kalian, kédémék kuring dahar, da atuh
poe eta inah dahar sangu teh kakara herita.

Kuring dahar teh diberéngan ku bapa.

Rengse dahar kuring pindah deni ka tépus, sarta teu kungsi
lila, saurang-saurang tatangga pada doratang, lain boe lala-

kina tapi awewena oge katut anakna dibawa. Datangna teh hënteu lengoh, aja nu mawa beuleum sampeu djeung gula kawung, aja nu mawa tjau ambon, aja nu mawa buras, kabeh disodorkeun, basana teh hajang katuang ku tamu.

Kuring diriung, atuh teu bisa-bisa oga, malah tara ngobrol lila-lila teh, harita mah maksakeun maneh, tangtu ium di bandungan ku tukangna njarita mah, obrolan koring teh moal teu ngaler-ngidul. Mimiti njoritakun kaajaan di kota leos kana agama, térus kana tatonen, pendekna sagala di tjaritakeun. Sanadjan kitu, duka kumaha kaanggapna, kabeh pada ngabandungan, djigana teh taja nu teu résépon.

Népi ka pukul sabélos kuring ngobrol teh, sarta sanggeusna tetamu térange marulung, kuring diangkir ke djéro imah.

Djéro imah, di sisi bilik, kuring nendjo kasur ditilamen ku samak sulam djeung anggél galède teu disarungan.

„Geura kulém, bapa” ikek émama, bari nundjuk kana kasur tea.

Teu ngadna kalian deui, kuring térus ngagelehe.

Sadjéroning ngagelehe, hôte kuring nanjakeun si-Njai, naha gus sarec kitu atawa ka mana.

Bét térus rasa, teu kungsi liia djol mawa samping kébat „Ieu keur kampuh!”

Bari ditampanan, kuring rada lila mëntjorong, tapi budak teh térus balik deui ke kainar, teu émbol-émbol deui.

Bareto djaman ngungsi ngalaman mondok di kampung. Ti harita mali kakara ajeuna ngarandapan deui.

Tiis tjeuli, djempling taja dedengean saperti di kota, nu kadenge ngan sora djangkrik djeung bangkong.

Nangkerek bongkang sakini tas tjape, naha bét teu geura neup sare, ikléniutan bét asap ka kainar leutik nu aja di djéro imah eta, kumalajang kana panendjo tadi ti beturang, di tjai, keur mandi, keur leumpang dina galéng, labulu tilugubrag kana kotakan, dipangku, imut.

„Njihio ajemna nurb” ikek hôte kuring „si-Njai teh teu boga ngelaki”

TINA sēla-sēla bilik rantēng tjahaja panon-poe asup ka djēro imah, ari ret kana erlodji sihoreng harita teh geus pukul sapuluh beurang.

Kuring kabeurangan.

Dé imah sépi, waktu kuring ludang teh. Naha pribumi sarene keneh kitu? Ditendjo panto ka tépas masih keneh ditulakan, ngan panto ka dapur, tulak kaina geus nangtung gigireun panto, sarta barang kuring ngadeukeutan panto bét aja sora nu karatak-kérêték di dapur. Ana breh teh geuning si Njai njorangan.

Manehna ngalieuuk, ku kuring ditanja: „Ari bapa djeung éma ka mana Njai?”

„Tos ka sawah tadi oge endjing-endjing.”

Kuring rek ngomong deui, tapi teu tulus, sarta teu kahartu matak teu terus ngomong, da kalah ka balik deui ka leukeut urut sare, gek diuk sila tutug.

„Nja buruh, nja patani, geuning isuk-isuk teh bét arindit ka pagawean. Hirup keur digawe atawa digawe keur hirup?” timbul géréntés hate kuring bari ngénjot udud, „..... aja bedana, ari buruh mah digawena teh dikurung ku waktu, ari patani mah sadaekna.”

Si Njai datang mawa tetenong, diasongkeun ka kuring.

„Naon eta teh, Njai?” tjeuk kuring

„Tuangeun.” djawabna.

„Tuang?”

„Sumuhun.”

„Atjan sibeungeut-sibeungeut atjan atuh.” tjeuk kuring bari turus njekot anduk rek ka tjai heula.

Pukul sapuluh geus rek dahar, teu biasa, da biasana éntas mulang ti pagawean pukul dua tea, kapan dahar oge aja waktuna, mungguh kaum buruh mah sabalikna patani mah daharna teh lain make waktu, tapi kawasna ieh di manu lapar di dinja dahar.

Enja bae, lain di imali si Njai bae geus sépi teh, tapi selémbur eia mah geus taja budak nu tjeurik-tjeurik atjan, kawasna mah tinggal si Njai bae sorangan

di jembur teh, kitu oge ameh aja semah, nje kuring
Di pasir geus réntul dooi bac tpara kamari, dylémo dylém.
pela digarawe, sarta di saong suringna ngeluar heneup diitung
ku berandik dping mi leur bar ogé beureum.

Bahik n iku kamariyah ti lita, ora patungan des Liwu
nungguan teteng, daisreum tra.

Kuri mutikcom nje thuwuh kere, kere, kere, kere, nje
wret ka si Njai, Mawet, iku kungfu,

„Ari Njai geus boga waliwali, gede kuring, ora ada
Teu ngalahawah, labih ta kimatah keteles
„Lamun teu ngeliat nyandha buk legi” mung, han
kuring.

„Njai atos ka keta?”

„Parantek?”

„Sababaraha kali?”

„Dua kali.”

„Résèp di keta teh?”

Manglima ngabéwe

„Njai daek upama iku mung, iku mung, iku mung,

Ngabétem deui bac.

Diblik dibulak-balik, sepi lucu, oge uku nu ketemboh,
begoheun, boh utjapna, boh tingkahna tuu sarengkuu. Tadi
djeung gambaran djero hato kuring, estuning sabukku.
Nendio nu teu bangun sono, ciyat nu taja guam, beda djeung
talatjuk modjang keta, béti moek naambahsan sari gediran
ati beuki katajji, raga dji... si Njai pernah kena wang-wangai
pikiran kuring.

Katendjo ku kuring, tina ku buwining sakendeun-sakendeun
deung direret, polahna tuu putuh tenungeuna njoo tungku
badju, biwirna rapet, benungeuna sému beureum, djipti
nu arbék, tapi lain natak mrurangan manina, kalah k
nambahsan tjahaja nu saunnur kuring carasaan kakare
harita nendjo sijar-sijat wanita nu pihareup-hareup djeung
pria.

Kuring réndir melih iku nohadin iku tetu mi ngajuan
wanita, goh pacugraha, pulih, meluk, jahareup-bareup, tina

an uudige ejjet medjeng kempung nu geulis nich, kakaraoun
lengue.

Tingting ka surma dibuka. Ajunda naks lans perung ka
ben deurgerut sangguna teh, ciga paci lauk Enem, anggur
wangi nala lauk sayur dan kentang galan.

Elenco de las principales fuentes de la historia

22. 1974. 11. 15. 1974. 11. 15. 1974. 11. 15. 1974. 11. 15.

Wintana Ratchaprapha National Park is a national park in Thailand.

1993-1994: 1993-1994: 1993-1994: 1993-1994:

Witnesse, present, and the party above named being next called upon,
said:

When using the *getlasterror* command, you can use the *lasterror* command to get the last error.

What Is Meant By "Simplification"?

Non-ionic surfactants

Ketemu lagi di kota kecil ini, atau dulu disebut juga
sebagai kota besar, kota ini juga kota yang terdiri dari
sejumlah desa dan pedukuhan di bawahnya.

Neraké manusia di Tjap Koto, Jurng, tetu sawuk hulu. Pada anakan seorang ia, pun bujang ten dilataran, mangungnya timbul segera dan cepat angkuh bu kahderan, tetu kaharti tetu pira medjang kampung, nèpi ka ten kegoheum ka budjang ketu. Ke arérangah tempeh labur tetu batu-batu koketiek, tèrus ta dapur, sek dòk dina diedlodog gigireunana.

"Menulis rak ngédjat, gerajane ku kuring ditjékkél puhu
kecakéun. Niuna kuring: 'halik, alang rak narie."

Mangkana mèntjrong sakeudeune, terus nambah dem

"Na laracha lemuri Njei dijeng akang di kota?"

Membaca tulisan saku deudeung, tungkul deui bari ngoreh-purwah jenabeh bu rongtong

Yunru Ma et al.

Hemidactylus mabouia (Gmelin) (see above)

37

Tilgning til en bestemt refleksion kan ikke maleb ses på

nutupna mah make ditaréngan ku njampajkeun leungeun kana taktakna.

Ku kuring kadenge lalaunan pisan, tjénah „kumaha bapéma.”

Sugan ngan sakitu pibasaeunana, tapi kuring geus ngarasa bungah.

Sakali deui kuring ngutjapkeun „kumaha” bari ditompokeun lalaunan kana tjeulina.

Aneh bét ajeuna mah didjawabna teh ku gogodéng.

Kuring bingung, ditjoba sakali deui ngutjapkeun „kumaha”

Kalah ngabétem pisan.

Kuring beuki bingung, mangkaning hate bét djadi ngagéter.

„Nji, akang ajeuna kudu mulang ka kota, haju atuh anteur ka sawah ka éma djeung ka bapa.”

Naha manehna atoh atawa teu atoh kuring rek balik teh, kuring teu bisa naksir, da kalah ka manehna nangtung térus ka djéro imah, sarta katendjo ku kuring, manehna ngenetkeun tetenong tea dituruban, térus ka énggon bét njokot karembong, ditiungkeun.

Ku kuring kaharti, meureun ngadjak ka sawah tea.

Térus maen pireu, sagala hal ngan ku kira-kira nendjo ulat djeung kédép mata.

Manehna ka luar, aiuh kuring nuturkeun.

„Engke atuh, ulah gantjang teuing leumpang teh” tjeuk kuring.

Manehna ngan ngareret, térus deui bae leumpang, sarta lamun kasusul, manehna eureun djeung njimpang, djiga nitah ti heula ka kuring.

„Pek bae ti heula, ngan ulah gantjang teuing” tjeuk kuring.

Manehna indit deui, kuring pandeuri.

Leumpangna gantjang sakitu dina galéngan leutik teh, djodjorelatan bari ngadjingding samping.

Kira-kira geus saparapat djani, ti kadjuhan keneh katendjo bapana keur djongdjon matjul, ari émana duka keur na-n da keur kurah-koreh sisi galéngan.

Diog andjog ka saung, kuring eureun, da si Njai oge eureun

di dinja. Sarta sanggeusna kuring diuk, manehna indit deu ngabedjaan bapana.

Teu kungsi lila bapana datang njampeurkeun ka saung, malah ēmana oge datang diiringkeun ku si Njai.

„Parantos tuang ?” tjeuk ēmana.

„Parantos, ēma !” djawab kuring

„Nuhun atula.”

„Abdi teh bade pamitan, ēma, bapa !” tjeuk kuring.

„Bade uih ? Entong uih ajeuna kagok, sae endjing bae endjing-endjing.”

„Kagok kumaha, bapa ?”

„Ajeuna atos tengah dintēn, kapan ti Légojenang ka djalan agéng teh tēbih, lalakon tilu djam angkat, atuh ka halteu nya kitu keneh, djadi emutan bapa mah sae endjing bae, sapérkawis supados aja nu djadjap, da moal uninga djalanna oge, kaduana atuh njandak-njendak tjaū kangele oleh-oleh ti kampung.”

Kuring ngahuléng, kawas ēnja kituna teh, malah babakunis mah ku ajana pangandéng bapa teh, bēt atoh asa diaku, tangtu ku sapeuting deui ngendong, sapeuting eta djeung namatkeun poe ieu kuring bisa nendjo si Njai.

„Upami kitu mah sumuhun !”

„Sumuhun kitu, sae kulém deui bae. Upami endjing bade mulih atuh bapa bade ngadjurungan si Aspian ngadjadja-keun ka halteu atanapi ka djalan agéng bilih bade kana beus mah.”

Si Njai ngadenge kuring rek ngendong deui, ngadak-ngadak ngalieus mitjeun beungeut, naha atoheun atawa kumaha kuring teu bisa nérka.

„Djung atuh ēmana geura mulang bae ka dituh, tjaū nu dipeujeum mangkukna pipir leuit tea ludang, tjandakeun ka kota.”

Ēmana diiring ku si Njai térus mulang, ari kuring mah djongdjon bae di saung, da sanadjan diajak oge ku ēmana, kuring mérékékeun ninggalkeun maneh. Atuh bapana leos deui ka sawuh.

Ngandjétul di saung sorangan, késéi tina dink tèrus nang-jung, nendjo sakuriling sampalan, nu dipélokán ku tangkal tian djeung tivo, sélang-séleng bénieuran sampeu djeung taleus.

„Bekéi hirup bapa tani. Hasil kesang bapa tani. Ti bareng yéb dipélokán, sanggeuna dipatjul, ditunggman, dipiara, di longokan, mangbulan-laden, bekara bisa kaéla, katéla, sesana didjual ke kota, ladangna dijáke meuli badju djeung camping stawa meuli ujah djeung tarasi, takur nu teu djadi dine taneuh. Dibandingkem djeung hirup kuring, digawe tempo-tempo teu kudu nyeluarkeun kesang. subulan sakali geus narima hasil tanaga, djeung leuwih rea pangudjina diukur tu duit. Bapa tani ... tukeng njipta dabareun topi masih rea tina mangrupa bedaboreum nu tetepa ngaresa kelahar, urang kota, di pasar itimpat pangutpuhan kaledharéun mangrupa-rupa ti manis manis, bisa ricuali dieung bisa ngadahar.“

Kuring niampurkeun ka baps si Njai nu heur djenedjion matjul rek prantai balik ti heula ka lénbur.

„Mangga boc stuh geura nih, bopo noch ieu kapalang“ neuk bapa.

Kuring leumpang mapai galeng, nu angéti kuta kaajaan hirup patani, bét paingan teung baravik sedulur sanggeusna sakola embung belik djadi petani, da geuning kiut kaaja-anana.

Datang ka lénbur, turuny diuk di tépas, caria teu kungsí ilia si Njai mawa teko djeung tian mani ngarongkadaé, tjau ambon sasisat, mun di kota meureum lima rupiaean mah.

Bari ngarongkong njéhot tjau, kuring nendjo ka si Njai bét rea imut-imut atjan.

Ku sakitu, dina bate geus djudi pikiran, sagala laku kuring bét dianggap „sépi“ boc. Manehna teu basa teu tjarita leos boc ka imali deui.

Kuring ngageliebie, bét teu kanjahean deui si Njai mewa anggél sadua-dua. Sot anggél leos deui boc.

Bari ngalemun ngaler-ngidul, teu kanjahean bét kasarean, da ari ingké tséh iku péré „lénbur ba mangrit“.

Beng, peuting deui, teu beda tjara peuting tadi bac diwariung ku semah tataunga, padahal ari manggih hate mah ngarasa teu gënah dikitu-kitu teh, leuwih ngeunah lamen harita ngariung teh sakadar bapa, éma djeung si Njai. Atue ka kituna, sanadjan bori teu purun, kapaksa ngobrol deui bac, tapi harita meh lolobana ngan narima penanja bac aja nu manjakeun kumaha harga besas di kota, kumaha nu peuting ramena kumaha kanjian toko toko, pendekna sagala ditanjakeun.

Kabénehan pukul sapuluh teh, tetengga geus pada mulang. Teu kuat silla klu-klu, tungtungku kuring ngageléhe, beri nebuth punten ka bapa:

„Bapa sareng éma teh, ardhé? kétah engket ka kota ka abdi” tjeuk kuring.

„Mangga, montri paténg. Ngé ieu di manca parantes panen” djawab bapa.

„Haa atoh ieu Leneh, manzakaning ujenna uambé matjol.”

„Moal iani, giri-giri ka tujuhna oge panen. Kapan ari?” rentos paean mba stuh nsiluan ngémén besas kétan sareng leutpuungan.”

„Entong zéjan likintunan keu atuh bapa

„Hih, atuh parantes kiu lumbrélem, urong kaeung mak.”

„Beh deui bac entong ngantesan panen heula, kon buktung likintunan. Tah sbdi teh di Djalan Guntur no. 76, gampil turun ti statson teh kana betja bac, tulung betja mah tangtos térangeun.”

„Tjaté Njai ka dinjeh bisi urang ka kota!”

Si Njai esup ka karnar meureun rek njokot kertas djeung patlot. „Geuning si Njai teh biséun nulis” tjeuk dina djéro hate kuring.

„Puntén bac, supados gampil naroskeun, sehu djénéngan teh?”

„Abdi? Pan Andria.”

„Tah, Njai pek tjaté tatalian djeung djénénganana.”

„Teu aja patilona” ijawebna.

Kuring njokot blokum tret kuring nulis adres sorangan

sarta dipasrahkeun ka bapa. Ku bapa ditampanan bét térus disina diampihan ku si Njai.

Si Njai matja tulisan kuring, sarta térus disélapkeun dina bilik.

„Kumaha aeh, sanes Santara ?”

„Abdi mah sanes Ten... Santara”. Kuring imut.

„Sumuhun ! Kumaha parantos sabaraha hidji putra ?”

„Alhamdulillah, bapa, abdi mah teu atjan gaduh indung budak-indungbudak atjan.”

„Geuning ! Naha atuh ?”

„Teu atjan paréng bae pangintén, bapa !”

„Atuh saréng saha bae di bumi teh ?”

„Dikawulaan ku indung keneh bae abdi mah, bapa !”

„Sumuhun ! Dupi rama djuménéng keneh ?”

„Aja bérékah sadajana araja keneh.”

Si Njai ditendjona, ngadenge wangkongan kuring djeung bapana, katendjo ponoma buringhas, duka kumaha pihartieunana.

„Atuh da ari urang kota mah, komo paniégét” tjenuk émana di istri oge tara laki-rabi anom-anom.”

Mimiti si Njai ngolesed asup ka kamar, ditumbu ku émana, sarta teu kungsi lila bapana oge ngagoleah di tengah imah. Kitu deui kuring, sora beuki leutik, meh teu puguh nu diwangkongkeun, tungtungna saimah eta djémpe teu kadenge naon-naon.

Ingét-ingét isuk geus pukul tudjuh deui bae.

Kuring buru-buru ka tjai, sarta sanggeusna térus dangdan.

Ari ka luar kasampak, bapa, éma djeung Aspian katut tanggungan geus sajagi, kitu oge tjénah kudu dahar heula, da si Njai keur sasadiaan.

Sarerésna dahar, kuring pamitan bari sasalaman ka bapa djeung éma.

„Bral Aspian, djadjacapkeun sing něpi ka halteu” tjeuk bapana.

Kuring indit. Tapi sadjéroning indit, panon duanana teu wéleh luak-lieuk, hate tumanja, naha ka mana ari si Njai, ti tadi ti barang tas njadiakeun dahareun teu katendjo deui.

Sedjeroning leumpang kitu keneh bae, terus mudun mapaj djalan huma, tétep djadi ingétan.

Kira-kira geus leumpang saparepat djamna, kuring ngaceret ka tonggoh, lèti si Njai katendjo ngadjaléng sorangan nendjo ka kuring handapeun tangkal kai.

„Mang, mangga bae ti pajun, ahdi puguh aja nu kating-galeun” tjeuk kuring ka mang Aspian, “tapi angkatna laleunan nja mang !”

Kuring ka tonggoh deui, sarta kira-kira sapuluh metér den anggongna ti si Njai, kuring masangkeun potret, terus ditjetrekkeun.

Katendje ku kuring si Njai njarande kana tangkal kai, ku kuring disampurkeun.

Barang geus deukeut, si Njai ngadirengéls, leungeunna ngahalangan tarangan.

Bèt bingung pioranggeuna, neson atuh nu kudu diomongkeun, kalah ka leungeun kuring njabak tak takna.

„Ka mana Njai tadi teh ?” tjeuk kuring.

Teu ngadjawah.

Kusiwél kuring ngodok saké tjalana, njokot netéé, ingéni dina djero nuas teh aja potret kuring. Éta potret ku kuring dibikeun . . . Tah ieu potret akang, pek ampihan, iuang iuang panjangtjang.”

Ngadenge ketjap „panjangtjang” bari nampasan éta potret manehna mélóng kana potret bari siga aja nu dipikiran.

„Naog atuh Njai ?”

Manehna npareret kana beungeut kuring, sarta teu likitungkul deui.

Kuring ngahuléng, manehna ngahuléng, da ari mungguh dina hate mah hajang nurutan tjara dina bioskop, geuning ari rek papisah, tapi bét teu lega. Sakadar tanda papisah leungeun si Njai duanana ku kuring ditjékél. Tjeuk kuring „Njai ditinggalkeun, akang tangtu nuol lila bekal ka dieu deui.”

Kuring ngaleos, bari ngelesotkeun leungeunna, sarta cibali sahabaraha lengkah kuring ngalicuk ka manehna, nu

harita teu beda djeung arja, atau cerita maneh, atau kertas tulisan.

Ti kadjaahan, barang kuring reh paantap di Serupa Ban
ngeut manchma, ketandeh ka kuring marih deugipajah

Mang Aspien ngadagan.

„Mang” tjenik kuring leweh dedah teh...” Ngajak jadi ?”

„Nji Warsih, egaan ?”

„Ari bepana ?”

„Katélahna di lémastha nisti Bapa Warsih bae, iku kénélah
tu anak, sri saéjana nisti bae Alwadi. Andhut te i ha-
bénéran ngan hidu-hidu, atewe, de nje ore ieu salih
maot alit kénéh.”

„Gens boga salaki burukun ma Nji Warsih teh ?”

„Hih, ari azam, sareng ranta mireh parawuh.”

„Sugih gens boga pepeh, egaan ?”

„Teu galuh, sareng apri di kausapan sieni sareh...” Ngaj-
angan, harusna kebokehban sakarecon, kusupuh, aduh
tepaun bae, malah wortoens Nji Warsih ora palingan
pondoh tu Pu Léwéh, kudu dilakukakeun ka pawéne, nglé-
dheruhale deus.”

„Kameha nji Wijayastra duduhan...”

„Dash teu dudu, tèk nu elléh akéjane...” Ngajak jadi
Njia, dedak atewe nisti kénélah tembi bae ?”

„Rita, mang ?” Néulis kuring

Kuring traigromoq oan, njashi maneh si haji ar...” Ngajak
meunangkeun tu sui teri sepih kebokehban ngasih sethulur Nuru
muruat ka lelo!

Tapi, nisti iku kuring, apri iku “tak teu tembi pagésonan iku.”

Tungkul heri taudan, tembi sandjek lanté tiwégal, sungs
djon kausapan diéroning iku maneh duri berun, do hompas mada
terus tjuantantel dina halé, mangsiéning gomring si Njoi te
bét reh dilakukakeun ka wéni pé Iwuah... ketiheudan...

Djeg midjog : „caya-boc, nisti ieu ngajak iku éhik, an
tu mang Aspien supaya less dlapung fising.”

Ku kuring mang Aspien, sanggenem, dilakukakeun dijé
éhik duit sepuluh rupie. „Tak ieu mati? Léwéh budah, lémastha,
éngke eugan kuring ka disu detu?”

Teu kungsi lila karetaapi datang, kabēnēran lowong, atuh
diuk teh tumaninah, sabangku ngorangan.

Bari njarande, ngalōnjépan lalampahan dua ḥoe dua peu-
ting, neangan lowong tina hirup nu piyah ku kudu, breh
kalangkangna si Njai keur imut handapeun tangkal kai.

Neangan teh ngan ukur něpi ke meunang ... nineung, teu
luput dikurung waktu antara sēnang djeung bingbang.

Tina Madjaiah *Sunda* no. 11 djeung 12
taun ka III, 20 djeung 30 April 1954.



Patjul

Wantji pētjat sawēd ... Minangka djam ajeuna mah.

Manehna ngarti jen dimana waktū geus nintjak kana pētjat sawēd, nja eta ngudaran sawēd munding tina beuhungna anggér saban poe, kira-kira antara pukul salapan.

Pa Alhiam geus rada lila diuk dina galēng, sanggeusna manehna ngarutjat sawēd djeung wulukuna.

Reureuh, ti isuk mēdu uépi ka wantji eta, mideur-mideur mundingna bari ngawih njékélan buntut wuluku.

Lieuk deui lieuk deui bari ngarenghap, naha nu biasana dina wantji kitu teh, émbuna barudak sok geus datang nganteuran, tapi ajeuna : „aja naon tea ieu teh make élat”, tjek Pa Alhiam ngomong sorangan.

Ngalangeu, tapi baréng pisan djeung renghapna ambékan humandeuar, ari ngareret : „tuh geuning datang !”

„Puguh ge aja surat ti Bandung élat sotéh, neangan budak nu bisa matja, da hajang njaho unina”.

Manehna teh boga anak dua. Nu hidji lalaki djeung nu hidji deui awewe. Duanana ngalumbara di Bandung. Atuh nu lalaki djadi Kopral T.N.I. djeung nu awewe djadi pamadikjan pradjurit II.

Teu kaampeuh ku beuteung, geus pohara hajang dieusian, sanadjan ambuna barudak njaritakeun aja surat oge, Pa Alhiam teu ngomong naon-naon, anggur njokot loboko kedjo tina aisanana.

„Naon deungeunna, mani euweuli sambél-sambél atjen ?” omongna rada njeuneu.

„Kapan eta dibungkus, sambél. Djeung eta pais kini-kini meunang njalir kamari tea ti balong da laukna mah laleutik kenchi, keur bibit.”

Rupana handeueul pedah élat, masih ngabagégl keneh dina hatena, da sakeudeung-sakeudeung rot ngimim tina batok Lentaran kabuhulan.

Rupana handeueul pedah élat, masih ngabagégl keneh

herang keur ngagugentur kedjo supaja ulah sarépét teuing.

Pamadjikanana teu ngadjawab, térus diuk sidengdang bari nendjokeun kepentingan kana singut salakina

„Naon tjénah surat teh ?” ijk Pa Alhiam bari neureuh kedjo sagède éndog méri beunaung ngeuceut-ngeuceut

„Puguh ... luh, nja éta atuh ?”

„Heueuh naon nya éta atuh teh ?”

„Si Njai pépégaatan djeung salakina.”

„Hah ! Pépégaatan ?”

„Tjek aing oge ti bareto . . . éntong disakolakenn barudak teh !”

Pamadjikanana olchok teu ngarti, naha urusan pépégaatan disambutkeun djeung sakola.

„Heueuh . . . geura terdjoe tuh, pagawean batur geus ngangler, ari urang niasih ngawaluku kench. Taun ieu mah kaboler geura . . . Da manehna nu kiu tea mah, hajoh barudak sina sakola.”

„Kapan ambeh pintér ijara anak deungean-deungeun.”

„Pintér ! Naon piutér ? Buktina mah kolot ditinggalkeun Njawah kaboler. Tuh terdjoe si Dantén mani kuru kitu, kurang parab. Da teu kawawa sagala ku sorangan mah, mana umur ngolotan, tanaga batik kurang.”

Pamadjikanana sanggeus meretan urut dahar ngais bobokona, këntjiling mulang.

„Engke tengah poe kirim kulub sampeu make gula nja ?”
Teu didjawab.

Sanadjjan kitu dina nganteuran tengah poe teh teu burung dikirim kulub sampeu djeung gula kawung

„Lamun si Udjang teu sakola nahi, neureum ngabantuan matjulen sisi galengna. Atuh si Njai bisa ngabantu maneh nganteuran-nganteuran bae nahi djeung popolah . . . da eta make disakolakenn !”

Pamadjikanana ngabétem bae, nsa bénér asa salah éta omongan salakina kiu teh. Kalah térus bae balik

Ampir duw magrib Pa Alhiam datang ka imahna bari ngasingkeun munding manggul singkat.

Mundingna ditjangtjang deukeut leuit bari tērus neker ngahurungkeun durukan. Haseupna ngélun ngarah panjing-lar rambétuk nu sok ngarongrong kana awak munding.

Keur tjingogo, manehna ngareret kana bilik leuit, aja patjul tjungkédang njélap kana iga leuit : „... patjul si Udjang.”

Geus lila njélapna dina iga leuitna teh. Eta bae satunglung anakna djadi Tēntara, da ari keur sakola keneh mah sok daek ngabantu-bantu.

„Harianeun ..., mun ieu patjul aja nu bogana mah, meureun moal gahgar sawah teh ... Taun èngke mèh nu sabeulah kapaksa kudu diténgahkeun ka batur, da moal katanagaan. Ah, mun teu sakola mah si Udjang teh moal ninggalkeun kolot ...”, manehna ngahuléng.

Sila tutug bari udud bako mole, diuk dina kulit émbe, geus lila teu lemek teu njarek, ngarasakeun tjape sapoe djéput tas digawe, saku tu hareupeunana aja pamadjikanana diuk siladjawà bari sungutna teu eureum-eureum njapek seupah djeung njiduhkeun luah kana tampolong kuningan.

Memeh ngomong ngarahuh heula : „Manehna ! kumaha surat teh ?”

„Itu suratna dina èrak”, djawab pamadjikanana.

„Lain nanjakeun suratna. Keur naon suratna mah. Nanjakeun soteh pokpokanana.”

„Eta mah kitu wae ... si Njai disérahkeun ku salakina ”

„Heueuh, rek balik tjénah ka dieu ?”

„Teu nérangkeun rek balik hěnteuna mah. Ari kahajang mah heg balik, keur naon aja di Bandung oge ari teu puguh nu dituturkeun mah.”

Isukna, waktu manehna balik ti sawah, anakna geus kamsampak datang ti Bandung.

Manehna nendjo di djuru imah aja kopér seng djeung gulungan kasur, djeung dua tilu buntelan deui ... „Enja, tjeuk dina djéro hatena, „si Njai disérahkeunana teh.”

Ret ka djinisna ... hareugeueun. Buukna kusut make nondjo ti hareupna, meureum tjeuk urang kota mah nu disébut „golép” tea. Beungeutna ngéplak bodas, bérésih. Biwirna

beureum, tapi lain beureum seupah, make érok, ... „si Njai djadi Énon !”

„Wajah kumaha njai teh ti Bandung ?”

„Endjing-endjing, Bapa !”

„Geura dahar atuh ka dinjah, bapana !” tjek pamadjikana, „si Njai ngirim djambal roti.”

Teu ngadua-kalian ditawaranana teh pa Alhiam tērus muka tetenong, kēdēmék dahar.

„Tara nintjak sataun sakali ieu tikoro kasorang ku djambal roti mah,” bari ngahuap. „Tali geuning tikoro teh nganuhunkeun, make teurab sagala, Njai!” bari imut.

Anakna imut, tērus kaluar, kadenge hahariringan lagu ... „Impian sēmalam”, ditungtungan ku heheotan.

„Émana ! ... Eta si Njai heheotan. Tjik tjarek, sareupna !”

„Njai ! Njai ! Euj, eta ulah kitu, matak kalalabur Nji Sri !”

Bangun kampung leos ka kota, ganti rupa robah tjara. Ana balik deui ka kempung, tintjek kota teh dibabawa.

Teu bētah lila, djiwa djeung rasa geus kapelet ku kota Ngan saminggu manehna geus indit deui ka Bandung.

„Rek ka saha Njai teh di Bandung, kapan geus taja tuturkeuneun,” tjek Émania.

„Ah da teu bētah di kampuug teh, sagala lain ... Rek milu bae ka akang, kang Koprål.”

Bapana teu bisa ngomong. Bari manggul kopér kana bis, dina hatena : „.... gara-gara anak disakolakeun.”

Ninggang kana deukeut abis bulan indungna ngalongok ka Bandung. Di Bandungna ngan meunang dua peuting geus pētjēnghul deui.

Peutingna bari ngaguar oleh-oleh ti anak-anakna, Pa Alhiam mimiti nauja : „Geuning teu lila di Bandung teh ? Kumaha barudak ?”

„Teu bētah, asa teu puguh tjabak di kota teh. Djol ka si Udjang ngadjulseu, djol ka si Njai nja kitu kench. Teu tuman ari kuлу tjitjing bae mah.”

„Kumaha dibedjakeun ka si Udjang, supaja si Udjang teh balik bae ?”

„Puguh wae dibedjakeun mah ... Basana, neon djadi patani. Keur bélèwuk teh, hasilna ge moal něpi kana pangasilan djadi kopral. Geura, tjéuah ... Tima sawah sahektar, di urang ngan bisa ngahasilkeun koter 30 kintal. Tanaga djélémå surang djeung kulawarga, paling kuat ngan saténgah hektar. Djadi ngan ngahasilkeun 15 kintal kotor. Piduiteunana ngan $15 \times \text{Rp. } 80,- = \text{Rp. } 1.200,-$. Lilana tudjuh bulan.. Djadi ugan nintjak digadjih sabulan Rp. 170,-. Tatjan dipotong ke binh, engkos tendur, ngarambet. Meureun bérésihna mah kana Rp. 150,- sekulan. Djaman kawari keur sasételeun oge teu tjukup.”

Bapana ngabuléng ... liia. Katjipta ènjana : „Paingan barudak nu ka karota tara daraek baralik deni ka kampung ... Tapi, naha rek kumaha tungtungna atuh? ... Budak dihutjuhkeun sakola. Geus sakola ninggalkeun kampung. Ninggalkeun bapana, „Bapa Tani”. Lemun bapana geus paeh, selia nu bakal nulujskeunana?”

Lils ... ngabuléng deni. Manchna ingét ka Pa Alhasim Anakna disarakolakeun Saweluna didijualan dipake ongkos sakola. Geus kaluar ti sakola naringgalkeun, da djaradi „menak”. Kas manelua ingét deui bulan tukang aja mobil nu make merék „Bapa Tani”. Tjénah tjek Bapa Pendidikan Masjarakat, eta teh ti Djawatan Pertanian. Geus ngahutjuhkeun supaja barudak sarakola ... tani. Tapi geuming nu sarakela tani teh ana keluar lain matjur, anggur djadi Mantri ... Tani. Tukang matjurna mah si Buta Hurup keneh bae ... „Nja rek kumaha piahirounana ieu teh?” tjek dina djero hatena.

Manelua gogodégs sahbaraha kai, sdlang-sdlang udud surutu pangirim anakna tea. Wéleh teu kaharti mikiran ka bareupnu, lamun bapa-baya tauh nu ajruna geus parach saha nu rek nulujskeun tamina. Sabab tjek pikiranana buktina éjenna, sanggeusna barudak sarakola, make sapatu, ujahe kimi papakeon plus, bérésih, tara daekeun matjur ...

„Nja meuceun kudu diteangan akalna, supaja dina ngolah sawah teh ... hëh, kudu bari make sapatu djeung sételan,



make dasi . . ." manehna gogodégi deui

„Kunaha ari si Njai ? Milu djeung akangna tee ?" ahirne manelma nanja.

„Si Njai ajeuna teh misah, njewa Rp 50,— sabulan .. Teu ngerakeun. Atuh paparabotanana, aja korsi sasétel. Témpat sarena oge randjeng beusi."

„Naha boga gawe si Njai teh ? Kana naon ? Geuning eta male bisa njewa kamar sagala. Djeung geus bisa ngirim pibadjueun ka urang ?"

„Si Njai teh ... gede milikna. Leba nu mikanjaah, loba nu mere. Da rabul bae semah lalaki teh. Beuki geulis bae anak urang teh djeung ginding ... Leuh, eta nu ku andjeunna hereto basa si Njai di dien disebut make érok, eta teh lain érok nu kitu mah, hoskut !"

„Naen ?"

„Hos ... kut !"

Manehna tjéngkat, dumeh ngadenge di pipir aja nu gu-guprakan.

Ana ditempo si Dantén leupas.
Sanggeusna ditjangtjang deui, manehna lila nungguan bari
ngahurungkeun durukanana, da pareum kaléjék.
„Kurang parab ieu munding teh meureun !”
Ret kana bilik leuit, patjul nu njèlap teh euweuh. Ana
diteangan gens papisah djeung doranna ...
„Eh ! ... dacar geus ēmbungeun digawe ieu patjul teh.”

Tina Sunda no. 24 ta. II,
31 Agustus 1953.

M. A. SALMUN

Lengképna : Mas Atje Salmun Rakasdikaria, dilahirkeun tanggal 23 April 1903 di Rangkasbitung (Bantén). Sakola di H.I.S. tamat 1919. Udjien Klein Ambtenaar, lulus 1919. Sakola P.T.T., kaluar 1923. Népi ka taun 1937 djadi pagawe P.T.T. di sawatara tempat. Ti taun 1938—1943 djadi Pémbantu-Pangarang-Kapala di Balai Pustaka. Taun 1938—1948 djadi Pagawe-tinggi di kalangan Pamong-pradja di Serang djeung Rangkasbitung. 1949—1951 balik deui ka Balai Pustaka djadi Pémbantu-Ahlibasa. Pindah ka Départemen Sosial népi ka pangsiunna dina taun 1959.

Kawilang salah-saurang pangarang Sunda nu aktip sarta taja kendatna nulis : *dangding*, *wawatjan*, *artikel*, *sadjak*, *bab padalangan* djeung sadjabana. Ngagunakeun rupa² sandiasma, di antarana : *Dulatjis*, *Narejana* djeung *Ragawa*.

Buku²na : *Goda Ranjana* (1942), *Gogoda Ka Nu Ngarora* (1950), *Padalangan Di Pasundan* (1948), *Kandaga Kasusastran* (1959).

Djaba ti eta njarungsum *Mahabarata* (R. Memed Sestrachadiprawira djeung R. Satjadibrata), *Pantja Warna* (R. I. Adiwidjaja), *Sisindiran* (R. E. Bratakusuma djeung M. Adinata), djst.

Samemehua kungsi ngahasilkeun (boh asli boh salinan) : *Moro Djudang Ngaleupaskeun Peusing* (1923), *Sungkeman Gélung* (1928), *Doraka* (1939), *Tjung Wanara* (1939), *Mundinglaja* (1940), *Eka-leja Palastra* (1940), *Asmaradahane* (1941), *Minaraga* (1942) djeung rca² deui.

Lian ti eta oge kungsi ngareka *Génding Karésmen* : *Mundinglaja* babak III n.k. VII (1932), *Kélénting Kuning* (1933), *Lenggang Kanjana* (1934), *Asmaro Margana* (1934), *Kin Tambuhan* (1935), *Aria Djatak Harupat* (1957).

Buku² pangadjaran sakola antarana : *Kandaga Buku Barjaan* (4 djilid, 1952—1957).

Gérak dina lapangan nu aja patalina djeung atikan, pangadjaran djeung kasénian : Anggota Dewan Pénasihat Siaran Radio; Anggota Panitya Edjaan Bahasa Indonesia; Anggota Pengurus Badan Musjawarat Kébudajaan Nasional (B.M.K.N.) 1952 — népi ka ajeuna; Anggota Panitya Istilah Lémbaga Basa djeung Sastra Sunda (1958); Pémbantu sawatara harian Sunda/Indonesia; mingpin hidji madjalah Indonesia djeung hidji madjalah Sunda; Dosen luarbiasa basa djeung Sastra Sunda di Fakultas Sastra Universitas Indonesia (ti th. 1951); ngawulang di sawatara S.L.A. antarana S.G.A. djeung K.L.P.S.G.A. di Bogor.

Dina ieu buku dimuat tjarponna :

Tukang Rampe

NADJAN di dajeuh karésidenan, kota bésar kelas II, ari sa-popoe mah di pakuburan teh moal rampe tjara harita, Lébaran. Da lamun seug harita di dinja aja anu heureuj ngèmprung nanggap doger, moal ieuhi asa di makam nu sasarina tjalom-brek tiiseun, meureutu asa dina fancy-fair, pesta taman. Atuda kurnaha teu kitu, pre eta mah anu ka kuburan teh maridang paginding-ginding, anu tara-tara ge udud surutu, harita mah rea anu „maksakeun” mèlénjun ngènjojan tlap djangkrik, babangunan teh kadjeun hangit dapon ginding.

Pikeun anu rada lepet dempetria, kawasna revolusi anu siga otcmatis bari ngampihan bëndo-tjtik teh aja untungna, sabab kiwari mah si Adjuni, si Artasim, si Sanhapi teh anggeus ku papatungan mculi Erasmic atawa mahalna, Bryl-Cream geusan marentah buuk nu djotjong sina rada disiplin meueusan, teu kedu dituruban ku bëndo-tjtik anu rada beuneur pihargaeanana. Disisitna, nja kitu tea bac, niron-niron menak Haliwud, aja nu tjétaan Alan Ladd, nu niron Victor Mature, nu nurutan Gregory Peck djeung sapapadana, ngan kawasna teu aja ari ana „aksi” niron Edward G. Robinson mah. Duka teuing ku naon atuh.

Ninggang di nu teu biasa dipomadeu, mani katara ulat-alot dina tarang djeung palipisan, Erasmic teu kasusut djiga balap djeung kesang.

Awewena, nja kitu tea bac, ari model Greta Garbo, Mari Pikpor atawa Djénét Djenor djeung Gingér Roges mah geus teu ditarurutan. Aja sotch kitu tahi Eulis-abet Tilor, Marilen Monroe, Istér William, Jane Reuseul, atawa sakurang-kuranga ge Cloet Cleber djeung An Sérédan. Djamanan kiwari mah atuh naon nu teu aja geusan pakakas mèmpertahankan kë-tjantikan. Ana ninggang di Bi Saikéni, buuk djotjong mung-guhna anah digalingkeun, didjeos ku sempóng lampu, nja teu matak heran lamun ti ladjuahan mah siga sapu mèrang sesa Mang Amil meuleum mènjan teh. Mun teu kitu, nurutan

djambul An Hepburn, ditumpuk-tumpuk dina émbun-émbunan tea. Nu ten kabénéran mah kaluh ka djiga njunjuhun indjuk sakakab.

Tapi, keun wae, Lébaran ieu!

Kuring pribadi ge ku batur mah boa diseungseurikeun, aki-aki unur 52 taun disételan gobardin rawun, make dasitarik bebereum. Palangsiang disébut monjet dikongkorong tjabe. Komo lemun tungkul, lain tjeuk batur, tjek sorangan kench, beuteung teh bét djiga miheluaan leungkah. Tapi, keun bac, Lébaran ieu!

Hari ta kuring ti kuburan mitoha ewewe, ngabrus rek baralik, mero mobil nu ngadagoan di landeuh. Teu kapalang djarah teh, mani opat kurén dina tilu mobil; nu kuring pangleutikna tépi pangweuteuhna. Lain meunang meuli, weuh, meuli mah pamanacun, meunang hadiah tina sweepstake.

Kuring laleumpeng teh parerendeng, tiluan, samitoha, da pamadjikan teh sadulur. Kuring, tjek nu njébut mah Sukarna, Ardi, salaki lantjeuk pamadjikan djeung Soleman salaki adi pamadjikan. Minangkana mah kuring teh psnengah, leuh, mun wajang menemui Ardjuna nu lasep tea. Ti heula, rada enggang, diring ku anak-anakna, mitoha djeung pamadjikanna nu wijar. Nernang ngawinkeun sarerea tateh, da karunja atuh, aki-aki dududaan, teu aja nu ngarawatan, ari sina ungkrah-angkrih nuturkeun anak katembongna siga nu walurat pisan, uja ku piémpong sarerea dikarawinkeun ka Bi Itjah, randa sanona geus tengali-tuwuh, meudjeuhna bac djadi pamadjiken Bapa nu kadua mah. Eta denih. Bi Itjah kabénéran teu boes anak, djadi teu riweuhem ku anak bera kasépuhan teh.

Da tadina ge teu dyangdji rek silih dagoan djeung geus diatur mobilna, para pamadjiken katut mitoha mah ngadudud bac dina pridunon. Tapi kuring mah tiluan, da teu gunantung ka supir leon, laleumpeng dina pridunon teh pohara antarena, malah Ardi mah cirikna teu unggal ngalengkah sasalanian djeung urang dinja. Ku kitu tea mah atuh da sasat geus diadi manukna di dinja, senadian asalna mah salémbur

djeung kuring, ti Garut, malah batur sakola ti djaman di H.I.S. keneh, turug-turug baraja.

Ti kelas hidji něpi ka kelas tudjuh teh kuring djeung Ardi tèrus bae sabangku. Bedana teh kuring mah tèrus ka Mulo, ari Ardi dumeh hapanan hënteu kuat ngongkosan, anggeus ku milu eksamén Klein Ambtenaar bae, malah pikeun taun eta mah Ardi tehi pangpundjulna ti saajana anu eksamén Klein Ambtenaar di sa-Indonesia. Pintör puguh ge budakna mah Ardi tehi. Sabot kuring di sakola landjutan, Ardi mah digawe di kantor Pos.

Ari djeung kuring, sagala hënteu asa-asa, malah awahing ku loma djeung teu asa-asa tea, barang kuring katinggal maot ku indung barudak tuluj dikawinkeun ka adi beriteungna, randa ditinggal gugur dina revolusi ku salakina. Leuwihna ti kitu, sabot kuring lugah-ligeuh, ku Ardi diprénahkeun njékél pértjetakanana di tèmpat kuring ajeuna. Ari Ardi pri-beli muka pausahaan anu pohara madjuna, babakuna djadi tukang badjong kapérhuan tantara, ti dahareun djeung sa-juran ka suluh-suluh, tèrus něpi ka ngasupan pakean saragém, inuka pabrik confectie, tukang kaputna oge make aja 250 djélémána. Tjindékna mah Ardi teh beurat-beunghar, weh.

Djeung kuring, ngabasakeun teh anggeus ku „silaing dewek“, kawanitu tјatjampuran sasat ti pada kakara beunta.

Di tungtung pudunan, handapeun tangkal gajam Ardi nu leumpaungna rada tihcula, ngarandég heula njanghareupan dagangan rampe, ari nu dagaungna awewe těngah-tuwuh, kuru aking ngadjangdjawing, matak karunja. Turug-turug tanpadaksa, sukuna nu kentja pondok sabeulah djeung beungeut-na kariwěd djiga tapak raraheut, binukna ge ti lebah tarang teh gundul, da kulit sirah kasopak. Pohara piwatireunana.

„Ngagaleuh rampe, Bapa“, omong awewe teh melas-mělis. „Ajeuna mah Bapa teh parantos beunghar, parantos sěnang. Abdi mah Bapa, geuning djadi kieu.“

Ardi teu nembalan, kusiwěl ngaluarkeun dompet, ari ber teh, matak kaget, lambaran limapuluhan mani opat. Duit dua ratus perak dibikeun tjara dua këtipéun hae dari ngomong:

„Kop bae rampe mah rawatan. Tah ieu duitna, djual deui bae rampena mah ka batur.”

Kuring djeung Soleman oloholok nendjo pěpětaan Ardi kitu. Naha asana sasangkléng teuing, mere teh mani dua ratus rupia. Da masing meuli rampe sanjiru oge moal sakitu pi-hargaeunnana. Ěnja ari Ardi beunghar tea mah, tapi ari meuli rampe něpi ka pangadji Rp. 200,—, tur rampena teu ditjokot satjomot-tjomot atjan mah asa siga kalakuan nu teu pati djedjég.

Nendjo kuring djeung Soleman oloholok teh, ukur ngareret bari ngérějém, meh teu kadenge : „Karunja.”

Kuring teu kawawa nahan kapanasaran, Ardi didjeuwang peupeuteujanana bari ditanja : „Ke lanan euj, dewek mah teu ngarti. Silaing hěnteu kaliru mah? Eta make mere duit Rp. 200,— ka tukang rampe !”

„Mun aja deui nu laleutik mah ditambahkeun djeung re-tjehna,” djawabna. „Taeun, ari silaing euwenh kapěrluan sedjen ? Ari Ole ?” pokna bari ngareret ka Soleman. „Mun teu baroga deui kapěrluan urang njélangkeun heula ka Tji-minjak, aja longokeun.”

„Mangga, ngiringan bae,” tjek Ole, djélěma liade basa eta mah.

„Haju,” tjek kuring, „mili bae dewek mah ka mana-mana ge.”

Něpi ka lěbah pangeureunan mobil, ēnja bae para pamadikan djeung mitoha mah geus ka mana boa, teu katjiri urut-urutna atjan.

Tadina rek kuring anu njupiran Zephyr teh, tapi tjek Ardi, měnding Ole, ambeh kuring bisa djongdjon diadjak ngawang-kong, tjěnah, da ari djalanna mah Ole geus térangeun, djeung pilakadar 15 kilo, ku Si Weuteuh mah ngan sakolepat.

Dina mobil, Ardi mimiti njarita :

„Harita teh taun 1923, meureun urang mah harita teh kakara 20 taun ngalaman hirup teh, meudjeuhna bubudjangan bělék-séntěng, buta tulang, buta daging. Silaing harita teh ngeber-ngeber diploma MULO ka dewek, ari dewek reueus

ku boga brevet ti sakola P.T.I. di Weltevreden. Geuning harita silaing ngalaman hajang djadi Inspektur Financien, ngekar rek néruskeun sakola.

“Tauh eta keneh urang teh geuning papisah. Silaing ka mania boa, dewek poho deui, ari dewek pribadi, bénuri teh ka dieu, djadi Assistent-Commiss, malah in-dé-kos ge ... tuh geuning buri Ama Pangsiun kabéneran kaliwatan ... iah di dina dewek nimpang dahar teh, ibu Pangsiun, harita mah Mantri Pulisi kota keneh, saderek misan indung dewek.”

„Heueuh,” tjeuk kuring, „dujur misan indung silaing, atuh dujur misan bapa dewek ...”

„Emja, dengekeun atuh, ieu mah lain rek pantjelaki, rek ngadongengkeun tukang rampe apan?”

Kuring teu nembalan, kalah Ole nembalan : „Enja, lamun dujur misan ramaua Kang Nana, atuh meureun bibi uing, ieu teh Bi Tedjimirah tea meureun, nja. Bi Wadana pangsun?”

„Ieu teh rek aragul ku pajung botut, ieuwa rek ngadengekeun dongeng?” omong Ardi

Sarereu njikik, tapi teu nembalan, kalah Ole ninijak pédal gas Si Weuteuh mani asa ngadadak ngampul.

„Lakanan, Ole!” tjeuk kuring, „anda bét djiga rek balap bae.”

Ardi mina „njarekan”, pokka „Heueuh, da, suku biasa ngaluluh pibataeun, dipake nintjak pédal, geus weh kieu jeuh ... Tah, dewek teh in dé-kos di Bi Tedja ... mun balik urang njimpang heula, nja ... geus kitu, ma'lum atuh budak ngora leutenberg, gadjih sakitu mah kaitung gede, porahaneun teu boga . . .”

„Djadi Ardjunana weh silaing teh meureun?” tjeuk kurung ngahedarenjan.

„Dangukeun atuh, Kang,” tjeuk Ole, „djiga rame tah lalakon tukang rampe teh. Tos kitu, kumaha Kang Ardi?”

„Enja, bet na' openan teuing. Rek djadi Ardjuna, rek djadi si Dawala, keun bae atuh, unggal djélémha ge pada boga lalakon. Tah, harita teh aja bentang dajeuh, Sudewi ngaranna

mah, sok di-Wiwi-Wiwi ku sarere. Pohara tégépna teh, ngaran teh saimbang djeung rupana. Pikeun alam harita mah, kangaranan lalaki dusun atawa teu loga pamilih nu teu kagembang ku Wiwi teh. Jej, na' aja geulis kitu."

Kuring ngadehem: ngadenge aki-aki njaritakeun medjang geulis kawas nu kahudang birabi. Nu dideheman ukur njerenggeh bari ngéstrukkeun tjalatah kana waduh sèkar. Ari Ole, minangka dehem teh teu pupuguh nabeuh claxon, ditutérkeun. Atuh kuring ge seuri.

„Njao teuing kumaha, da dewek ge bogoh ka Sudewi teh ...”

Ole nabeuh tutér deui bari kékétjrek sungutna djeung ingguk ingguken. Kuring njerenggeh.

„Biasa tea bae, kuma onam nu bogoh ka nu geulis. Ajeuna bae geus kolot, napsu ngagugudug. ari tanaga geus rea nu pamitan ...”

„Prilik tah!” tjek Ole

„Kawasna, tariking duriat, Wiwi ge sigana bogoheun ka dewek teh, malah katara jen dewek mah dipundjulkeun ti larudak ngora nu rea ...”

„Ti mana ngagaleuh pelet teh, Kang?” tjek Ole bari ngérim.

Ardi njentak lepi otjon: „Alah, ririwa teh, aja-aja bae. Naha make eu-eun heula sagala ku hanteu ??”

Mobil madju deui, nu ngadongeng ge térus deui:

„Tjek rarasaan djeung tjel: itungan harita, dewek ka Wiwi teh asa piraku teu laksana. Itu purun dewek daek, kolotna siga-siga moal ngoreukeun. Babaturan oge geus pada njarahoeun, jen dewek ka Wiwi teh erek énjaan. Nja atuh, saturang-saurang mundur, estuating belageur pisan. nganjahokeun kana karép sobat.

Sanggeus kaérong jen bakal lunsur-langsar moal aja barebedan naon-naon, nja dewek teh undjukan ka émang djeung émbi. Atuh Bi Tedja teh manis dagdag degdeg Lowaning ku milu atoh, tjetjakan harita mah andjeutona anom kénéh piisan, bét geus koloteun, roake nguru-keun ngabedjaati sagala naon ka kolot dewek di Garut. Kolot oge sambung doa, malah sagalana masrahkeun ka émang

Ari Emang, da anom keneh harita mah, nja ngadjurungan wargina, — Emang mah urang dieu apan, teu tjara Bibi urang, ti Garut — nanjaan ka kolotna Wiwi. Djeléma pér-tjeka djeung hormateun piisan anu didjurung teh. Nja bérékah, nanjaan teh ditarima. Tapi, biasa djamian harita tea bae, nanjaan mah ngaranna ge nanjaan, ukur neundeun oinong djeung mere tanda, atjan rurusuhan ngadjadikeun.

Nurukeun kapalaj Apa djeung Ema di Garut, ari mawakeun pangamar djeung ngaljadikeun mah bade arandjeanna ku andjeun sarumping ka dieu, moal ngadjurungan nu lian.

Kabungahan dewek harita, geus lain dikieuna. Rarasaan, sawarga teh geus teu kudu diteangan di aherat deui. Tjek idjiran Apa, ngadatangan teh arek sabada mupa djeruk, ngarahi rada beuneur keukeupeulan. Harita teh geus diadjam piwaktueunana, ngan henten dipastikeun poe djeung tanggalna bae.

Naha atuh eu, dina waktuna bét aja-aja bae halangan. Harita teh, taun sabaraha tea, 1925 asaua, di wewéngkon Garut teh timbul sasalad pest. Kungsi aja larangan urang wewéngkon Garut teu meumang njaba ka luar wewéngkonna lamun lain aja surat-katérangan anu istimewa mah ti kapala nagare djeung ti dokter. Apa oge djeung Ema, teu tjios sarumpingna menita tempo ka mangsa nu leuwili mustari. Aki buktina, lain saminguu dua minggu, bét tuluj mulan-malen. Tah ieu jeuh sesekelanana teh.

Kawasna bae ku kolot Wiwi alésan Apa trå henten katarima. Atawa bisa djadi aja alésan sedjen deui. Ngan anu puguh bae, dina hidji mangsa Emang djeung Embi kada-tangan ku djurungan pihak Wiwi, ngabédokéun omong bareto, ngalubatkeun pasini bhari. Tjindékna mali dewek teh patjangan ka Wiwi dibolajkeuna.

Kumaha ngareudjagna Emang djeung Embi. Kumaha peuraj djeung gétihaganan hate dewek ngadlengé anu ngabédokéun bari mulangkeun panjangjang, ku silaing ge tangtu katjipta. Teu bisa dewek mah njaritakeunana. Kudu budjung ga eta uah anu mèdarna, ngarah kagambar.

Barang dipapaj ku pérantaraan babaturan, atuh paingan teuing ngabédokeun, da Wiwi teh dilamar ku Asnawi — si-laing ge wawuh meureun, djaman manehna di Mosvia, bareto — harita teh tjamat Patundjang, beh ditueun Tji-minjak.

Geus teu kudu ditjaritakeun ngéntab panasna hate dewek katut kulawarga. Tapi dalah dikumaha, dewek teh batih pasrah kana kadar, rumasa sagala aja sahandapeun itu, boh harkat, boh pangkat, kitu deui martabat, itu teh djauh pisan pundjul-na ti dewek harita. Djudi meudjeuhna bae lamun kolotna Wiwi noker dewek mulung itu teh.

Awahing geus teu kuat, nja era, nja sédih, nja panas, dewek teh ti dieu menia pindah digawe. Kadjeum teuing masing kudu turun pangkat djeung gadjih oge, asal pindah bae. Harita teh dewek pindah ka Bandjarmasin. Ari nu didjugdjug, harita teh, nurutkeun surat pamahanan Emang, wargina ke-néh, Raden Tirtadipradja, Guru H.I.S. Bandjarmasin. Da teu loga baraja djugdjugeun atuh urang mah."

„Ke, ke, lanan, Kang,” tjek kuring, „Tirtadipradja mah atuh mitoha urang.”

„Heueuh, eta, mitoha sarilaing, Ki Tirta, dengekeun atuh.”

Ole nempas : „Iléh etah, paribasa teh mitoha sarilaing. Saha nu pangheulana kapengpeongan ku putrana ?”

Ardi seuri : „Enja, tapi da sarilaing oge dibere anakna mah geuning hararipeut pisan, babangunan teh hajang ulah ngadago isukan.”

Tjek kuring : „Ke euj, pamali jeuh ngupat mitoha, sok matak dibacutan ku auakna tjénah ge. Tulukkeun mending ge, dongeng teh.”

„Atuda Ole, aja-aja bae, lain sing djongdjon njupiran. Tah, tjaritana dewek teh in-dé-kos di djuragan Guru, mitoha ajeuna mali. Sing kaharti bae lóbah dirjana mali : geura, dewek lengoh, nu ditumpangan bogaeun modjang, mangkaning djuragan istri geus palaj kagungan mantu ...”

Ole devi bae iai ngaheureujan teh : „Sumuhun, nja Kang,

mangkaning artos saréng painawa anu diwangsulkeun ku bapana Wiwi ge teu atjan kabudjéng digilékkeun ka nu sanes ...

Sarereia saleuseurian, malah Ardi mah seurina teh maur, seuri koneng, rada kapiring leutik ku adi beuteung. Teu burung térus ngadongengna mali :

„Kérsaning Maha Sutji, piisukaneun deweck kawin ka Tjeuk Mariam tea — heueuh, bisaan mitoha mere ngaran ka anakna teh, geura, atjeukna Mariam, Ijam. Pamadjikan silaing, Mariah, Jojoh. Pamadjikan Ole Tini, Martini — heuh, heuh, heuh, heuh,” Ardi njeuleukeuteuk seuri sorangan, něpi ka kapaksa kuring nambalang :

„Keur naou make diedjah deui ka lěbah dinjana. Di dieu ge teu dikawinkeun ku di dinja mah, njao teuing saha mitoha teh.”

„Enja, kitu tea bae eta mah, Aeh, něpi ka mana tadi teluh, enja lěbah piisukencun kawin, deweck teh nampa surat ti Ewabi, jen Emang diangkat kana Tjamat Patundjang, ngagantian Asnawi nu dilépas lantaran „djitir” waktu Katjamatan diambréng Kominis. Harita teh katonipernakeun taun 1926. Ari Wiwi disérahakeun ku salakina, disébutkeun awewe mawa sial, tjénah. Njao teuing atuh, teu rek papandjangan lěbah dinjana.”

Andi ujélang haula njeungeutkeun suratu. Ambeli tambah ajahan ngadongengna, magar teh.

„Di Bandjarmasin deweck teh ten lila. Sawatara bulan ti éntas kawin tuluj pindah ka Medan. Ti dieu pipindahan ka ditu ka dieu. Di Makasar, aséna harita teh taun 1939, deweck kungsi papanggih djeung Emang, harita teh djadi Wadana diperbantukeun ka Dinés Transmigrasi, keur nganteurkeun sawatara urang Djawa anu rek bubuara di Sulawesi-Kidul. Harita ti Emang meunang bedja, jen Wiwi gesus sababaraha kali tjruk-tjrek bogana salaki, malah harita teh kawin ka urang Tjiminjak.

Ti Makasar deweck pindah ka Ambon. Ti dieu pindah ka Surabaja. Bass silaing kapanggih ku deweck di Gubéng teh,

keur naon harita teh, kana Kongres, asana, tah harita teh dewek tas ti pamadjikan silaing, djaman djeung salakina nu gugur. Ingét keueh ?”

„Enja, tērus, tēruskeun dongeng teh. Naha bēt inamawa nu geus teu aja dikieuna ?” tjek kuring rada kaisinan.

„Ijeuh, silaing mah. Kitu-kitu bae make njérēng,” tjek Ardi. „Lima poe deui ka Djépang sērah-bongkokan, dewek teh nja pindah ka tēmpat mimiti dibēnum, ka dieu. Teu njangka saeutik-eutik atjan, jen di tēmpat ieu dewek teh nja ngamimitian, nja nungtungan lalakon digawe.

Dina djaman pēndudukan, silaing ge ingét keneh meureun, harita teh reu pagawe Republik atau „mēmpērtabankan”. Tjek basa kiwari mah djaradi „non”. Nja dina mangsa eta deweck oge djadi „non”. Ari salaki Jojoh gugur dina ngagērilja. Malah tungtungna mah, barang bodjo silaing maot dina taun 1950, Jojoh teh ditulujkeun ku silaing, lain kitu ?”

Ku kuring api-api teu kadenge bae. Nanshaon, bēt kuliwēd ka dinja deui, kuliwēd ka dinja deui. Diantēp bae sina tērus ngadongeng.

„Dina usum ngagērilja, dewek teh ku salaki Jojoh dipērēnahkeun kana bagian pērlēngkapan, niadiakeun bēkēl djeung bahan-bahan. Waktu pamasrahan kadeolatan, ku kannurehan hate Pa Rēsimerikomandan, dewek teh dititah tērus niadiokeun bahan-bahan pērlēngkapan pilota tantara. Kana balik deui ka Pos dewek teh geus teu kaberean hajeng, katungkul rēsep dina pērdoongan kitu.

Nja bubuhan pada ngadjeudjeuhkeun, pada ngamodelan, lauri-laun dewek teh bisa oge njeunghap, kabeuli imah djeung sawah, kabeuli pērtjetakan anu ejeuna ditjékēl ku silaing. Eta teh ladang saduit-sapeser, ti ditu ti dieu lumajan, dikumpulkeun mah aja bungkeuleukanana. Kabeli ge wani sumpahna, kakawan djadjur, dewek mah sakadar milu ngadahar peperetna bari ngadjeudjeulikeun babaturan sspērdjoangan bareto ... aeh geuning geus nōpi ka tandjakan Tjiminjak. Tuh Ebah tangkal lame eureun heula, Ole.”

Barang Ole geus ngeureunkeun mobil, Ardi turun Kuring

oge duaan milu tarurun, sanadjan hĕnteu ngarti kana maksud Ardi.

Tjek Ardi : „Lamun ieu tangkal lame bisaeun ngomong, meureun kieu njaritana : „Tingali ieu awak abdi beh han-dap, katara keneh barared, balas diteunggar djip nu disupiran ku hidji mualap ngagedengkeun bodjona. Eta djip teh diubĕr-ubĕr ku djip barudak gĕrilja anu hajang newak mualap panggilingan pare. Ari sababna, eta mualap teh katjingtjirihi, jen biluk ka musuh.

Kawasna bae anu njupiran teh gugup, djĕdak neunggar abdi. Supirna anu ngalumpatkeun djip sataker tanaga, maot harita keneh. Ari awewena, duka maot duka hirup keneh, mung harita mah sidik ruksak awakna, beungeutna ge balo-boran gĕtih. Sirahna duka peupeus duka kumaha. Harita mah hirup keneh, ditarulungan ku nu ngubĕrna.”

Kitu meureun omong ieu tangkal lame teh mun bisaeun ngomong mah. Malah harita, dewek teh kabĕnĕran ti dajeuh rek ka Patundjang, aja tjokoteun. Lĕbah dieu nendjo anu di-rubung-rubung, nja tuluj milu nulungan. Eta sababna anu matak Ole ku Akang disina njupiran mobil ka Tjiminjak teh. Ieu bae hajang nembungkeun tangkal lame ieu.”

Ole kukulutus : „Hih, sugar teh sumuhun aja anu bade dibudjĕng, ngadon silaturachmi boboran Siam. Ieu mah bĕt pilakadar ge tangkal lame.”

„Enja, tapi lame anu bogaeun riwajat, dina hakekatna mah milu mantuan bĕrdjoang ka urang.”

Kuring garo-garo teu ateul. Pok nanja : „Lain euj, dewek mah atjan ngarti keneh. Magar arek ngadongengkeun tukang rampe, ari ieu bĕt loslos kana ngalongok tangkal lame. Tah eta tukang rampe, asa teu kadenge sakali-kali atjan disĕbut dina dongeng teh.”

Ana barakatak teh Ardi seuri mani pipingkĕlan. Pok ngo-mong : „Silaing mah dasar bĕlĕt ti hubudak, teu ngarti anu kitu-kitu atjan. Bisi kudu ditetelakeun, eta awewe anu sadjip djeung mualap teh Wiwi, tukang rampe anu tadi dipĕrĕsen ku dewek tea. Tah, ieu jeuh lĕbah dieu, ku dewek disangkeh

tuluj dipérban sirahna. Harita teh teu tulus ka Patundjang, balik deui ka dajeuh nganteurkeun Wiwi — ajeuna mah tukang rampe — ka rumah sakit. Ngarti sugaran ari diedjah didjalantrahkeun kitu mah ?”

Kuring lain ngan sémèt ngarti, tapi mudji kana bérésihna hate Ardi. Ka Wiwi anu sakitu geus nganjénjérina make daek nulungan tur dina katendjo sakitu waluratna teh make daek mérésen něpi ka aja ratusna rupia. Enja, jakin pisan ajeuna mah, jen Ardi teh djéléma gëde hampura. Hatena tétěp rido sarta ihlas mulang ku kahadean ka djalma anu kungsi ngaraheutan hatena. Ardi, gudangna hampura.

Tina Tjandra

SIARIF AMIN (MOH. KOERDIE)

Dilahirkeun tanggal 10 Septembér 1907 di Tjiamis. Sanggeut namatkeun Mulo di Bandung taun 1929, tuluj digawe di *Sipatahoenan* nu karita masih dikaluarkeun di Tasikmalaja dua kali saminggu (Rēbo djeung Saptu). 1930 diangkat djadi rēdaktur. 1931 djadi „rēdaktur di Bandung” (*Sipatahoenan* ti Djanuari 1931 djadi harian sarta dina katomperwakéun 1931 dipindahkeun ka Bandung). 1933 djadi Plv. Hoofdredacteur *Sipatahoenan* bari ngarangkép djadi verantwoordelijk Redacteur mingguan *Bidjaksana*. 1935 diangkat djadi hoofdredacteur harian *Sipatahoenan*. Ti 1938 djadi koresponden *Aneta* di Bandung. Djaman Djépang sakabéh suratkabar Bandung teu beunang kaluar, dilbur djadi bidji; *Tjahaja*. Awal 1943 djadi anggota rēdaksi harian *Tjahaja* nēpi ka teu kultar deui, lantaran Djépang kasoran. Bada proklamasi ngaluarkeun *Soeara Mérdeka* anu mimitina satjara ilégal nēpi ka djadi legalna. Mangsa repolusi *Soeara Mérdeka* diungsikeun ka Tasikmalaja nēpi ka taja dikiéuna lantaran aksi-militier Walanda (1947). Mulang deui ka Bandung dina paténgahan 1948. Babaténgan djeung R. Otto Koesomasoebrata ngaluarkeun harian *Indonesia*, mimiti djadi rēdaktur-kapala (1949), tuluj djadi direktur (1950). Kiwari pangbantu/panaséhat harian *Sipatahoenan*.

Memeh pérang djadi anggota Pagoejoeban Pasoendan, anggota Persatoean Djoernalis Indonesia (Pérdi), tuluj djadi anggota Pengurus Besar Pérdi komisaris Sunda. Anggota Dewan Plnipinan Pusat Partai Kébangsaan Indonesia (Parki), panasehat P.W.I tjang Bandung, kétua Dewan Kurator Jajasan Wartawan Bandung, Anggota Dewan Kehormatan P.W.I. Pusat, anggota D.P.R.D.G.R. Dst I Djabar Wk. Wartawan, djsb.

Dina *Sipatahoenan* djeung *Bidjaksana* séring dimuat tjarita²na, boh asli boh saduran, tjaronon atawa implik². Antarana: *Logodjo* (implik², rekaan tina Uit de Gedenkschriften der Beulen van Parijs jasana drs A. Saalborn); *Babu Kadjadžaden*, (implik², asli); *Dewi Amisan* (implik², rekaan tina Kértadja ja jasana Sanusi Pane); *Dasar Djodona* (asli, dina *Parahlangan* 1941).

Dina ieu buku dimuat panineungan²ana;

SABOT BALANGAH
GEUS LAAS?
NEANGAN LEBARAN

Sabot Balangah

BANGUN nu paureun pisan rek ngaliwat teh. Léwang nen-djo djurang lungkawing. Heug kudu meuntas djambatan keur diomean. Mani ngétějěp. Meh teu karasa madjuna kareta api nu tadi tarik pisan teh.

Ngan sareretan pisan. Dina biwir lamping aja kawung di-riung ku tangkal paku. Nu lègana pinuh ku mandjah reudjeung kirinjuh.

Bét asa-aso. Asa kungsi manggih tetendjoan nu sarimbag djeung eta teh.

Tapi iraha, djeung di mana ?

Ngan sakédet netra pisan. Sabot balangah kitu, ingéstan mulang ka djaman nu geus kasorang. Breh katendjo kuring keur ngadjanténg di sétatsion. Sédéng deudeupeun, ngadagoan manehna teu geura datang, mangkaning kareta tereh barang-kat. Padahal geus asak pasini, rek ka nu pangisukna.

Breh deui katendjo manehna beda ti sasarina. Sému alum, tapi keur kuring mah wuwuh matak kajungjun nu aja.

Balaka bae, ku kuring hënteu némén-némén dilénjépan. Nu kaingét mah lantaran kaweür, tjan meunang kartjis.

Teu tjara sanggeusna reureuh. Geus nampér dina ingéstan. Heg digajém djero angén. Mani bruh-breh narembongan sakur nu kalakonan teh. Pangpangna pisan nja harita, keur panungtungan habaréngan. Njatjas tapakna dina panjipta teh.

Abong deui soteh, naha atuh ari harita kuring mana buréng-buréng teuing !

Njalalikeun bae kana mangingét hënteu ngingéstan, nu biasana sok tangginas ngibéran teh.

Geuro, geus gek diuk ngabanding manehna nu salila-lila ngahuléng kalangkang ngandung kaléwang, ari kuring make bisa keneh ngotjomang tjara biasa !

Ingét keneh bae, ret ka nu keur njambut, dituduhkeun ka manehna. Bari téris kuring ngabuñh njaritakeun enu tani.

Kumaha pēta njingkal ngabaladah. Malikān matjul tērus ngagaru. Ngangler nēpi ka ditanduranana.

Kuring bae sorangan nu ngoijomang teh. Manehna mali teu sakunjém-kuriјém atjan. Ukar ngareret sadjorelat ka lēbah nu dituduhkeun ku kuring. Tuluјna mali anténg deui bae, kawas nu keur ngulur ingétan. Siga nu malaweung, tapi bari neuleup kuring keur ngomong sorangan.

Nendjo kuntul rapanug dina galēungan, ku kuring diituh-ituh ka manehna. Bari daradad nataen rupa-rupa manuk sawah, manuk rantiјa djeung manuk gunung. Ditungtungan ku agul boroh bchēdil, djaman keur masih keneh sakola.

Lēbah dieu ege manehna mali sēmēt mesēm, teu ngabidilan sakētjap kütjap atjan.

Geus liwat tēngalna pērdjalanan nu disorang, riak manehna tjan miang-miang.

Aja mangsana pahēnēng-hinéng. Dina sēla-sēla kuring ngeureunun ngoijomang. Da manelma keukeh hēnteu daek ngagéntenan. Pantēs mun aja nu njangka keur pareheng teh!

Geus meh nēpi. Kari kahalangan ku mēmēnitan bae. Karetā api nu asalna mēngpēngan teli, ngarladak ngéndoran. Malah nēpi ka rēgna pisan ngarandēg. Lēbah tanda tanghara tjan menunang liwat.

Barēng djeung rēgna karetā ngarandēg, manehna kawas anu kageuingkeun tina tjitjingna. Pokna, bari sēmu human-deun : „Naha teu mardur deui bae atuh karetā teh ... !”

Dina saat terch papisah, kuring kudu turun pindah karetā, ngalenge manehna ngédalkeun kitu !

Kētjap mēsat, kawas nu ngahadja milih mustari. Keuna mōnēran sasaranana : djadjantung kuring nu gudawaug nēpi ka ajeuna.

Kētjap-kētjap manehna kitu djeung sakitu-kituna teh, tēlēb pisan nantjēbna dina hulu angēn kuring !

Pərat kana mamaras. Peurih kareureuhmakeun. Beuki lila karezana, benki tambali njanjautan.

Manahoreng basū keolu bae harita mah, teu karasa pərnana teh. Teu kawas ajeuna, sauggeus karuhan kieu djadina.

Sihoreng babaréngan harita teh, sakareta, sadareksi, malah
sabangku panḍiukan pisan, hartina geusan papisah.

Da ka dina jeum'ing and'ogna lalakon mali. Ka dina jeu-
ning pantegna mah kuring djeung manehna teh. Kana pa-
anggang saéudéng-éndéng.

Kaharti ajeuna mah suluk-siloka kareta keur mëngpëngan
teh :

Unggal tumpat nu kaliwatan, uggal patok kilometér djeung
unggal thang kawat nu „lalumpatan” ..., kabeh djadi tjitiren
beuki ngariutna waktu kuring babaréngan, beuki heureutna
mangsa kuring reureudjeungan ...

Ngingétan manahoreng eta teh kabeh oge. Nitah waspada
iatna, lantaran beuki ngadeukeutan saatna djurutna pisan ku-
ring turun. Kuring nu njaksian gëlcëerna deui kareta api
indit, niwit manehna ti gigireun kuring !

Manehna nu teu tjéngkat-tjéngkat. Njuuh kana djandela,
bari dipélong, dipéutjrong ku kuring nu ngadjanténg tjara
patok dina peron.

Kuring raga badagna, da lélémbutan mah sidik maréngan
manehna ...

. Tina Warga no. 118 tn. IV,
10 Desember 1954.

Geus Laas?

BAPA tjamat geus reuaj, teu kawawa sigaria teh. Harewosna ka bapa kuwu, miwarang ngolongan nji Emur, daek-hénteuna didjieun nu ngora, ... djadi harewos sadesa.

Mana komo ari tjara bapa ti pénérangan mah, da térang-térangan. Népi ka siga anu ngahanakeun, ngarah katanger. Sungan pedah masih lalagasan, sarua pada ngalagéna keneh.

Ti awalna djélémá geus diembaran : kudu laladjo bioskop.

Kabedjakeunana, meunang ngahadja andjeunna, ngondang rombongan ti Bandung. Andjeunna malah, anu samemehna ngutuh-ngetah ngatur pitémpateunana oge. Kungsi pulang-anthing ka desa, duka sabaraha balikan. Da bari aja nu di-andjing-tjai !

Dina prungna, hempak nu laladjo. Teu meunang naengtung, lantaran ngahalangan nu di tukang, ibu-ibu djeung bapa-bapa.

Tulujna rea nu malik ka tukang, keur raramena oge. Ka deukeut pamutéran. Bari tingtaroen awewe mah. Num-djur ka lébah nji Emur diuk, dina korsi sadjadjar djeung ibu kompi, ibu kuwu, ibu guru. Duka meunang mérénah-keun saha. Ngan geus ngarendeng bae djeung bapa ti pénérangan !

Ngarasa boga rupa pundjur ti batur. Disarébutna oge bentang Timur nji Emur tehi. Kasartaan deuih, bubuhan anak nu boga. Di lémbar mah manehna nu pangheulana make erlodji tangan. Manehna nu mimiti pisan ngadjingdjing tas plastik. Mani tara tinggaleun los ka mana-mana oge : ka balong njaksian nu ngabédahkeun, ka sawah milu nganteuran anu ngarambet, ka kéhon ..., sunsawonna ka pasar mah ! Manehna nu pangheulana digélung pidéral. Disuwéng ... duka naon, kawas kémbang puangpulan !

Sapopoena tara lesot house-coat, parami ... ngolear ka luar, ka djalan, ka warung, ridu-ridu ge dibelaan didjingdjing tungtungna !

Boga rupa, bisa make, gondileng deuih ..., kopna teh ku udjang Dahlau, nu boga oplet.

Salélembur nurutan nji Émur. Prah ngabeureuman biwir. Teuing ku naon, da lain beureum seupah mah. Atuh dina ngalemberehna, hénteu kawas maung meunang. Ngan sabrehan, ras ka djaman keur budak, ari manggih kéretas beureum urut bungkus pilus geuning !

Usum paalus-alus mulas halis. Duka ku haranggasu, duka ku kembang damar. Ngan tetela hénteu paja kakesangan.

Ari kuku, lain tapak patjar kuku. Nu sok alus djadina, ngeser ku katjapuri anjar. Kawas pamatuk galatik geuning ! Lain ieu mah, tapi naplok beureum eutjeuj, kawas beungeut si Tjepot anjar ditjet !

Rea nu marake érok, da loba dagangan loak nu ngidér. Disapatu djangkung djedjengkean. Mun teu kitu ngarampeol keuneungna kawas anu tidjalikeuh.

Ana njaba, surupna, beh tumpak oplet, beh kana damri, diuk gigireun supir. Tjindung sutra satjéwir katébak angin ... tjatjap bae, asa katurutan nendjo péta ibu leknan dina jeep teh !

Tah, usum kitu di lémber teh, tjatjakan bari teu aman mah.

Ari kuring neangan nu sabalikna. Atawa anu hénteu kabawakeun. Pedah rémén manggih beh ditu mah, djaman rèsép masision. Tjara nu kungsi kapérégo ku kuring, keur mandi di tampian : pantjuran ngagélenggéng, tjinjusu herang ngagentjlang, dina dungus di tungtung lémber.

Biasa sok silih dagoan ari ka tjaí teh dina sédéng waktuna mah : braj beurang djeung palolohor. Ari harita ménéran dina simpena. Liwat asar malah geus tereh ahir. Geus lila disada tonggeret, dina kopeng deukeut sirah tjai. Badjing geus rek ngarampih. Silih udag djeung baturna. Luluntjatan tata-lepa. Tina tangkal pisitan monjet kana tangkal hampélas djléng deui kana palaph kawung, njumput dina langkobna enu ngagewok.

Manehna sorangan keur mandi bari babasah. Disamping

sarung ngurungan susu. Hénteu ngudar gélung. Atawa ngan diudar sakeudeung gélungna teh. Sabot ngirabkeun buukna nu gomplok pandjang. Rék deui bae digélung purék. Térus ngutjur. Mimiti beungeut, bari ngosokan tarang, pipi, ku ramo marutjuk eurih. Tjeuli, puhu tjeuli, tjara péta nu keur wuh. Geus kitu kakara punduk. Dikutjur ku tjai pantjuran disina ngotjor ménéran daun leungeunna, dikupat-kapit lěbah walikat.

Panoupoe gens rek surup, keur sédeng pandjang kalang-kang. Rea sinarna nu montjor kana sëla-sëla tatangkalan. Aja nu njerot kana lěbah pantjuran. Népi ka mantjawurana tjai ku nu keur mandi teh, tinggurilap lir mutiara awur-awuran. Tinggorolong dina tonggong, ngalantisan kulit umjang !

Make sarung, tapi da baseuh, rapét djeung kulit teh. Breh bae leundjeuran awakna ebreh : galur sampulur.

Keur tjéngkai katembongna kitu teh. Sabot nangtung rek třnis tungkul. Dongko, ngaruruuan ramo suku, sëla-sëlana, lěbah mumuntjanganana. tjongo bitis ..., panungtungan ngagasruk-gasrukkeun keuneung, kana batu lemprah titintjakan.

Rahul ari disebut siga widadari keur mandi mah !

Ngan sidik lain panulu kampung. Legeg djeung gekgekan teu aja wanda kéridan. Djauh tina basa bau lisung teh.

Ana make, estu salinasua pisan. Tara tuturuti sapedah alus di batur. Sumawonna reunjeum ku nu matak sareukseuk mah. Kawas nu kokoro njénang. Naringnang, tjara kitu ilaharna urang sisi.

Hénteu manehna mah, hénteu kabawakeun kitu. Raprapan nu sawadjarna, surup djeung surupanana.

Tah, neangan nu tjara manehna kitu kuring teh. Nu kumaha atuh disebutna ? Nu mulus ulésna, lain nu alus pulasna !

Kawas geus laas .

Tina Warga no. 125 tn. IV
20 Februari 1955.

Neangan Lēbaran

GEUS ti leuleutik keneh, ti barang ingét.

Nu pangheulana kapanggih, keur diparende dititah sare, bari didjampean : „Bisi teu kabagean turun imbar !”

Tuluj atuh geus rēsēp njoo mérētjon. Da atjan ludeung njeungeutan ku sorangan mah. Sababaraha gēpok teh, tjetjengékan djeung babawangan, diuman-imēn dibuntēl ku tjetjet madras, beak ku nu galēde bac.

Dipangnjeungeutkeun, tjénah !

Da wawanen kakara sémét kérekan balon, nu hurungna ngaudung rupa-rupa warna, ganti-ganti : beureum, hedjo, biru, djst.

Mun teu kitu sémét njeungeut kēmbang gēdang, bari dilalungkeun ka luhur, meunang nikélkeun gagangna, sina njangsang kana dahan djéruk hareupeun imah.

Lila-lila madju kana matjakal njeungeut pētasan (ku) sorangan. Tjetjarakan ku tjetjengékan, diasupkeun kana tanduk domba, bakat ku hajang njékélan. Népi ka waní njeungeut rantajan Matakutjing népi ka djaman dur-dor djeung saté-rusna.

Lamun di masdjid, milu takbir, ti miniti digandong népi ka teu njaho tungtungna, ingét-ingét geus di imah deui, isukna.

Mantjat kana milu parébut pamakol hēdug, patakēt-takēt ngadulag.

Ngalaman paalus-alus pakean, meunang ditatap-diwasap ti peutingna keneh, mani hēnteu tereh sare, ngarép-ngarép hajang geura beurang rek midang singsarwa anjar.

Tulujna lēbaran teh kapanggih dina riung-mungpulung. Dultur nu deukeut nu anggang daratang, bari silih guar kasonoan, embohna silih guar kaboga.

Dina ukuran geus pada-pada tjumarita ieu teh, silih akurkeun pamanggih djeung pangalaman, énggonging hirup matjakal.

Memeh bosèn, malah teu kungsi seubeuh-seubeuh atjan, tararangeh kana hung-heng pagetreng silih hérengan tjara biasana djeung dulur, kapaksa kudu geus papisah deui. Atuh anténg pisan panineunganana teh.

Kitu lēbaran anu kapanggih harita. Lajeut aleut-aleutan, bring ka kulon, bring ka wetan.

Karasa bagdjana.

Tapi asa teu kurang bagdja, malah ngarasa pundjur ti batur, waktu manggih lēbaran bisa keneh muru-muru indung. Iraha bae, keur di maula bae, teu halangan ku samporetna waktu, walurat di djalan, teu burung diudag.

Teu katjipta kumaha heuratna ngarasa hutang, upama teu mérlukeun nundjung, njium sampeanana, bari diusapan ēmbun-ēmbunan.

Lila, kungsi sababaraha kali, kieu kapanggihna lēbaran teh, bagdjana lain bedja !

Asa rek tamat ngan sémět dinja, barang andjeurna geus sah ti dunja. Geus něpi kana puntjakna. Kari ngarép-ngrarép naon deui atuh ? Da nu geus kasorang mah ngan kari anténg dina ingétan ?!

Bohong. Djahulna masih keneh dirangkulan. Eta nu diburu-buru teh. Teu halangan ku anggang. Djut turun ti mas-djid tuluj ka padjaratanana.

Malah réměn memeh mundjungan ka sasaha.

Lubar karasana ssgala kapanasaran teh lamun geus kitu mah. Bari teu tega ka anu rea, teu pilih sanak teu kadang. Asal katendjona kuburan, paribasana teu njaho rampe saawer, diajurkeun bari ngalalar. Mun teu kitu, dibelaan matja salawat bari ngaliwat.

Kungsi sababaraha kali manggih lēbaran kitu teh, tur unggal breh unggal ngarasa bagdja.

Tapi eta oge tulujna mah njirna dina panjileukan. Manggih deui lēbaran lain nu eta. Beda sipatna. Beda sagela-galana.

Nu geus kapanggih tuluj leungit. Nu kasorang keukeuh asa lain eta. Da eta geuning tunggal laas ku lawes, luntur ku pangaruh usum, make robah ku pér'bawa kaaajaan.

Tjēnah pupudjan ae mēsuhi raga. Nu lētah-lētih kuru tjileuh kēntel peudjit lēbaran teh nu ngandung bagdjaning bagdja mah. Nu bisa mētik buah pudji sukur ka Jang Agung, takwa ka Nu Maha Sutji Allah.

Da puguh moal tjukup umur keur ngutjap sukur. Moal mahi pudji dikir, upamia dibandingkeun kana tanpa wilanganan hikmah nugraha Andjeunna.

Lēbaran lisanna gētēring ati-sarubari nu sutji wēning lēbaran tetesan rasa sukma nu kumambang kana lapad „la chaola wa la quwwata !”

Nu sutji, nu sēpi tina sawarnaning rērēgēd ati : udjub, ria djeung takabur, hiri, dēngki djeung sabangsana.

Lēbaran lambang nu balungbang timur, tjaang padang na-rawangan, mulus tina basa rumueuk, geuneuk, maleukmeuk.

Neangan lēbaran eta !

Bagdjaning bagdja nu geus bisa manggihkeun.

Tina Sunda no. 16 taun ka II
tg. 10 Djuni 1953.

KURDI NATAMIHARDJA

Lengkpna : R. Kurdi Natamihardja. Dilahirkeun 23 Djanuari 1909 di Tasikmalaja.

Kungsi sakola : H.I.S. Garut, diteruskeun ka Kweekschool v. Int. Onderwijzers di Bandung. Tamat tn. 1930. Kungsi lila djadi guru H.I.S. Purwakarta.

Ku sabab ti ngongorana keneh rescp ilubijung kana politik, djaman aksi-militir Walanda ka-II, tn. 1948 ditawan ku Walanda, sarta trus diselongkeun ti Purwakarta ka Bandung, (tug nipi ka kiwari aja di Bandung).

Rscp tulas-tulis dina kalawarta Sunda. Kungsi ngabantu *Mangle*, kalawarta pikeun barudak nu dikaluarkeun ku *Masa Baru* Bandung.

Pagawean ajeuna : Panilik S.R. dipasrahin mingpin S.R.L. II, S.G.A. I, Bandung

Dina ieu buku dimuat tjarponna

DASAR MILIK

Dasar milik

KANG Juda, tatangga kuring keur ngélèpus njésèp di tèpas pajun bumina. Pajuneunana tjikopi lèkoh, njérèbung panas keneh. Harita teh kira pukul lima sore. Kuring kalatjat ung-gah, sédja maturan nu ngalamun, bari rek ngaheroan tji-kopina.

„Tjalik ji”, saur kang Juda.

„Ngamənaham naon akang teh, rupi nu pana pisan ?”

„Numawi ji akang teh keur ngalamun ; eta ku hajang boga anak lalaki. Diitung anak teh geus salapan, awewe kabeh. Tjing nu ajeuna mah hajang teh lalaki. Pusatumahaem teuing atohna, mun laksana ...”

„Ih, sunuhuni bae ! tjeuk kuring. „Atjenk teh parantos sa silma ?”

„Malah parantos langkung saminggu. Kedalma mah to-brol ngadjuru. Mung sugar bae, numawi élat teh ajeuna mah lalaki. Lah mana teuing atohna. Pakaulau akang mah, si Kabiri, émbe Arab kenging ti Tuan Muhammad tea, rek di peuntjit.”

„Nja, mugi-mugi bae, Gusti Allah maréungkenn” tjeuk kuring. Mung sawadina, urang teh kédah ichiar, supados tinékanan sakapalaj.”

„Is, kantenan. Parantos rupi-rupi akal tarekali ku akanj, diljalankeun. Malah di amiwisna aja nu mapatalian maling mutu ti bumi nu anakna lalaki wungkul. Eta teh parantos, dilakukeun. Atuh aja deui nu mere paham madjar kédah maling popok ti nu némbe ngadjuru orok lalaki. Popokna kédah nu baseuh ku tjikiuh orok tea. Eta oge kamari dilam pahkeun. Kalérésan Mi Onoh bahar. Lutju kapun, atjeukna kamari teh api api ngalajad. Keur bongkah nu dilajad, atjenk, rikat pisan, kawas nu geus biasa njopet, ngan sakilat, bus ngabuskeun popok kana tasna. Dongkap-dongkop ka rotompok, dug ngédéng. Dikintén teh udur, ari horeng teh keur nge-djalankeun palakiah tea si popok baseuh ku tjikiuh teh di

taplokkéun kana teuteung. Seuri-seuri aja nungai polai pmadéjan kitu teh, mung nja eta sugen bae laksana sapuñéija."

Kuring seuri bari ngomong : „Atuh palakiah eti mah geus leuir teuing ajeuna mah, namung nja mugi-mugi bae. Eta abdi mah hajang seubeuh sate si Kabiri”

Dua poe ti barita, kira pukul tilu peuting, kadenge raribus di tatangga Panto tèpas bareup kang Judo molongo. Lampu ditjaangkeun mani ngémpraj. Teu kila gunulug mobil asup ka pakarangan.

Tina djeung kang Judo teh geus tau asa djeung djiga, asa dulur pei ku kiris bae, kuring daengdan rek némpo. Tjeuk pékirian tangtu atjeuk rek bebar, ngan tina asa raribut, ijiweuh pisan, bisa kura énam, rek dilajad. Tapi barang datang ka bumina nu rek bebar geuh tau nja, dibawa ku mobil rumah sekut. Kang Judo djeung patrene nu tukal oga milu

„Kumaha Neng Tut, iku jeuh,” ijk kuring ka putraan nu uemér dua, „rek bebar?”

„Sunuhun”, ijk Neng Tut, bari soran, radu dumarendha, menung katingalna bidan Eti geumpear. Saurna ibu kédah enggal-enggal dilantun ka rumah sakit tau kenging diéng-lekeun.”

„Lah abdi mah paur ...”

Ijk kuring „Ah moal nanaon, karulém deui bae, da ieu teh peuting Jeuh”

Kuring bolik ka imah, bari ieu wéleh hariwang. Pikiran nih mané dikawa ka rumah sakit oge tangtu aja nanaon, da tudina nich rek bebar di bumina bae. Emb, kumaha mun tjeuk Judo tèpi ka titis tulisna. Djeung énja tetendjoan kuring asa bela, tjeuk Judo teh bobotna ajeuna mah. Raripuh djeung pohara Jeuleusna. Karunja teuing ku kang Judo ; salapan bulak. Leur meudjeuhna bilatung dulang, turug-turug kabeh awewe . . .

Isukna, isuk-isuk pukul tudjuh kung Judo tjan sumping Geus beurang ge tjan diol kénéh. Kakara kira djam sapuluh

aja keretek eureun hareupan tumina. Kuring gura-giru mu-
ju. Kang Juda lungsur tina keretek. Angkatua djumarigdjueg.

Pameunteu pias, rambut kusut, pasemon mēsum. Ninga-
lina ka kuring molotot tapi teu awas.

„Kumaha kang ?” tjek kuring bari asa-aso.

„Parantos milik akang ji” saurna pēgat-pēgat, „tos milik
akang. Nēmbe ieu mah, nēmbe. Na kapan atjeuk teh tos
oroakan salapan kali. Ari kasapuluhna ...”

„Kumaha, kumaha,” tjek kuring.

„Eta lantaran tarudjuni . . . suku heula . . . vroedvrow teu
sanggup, tjénah kudu di rumah sakit, dibantu ku doktor . . .”

„Ari parantos ?”

„Nja salamēt ajeuna mah, mung bae . . .”

„Alhamdulillah”. tjek kuring bari ngasongkeun leungeun,
sasalaman, „akang mah sok ngareureuwas. Kumaha, istri
pamēgēt ?”

Kang Juda imut. Saurna :

„Kēmbar, duanana . . . awewe.”

Tina Sunda no. 15 tm. 1,

30 September 1952

Insial nr: Kadu Tisna Sudjana. Dikahirkeun di Sebang tgl 1 Desember 1912. Geus miniti césep matja kent di S.R. Léneh Mimiti diadjar ngarang keut di Normal. Guru basana R. Satjadi-brata. Mindéng ngabaekeun paladjarao lantaran karadjé lu ka mangon-karangan loelana (Achmad Basali). Sanggerus djadi guruh nuléng nullé dina. Parahiangan antarona gugujon, guguritan, paritapondok djeneng reportase.

Keranganéana nu geus dibukukeun : *Babas Madjapait* (dangding) dikalakarkena ku Balai Pustaka, *Raden Patih* dina Almunak Sunda th. 1933 (Balai Pustaka). Dina basa Indonesia kungsi ngabaeu harian *Pembangunan* djéung *Indonesia*. Ti peri ngahan th. 1946 nèpi ka th. 1948 di Bag. Redaksi R.R.I. Pelangan Timur, di Tasikmalaya bari njalunggarakeun sioran² basa Sunda. Kungsi ngapalahun Bag. Redaksi madjalah anné dikalakarkena ku Kasi Pangadjaran Nagara Pasundan bari ngaluarkeun Madj. Lingga. Ajeuna di inspeksi Djawaatan Kérdungan Bandung

Sehada péitung mlese-ané dimuat anné ana dina : *Madj. Lingga, Sunda, Pancheun* djéwang *Siratahoman*. Nu miniti nullé sadjak bebas Sunda dina mangsa sabrida pérang

Dina ieu buku dimuat sadjak³na

SAMAR
REE NAON⁴
GANDRUNO

Samar

Uraip Iendam di Pasundan

Huang Sung-i
anab ulat amap
Kemuda Loring

Kemplangku te retoring
henro Jecmar
Indung omah euk

Berbering ayu bet
sinuh uan iek
tjung uan celop

Andjeni pangueggethan
pangreugreng, pangharépan
arek iklas

Tg. Pinang 10-3-55

Tan Pangkegar no. 34 th. 1V
tg. 18 Maret 1955.

Rek Naon ?

Teu diteang teu diondang
taja nu mawa nu ngadjuk
gurudag tanpa larapan
karép sorangan ?

Luludeungan
diémuk batur ?
loba balad ?
batur hidji baréng datang
diramés ku Indungbeutang
dipéndilan disimakeun
dulur sedjen teanganewi.

Mun ieu njaho pakarépan
geura dahar saseubeuhna
geura make satakérna
geura ngomong saungangna
geura hees sadaekna
ladjur napsu umbar amarah
bawaeun balik !

Tina Wareo no. 67
tg. 10 Juli 1953

Gandrung

Emah, bulan, bulan
ulah teungteuingeun teuing
ulah buru-buru surup !

Tjing, sakeudeung atuh eureun
kuring hajang murak tineung
sugan andjeun djadi djalan
da andjeun pikabitzeum.

Mawat andjeun tiis, hëning
sinar andjeun montjorong, ugentjlong
bisa leutik gëde deui
bisa tilëm timbul deui

Tjing bulan kuring tulungan
meureun lannun kewas andjeun
moal riweulih neangan nu euweulih
meureun tjatjap tigbra rasa.

Mun andjeun anu wisesa
kuring sudjud sëdja tuhu
osok dapon kataekan
mun andjeun sakadar darma
pangnëpikeun ka Sang Purba
pikeun pigustieun kuring

Tg. Pinang, 13-10-54

Tina Panghegar no. 34 th. 11
(z. 19 Oktober 1954)

KI UMBARA

Sandiasma. Ngaran aslina W. Ranusulaksana. Dilahirkeun di Bendungan, Luragung, Kuningan, tanggal 10 Djuli taun 1914. Dina taun 1933 namokeun Normaalschool Serang, sarta terus ngawulang di sababaraha tēmpat. Dina taun 1954 lulus udjian S.G.A. Kiwari djadi kapula S.M.P. Muslimin III Bandung.

Dina mangsa sunemeh pérang sok nulis dina madjalab *Parahiangan*. Tulisanaua anu kaitung raja pandjang (fcuilleton) djudulna *Djodo Pamindo* (*Parahiangan* 1937). Knijaba tinu dina *Parahiangan*, oge sok nulis dina *Timbangan* (Casikmalaja). Kulau² esek oge nulis dina busa Indonesia.

Sabada pérang tuindang nulis dina *Warga* djeung *Sipatahaenan*

Dina ieu buku dimuat sadjak djeung tjarpana.

MURAHING PANGEBAN
SAPANJING, TULAYAN

Murahing Pangeran

Taun-taun henteu diparèng bation
panakane henteu aral ngarusula
tutulisan geus aja ti kelamula
iklas bate ten ngaborongkeun Pangeran.

Rahmat Gusti Ijr tja panjurau herang
ngagélgéngéng majéng igitjor ngagolontor
henteu kirub sunawotuna lamen kotor
matak sègér dihamu ku nu hanaang.

Ngutjap sukur ka Allah tau sipat murah
geus kereta maparin pandjang Lalakon
gunung gedé, gede keneh hate amu diidjabuhu

Pantungkastu : „Jo Allah mangia eta titipan
mulus banglus kırup huripna teu mubah
mapai dhalan nu dipiride ku andien.“

Tina Warga no. 62
tg. 20 Mei 1953

Sapandjang djalan

MADJUNA, muru nu teu damang walés. Hate sumpég, pikiran buték. Mulangna mah aja saleuheung ...

Tjlak tumpak kahar, mapaj-mapaj djalan desa. Djlag-djlug tarahal. Asa diajun-ajun. Beuteung asa kotjlak. Sakapeung ... gédak sirah kana tihang kahar. Leumpang di djéro lémbar, tapi titingalan asa keur ngorang ... leuwetung. Tuda nu katémpo : lélémah-lélémah urut nu diduruk, parock ku dapuran tjau. Pakarangan djeung kébon barala, djukutna ngadjédjembung sadélg-sadélg. Pagéerna, ratak-ratek, pasoleungkrah matak sareukeun. Muri teu salah, bareto mah pagér kikis dilabur bodas. Wera atawa bahuntas dipangkas papak. Nanja ka kusir :

„Ku naon lémbar teh bét djadi kieu. Mang ?”

Walonna „Teu ararieun ku njiar sahuap-sakopeun. Turutung nu ngarorana budal ka kota. Arusaha njiar kipajah. Dadi kota mah bedjana, gampang duit.”

„Kutan”.

„Eta boe, barudak anu di dituna njupir betja atawa dagang tjendol, dua-tlu bulan; ari marulang teh, make bisa mawa tlu-opat ratus. Djaba pakean Anu matak, imah mah tjuh lur bae dikarosongkeun. Ngan handjakal, teu barisa djeuljueuh pakeun.”

„Na, kumaha kitu ?”

„Da eta ari rek arindit deui mah, tétèp bae ngagaradekeun heula.”

„Kitu ?”

„Sunuhum. Iraha atuh nja Gan, gampang duit ka lémbar. Lémbar teh ? Ambeh nu ngarora barétaheun di lémbar, aja desa kapiara !”

Kuring teu ngadjawah, lantaren katarik ku titingalan sedjen. Kahar geus uèpi ka alun-alun. Beulah kentja, baledesa ngadjénggleng wenteuh. Beulah katuhu rada kulon, masjid, djigana karek bae anggeus. Rada wetan „gédong” sakola

rajat, tembok sapotong. Geus dikénteng, tapi karek téngalina bae. Bilik ka luhurna, bolongor kench. Tatjan dipalester ... boloampar ditegél mah. Kaju, awi, pasolengkrah. Kénteng, batu, patulajah. Keusik kapur, atjak-atjakan dikoreh hajam. Panakane kitu, teu katingal aja nu digawe ...

„Pialuseun sakola teh nja. Gan !?” tjenk kusir ngareret ku djuru panon ka kuring, bari ... tjéter, ngagitik kudana. Gé-rétek kuda lumpat, tapi teu lila. Tulujna mah nja kitu bae, palijét ka kentja palijét ka katuhu ...

„Enja,” tembal kuring, „ngan naon sababna, bangun nu moal dianggeuskeun ?”

„Mogok sapi. Gan !”

„Baruk !?”

„Atuda - bale desa ... gotong ropong. Masigit ... gotong ropong. Sadola ... kudu sotu hati. Kawéleheun rajat teh !”

Kahar geus ka huar ti djero lénbur. Mapai-mapai pasa wahan. Pareua keur meudjeuhun harnjhañ koneng. Sawareh, di ditu di dieu, geus dipihuatan ...

„Panca teh lijt antjal-antjalan”, kuring ngomong sorangan.

„Ménding ga hitu, Gan. aja maјéng . . .”

„Enja, tapi . . .”

„Di pipit, an kaburu butuh,” kusir motong kalimah.

„Bedjona, lamari ieu mah rada parna patjékklik teh.”

„Jaktos”.

„Na teu aja pisan nu sok ngadjual beas ?”

„Seueur nu ngadjual malih di pasar. Ngan teu kaposer. Beda ti keur dijaman Djépang. Haritu niah artos nu seueur, isouleur teu aja.”

„Seuhseuhanana mah sarua bae longhajeuseunana.”

„Nja kitu.”

Kahar eureum, lantaran geus tépi ka djalan propinsi.

Tjeuk tukang warung di témpat ugantian beus, beus teh karek bién pisan ngaliwat. Wajahua kudu sahar sadjam deni. Tamba késèl, njampeurkeun ka nu keur ijiutruing luhur guléng sisi djalan, nianggigikeun patjul. Didudukaj tjélok, ditjalana pondok bedjo, beunang motong. Radjuna komedja

bedjo lungsuran tentara disampajkeun kana taktokna Awak na buligir ...

„Ieu teh, saues Pa Aslam tea ?”

„Nu dituna, ngarendjng bari malik ningal ka kuring.”

„Jaktos”, djawabna, iku ieu saha ? Alo Untu kitu ?”

„Sunuhum”, tjek kuring, song sasalanau, brék diuk gi gireumanua. Ahnelmu ngeser saentik, njangbareup ka kuring.

„Njésép, Mang !” bari song ngasongkeun „Menakdjingga”. Tjép manehi iujokot hidji. Kotret kuring agotretkeun kaju api. Sut roko, disengugen. Kuring oge pélénjun udul

„Bangin uleng teuing. Mang, ngalamun teh ?”

„Sunuhum”, tembalna balaham beleheun.

„Ngalamun, panen baris mutjékil manawi, nja Mang ?”

„Ngalamun, mikiran awak, Lo. Awak tiis.”

„Tiis kumaha, Emang teh ?”

„Tiis laura teu bade tiis geura. Kapungkur keur harga pare mahat, parerma ... puso djarotjoung seep ka beurit. Ajeuna, oja parerma lalondung beunew, hargana ... ka leudap.”

„A je handap ?”

„Nja eta satadina mahl asa rek mutjékil, panen teh. Kali epane bae, hajoh Pamarentali ... meulian pare. Teu adil Pa morentali teh, ari ko panitar Emang mahl.”

„Ah gagabali sasauran teh !”

„Saues gagabali, da sajaktosna. Mangga bae, Emang meuli bae tibu perak ... saletet. Naha, ari pare Emang, ku Pamarentali bale dipeser dalapan puluh perak sakintal. Adil ari kitu ?”

Kien, Mang Pamarentali meulian pare teh, keur urang keneh. Nja eta éngke ari musim patjékluk, olah dugi ka oju ini ... lauglajenuseun.”

„Emang, minu parerua teu ku „beurit” sotenan. Saréngna leui, paling-paling keur ... nu baroga gadjih. Ari bangsa Emang mahl ... labi pimonaem teuing. Lintungan éntjam anggub, ari rugiha mahl ajeuna tos karuhan. Mangkaning gens ditjedungkeun keur majar hantang, tilas magawana. Kien

adagatna madi, palangsiang... seep paten seep pare
„Ari tos seep, bade kumaha?”

„Ah, tos bac Lo sok baluas Emang mah”

„Ari putra, Ki Aslam, di mana Mang?”

„Kapan djadi... tentara Tos kopral ojeuna teh.”

„Ih, atuh bagdja.”

„Pangesto. Tjatjak teu sakola-sakola atjan mah. Sanes Lo.
ari repolusi teh, iraha rengsena?”

„Na, ku naon kitu Mang?”

„Eta, késel ngantian djangdji Ki Aslam.”

„Djangdji naon, Mang?”

„... Upami repolusi parantos rengje manelma baris mu-
lang, bari mawa... lampu listrik, wuluuk... trektor saréng
kapal tèrbang keur njirau... bako. Alah, maneha tering
éngke mah sénanigna Tuni teh teu kudu tjape. ’njaritana
kitu teu siga-siga.

„Sakédap deui, sabar wae heula,” tjenk kuring bari scuri
Djung kuring nangtung amitan. Iautaran beus geni dijol
Beus „Behas”.

Ngaran beus, kawé nu ngéjoen politik mantjaragara R.I.
Tapi ieu mah : Djépang eloh ku Walanda bebas ti Djépang
milu ka Walanda Walanda keok ku R.I. bebas ti Walanda
samiuk ka R.I.

Tjot kuring miggah, diuk gigireun sapar. Beus nendhu deui
Kondektur ngasongkeun kartjis tina luhureun takia. Dibajé
„Kirang lima kétip, teu aja retjeh!” tjenk kondektur ka
kuring.

Kuring inggut...

Beus „Behas” teh boguna tieke Kontrolie djuong kon-
dekturna bungsane. Ari bangsa nu geni mérilita tieke
nkur djadi supir djéung kénék

„Jima kétip deui, bi!” tjenk kondektur ka pamungas
awewe tengah towuli ngadalum budak, nu diuk lima bangku
pangtukangna.

„Teu aja deui, djuragan,” tembolna liméungie, amawar atuh
kirang sakitu mah.”

„Enja, ni mana kuring nombokanana ?” tjeuk kondektur rada njéréng.

„Kuma atuh, da mung sakitu-kituna. Ita oge kenging . . .”

„Naha atuh teu boga-boga duit, make hajang tunipak beus ?”

Djémpling . . .

Kondektur térus bae . . . ngutruk. Ngan pada njitjingkeun. Reup kuring nundutan . . .

Lilir-lilir, barang beus asup ka djéro kota.

Toko-toko nu galéde tur arendah, kabeh nu . . . deungeun-deungeun. Nu bangsa urang mah, ukur nu lalémbutna. Kitu ge ukur . . . hidji-dua. Kantor-kantor dagang, ex-djeung importir . . . ditjarékél bangsa deungeun. Aja oge hidji-dua bangsa urang, tapi bari teu reugeudjeug . . .

Gédong bioskop aja opatna . . . kabeh nu semah. Bating nu bangsa mérđika mah. Pabrik-pabrik anu gëde anu leutik, ki pabrik-pabrik tahu . . . nu tamu.

Beus eureun di sétasianma. Djut kuring turun, tjlik kana betja merék „A Moy”. Supirna nu renghap-randjug . . . bangsa nu geus mérđika.

Nu bogana, nu neureujan untungna . . . taoke. Tépi ka ha-reupeun bioskop, betja hese liwat. Kahalaungan ku nojekna nu rek nongton.

Nongton, lain ku lantaran sénang rea duit, tapi nongton ngahanghrangkeun kasusah teu boga duit. Mun ki Supir kurang-kurang teuing tabahna ngamudi ketjana mali, matak watak ngadupak djélêma . . .

Aia nu ngangkat tangannya kuring bari imut Ki Silah. Eti mah Ki Silah, make ija dongengnya . . .

Manehna teh améñer ali. Nyam ijas iman. Teu buan njangga „dérita”. Bélikan deuh, kawé budak. Eti bae, barang kasisihkeun ku nu anjar datang . . . puulung we Málal sila. Batan djadi „budak” pamareutah (batjan bangsa so rangsan) mali, anggar milih djadi „budak” demecun. Maug-djuwelkeun barangna . . . ngarah peperot .

Djigana, ari didjadiah deungeun mali, teu „ngaruméas” ba-

tan „dudjadjah” bangsa sorangan. Da mun manehina njaah ka lēmahtjai Indonesia mah : kasisihkeun, ... taja nu nari nu nakon ..., disebut pēnghianat teh ..., kudu ngawajahnakeun maneh. Eta „katugēnalan”, kudu dianggap „pēngorbanan” keur ibu pērtiwi. Kakara ... patriot ... ngaramna.

Betja eureun di gang, palēbali tēmpat matuh kuring. Lain-lain atjan gang ... lulurung meureun pēngaraneunana teh. Lulurung minuding, da betjekna udubilah. Pakarangan, barau tjikatjomberan nu ngējēmbēng hidoung.

Sugan teh, ori geus mērdika niah, bisa gaampang tutukeuran niah. Pribumi nu geus mērdika, ka hareup ka sisi djalan semah ka tukang, ka gang betjek. Pribumi nu geus mērdika, ka gēdong sigrong; semah ka imah ... rejod.

Tina Warga no. 31 tn. II
tanggal 10 Djuli 1952.

IJA N LAB

Sandiasma Ngaran benerna : Balnadi Sutadipura. Dilahirkenn di Tintogong, Giatu dina taun 1915.

Namaikenn H.I.K. di Bandung dina taun 1936 tulis ngaguruan nepi ka taun 1934, ti S.R. nepi ka S.G.A.

Tahun 1955—1957 djadi Kapala S.G.A. Bandung sarta ti 1957—1959 djadi inspektur S.G.A. ngarangkép djadi lektor luarbiasa di P.K.I.P. Universitas Padjadjaran djeung Kapala B.P.G.

Kungsi njungsiharti ka Ustrali dina taun 1954—1955

Kuranewéana dimoat dina Warga djeung Panghegar.

Utan ti eta sok nulis buku- pengadilan dina basa Indonesia.

Dina ieu buku ditulis ti sitponna

AJA "LAWATEN" TTEU GABE VI

Aja "bagdja" teu daulat

BUDAI ti bioskop teh kira-kira pukul sabélas peuting.

Sanadjam rada djamih lalakonna oge ka asrama, harita mah teu sungkan balik teh. Malahan mun teu inggis ku bisi, napsu mah hajang ulukuték di kota bae. Moal aja babandinganana ai'matna mapaj-mapaj toko, Jaha-loho ka tēmpat dangsia, dubiung djeung nu balaketjeakan di restoran-restoran, atawa sempalgujon djeung babaturan di taman nu rada singkur.

Atuda saha nu ten matak kairut ku peuting bangsa kitu : langit lengleng tjaana bulan opatélas, angin leutik ngahiliwir, mepes hate nu keur rungsing. Lampu-lampu toko tingkaritjeup, tingburinjaj, anu beureum anu hedjo nu koneng nu bulao, estuning endali pisau katendjona teh.

Lalukon ti kota Brisbane ka asrama teh aja kana sapuluh kilometéra. Adjamanu asali tek balik teh éngke bae sabada ugalongokan toko-toko di Queenstreet, da treni nu pameakan teh pukul duaawélas inditna. Ari babaturan kuring saasrama kaltuarna ti bioskop teh mandeurikeun maneh. Atuh kapaksa kuring balik njerungan.

Sabot keur Jaha-loho ka toko p'ntet rég aja mobil eureum. Pantona dibukakeun.

„Hallo Max!“ tjénah, da kiring teh Max disébot di asrama mah. Kuring olahok, kawanu anjar pinanggih tea djeung nu ngaku teh.

„Come in!“ tjénah. „Please, tuh!“ mun tjel, urang mah. Ten dipikir panjang deui, tjat kuring kana mobil. Atuh aja, reuwas aja, aja nu ngadjak balik teh. Atuhna pedah moal olah duft : ari reuwas nu, inggis sienn kasihlahan.

„How are you?“ tjénah!

„Good, thanks, and how are you?“

„Lovely weather, isn't it?“ tjénah

Ku kuring hentou daljawab. Kuring mata sineuteun.

„Urang ka Ascott heula, nja?“ tjénah. Ascott teh basisir walungan Brisbane nu polara endaluna

Ku kuring teu diijawib. Kuring ngan batt olobok. Hate ratug tutunggulan. Barasaan asa nginipi, asa pinanggih deui djeung djaman keur ngeuna. Keun waktu gelak sinougnong

Atuda kumaha teu rek mata sementem : wanita tégép, pérleste, pérlhäst nana muhibimbjar, pakuan nilon ngalang-kang, parfumana angin-anganan.

Sadjadhalan gerejek, segala ditjaritakeun; ari sora, sora halimpu. Moal salah, tjek kérêtég hate teh, salah wesél !

„Puntén bac, Nden“ manu tjek di urang mah. „Engkang teh asa-aso. Djénengan teh seba tea ?“

„Max mah sok kitu ! Kapot abdi teh Jean Martin ! Kumaha kuliah teh rèsép ?“

„Nja, aja sakintén.“

„Kumaha Professor Henderson sok ngilat keneh pananganan ari mimpis bor teh ?“

Euh, moal salah deui manehna teh mahasiswa fakultas Seni Rupa ...

Tapi diingét-ingét, wéleli teu ingét, di mana kungsi wawuh djeung manehna.

Ngobrolna teh disélang ku hahariringan. Ati nu mimin-jen-pa kadenge teh Douau Wellen. Rupana mah lagu nu pangdipikarésépna.

„Aaah,“ tjérnali. „Kitu ing mah boru rèsép djael mahasiswa teh, baooh ku lu eureum ...“

Teu kébat niaritana teh. Térus bae ugahariring. Ku sora kitu mah moel teu matak kaedanan. Ku kuring teu ditanja, naen sababna kudu eureum teh. Tangtuna ge kudu kawin Hariwangeun neureum bapana, mažum djaman ajeuna.

Saićngah duabélas gesus tjunduk ka Ascott. Sisi basisir baranang ku lompu, meraklak tingkeritjeup kawas tjika-tjika dina vanja.

Mobil d'europunketina di handapeun tangkal jakaranda, tau keur mendjeulna lénéyangin. Mobil hechjo daun tjan, katodjo bulan punungan ... angin laut ngadiliwir ...

Bari ngadagekeun nu ugahariring, teu wéleh ngingét-ningét, na siba tea si Jeni teh. . . ?

Hate beuki ratug bae. Inggis alah batan mau hinis, sieun lebor karahajuan, kausap setan kaerid iblis. Muntang ka Nu Kawasa, mugi-nungi dikialkeun iman. Nu sawala adurenjom dina hate beuki lila beuki njeuneu. Tjek Si Goreng : „Bodo goblog katotolojoh teitung sia teh ! Lauk en as nu sakitu buteterna diantep. Batur mah, deuleu, bebeakan hajang meunangkeun nu kitu teh ... !”

Ah, pendekna mah laklak-dasar bae njarekanana tah Si Goreng teh.

Njeuneu atuh ngadenge omonganana kitu teh.

Ari ngadenge omongan Si Hade, leumpeuh deui hate teh.

Kitu bae salila-lila dialung-bojongkeun pipikiran teh. Sakeung mah meh-meh katjanir bangban hajang njabak kulit nu lain muhrim.

Jean diukna rada nonggo ng ta kuring, neutcup basisir endah, bari bahariringan lagu asmara, disenggakan ku seahna angin laut.

Kuring maling-maling naksir pangawakan Jean ti gigireun-rana: kulitna koneng beresih, crokna rada ngalangkang, ari galing, galing muttaug, diopmak model Ustrali, keureutan ... keureutan Sunda !

Si Goreng geus ngaleketek deui bae.

Pas inget ka sepuh, Kuring ngusap beungeut bari matja istigpar. Mudji sukur pedah nepi ka dinja henteu dikersakeun batal

Djam di City Hall geus nitir duawelas kah.

„Ih, tos wengi geuning. Mangga ab, urang uih !” tjénah.

Kuring ngan ukur ngadjawab ku : „Mmm ... !” Atoh lain di kieuna.

„Max,” tjénah, „kuring najang diundjangan, da teu kintén resépna ka bangsa andjeun teh. Lemés budi, henteu kasar kawas urang dieu. Endjing ku kuring diantos, nja ! Atanapi urang papagkeun ?”

Ku kuring teu kaburu diajawab, da manehna ténus ngahariring.

„Endjing tabuh 11, nja ! Sakalian urang lunch, O.K. ?”

„O.K.” tjeck kuring teh, satengah dipikir heula, satengah henteu.

Ditanjakeun henteu imahna teh, Babakuna mah bakating ku gugup, ngimpi ge diangir mandi, djeléma pantar kieu diaku ku pamudi geulis tur beungkar djeung piatér deuih.

Satengah satu, mobil teh eureum di hareapeun asrama.

Jean djat turun rek mukakeum panto palébah kuring, kawas supir mukakeum panto keur dununganana.

Kuring turun, bari samar tjabak.

Etjes netra pangawakanana ari mangtung handapeun lampu mah.

Jean njampeurkeun, leungeunna njekel leungeun kuring, ... talujna mah teu bisa kagamburkeun. Nganu nu kadenge teh :

„Dear Max, I'll see you tomorrow. Good night, darling !”
Panon kuring diporeumikeun, ti dituna mah rek muntang ka Nu Kawasa. Sabot keur kitu karesa kana pipi kentja djeung katuhu aja nu njelisijép tiis, kawas gelog ... Mani kukurajeun !

Mobil Jean ngagélesséh nu tumpaknu gugupaj bari „bye-bye”.

Kuring tjutjul-tjutjol, angkanan ikyrek duek dhé sare, supaya isukna ulah kaburungan do rek disarapeun Lo Jean tea.

Tapi bét loro boro duek sare, henteu henej heusai atjan, da teu wéleh ingét bac ka pamudi anjar piuanganéh tea.

Si Goreng cewe ngomilinéh mukakeun impérasium Basana teh : „Daging babi ge teu heran ari teu njeho djeung teu matak utah nrah. Ieu diani komo, matak inawa batih henteu !”

„Djeungna deui,” tjiénah, „berina ge pamali, tampek pangasih. Djeléma anu sakini ngokrena bejoh luu ucang teu ditari teu ditakoni. Tédumnu ka dijnalih kalajangna, do moal, moal aja nansei !”

„Atuda nu kitu mah logkar tina papapón agama !” tjeck kuring dina hate.

„Enja, nja, ari ngandjane haran, ari pagiling-gisik dim trem djeung puluhan warita, henteu kien-kien. Aneh !” tjiénah.

Nja tamba ngalannu teuing, bari ngadogoan pitunduhéun,

kuring teh ngalitjin kamedja keur pakeeun isuk kana pangon-dang Jean tea.

Ti dimja njisurup badju dieung dasina.

"Goreng-goreng go lajang ari kataksir ku pannidi mah.

Pukul opat kabara kuring bisa sare. Kitu oge ngan ukur salenjap-salenjap.

Teu kele dijenung waktu kuring galak sinongnong, harita teh.

Isuk² keneh kuring geus njompeurkeun batur kuring babaréngan ka bioskop tea. Rada bengong neudjo kuring geus ginding teh. Atuda sacarina mah, ari poe Aliad teh sok singkil, sagave-gawe; neépel, ujeuscuh, ngalitjin atawa tenis.

Déréklèk ku kuring ditjaritakeun riwajatna, ditetek henten aja nu kalivat ti awal nèpi ka shir, sakur nu karandapan peuting tadi.

Si John, batur kuring tea, teu lemek teu njarek. Paronianna bangun nu kawimijem.

"Max", tjénnih, Laj Anna moli éntong ka mana-mana, urang tenis bae antegarsi. Pérkora Jean mah éntong djadi pikir, bisi ngaganggu Laau paladjaran."

Dijé heurin ku letah rel, ngadongnenokeunana teh.

Kawas nu ngoretkeun nisan kaya rasialih Jean teh.

Tapi barang ditudilések ku kuring nu bilil rasialihna teh:

"Ari Jean Martin teh keur djadi mahasiswa mah, djadi sendor kalemelan dhiri I regulisasiun di Universitas Brisbane mah. Rima aja, banda lobha, cilmu luhur, ka itu ieu teh da-rehdeh amba-hudi. Nu djadi induguna, Mrs. Martin, aicuna teh di rumah sakit djiwa, do siyah; ti saten ajana Jean bae kituna teh.

Atuda sida roj iktu wék qéring narotung ngalanglajung, ditimpaleukeun ku aral awece utan sakiti-kitura. Keturut-turut pacéma teh leui ku projekit i'njen, ieu mèh pacéh kapanéka; keur pélsir dina mobil wreuteuh, ngadupak tangkal Jakaranda setakérrpa. Tjilikina teh dua taun ka tukang, di Ascott ..."

Kuring ngarengkap Karunia aja, rerwas aja, atoh aja.

Muringkak ... !

Boro tadina mah rek disumpukkuun bae, moal diutjah-atjeh
ka indung barudak, „bagdja” sakitu bae malih.

Tina Warga no. 112 tn. IV.
16 Oktober 1954.



RUSMAN SUTIASUMARGA

Dilahirkeun di Sagalaherang (Subang) taun 1917. Sekola pang-ahirna Sakola Guru (Kweekschool Partikular) tamat taun 1941. Kungsi djadi guru S.R. (1938—1942), redaktur di Balai Pustaka, mimiti di Seksi Basa Sunda, tuluj di Bagian Basa Indonesia (1942—1945). Djadi guru basa Indonesia di Perguruan Taman Siswa bag. Taman Dewasa (1947 nèpi ka kiwari). Ti mimiti taun 1950 (sanggeus Kadaulatan), balik deui djadi redaktur di Balai Pustaka, bari tetep ngaguruuan di Taman Siswa.

Nulis dina basa Sunda djeung basa Indonesia.

Kumpulan tjarponna dina basa Indonesia dijudulan : *Jang terempas dan torkandas* (1951, 1957, 1962).

Dina basa Sunda nulis tjarpon², sadjak², djeung dangding. Dimuat di madjaadh/surat kabar : *Kiwari, Panghegar, Warga, Tjandra, Mangle* djeung *Siyatalihenan*.

Kungsi meunang hadiah tina : Saembara sadjak (djaman Djepang), tina tjarpon²na basa Indonesia ti Balai Pustaka (1946). Ti Lembaga Basa Djéung Sastra Sunda, hadiah sastra pikeun taun 1957.

Bagérak dina lapangan kobudajaan pangpangna nu turnali djeung kamékaran basa djeung sastra. Anggota juri B.M.K.N. pikeun nètpikeun hadiah sastra taun 1955/1956, Komisaris LBSS di Djakarta, (nèpi ka th 1959). Sesépuh komisi istilah LBSS taun 1958. Anggota (pengurus) Organisasi Pengarang Indonesia di Djakarta. Anggota B.P.B. Kiwari. Dosen luarbiasa basa/sastra Sunda di Fak. Sastra U.I. Djakarta mimiti taun 1961.

Dina ieu buku dimuat tjarponna :

PAPATJANGAN

Keur ieu antologja satnjana anu kapilih 3 tjarpon. *Nu Géring Pikir, Papatjangan* djeung *Ati*, tapi lontaran eta tjarpon² teh geus ditérbitkeun mandiri, make dijudul : *Papatjangan*, (Balai Pustaka 1960) nu dimuat dina ieu buku ngan hidji bae.

Papatjangan

LAIN kuring, da kuring mah geus rimbitan. Ibu sang koleha, batur ngadjar di sakola. Ari papatjangananana ka murid kuring, eri murid kuring kapai murid manehna kenché djadi djelasna mah papatjangan djeung muridna.

Lain papatjangananana djeung lain pedah guru djeung murid, da loba nu kitu ge, djadi tjeukita seteh ku teu njanana. Ku tjitjing tuda sang koleha teh. Tiek labasan tea mali ngomong ge sabédig sakali. Ari di kelas tjeuk barudak ge tara seuri-seuri atjan, mun nérangkem pangadjaran estu sahisnasna, tara ieuh direutbeutji ku bari heureuj, sakumaha lumrahna guru nu loba. Duka pedah guru elmu pasti sugaran, nu kudu sagala pasti djeung sakélék, tapi di nu sedjen ge osok bae ari heureuj mah.

Ngan nu tangtu sanadjau tara heureuj ge manehna teh dipikarésép, boli fu para kolebona teh ku para muridna ... leuwih ti kitu malah, buktiun aja nu malaju katémén ..., eta meureun pedah tara ngandék. Mun digondjak, ngan ukur mesém.

Ari kurunjung surat ondangan : *ngarésmikeun papatjangan*. Ka saha ? Ka Titin. Andi punuh ber aso nu bongob digébah. Ari Titin tea, pingli murid paingmentjeangna. Sugaran teh ari nu tjitjing ten karooh ku nu mentirang.

Bét ingéti ka Neng Eha (AIN ETA/Moh. Ambri).

Pagar teh : „*Utiing-utiingan cong, buntut pandjang djadi pondok, ulin-idinan cong urut hajang djadi bogoh*“.

Tiek Mang Ambri dina LAIN ETA tea, disebut urut hajang djadi bogoh. Ajeuna ku kuring disalujukeun djeung kadjadian nu pangabrua tea : „urut ngadjar djadi bogoh,” saluju djeung nu ditudjuh nu ngabar kabanda sineung ku nu diadjar. Atawa sabalikna kitu ? Duka mona nu ti heula !

„Barang kabélek, ngédjal nünggat ka Tjiandjur.“

Saha tea ?

Neng Eha.

Da ari koleha tea mah puguh teu kungsi kabétk. Kalah miheulaan ngirim surat oudangau tea.

Asa kapalingan.

Padahal kuring, bubarhan pangkoletna biasana mah sok télén. Mun aja guru taeni djeung murid atawa murid djeung murid, atawa guru djeung guru deui --- antar-koleha --- sok njaho sanemeh nu lian térang.

Ari gesus aja oulangan mah atuh gér bae gujur. Gujur soteh gogondjakan. Ari nu njebut paingan, paingan mindéng kapaunggih ngantem, sugan temeh pedali ka murid : mélang katalian waliyb, lempu rasa tangguhndjawaab, ban mélang sumoreang. Aja nu njebut teu njara, puguh teu katjiri tea, aja anu beran bac, mbar teh teh beak nukir. Ku rarikip tuda, barauise neundeun sénu.

Ras inget ka djiareun Luring. Ari kuring mah bahenula sok gareuwah memeli puguh. Pa eta hajang kénéhna oge make lu surat (ku murid, ku totungan), didangding deuh, dangdingna, da tjen bisa murum tina tjarita ki SANTÉ GAGAL. Samemeh díkirimkeom dihatja heula di hareupeun babaturan bori dihari ingkenn. Kitu bewiringna (apal kenéh pada anu pangniminitina) : „*Sérat Sinom ngadeuheusan, sérat wahil diri abdi, sinangka turis nýpangan, ka bingkah Enden nu minis, nu keur istita galih, dipuuk ku bingah kabu, sinang tafa kabéngbung, ieu ubli nu prihatin, bakti sérat lumanan Feni tutumokwan.*” (Bahenula mah ieu daungding teli manu wa péngaluan, hajua kuring tjan kénéh djeung dangdingan sastrana Nerned Sestchadiprawira).

Sakitu bac beriringna nahi, da ngan eta nu apel. Nganteturkeunsa i nitah bu lok, miurahan. Atuh tjan puguh-puguh atian reus dör muntri itariya pada njaho. Ari anu dipikajungjun dijaman ose kagébolu, tatu nembonan-nembongan atjan. Tjindékn ge jal bac kuring nu tinggal kanduhuan kingkin, tjan ambon ditarang ut kanwinga ku pipir-pipir.

Ari sangt koleha bét bisaan minu tjaru nu nguseup mah tilom griwil. (da tjan lila atuh ngadjarna ge), teu kudu késel tjindékol, bisa mulang ngahaleuzang.

Népi bae kana waktuna, murukéum surat ondangan teu: poe Mlonggu, tenegaré sat'bu, miniti puluh sapuluh. Waktu ini mustari pésem.

Bring arindit, ngabalja ngarenibongan ambeh teu era holna, kuring djeung kira-kira sapuluh urang kolcha sedjenna.

Di imah mi bédékalan gesus rémpéng. Atuli batut-baturna nji modjang, batut sidélasan, lola age nu daratang njarak-sian.

Kuring ngadeukenton mudi tu panggédéna :

— Geuning Ningsih teu ngabedjaan ?

— Ngawarteson naen Pa ?

— Eta Titin tacor djeung „apa”-na.

Ningsih njerengéh :

— Puguh abdi ge teu térang, da dina ondangan anu ka abdi mali pagar teh nunung bade jéréh, hi-hi-hi ...

Ningsih kalépasan seuri,

Sset, kuring ngantélkéum tjuruk kana biwir. Ningsih mëndélong.

Di patéoeahan libet (kuring milih borita tel di emper haréup). Simboreng rek *idjal-kobul*.

Ditung *pungkutan* duanana norangtong. Sron kokolot-kokolot mi ngawakilar. Galentang bian dara, sor djaridij pahili-hili, ronongan pasilang-silung, bés ali ménéng disésépkéun ... résmi bae. Duanana gesus make tarda pérlamhang, nji mo-ajang djeung ti dijadikan gesus lugina. Lugina saheulaanan, samemeh ka balepjungtjung, nim paréng paduduaan ulah rek digareuwahkeun.

Gér kěruk, bréng mi mere andum - laméti.

Kuring nganecéng, song ngasongkeun leungeun, mimitina ka nji modjang : „Salariét nja Tin.” ditaréngkenn ku géréntés ngcuglikan : „Bh. Titin, teu njana ogoh ka apa.” Manekna inuit, réi beungautna beureum, díjiga anu tékus rasa diupat di djéra hate.

Song ka sang keleha :

— Muzia kaburijungan ku kasugémaan,” tapi bari diba-

rēngan deni ku gérēntōs : „bét tjitjing ngabudi utjing, teu kaop njanding paisan.”

Hili da teu kireum kireum sang koleha mah, mint bae ngagélenju. Malah djigi naangtang : turutan atuh, lalaki mah kudu hideungan.

Gens ealso „galad-tuke-tr-tjingtjin” mah, tinggal bala-ketjakan. Sore susugih, leneuteun heula. Djami ngabedjaan pukul sabelas, sadjam drui kapa hidongan tuang mah (teu wdu rengkah da, karens hadjat walimah bae).

Djētu sadjam ngiring bingah ka mu kisimung, a kanugrahani; ngobrol bari sempol gujon, nu djadi tētē aggér nji sang koleha deni bae. Turug-turug nu digondjak kurunjung datang, „sorimbít” deuh — jalugaj ti pangjalikan — atuh beuki rame. Kēprok djeung seuri ten pētot-pētol.

— Kumaha njema njehut? Naha bapa bae? tjek pa direktur, ngaleureutjan nji modjung.

Nu ditania da puguh sonegan ana pok teh :

— Di sakola mah bade bapa bae. Duka di roromo pok mah.

Gér euk-eakan Aja nu mapatalian kudu „ēngkang”, kudu „kaka” aja nu ngudukeun njebut „mas” (turutan urang wetan), meureun ambeh leuwih bebas. Puguh karasa njebut „ēngkang” teh asa dina wawatjan. „kaka” nu rada meueusan, ten pati ngolot teuing. Tapi nu pantengenahna etawa mērēnahna kitu? Silih sélant ngaran bae, tapi lamun tadina sasama, ari Titin ka „apanan” mah kapan „kapi-bapa” heulheuheuh ... kitu bae ogénaérulan ngangondiak *panganten* anjar.

Ari kuring sélang-sélang ngabeuheuh bét ingét ka djaman keur budak. Bibi niemauw panglamer ti Emong Disaur ku ejang istri-pamēgöt. Pok diparios :

— Kumaha Émin zuka?

Ari saur bibi (bari tungkul njabutan rarambu sanjak, sorana teh teu ludenge da laun teuing) :

— Kumaha ibu saréng apa bae

Padahal bibi djeung émong teh gens lila sok silih suraten. Da kuring nu sok riangmuliskeun sarathna ge keur bibi, ari ngawadonan teh Bibi ge biasue nulis tea mah, ngan sok

hajang ku dangding tjénah. Nja kuring kapal sa ujup-ajap neangan turumeun. Kabéneran harita aja buku anjar kaluar : NJI SARANGKANA, atuh dékér bae kuring njalin guguritan lèbah : *Kélentji parondok tjeuli, meong tjongkok saba imah, tjing éngkang abdi teh antis, kaju malang di paseban, malah mandar patépang, hajam tjémpa rubak buntut, teu kaduga ilia-lila*; djeung satérusna. Dihariringkeunana ku pamuradan. Atuh kaanggo pisan ku bibi. Muuhanana ge mani satalen (biasana mali ngan sakétip).

Tah eta djawab „kumaha ibu saréng apa bae,” bari tungkul njabutan rarambu samak, djadi tanda jen nu ditarja suka, teu kudu dipindo deui. Song ibu sréng sang rema, kantun imul ngagélenju : sang putra gunting panudju, moal loha barebedan.

Orokaja mun kabéneran nu ditarja ngabigen, ngabétem teu daek lemek, komo mun bari dituturkeun ku tijpanom djeung séségruk mah. Diva kapaksana (sang rama/ibu keukeuh-peuteukenh), nji modjangna ge kapaksa : ati mungkir beungeut njanghareup, atuh diva prteigna panganten anu sareulah alum mésuni, paromen teu daek berag, djararaub panineungan.

Ari nji modjang Titio mah, boro-boro tjeurik tea, hénten mésuni hénteu laeul, hénteu riuk-riuk atjan. Da puguh : batu turun keusik naek, énggeus paleut ku pasiui, kahajang beunaung sorangan lain pangreremo kolot. Heuheuheuh. Puguh ari duriat mah, mun genis mulit kemba pégal.

Pérésis pukul duabélas bréng tamu dituangkeun. Sanggeus taruang mah tamiu teli rada *balageur*. Panganten rada njewih-hap, teu dirarentog teuing.

Népi ka waktuna bubar, tapi samemehra kudu dipoitet heula. Bring ka buruan. Panganten di paéun, ditema para ahli, tului para sobat/koleha. Kuring pangsisina. Trek-trek ! Salse bae !

Isukna sugar ieh panganten moal waka strokola.

Biasa bae tjara saseri. Digarondjak ge taléngtrénu arajém bae. Kalah kuring geugeumeneun asa kagok, di kelas ten pati

bebasi. Titin ajetna bét lain Titin nu biasa. Asa geus gëde teh, komo da geus teu diérok. Mere tanda geus dewasa.

Waktu meuntcan keur këwartal panganggeusan (kw. kai III), ku kuring dilhadja dileuwihan saangka, itung-itung mere supénir ka nu ludelangan, djeung sujan bae djadi pangdorong naekkeun këlas. Rada horcam kudu ngadjar sataun deui, paun Titin teu naek teh

Bjakarta - Djum'at - 1957.

Tina Kocawi no. 3 th. I.
bulan Agustus 1957

M. O. KOESMAN

Dilahirkeun di Madjalaja (Bandung) tanggal 11 Marot 1919. Namukeun AMS-B dina taun 1938. Kungsi niulu diadjar di Fakultas Tehnik Bandung bagian Senirupa.

Mimiti nulis dina madjalah *Porahongan* memeh perang. Djaman repolusi dijadi wartawan *Soeara Merdeka* (wéðalan Bandung, tuluj diungsikeun ka Tasikmalaja). Tuluj dijadi wartawan harian *Indonesia* djeung *Sipatahoenun* Bandung. Dina taun 1952 ngaluarkeun sarta mingguan madjalah *Sunda* (nepi ka tn. 1955).

Djaba ti dijadi wartawan, dijadi guru.

Njusua buku batjanan barudak keur sakola landjutan pertama (dina basa Sunda), dijudulna : *Batjanan Anjar*, djeung buku kaulinan barudak dibarung ku kawih : *Bintjarung* (babaréngan djeung Mang Kokon).

Diao ieu buku dimuat panineungananana :

DUA LIKUR TAUN KA TUKANG

Dua likur taun ka tukang

BALIULU dua likur taun ka tukang sok tumpak karetapi ti Sukabumi ka Bogor djeung ti Bogor ka Sukabumi teh. Unggal poe, iwal ti poe Minggu djeung poe rere sedjenna. Bubuhan dijadi budak pribileet.¹⁾ unggal poe kudu sakola ti Sukabumi ka Bogor. Ah teu pira djauhna teh, nunrek di sèbut teu pira tea mah, ukur 60 kilometér.

Indit subuh datang magrib. Tanaoléna ngapelkeun mah tara kaburu di imali, tapi sok didadak bae dina karetapi. Ela ana naradjang geus aja pagawéan nu kudu dianggeuseun di imali, eukeur isukna. Di imali teu kaburu da tjape. Nja kapaksa didjieuw isukna, dina karetapi. Dina karetapi teu sempet mikir, sèdèng nu kudu dianggeuseun teh soal² elmu ukur Katurug-turug népi ka Tjibadak mah dina karetana oge poek keneh. Nja kapaksa nurun ti babaloran nu naekna di Tji-tjurung.

Njieun sualan dina karetapi bari ngadépong. Mun teu kitu dina tuur, didadaunparam ku Losalkis nu sagéde nana haon tea, nu sérèg nuun diacupkeun kena tas. Mun teu aja atlas, ku tas biasa. Ma'lum nulis dina karetapi, piraka we teu parunjani-parenjen. Konio eta nahi naro gous kudu njieun garis³ sadjadjar atawa lingkaran. Reg karevan teu ujalan deuih, ngadon djiroq direng-direng heula. Piraka we gambar lingkaran rek disebut lingkarun. Paling untung disebut télor sapotong.

Ana geus ninggang kaleurangan lutju mali. Ajéuna disebut lutju sotek, dumeh geus kolot. Bahela mali Loloampar lutju, riweuh sve nu aja. Indit ti imali rusuk, ten kaburu sasarap heula. Nimbéti teu kaluru, do atjan asak sangguna. Malah ku rusuh⁴-na teu sempet mand⁵ atjan. Ngan saukur bisa ngulas Leungent. Tjéng kane tas dèréng-déng la cétat-icu. Sapatu di-djingdjing.

pribileet — vrijbiljet (b. Walanda). Nu dimaksud dina leu tulisan, nya eta kurni hargener kono karetapi sibulanen. Bahela hargana R. 2.— tulaj diteukkeun dijadi R. 4.—

Tah ... satérusna mah dengdan teh ditungtut dina karetapi. Uggah kana kareta, maru djuru ngelon ngarengkol heula diharudum ku samping tjap padé. Da samping mah unggal poe ge sol, mèkél. Lébah Tjibedek kualang ludang, tuluj ka tjai ngumbah awak tina kérana di wese. Anduk mèkél ti imali, sabun ngindjeum ti labatmaran. Di sok aja wae baturan nu mèkél sabun. Beres ngelup awak, andak djeung sumping bés kana tas. Kokara iada djiga deni djélémá nu rek sakola.

Di Tjigombong solel tina djandela. Iam solel neongan nu diteangan, sarupaning barang mentirang diuntun pandjang. Ten kurang teu leuwili tek ngagéronan mu dagang leupeut kétan djeung gorengan harémi. Kamonesan Tjigombong ieu teh. Leupeut kétanna eta teu, leupeut kétan dikatjangan dibungkus¹ ku dami djamin dikuril ngkeun. Tjara berulak njéun ole olean tuluj disambung ku dami kalapa ambeli djiga tarompet. Didaharan taea dilan bungkusna sa ma-akéll, tapi ditimptui. Dibuka saentik, ana . dibuka deui am. Tjara nu ngadolar tjan. Ngan deuh tjan nuh ditungtetna teh dipések ku handap, ari ien dipések ka zigir. Leopent kari sahnapetu deui, ari bungkusna ambar² an. Malah anan teu salahi mali kungsi aja buulak bénagal -- poloh deui ngaran na - mokdaan. Manehun solel tina djandela tinggal bungkus leupeut awir³ an ka bherupeten beunggentu. Katébak angin, labuban kareta njémpurng. Pangangguran dami kalapa teh didulu. Mauhotong enéan keréh, sahitupem deni. Hadeuna we teu diaklungkena. Diamma ditjétké, kroek, leupeut kétanna népel keréh komi tonetung doré, di paglik leupeut kétan, sjépél. Tuluj we dipukusukan deui ku nu bogana. Poloh deui teh satérusna tulu. Duka tuluj ditijemu lu nu bogana, duka tuluj diharpkenn.

Kareta njémpurng mina Malmuza, maliwatan Tjioning, Batutulis djeung Tandjakan Empur Djol Lee ka Bogor.

Datang ka sakola tara kaburu malarkeun teule pingawean nu kudu didjicuun di imah djeumat hetur sakélcas urang Bogor. Da datang ka sakola teh, pangadjaran geus dimimitian. Nu

sedjen mah geus lila dariukna di kelas. Datang pangélatna, ari balik pangheulana, lantaran kudu muuru kareta deui. Karretana „teu beunang diatur”, indit sok miheulaan lotjeng sakola tangara bubar. Atuh kapaksa ninggalkeun kelas teh miheulaan babaturan.

Saparapat djam deui ka bubar, Tuan Guru — atjan mantra² disebut Pa Guru — geus lidéng, ngagéro : „Sukabumelaar ...? Ga weg!” Maksudna urang Sukabumi, geura balik. Kabeh we barudak kareta-api ditjap sukabumelaar, djeun teuing turun di Tjiturug atawa di Tjibatik oge. Atuh bring sarerea ngabrus, aja opat-limana.

Boga batur sakélas saurang. Na da eta niah batur, aja leukeun kitu. Batur balik ti heula, manehna ge milu balik, padahal sidik tjitjingna mah di Bogor, indékos di Tjiwaringin. Bénér badeulana mah manehna ge kungsi djadi budak pérbilet, tjitjingna di Parungkuda. Lamun guru geus ngagéro cukabumelaar teh, manehna ge tarampil beberes buku, tjéng kana tasna, tuluj milu ngabring. Nu sedjen ka sétatsion, manelma mali ngaboseh ka Tjiwaringin. Kituna teh mun pangadjaran panutup ninggang pangadjaran Basa Inggris. Na da ngamusuh pisan kana pangadjaran Inggris teh. Duka ngewa kana Inggrisna, duka ngewa ka nu ngadjerna. Manehna teu térangeun — ngimpi ge diangir mandi boas — jen éngkena manehna bakal njarita ku basa Inggris. Kudu unggal usik agomong ku Inggris, tilu bulan lilana. Tah, eta batur nu kitu péta teh dina ménit ieu pisan keur ngadjadjah Amerika, djadi wakil suratkabar Sipatahoenan. Suratkabar basa Sunda nu panggédéna tea sadunja ... djeung pangleutikna we deuih, da puguh nunggal. Tjatjakan mun manehna térangeun jen awal-ahir manehna kudu njiritjis basa Inggrisna, moal lah moal népi ka bolos. Mun teu rek leuwih gétol ge. Tapi da teu térangeun, teu disangka jen Indonesia tereh mérdu-kana.

Batur eta keneli nu loba „kaséñianana” teh, mun tjek basa heureuj mah. Mun ninggang pos Saptu manehna hajang balik ka Parungkuda, teu boga duwt. Loketna lepet, hajang

balikna nataku. Ah teu susaheun manehna mah. Bring we milu ngabring djeung barudak karetaapi. Tara ieu ku ka-nektur di pinggu-gugat. Disangka nu abonemen we meureun. Sok aja eta go nu wawuhetui jen manehna lain budak abonemen, tapi tra digenreuh-geureuh. Ngan ukur semet dielingan: „Kade bisa aja TRC.“²⁾ Tjep.

Mun paréng kareta dikontrol iu TRC, babaturan milu solider. Ngarewaeun pisan barudak karetaapi mah ka eta TRC teh, da galak pisan. Mun ajo nu tinggaleun kartu-pérbiletna, teu xemang ompuan. Didéngla harita keneh. Komo mun njahoeuni aja panumipang gelap. Biasana TRC teh naekna sok di halteu entara Bogor Sukabumi, di Tjigombong, Tji-tjarung, Parungluda atawa Tjibatuk.

Mun TRC kendyutua di Tjigombong, atuh kapaksa panumipang gelap teh kudu turun. Ngadagoen kareta sapandeuri-enona. Moal kenaungiem, da babaturan milu solider tea Sureya milih turun. Ku klima tempelan luring datang ka Sukabumi teh geus burit pisan.

Aja eta ora ieu di heur ngaji olo kontrol. Panumipang gelap teh ok ieuu ni di kakus. Topi teu amau, lentaran sok dihuluk. Men ieu kluu manehna dibere ngindjem kartupér-biletn. Kartu ieu di potretan dijadi TRC moal térangeun nu salafna. Kieu trus wa. Nu ieu kartu abonemen iiek denkeut lawang sabeduh di dibu, angca burit bisa dikontrol bu TRC. Ari panumipang gelap di lantai di tenggara kediuh dien. Mun si ieu geus dikontrol, tulaj kartu ieu diuatalepeakeun tina leungguu kana leungguu, mapai djandela, supaja teu kaujehaan. Topi sisut ieu go ilia² mah kajehaan. Nu matek nu pun manehna mah, mun aja TRC teh ... turun di mama wae.

Teh trajek ieu nu ku kuring disorang deui teh, sabada „pérlep“ dua lèkkr manu. Osok eta oge njeha make karetaapi ngalihentan Sukabumi djeung Bogor. Lipi tara pati dititenan. Ari anjar² ieu rada salse niaba teh

2) TRC = train-controlleur tukang pengontrol kareta-api.

Waas, inget ka djaman keur budak.

Komo barang terekel teh nu naek di Parungkuda, tuluj gengsor mapaj bangku. Haleuang némbang. Djélémana eta² keneh. Kitu⁴ keneh ... lolong. Guguritanana eta³ keneh. Ba-beula mali apal kuring ge kain yuguritanana, dumeh unggal pee ngadenge. Pupuh Sinom lagu Livung. Tapi ajeuna kuring geus polio, nu inget ngan padalisan mimiti djeung tungtungna. Mimitina : abdi gaduli pekaulan. tungtungna : nulun dité-pangkeun deui.

Duka kabénéran wae, duka disusurup ku kuring. Na atuh ana haleuang teh hareupeun pisan kuring : „... nuhun dité-pangkeun deui ...”, tjénah. Tjek saha we lain ditudjukeun ka kuring. Dumeh geus dutalikur taun kuring teu papanggih djeung manehna. Ajeuna paréng patépung deui, dina alam Indonesia mérđika.

Aja kitu bedara keur manehna alam mérđika djeung alam sidjodjah ? Karasaeun kitu bedana ?

Dijana zeah teu karasaeun jen urang éuggeus mérđika. Baheula gengsor mapaj bangku, ajeuna gengsor mapaj bangku. Tea njehoeun manehua mah jen bengkuna ajeuna mah beda deui. Iwin bangku kareta anu baheula, tapi kareta anu alaujar bernang mësën ti Amstérdam tea, ti pebrik Beynes.

Anjar sotéh kasébutna, da buktina mali geus rejod alah-batan bangku baheula. Hoena lalotjotan, sirlakna marek-plekan, lumphur taja bohilaman. Di kakusna tara saja botol keur ngisang.

Pock we keur manehna mah sagala rupa oge. Baheula poek, cincina poel. Bea keur manehna mah mënding ge poek, ambeh teu ningal kaajaan ajeuna. Bisa ningal bandera merah-putih, atuh da hiéneu. Paling mutung tehi ngan ukur bisa ngadenge lagu Lebangtan Indonesia Raya. Tapi da dua likur taun ka tukang ge manehna mah unggal poe ngadenge nu nianji Indonesia Raya, nja eta barudak enu abonëmen, ngajen sarakela di Bogor. Nianji baréung dipirig ku urgol. Komo mun ningal di kelas I loba panumpang Walanda atauwa mun aja TRC, nianjina tehi sok ngahadja ditarikkeun. Indonesia

Kayana modei baheula kench, nu di-rebrein-an ku Indonesia
mulia-mulia tea.

Haleuang deui mu lolong teh : „Abdi gaduh pakaulan, mun
paréng papéndak deui ...”

Kitu baheula ge nénibangna teh.

Duka bega pakaulen naon manehna teh, mun paréng pa-
péndak deui djeung ... kuring.

Tina Panghegar 14 September 1956



UTUY T. SONTANI

Dilahirkeun di Tjlandjur tg. 13 Mei taun 1920. Sanggeusna narmatkeun Tuman Dewasa di Bandung, tuluj digawe di sabaibaraha kantor, antarana di Balekota djeung di Seksi Besa Sunda Djaw. Kébudajaan Ném. P.P. & K. Geus ngorang ka Luernögéri taun 1957 ka Tiongkok, taun 1958 ka Rusia, taun 1961 ka Djépang.

Ti mimiti di sakola kench geuz rèsép kurang-karang. Dina taun 1938 nulis *Mahala Bapa* djeung *Tambera* anu senggeusna dimuat dina suratkabar satjara feuilleteton *Tambera* mah malah tuluj dibukukeun.

Djaman Djépang, mimiti nulis dina basa Indonesia. Nubiung kana pintonan-pintonan sandiwara, malah tulujna mah nulis sandiwara. Sandiwara nu mimiti djudulna *Bunga Rumah Makan*, tuluj ditema ku *Seling, Awal Dan Mira, Manusia Iséng, Sajang Ada Orang Lain, Dilangit Ada Bintang, Dimuka Katja, Pérgakuan, Sang Kuriang, Si Kabajan*. Népi ka kiwari dianggap pangarang drama Indonesia anu pangkuatna. Dina taun 1952 meunang Hadiah Badan Musawarat Kébudajaan Nasional pikeun drama *Awal Dan Mira*; Taun 57/58 meunang deui hadiah BMKN pikeun drama *Saat Jang Génting*.

Sabada pérang *Tambera* anu tadina dina basa Sunda teh ditulis deui dina basa Indonesia, dikaluarkeun ku Bale Pustaka dina taun 1948 sarta mangrupa salahsahidji roman Indonesia anu panhadena. Kadjava ti eta, aja deui sakumpulan tjaron-tjaron, diditudulan *Orang-orang Sial*.

Dina basa Sunda kadiaba ti nulis sadjak, tjaron djeung drama teh, oge nulis esej, babakuna anu njeknjrek kakajaan balin ki Sunda buhun, antarana studina ngcunaan Sang Kuriang djeung *Si Kabajan* crisinil pisan.

Sawatare karjana, geus disalin kana basa Rusia (*Bunga Rumah Makan* djeung *Si Kabajan*) basa Tionghoa (*Bunga Rumah Mukun, Tambera* djeung *Dilangit asla Bintang*).

Dina ieu buku dimuat sadjak, tjaron djeung sempolan tisa gëndia-géndiaan (opéra):

SANGKURIANG

GAMBAR

SI KABAJAN DIVA POEAN LEBARAN

SANG KURIANG (SEMPOLAN)

Sangkuriang

Sadjek keur Manusa Kiwari.

Ieu kuring :

Sangkuriang kabeurangan
gumiélar poho ka asal,
teu eling ka rupa indung,
teu njaho ka manua mulang,
katalimbéng, hirup ngakandar kakeueung.

Kumatjatjang kumalajang
neangan keur tampa wujung :
mun lalaki dilangtang diadjak tanding,
mun awewe didjadikeun batur sare ;
nadjan ngaku-ngaku indung
hamo disémbah didjungdijung.

Ieu kuring .

Sangkuriang kabeurangan.
hirup tanpa tjéttjékélan
ngoleang, teu njaho ka saha muntang !

Djakarta 17-6-53

Tina Shada no. 1^o th. II
rp. 10 Desai 1953

Gambar

DA ETA mali susah, ari geus dateng teh wiñi bororach mun sok pantjakaki heula. Ten di herang luu di leuijsup, ari susah mali nja susah bae. Teu kalis lu djelek bapa Paduka, hajoli make susah ku durreh sang geureuhla mikapelaj kana suwéng mu mahal harjuna.

Saénjana ari keur bapa Paduka mali ten kudu dipeske seunggah kawas tukang sasapu dijanan nu mi kabeh jing ampa ondangan ti kaprésidenan. Sabab omu boga eta suwéng teh, nja eta Hadji Ahmed, lain djalma nu kokara wewuh kamari. Asal bapa Paduka daek térus térang njaritakeun kapalai sang geureuhla, sok pirsaku tering ku Hadji Ahmedal ege dikarakeku. Tapi nja eta atah, mun nèpi ka térus térang teh, dikemanakanmu nja benungeut. Da, kudu kitu iktiar un kudu ditjubukun ku bapa Paduka mab. Tapi eta, nu sok dirébet „diplomaasi“ teu, nu sok diprakkeun dina ngegal² resmi cewu d'prakteku dina waktu dünterpiw ku wartawan, tak tilu kudaha iktiar nu kudu didjalenkuu pikeun mèntran kawasih ejemna ege Kabeniéran deuli isukan tebi rek salemuhan mestakeun p^{re}e péringéten kowiu. Tuu telungku deni seng-sengna badani djeung sang geureuhla, nabi kac Hadji Ahmed teh diangkir, tek diadjuk périffran.

Harita keneh Hadji Ahmed qendrat nu ten disorban teh ngurunjung make batje.

„Ja Allah“, tjénh bari dedeheman diereng dedejean, „panganan teuing wéngi iadi pun éring resmi keuangan bertang, da peumintz cewu gamparan ngéndhaluun wéngi“

Geus apal deui kape tabiat nyung Hadji Béga li dulu teh ukur inut. Pokne : „Uang ta dina geura, uang Hadji, ureng laladjo tentoonstelling¹) sénihilis.“

Hadji Ahmed cuni kauyélu. Tuu atuk keur miyachna mahl naon pacdahna laladjo tentoonstelling tzu-séni. Tuu pihina

¹⁾ = perbedaan

teh : „Euleuh rupina pun ēmang teh bade disina tērang naon hartosna pēlēsir kanggo pangagung. Aja mangga, bade ditjandak ka mana oge, pun ēmang mah sēdja ngiringan.”

Da puguh geus tarapti ti tataadi tea, teu ngēngkekeun deui tuluj tjak bae kana mobil. Bapa Paduka katut sang geureuha diukna di tukang, ari Hadji Ahmad di hareup ngarendeng djeung supir. Tapi teu kalis ku sapedah ngarendeng, samemeh nēpi ka nu didjugdjug teh geus loba pisan nu diobrolkeun ; tjindēkna sadjēroning diuk dina mobil teh Hadji Ahmad nu asalna teu njaho djadi njaho jen isukan di bumi bapa Paduka bakal aja pesta njalamētkeun poe pēringētan kawin. Mungguh pikeun Hadji Ahmad, ku lantaran lain karek kamari tea tjatjampuranana djeung para pangagung, geus teu kudu ditērangkeun deui, jen datang ka nu salamētan mestakeun poe pēringētan kawin teh biasana kudu bari djeung baba-waan.

Ari surtina mali bisa djadi ku lantaran geus aja umur. Barang ngadenge geurcuha bapa Paduka nanjakeun suwēng nu bareto ditawarkeun geus laku ēntjanna, manehna teh mani gantjang nakēr ngadjawabna; tjēnah:

„Teu atjan, ēnden, kantēnan teu atjan padjēng.”

Njaritna teh bari djeung tuluj nempongkeun budi marah-maj, tanda surti- ngarti, matak gēde hate keur nu aja pa-nagarēp-nagarēp.

Barang nēpi ka nu didjugdjug, njampak di dinja teh geus leba djēlēma. Tapi kabeh oge njisi nendjo bapa Paduka mah, malah teu saeutik nu manggut ngabageakeun. Ari Hadji Ahmad, unggal² bapa Paduka manggut milu manggut bari ngitjilik ngiringkeun ; padahal manehna oge njaho jen nu maranggut teh lain ngabageakeun ka manehna.

Teu tinggaleun pisan, ka mana² oge ngitjilik muturkeum. Mun bapa Paduka ngadjantēng di hareuceun hidji gambar manehna oge milu ngadjantēng, milu neuteup kana gambar, sanadjan eta gambar nu diteuteup teh keur manehna mah teu ngadjak njarita menta diteuteup.

Lila³ djo! ke hidji gambar nu digantungkeun dina dijadikan

pangtungtungna. Eta gambar gēdena kira² sametēr pasagi ; di handapna diteundeunan harga Rp. 1000.—.

Hadjı Ahmad mani lila ngahulēng ngarasa heran. Naha eta gambar teh mani mahal² teuing? Da sakitu geus lilana diteuteup, wět kalah ka garo² teu ateul. Tadi mah, basa nendjo gambar djēruk nu bleg mangrupa djēruk ēnjaan, manchma hēnteu heran teu sing, kabita hajang ngadahar. Nendjo gambar nu harorok oge teu ngarasa heran ngan ukur ngarasa djaridjipēn. Nja kitu deui nendjo gambar aewewe satarandjang, teu kungsi hulang-hulēng, ngan ukur matja intigpar. Tapi ajeuna? Teu wěleh teu ngarti, ku teu bisa njaritakeun naon saěnjana nu aja dina gambar. Disébut djélēma, da lain djélēma. Disébut sapi, da teu katendjo siga sapi. Disébut ta-tangkalan, da teu katendjo tatangkalan. Antukna mah lain neuteup kana gambar, tpi hajoh bae rigawaskeun bapa Paduka. Ari nu diaweskeun mani antēng pisan neuteupna kana gambar teh. Geus antēng neuteup, katendjo mundur salengkah, tuluj madju deui ngadeukeutan gambar neuteup deui, leuwih antēng manan tadi.

Hadjı Ahmad beuki ngarasa aneh, dumeh ari tadi² bapa Paduka teh teu kitu teu kieu, sakitu geus lobana gambar nu dilaladjoan, ari ajeuna udjug² nania ka panuwa nu ngiring²; tjénah :

„Aliran naon ieu teh ?”

„Sumuhum aliran surrealismeu” djawabna. „Ieu aliran teh dina dangēt ieu teu kintēn ageung pengaruhna di Europa mah.”

Pek deui bae bapa Paduka teh neuteup gambar, sanggeus neuteup mundur deui salengkah, sanggeus mundur ngadjantēng sakeudeung, tungtungna narik napas pandjang siga nu ngambeu senseungitan. Pokna lalauman : „Enja bēnér, karass nimatna” Tuluj seuri bari pokna deui „Handjakal bae har-gaua Rp. 1000.—.”

Geus laladjo eta gambar mah, laladjoancun teh beak. Nja tuluj bae arunggah deui kene mobil, ngodjungdjung ka imah Hadji Ahmad.

Anu tadi sakitu tjitjingna, ari geus aja dina mobil mah, Hadji Ahmad galetjok deui njarita, omongna :

„Naha, wéti abong teuing djalmi bodo, teu térang di gambar anu tadi tea, anu disawang ku gamparan dugi ka narik napas, pun émang mah teu wéleh heméng. Rumaos bae pun émang mali belilu, manawi teu lèpat² teuing upami disébut tung-tuneun para pangagung teh.”

„Atuh da teu gampang, mang Hadji, ngarasakeun kanimatanana njawang gambar teh,” djawab bapa Paduka.

„Unggal djalma oge bisaeun ari ngarasakeun kanimatanana gambar djéruk nu blek siga djéruk énjaan mah. Tapi gambar nu kitu mali genis kaasup kana aliran kuna. Ari gambar nu taéli disébut aliran surrealismeu tea, moal rek karasa kanimatanana ku unggal djalma. Sakurang-kurangna urang teh kudu geus bisa ngarasakeun pérasaan² nu kiwari karasaeun ku urang Eropa.”

„Sumuhun, Sumuhun,” tjeuk Hadji Ahmad. „Ménggali pun émang teu kintén pérjantéuna, jen di salira gamparan mah paraosan-paraosan kitu tos njampak. Eta anu tétebihan tea kanggo pun émang mah.”

„Nu matek mang Hadji diadjak laladjo oge, nja eta sangkan dijadi uninga saeutik-eutikeun,” tjeuk geureuha bapa Paduka.

„Sumuhun, énden. Pun émang teh teu kintén nuhenna.”

Sabot ngabrol, teu karasa mobil teh geus djol ka hareupeun imah Hadji Ahmad. Samemeh Hadji Ahmad turun tina mobil, teu poho bapa Paduka sakali deui ngabedjaan jen isukan teh di imahna rek aja salamietan. sarta Hadji Ahmad ditunggu pisan ulah teu datang.

Kotjapkeun dina peuting isukna, di imah bapa Paduka mani tjaang ugémpraj, beda ti sasari. Tainu² geus loba nu daratang. Tapi ungeal tanu nu datang, sok sanadjan pada barangbawa oge. keur bapa Paduka mali teu karasa kudu buru² dibageakena, teu tjara aja nu ngabedjaan jen Hadji Ahmad datang.

„Teh eeuung mang Hadji ! Panjana teh meal datang.”

Hadji Ahmad datongna teh mani haléhoh pisan, omongna hari ngacengkuan hungkusun nu rubakna sametér pasagi :

„Alah, gamparan, nngi ditawakup rada kapandeurian. Manawi ieu kēdah ngarērēskéun heula habantunian. Mēnggah kanggo pun ēmang nu bodo balilu mah, ieu teh teu aja haratosna. Manawi bahan katampi, ieu mah etang² pamasihan ti nu rumaos tungtumeun.”

Lalannan pisan bapa Paduka teh mukana bungkusian.

„Euleuh, geuning gambar aliran surrealisme tea !” tjénah, sanadjan geus njaho ti anggalna oyo ieu eusina eta bungkusian teh gambar.

Tamu² nu sedjenna pada njalampeurkeun, ngaronom. Néénjean ngawas-ngawasna kana gambar teh ngan salabarala urang. Ari lolobana mah karérung, siga² nu rek gagaro teu stéul. Malah aja wanita nu udjung-udjung tjélengkeung nga luarkeun eusi hatena : „Naen alusna sih gambar kieu ?”

Hadjii Ahmad hēmar-hēmir, Hadena bae manehna buru² nemlio bapa Paduka narik napas pandjang hari neuteup gambar djeung tulijj njarita ka para tamu : tjénah :

„Djuragan”, ieu teh njaeta aliran surrealisme. Saha² nu bisa ngarasakeun kanimatan ku ujawang ieu gambar, eta hartina ngabegaan pērasaan nu kiwari kararasaeun ku urang Eropa.”

„Euleuli, kutan teli kitu ? Kutau teh kitu ?” tjéuk sawatara tamu. Brég deui tamu² teh ngaronom, pada neuteup kana gambar. Urut tadi pacileun, ajéuna mah ngabandungan. Malah wanita nu tadi njélengkeung tea tjélengkeung deui ngaluarkeun eusi hatena. Tjénah : „Buja bae, silonong nu abis teli kontendjona kudu ku diteungan beula !”

Hadjii Ahmad mani narik napas pandjang, bakat ku atoh Siearr diantara miti di sini² harita mah nguri manehna so rangsan nu ngaresa dijadi dialma nu pangbréglja-bagdiana.

Teu njaheran ieuuh ieu bapa Paduka mah saungeusna silih teuteup djeung sang geureulia, tuluj arasup ka kamar.

„Ku tea rianna teuing.” tjénah sanggeus paduduan teh.

„Da andjeun nu mētingkeun orangtu tea mah. Andjeunna !” tjéuk sang gerriroha bari djeung ngagidir nulan amarah. „Lantaran andjeun mētingkeun diri sorangan, nembongkeun

maneh jen rĕsĕp kana gambar, nĕvi ka mang Hadji lat pohe kana suwĕng."

Bapa Paduka ngarenghap, kawas nu tas nandjak ; ari pokna : „Rĕsĕp kumaha ? Akang mah teu ngarti eta gambar nu edan teh.”

„Tapi naha atuh ku andjeun dip:idji ?” tjeuk sang geureuha bari djeung tetendjrag „Naha ?”

Bapa Paduka mani nahnaj ; pokna teh : „Kudu ngarti bae atuh, piraku bae ari gĕgĕden mah kudu kanjahoan ku batur jen teu ngartieun kana sĕni-lukis.”

Tina madjalah *Sunda* no. 12 taun II
tanggal 30 April 1953.

Si Kabajan dina poean Lébaran

Nu rek ditjaritakeun teh ieu mah si Kabajan ajeuna. Si Kabajan nu hirupna dina djaman ajeuna : dina djaman sagala krisis. Dingaranan Si Kabajan sotenan eta bae pedah lalam-pahanana pikaseurieun tapi pikiraneun, atawa : pikiraneun bari djeung seungseurikeuneun. Bedana djeung Si Kabajan baheula, nja eta Si Kabajan ajeuna mah teu kabedjakeun boga mitoha, tapi sadjaba ti boga pamadjikan teh boga anak euih. Tjohagna : Si Kabajan ajeuna mah geus leupas jina djadjahan Sang Mertua, geus mérdeka énggonging ngarumah tengga sorangan.

Tah, eta Si Kabajan nu geus boga rumah tengga sorangan tea, da puguh ngaranna oge Si Kabajan, djalan pikiranana teh rada mabiwal ti nu rea; barang gok amprok djeung poe nu disébut lébaran, teu kalis ku didulagan djeang digandengan ku sora takbiran, tétép bae morongkol, teu daekem tjiengkat tina tempat tidurna. Piraku ari teu kadengecun mah jen subuh-subuh keneh pisan painadikananan mah geus pakpik-pék di dapur ngasakkeun kupat ; nja kitu deui sora patjiweuh anakaa nu kakara umur gënep taun --- nu keur mendjehuhna sok agul ku pakean weuteuh --- sageuj teu rek ngaberibinan, da patjiweuhna teh patjiweuh nu gaandeng tea.

Na ku naon atuh nu matak manehna morongkol keneh bae ? Tjeuk manehna keneh : dina posan lébaran teh pipantéseunana indit ti imah saanak pamadjikan, silaturahmi ka babaturan, ngadatangan imah dumungan, njékar ka kuburan mitoha. Tapi tjeuk manehna keneh : keur naon kikituan, kalah ka matak ollok ongkos bae. Kapan nu disébut babaturan atawa dumungan teh sarua djélémá ; ari djélémá ajeuna tea -- tjénah -- kabeh oge karosong euweuh etusian, mun di-andjangan moal matak résép ngobrol, da nu ditjaritakeun teh moal teu kitu-kitu keneh bae. Komo njékar ka kuburan mitoha mah, magar teh tjénah asa teu pupuguh ngorehan banu.

Tjindékna sadjéroning ngahenen teh, pipikiranana mah piuh ku pérsoalan.

Tapi waktu pamadjikanana njampeurkeun mah, manehna teh hudang. Ngan waktu pamadjikanana ngingétan kudu mandi, manehna teu ngawaro, pokna :

„Akang mah djéléma geus mérdeka, moal rek nalian maneh ku poe nu sok disébut lébaran. Keur akang mah lébaran teh euweuli naon-naonana nu kudu dipake ribut dipake anch!”

Leos ka tēpas, tapi ari geus gek dink dina korsi, tuluj uléng deui bae ngahenen, mani anténg pisau.

Sabot kitu, ngeng kadenge sora anakna, ngadjak njar ka pamadjikanana, nanjakeun poe ajeuna teh rek njaba 1 mana. Si Kabajan udjug-udjug ras bae ka djamanan keur budak, ka djamanan umur gënep taun kawas anakna ajeuna. Keu djamanan nintjak umur sakitu mah, dina gokna amprok djeung poe nu disébut lébaran teh, rarasaan mani asa panggih djeung poe nu pangalus-alusna.

Mani sakédet neira atra kaganibar dina ingétan, jen subub-subuh kénéh pisan teh manehna geus hudang, sanadjan tiris buru-buru mandi ; sanadjan tara ditabuni, harita mah disabun, tuluj ngaiuru ngala daki. Beres manudi, rap dangdan make pakean weuteuh nu beunang ngumpul-ugumpul ti anggalna kénéh : tjrot-tjrot pakean weuteuh teh diminjak-seungitan. Bari munggu m beuleum kétian nu tjan asak, gap kana saputangan rubak, tuluj dipake ngagembol pépétsasan : ari keur njeungeutanana nja eta iali agér.

Beres sasarap, sabot nungguan kolot dangdan, djut turun ti imah, njampeurkeun babaturan, paalus-alus pakean bari ngabalaan buruan ku pépétsasan. Ari kolot geus tarapti dang danna, brul sarerea indit, leunipang ugitjlik ditungtun ku bapa. Nu pangheulaan didatang: n teh nini djeung aki, ti dinja manggihan ua djeung baraja-baraja nu sedjenna. Résép, unggal ngandjang tara balik lengch, mun teu dibahanan kadaharan, kudu bae dikeupeulan duit. Ari saban-saban sasalaman, tara teu djeung didoakeun ku nu diadjak sasalaman. Tjénah :

„Seug, didoakeun sing geura gëde, sing geura djénëng !”

Da teu katjipta jen ari geus gëde teh bakal loba uruseun, jen ari geus djénëng teh bakal loba kawadjiban, unggal-unggal nu ngadoakeun karasana muak bungah.

Beres undjung-andjang tuluj njékar ka kuburan. Sadjadja-lan teu wéleh suka, teu wéleh gumbira da loba duit keur dijadjan.

Kumaha sukana rarasaan harita, mani natrat kagambar dina ingétan. Da eta bae bakat ku antëng-antëngna njawang lalakon lëbaran dina keur umur gënëp taun, mani teu karasa jen sadjeroning keur ngahenen dina korsi di tèpas teh, poe mah geus raj-rajan beurang.

Ari geus eling, geus ingét jen nu disorang biue teh alam nu geus euweuh di kieuna, teu karasa deui manehna human-deuar mani pandjang pisan. Népi ka pamadjikanana norodjol njampeurkeun bari pokna :

„Na, ari akang, wët nembongkeun teuing jen hirup dina djaman sagala krisis teh. Dina poe lëbaran ngadon human-deuar. Kapan urang teh rek njékar ka kuburan bapa.”

Si Kabajan ngabalieur; ari basana :

„Tjikeneh oge akang mah tas njékar ti kuburan akang sorongan !”

Tina Sunda, no. 16 ta. II,
10 Diuni 1951

Sang Kuriang

(adegan panutup)

Lalakon kadua : di tēmpat rata tur lēga. Sang Kuriang ngagusur parahu nu geus meh anggeus. Tuluju didēkēr dianggeuskeun.

SANG KURIANG :

Tēngah peuting banting tulang mērēs kesang,
teu panasaran teu sing,
Sabab isuk beurang
di satangkarak djagat
mo aja devi lalaki
radjaning bagdja,
salian ti nja aing !

Tēngah peuting banting tulang mērēs kesang,
lain pēta teu eling.
Tapi keur njumponan
pamērēdih sorangan
ngajakeun djirim keur bukti,
jen nu wisesa
teu lian ti nja aing !

Tah, Radja Siluman ka dieu.
Tangtu mawa bedja pikabungahaun !

Radja Siluman djeung sapangiringna daratang.

SANG KURIANG :

Kumaha bedjana ?
Geus nēpi ka mana ?

RADJA SILUMAN :

Tjitarum ēnggeus dibēndung,
tjaina ēnggeus kakurung ;
ajeuna nudju lebleban.
Mo kungsi lila nungguan,
talaga pasti ngadjadi.

SANG KURIANG :

Pasti ?

RADJA SILUMAN :

Mun hēnteu pasti,
tong teuing kula disēbut Siluman Sakti !

SANG KURIANG :

Parahu pasti ngabukti.

RADJA SILUMAN

Talaga pasti ngadjadi.

PARA SILUMAN :

Pasti bakal tinēkanan,
laksana nja tjita-tjita !

RADJA SILUMAN :

Saha nu teu silo ku pageto ?

SANG KURIANG :

Bakal njandingkeun nu donto ?

PARA SILUMAN :

Sang Kuriang !

RADJA SILUMAN :

Saha manusa bebas mērdeka ?

SANG KURIANG :

Ngawangun sanggeus ngarakrak ?

PARA SILUMAN :

Sang Kuriang !

SANG KURIANG :

Saha manusa anu linuwih ?

PARA SILUMAN :

Umaku asal sakabeh ?

PARA SILUMAN :

Sang Kuriang ! Sang Kuriang !

Taja dua di sadjagat !

SANG KURIANG :

Tapi sanggeusna d'gumbirakeun
ku talaga karek bedja,
saajeuna kula hajang digumbirakeun
ku talaga anu sanjata-njatana.

RADJA SILUMAN :

Nja haju urang buktikeun,
sidikkeun bari jakinkeun !

KABEH (*bari tirus turun*) :

Saha nu teu silo ku pageto,
Bakal njandingkeun nu donto ?
Sang Kuriang !

Saha manusa bebas mérdeka,
ngawangun sanggeus ngarakrak ?

Sang Kuriang !

Saha manusa anu linuwih,
umaku asal sakabeh ?

Sang Kuriang ! Sang Kuriang !
Taja dua di sadjagat !

Teu lila kurunjung Dajang Sumbi datang dūringkeun ku gandek.

DAJANG SUMBI :

Kutan ieu
hasil gawe anak aing
keur angkeuhan isuk beurang
laiajaran pangantenan ?

He, parahu !
Bougan ardika didjirinkéun ku nu gundam,
isuk ge nu bakal ngangkleung.
nja bakal ngimpi saéudéng-éndéng !

GANDEK :

Kuring mali teu wéleh risi,
teu wéleh rempon salémpang.

DAJANG SUMBI :

Naha risi, naha rempon,
miheneuh ka raraasan ?

Nu pangeling-elingra manusia,
nja nu eling jen keur ngimpi.
Nu paugawas-awwas manusia,
nja nu pasrah ka Nu Wesa.

Murigéh keur kénéh,
kadjeun adjur mithrapatan,
tibatan dieng Ling, pérak
sunékah ka nu teu éngah.

GANDEK :

Man dumungan silih Lili,
leungit risi tiébul keuung :
asa bakal tjuang tjéung.

DAJANG SUMBI :

Ach, bét katéterusan
ngagugulung raraasan.
Haju anggur urang njamput,
bisi kaburu katohjan.

Duanana tarurun.

Teu lila djol Sang Kuriang datang, ngahantja deui pagawean.

SANG KURLANG :

Tengah peuting banting tulang mérés kesang,
teu panasaran teu sing.
Sabab isuk beurang
di satangkarak djagat
mo aja deui lalaki
radjaning bagdja,
salian ti nya aing !

Tengah peuting banting tulang mérés kesang,
lain pěta teu eling.
Tapi keur njumponan
pamérédi:h sorangan
ngajakeun djirim keur bukti,
jen nu wisesa
teu lian ti nya aing !

*Di kadjuhan katingal aja tjahäja hibar marakbak.
Dajang Sumbi djeung gandek datang njampeurkeun.*

DAJANG SUMBI :

Sang Kuriang !
Sing wajahna
tjape gawe teu kapake,
oleng panganten teu tulus.
lalajaran dibédokeun.
Tuh, balebat geus marakbak,
tjiri wantji énggeus beurang ;
andika nya kabeurangan.

DUAAN DJEUNG GANDEK .

Djalir djangdji, sulaja tina subaja !

SANG KURIANG :

Wajah kieu geus balebat ?
Mustahil, teu bisa djadi !
(*n'epak parahu n'epi ka nangkub*)
Naha saha mangkchukna
nu geus wani ngabobodo ?

He, para siluman
di marana andika ?

RADJA SILUMAN :

(*datang katut sapangiringna*):
Jeuh ieu !
Tembong sotek ka andika,
nu sedjen mah teu ēngsuheun.

RADJA SILUMAN :

Tuh, ilikan nu marakbak !
Di ēnjana geus balebat,
ku kasakten *Daijang Sumbi*,
mana pērdjangdjian tadi
magar maneh rek nulungan,
mitjeun halangan harungan ?

RADJA SILUMAN :

Aeh-aeh, naha silo
kabobodo ku panendjo ?

Balebat ti mana horenz ?
Kapan sakuriling buncking
masih keneh poek mongkleng
tjiri wantji tengah peutting !

Andika teu djalir djangdji,
tapi sidik dibobodo.
Sabab itu nu marakbak
eta mah lain balebat.

KABEH SILUMAN :

Eta mah leuweung dihuru !

SANG KURIANG :

Bët ku ngalalakjanaan
mangkëluk nu ngabehongna !

Djajang Sumbi !
Tjurang teh Lët kalemwihen.
Ngaëniékeun ka nu lain,
ngaboboda lakar dack,
kawes ka nu relek hela !

DAJANG SUMBI.

Sang Kuriang !
Sing eling !
Itu nu hiber marakbak,
eta teh sidik halbat !.

SANG KURIANG :

Lain !

DAJANG SUMBI.

Hibar lain sahibarna.
Hibar kërsaning Dewata,
nitah eling gunung njerung,
ngureunau gawe ti peuting.

SANG KURIANG :

Ah, bët teu kapalang ngabehong,
abong letah teu tulangan !
Na naon ari Dewata,
mun di dien njao teung ?

Djajang Sumbi !
Mangka waspada,
jen mungguh keur kula :
taja Dewata
saian ti nya kula !

Ku kituna,
děmi kula nu kawasa,
ulah sambat kaniaja,
bongan andika geus daek
wuri-wuri ngaheureuan
ngabolo-lo nintjak hulu,
ajeuna daek teu daek
rek dipaksa dipigarwa !

DAJANG SUMBI :

Aeh, Sang Kuriang !

SANG KURIANG :

Tong rek nolak !

DAJANG SUMBI :

Sang Kuriang !

SANG KURIANG :

Tong rek lumpat !

PARA SILUMAN :

Tewak ! Beunangkeun !

Tewak ! Beunangkeun !

Tewak ! Beunangkeun !

DAJANG SUMBI :

(*njabut kudjang*) :

Ieu kudjang
tjonganu nundiuk ka kula.
Mun andika kumawani
ngagadabah awak kula,
batan hasil kalah tinemu handjakal

SANG KURIANG :

Dijang Sumbi !

Tong ijetaan bogé angkeuh
andika kawasa mutuskeun.

Sok d'eukena eta kudjang,
tong nunggu dirébut heula !

DAJANG SUMBI :

Sang Kuriang !
Geus kërsaning Nu Kawasa,
ieu kudjang
sakali ditjékél ku leungeun kula
mo bakal lepot ti leungeun kula.

SANG KURIANG :

Mun andika teuas kitu.
geus kërsaning kula,
sakali madju
kula ge nya tjadu mun-lur !
(*madju rek ngarébut kudjang*)

PARA SILUMAN :

Dirgahaju Sang Kuriang !

DAJANG SUMBI :
(*nublís manch*) :

Duh, Nu Agung !
Kuring pasrah saajeuna,
Sanz Kuriang !
Anaking, geura eling :

GANDIK :

Duh, Njai !

PARA SILUMAN :

Hursch ! Gétih geus ngalumprah !
Gétih beureum ! Gétih baseuh !
Njawa geus paragat !
Bangke geus ngadjépat !

SANG KURIANG :

Repeh !
ieu majit ngomong keneh.

Keur ngabela kajakinan
manehna geus wani njokot putusan
nu nangtang.

Tinggal kula
ngadjawab panangtangna ku putusan
nu nganggeuskeun.
(*njokot kudjang*)

RADJA SILUMAN :
Sang Kuriang !

SANG KURIANG :

Ku kituna,
mun manehna geus wani némahan pati
alatan aja nu dipértjaja,
kula saajeuna
rek nutup ieu lałakon.
rek nutup ieu sakabeh
ku djalan ngeuwueuhkeun maneh
démi kawasa sorangan.

KABEH SILUMAN :
Sang Kuriang !

SANG KURIANG :

(*nublés maneh*) :
Dajang Sumbi ! Ku djalan kieu,
ka mana andika njingkah,
nja ka dinja kula njungsi.

RADJA SILUMAN :
Tungtungna bét djadi bangke
alatan bangke papada djalma.

PARA SILUMAN :
Nu sédih nja urang-urang keneh
geus manutan bebeakan.

RADJA SILUMAN

Haju urang taringgalkeun.
Keur naon di dieu oge !

Radja Siluman djeung sapangiringna tarurun.

GANDEK :

Kutan kieu wékasananan :
Duanana djutjung hënteu tanggung.
Tinggal aing anu tjuang-tjieung,
sararédih karareueung.

Arda Lepa djeung saparakantja daratang.

ARDA LEPA :

Euleuh, duanana geus disirnakeun.

BARENG :

Bongan urang
geus siduru tengah peuting,
nja sasatna urang,
nu namatkeun duanana.

AROA LEPA :

Naon nu tamat ?
Di heueuhna rumasa namatkeun,
nja kudu ditulujkeun ;
majitna dipulasara,
luangna dipalihara,
keur kundangeun pitjontoeun.

KABEH :

(*bari turun ngagotong majit*)
Nu gorengua keur teundeuneun,
nu hadena keur bawaeun,
keur békél énggon nulujkeun ;
nulujkeun nu geus ninggalkeun.

KLARA AKUSTIA (A. S. DHARTA)

Djaba ti make sandiasma Klara Akustia djeung A. S. Dharta, oge ngagunakeun sandiasma² Kélana Asmara, Yogaswara, Langlangbuana, Barmaraputra djsb.

Udagan hirupna hajang djadi kominis. Kungsi djadi gégéduug Limbagha Kebudajaan Rakjat (Lekra), djeung anggota Konstituanteu R. I. Djaba ti dina basa Sunda, dina basa Indonesia oge nulis: sadjak, tjarpon djeung esej, ngeunaan sagala rupa maéalah, babakuna no ngandung thema kamaserakatan. Kungsi mingpin madjalab *Zaman Baru*.

Taun 1958 nandangan hukuman-pétjat ti partejna (P.K.I.), lantaran diaanggap tigébrus kana kamisuman moral bordjuis.

Buku kumpulan sadjakna dina basa Indonesia didjudulan *Rangsang Désik*, kaluar tn. 1957.

Dina ieu buku dimuat sadjak djeung prosalirikana:

POE ANJAR
LAGU
KIDUNG SUNDAJANA
TALATAHNA ANEPAKEN

Tapi oge kuring nendjo : daja-usaha taja këndatna, ka-sanggup anu beuki lila beuki sëgér, pikeun ngaganti bëdil ku patjul, ku traktor, ngaganti gëtih ku kesang lamokot pinuh kani'matan gawe, ngaganti tjimata ku imut gumbira pinuh tjahaja kabagdján.

Poe anjar !

Andjeun nu mawa djangdji naori². Andjeun ngan ukur mawa kasëmpétan ka manusa pikeun ngawadjakeun djiwana, néruskeun hantja tarung ngantjurkeun sagala rante kahirupan anu masih keneh nalikung diri ngahalangan lengkah.

Keur manusa Indonesia andjeun mawa kasëmpétan pikeun tandang ngahaleuang pinuh wawanen, madju pinuh tanggung djawab ngalaksanakeun demokrasi, numpës kamiskinan kamalaratan, ngahurungkeun tjita³ djeung sumangët abad ka-20.

Waktu langit ngabeureum padjar, ombak tingsuruwuk neunggar karang, angin ngahiuk nëbak kikisik. Poe Anjar !, ieu dada kuring arck bitu, ngagolak seunen kaasih ka manusa anu harain eleh, manusa bakal meunang, ngawudjudkeun tamansari-kahirupan.

Tina Sunda no. 6 tn. I,
30 Djuni 1952

Lagu

ANDJEUN ulah kaget upama kuring milu ngahaleuangkeun lagu dina ieu pesta gede. Pesta ieu pesta piikeun urang sarerea sarta gambarkeun ku andjeun kuma pihegareunauna, upama kagumbiraan bisa sumébar ngahiliwir ganda malati walatra minuhan dada manusia.

Tapi ketah kuring moal, ieu andjeun mah boga karésép nalikung maueh misahkeun diri tua kani'matan hiuk angin bandaruan, ngusapan manusa nu mitjinta tandang di djagat bebas. Pek bae sorotkeun pundélik panon andjeun sina nublésan djadjantung kuring, tapi ieu lagu bakal tétèp ngahaleuang mawa wirahna anu salila ieu sumbang ku sora andjeun.

Geus lita teuing ieu dada kuring eungap, kudu wae narima lagu andjeun nu ngadjak pondok ngalengkah, ngalahangan hiliwir seungit małati, mindingan kaségéran tjahaja sumbér tanaga.

Kuring datang lain didjurung kuhajang sorangan. Kuring teh galindéng katjapi di kampung singkur, gunuruh mésin di kota rame. Indit ti kampung dibahanan imut madu modjang-lisung, miang ti kota diiring tambur tarompet.

Ieu pesta andjeun bisa ditruskeun atawa dibubarkeun ajeuna keneh.

Singkirkeun lagu² nu sumbang djeung peunggaskeun talikung andjeun anu misahkeun andjeun djeung kuring. Haju babaréngan pesta, hidijkeun kampung djeung kota, sébarkeun djéntreng katjapi nu dikalungan kembang malati. Ti gunung népi ka laut urang djadikeun tamansari sarerea.

Tapi mun andjeun ngukulian talikung diri, mageuhan pesta keur andjeun wungkul, volak kana lagu kuring, ieu pesta kuring, bubarkeun. Kuring nu mawa amauant djeung djadi utusan gunung, laut, kampung, kota, katjapi djeung tambur.

Andjeun teu kudu ingét ieu lagu kuring beda ti lagu andjeun. Sabab lagu kuring laguna manusa nu geus ngarémuk-

keun talikung diri, ngambah djomantara biru, pinuh kani'-
matan tandang dina topan-silau tangan mere eusi sarta warna
kana kêtjap kabebasan.

Lagu kuring lagu manusia anu tjinta kabagdjaan walatra
kadia seungit malati djeung kaségér tjahaja surja.

Tina Sunda no. 20 tn. I,
20 Nopembér 1952.



Kidung Sundajana

Basa Anepakĕn ngadjurit di Bubat
tarneng ēmas ngolebat pĕdang
gĕtih kuring ngahariring pudji-pudja.

Basa Bandung dirandjah musuh
seuneu hibar ngalenab Tangkuban Parahu
rebuhan Anepakĕn tandang-pĕrtengtang
tjikal-bugang kĕmbang juda
ngabelā Ibu Pértiwi.

Harewoskeun angin Priangan
Anepakĕn tatjan nĕpi tamat tugas
tjikal-bugang kĕmbang juda
beuntakeun panon waspada
belaan rajat tatjui mĕrdika.

Pama 'jeuna Anepakĕn tandang tĕrus
malati pasti ngahiliwir deui
dibarung lagu tandasih ka senapati.

18-11-51.

Tina Panglajang no. 8 tn. 1
Agustus 1954

Talatahna Anepakēn

keur N. di Handeueui

Ieuhi !

samenemeh kuring ka Bubat
samenemeh kuring ngadjirim tjandi
nu dihalenangkeun ku sakabeh senapati
ti heula geus bitotama
njanghareupan kuring nu lain kuring

Kuring Anepakēn njarita :

lain danalaga
nu teu dimunggaran ku danalaga
lain lalaki
nu embung waruh ka diri pribadi

Kuring senopati

kuring njelou waktu waruh dijeung diri !

Medac 43, 9-9-59.

Tina Sipatahoenan.

Ngran lengkapna : Kiwa Wirasasmita. Lieg ti eta aja sawatara sambungan ana dirasihakeun.

Citahirkeun di Tjiamis dina tanggal 25 Djanuari 1922.

Memonang didikan H.I.S., Mulo (teu tamat) djeung pendidikan djirohaluk, Kiwi digewe di Djawatan Pertanian Rakjat Tjiamis.

Mimin nalis ti umur 14 taun.

Sehud dina lepungan kawartawan : 1939—1942 ngabantu madjalah *Golub*; 1943—1944 mantoan sawatara surat-kabar. Ti taun 1945 nipi ka taun 1950 sok manto² sawatara madjalah. Pebruari 1951 ngabantu *Sipatahoenan*. Djuni 1951 mimiti djadi pambantu-tépé *Pikiran Rakyat* sarta ajeuna dja li pambantu-kipas deui. 1952 diadi patunggon podjok "notes marhaen" dina mingguan *Sosialis*, Tasikmalaya.

Rumahku nu manggaran ditulis bisa manehna tifrah di rumah-sakit Tjid res lamongan pagat pangharipan. (Teu diumumkeun)

Lian ti eta kuangi dindin anggota Persatuan Pemuda Sastira (P.P.S.) djeneng Salim K. Walidzien "Berebutan". Ajeuna njukti Edungku lan staphela unum Persatuan Sinti Drama Amateur "Tuladrasan" di Tjiamis.

Dian teu kafé dianuat sadjak-sadjakna :

A JEUNA MANGSANA

WURGI

TIGA PUSAKA

NAGU

TEGAD

GENTENG

SAPUCASA DI PADESAN SUnda

Ajeuna mangsana!

njëri peurih !
ujeueung kéretas ngagébar
daptar kalaparan
nu ditulis
ku tjiapanon

waruga mamusa ·
hégaung-règeng
tingkoroncang
dipirig ku lèngisne
budak jatim
wanat nagara mèrdika !

eta kungeun deungeun
ngaragamang
rek maksa-pirase
njontang Irian
tèmpat tjandrawasih
midang.

kantja ! sageuj rek dèngdèng
rehong pagetreng
silih héréngan
atawa basila
ngéduk hak rajat

tar andjoun njaksi
jen bangsa djeung nagara
kiwari ·
djéroning sangsara
djeung bahla.

bosén ngagorowek .
sing gulung-golong
sabilulungan
tapi munu teu kiwari
rek iraha deui???

Tina Sipatahoenan,
tanggal 1 Desember 1951.



Ngipri

ngébul kukusna ka manggung
topan handapeun marantjahan :
gunung rugrug karang rungkad
guriang geura tarandang
rambatirata ngabélah benteng !

braj beunta sagala geus mindah rupa
leuweung ganggorg djadi nagri agreng
guha mangrupa prasada
oraj nu tinggulimpang
tanding tjatang
mantjala putri lènggik manis
gugupaj bari ngéletan

giung pujéng lalandjung
ilang témah wadi
lat poho ka anak rabi
ka bandjar karang pamidangan
sono begoh
ku sisit ringgit karooh

dewi pétiwi ngahélas
niaksian sang putra tiwes
nu kagoda karantjaua
témahna hénteu prajatua

sakiwari : -
rageg-rageg kari adjag
tukang sesegag réréweg
gamélan keur karatagan
bi dalang buni ku kélir

Malioboro

ngabrus minuhan djaian nundjang ngidul
rewuan s̄epeda, betja djeung andong
tapi sedan herang suwung, teu wani n̄elar ngelaga
wanita ultramodern seunggah lugaj
eungapeun kapuput ku haseup cupa

duh ! ieu pikir tiis dingin
disiram daja kabasadjanau

pikir tiis, tapi ieu hate ngagolak panas
njeueung nini-nini tukang gudleg ngabring n̄episwiring
itu palatjurau-pangangguran alun m̄esum
bari teu k̄endat n̄enēda
nangsé! beuteung lapar ku industrialisasi

singhoreng teu di djawa teu di sunda
rajat murba tunggal tunggara sangsara
papelong-pelong.... duananana tjariudedak ..
antukna silih rangkul djeung ssadulur .. .
tuh ! itu tijipamali sakdet neura-sirna lita
teu djadi wets panghalang bandjarkarong sewang-sewang


maksa mapaj-mapaj rohangan sanca-budaja
n̄engétan kalangkang kadjajaan alam-katukang
tapi hate anggur kagagas njéri peurih
lir ngimpi panggih djeung kakasilh
nu geus mulang ka kalanggénzan
koredjat hudang
je robbi, ceuning hét suwung

Haju dulur i orang tébat medju
tébat medju ngunggahan gunung sewu
sjang-ajanggung bebaréngan
treng ngintip kebetan condéti ieu bindin

nu djunoéggur beurang-peuting
ueunggaran karang-panghalang
pidihaneun geusan ugusikkeun djiwa pérkasa:
keur neuleuman mutiara
nu ngampar di dasar sagara son i Lodaja
haktikeuneum ka kakasih !

Jogjakarta, Djan. 1955

Tina Warga no. 124
tg. 10 Februari 1955.



Napsu

dina sihar samar tingdjorelatna kingkilaban
tengah peuting djempling, sepi hariring
manehna muntjul nemongan
nanggeuj mawar beureum sègor
nu endah djeung seungit ngadalingding.

sakédapan pahènèng-hènèng, silih pelong
antukna manehna tapak déku bari imut lutju
njéta-njéta sinta nu kongas satia rek njungkém batara rama
tapi barang mawar ditampanan
itu ngadjorelet ngédjat bari ngalugas kéris.

kingkilaban geus niusna, nenduk ngaluuarkeun tjahja
tinggal peuting poek-mongkleng
péteng sakuriling bungking ...
aduh ! kéris nublés mantjir ati
njéri peurih lir digérihan ku himis
ditandasa, tapi ngalawan teu wasa
da leungeun pageuh njékél mawar pangbakti setan.

sakudjur awak lamoket ku gétih beureum
gétih nu mérerbéj bidjal ti djasad prikadji
gétih nu ngawudjud balukar kabengbat
kairut ku nu ngolepat salivat

memeh ieu tatu-tatu lput saasel tadi
rek gasik njungsi marangi nu maranti
neang sarangka nu geus dipésen ti bahuela
tapi teu kaur anggeus balas bénjar ku gogoda

Watés-II-55

*Pina Panghegar no. 48 th. IV
tg. 4 Pebruari 1955*

Tekad

njoreang ka alam katukang djaman tandang ku pakarang
prang pring bambu runtjing; madju rampak ngabé dah benteng
madju... madju...! malar buru-buru tjunduk ka peuntas ditu
ka taman endah nu marakkak tempong bangun teu anggang;
panjileukan unut nu lepar ku kewibawaan djeung kaadilan

Kivari geus meh sapuluhan tahun këbat lumampah
njorang djalan nu teu dianiparan ku këmbang
madju bari naham kanjéri nintiakan karikil seukeut
tapi itu taman panjileukan bët masih djauh, sémët tempong
lapat-lapat
ja robbi i sihoreng bët tempong gëlor ...

rombongan nu asal rëmpëg ngahidji sabilulungan
ajeuna aja nu misah ngodon leumpang sasamajan
sawareh geus robah kiblat, kabenghat ku nu ngalalar saliwat...
tapi nu bëdas tekadna, leuwih suka rubuh tengah djalan
tibatan mengkol elodan, atawa mulang ngaligintjing lantaran
bari jakin jen mungguh tangkal ros rimbil ku tjutjuk
sarta nu djëdjërih katjugak, mo laksana bisa niëtik !

dalah ieu di separat-parat djalan nu keur disorang
tempong gëtih utjirat-atjirat tapak-latjak nu ti heula
mangrupa bukti sedjerah përdjoangan nu natrat tan këna
ana kitu :

mun ieu djalan kivari kudu ditjirian deui ku ttipanon djeung
taja basa geusau ngarasula
dapon përtjaja jen di akhir pasti bisa tjanduk ka peuntas ditu
laksana bisa ngaribah taman endah panjileukan beurang
kawibawaan nu walatra amisna keur sarereia !

Tina Panghegar no. 52
• 25 Februari 1955

Gumēlar

nemudjing di alam lahir
gumēlar ngekandar karma djeung darmis
ret ka tukeng aling-alings
ko kareup kapègat reueuk
ngutip kamari teu panggih
némbo pageto teu temiseng

ngapung iuhur, teucum dasar
sémét darma ngalatsken
ngunduk diberung ku tandur

keur eling estu tjilik pusih
ngedjajan sagara tjinta
ana ninggong mangsa edan
tarinhangké haripeut upah

bahendé — ajeuna — djaga
tridhensi silm abadi
pamatri nu bangun énggauz
padéhal patépong-gélong
suka-duka gawe saha
ngérandjung sotek muri samar
kalinglap ku djuhali anjer

Tina Tjandra no. 5 th. II
Mei 1955

Sareupna di Padesan Sunda

tajung kuning tem mayak resmi
maraktak patas ngarerab
modjanedesa geus teu bisacun heet
ah! . N' tereupna lewang sikstar

malakelmaet ngabring maréngan pewing
gedegen timah ti narakdijahanam panas nyogolat
tapi geos taja unat tjeurik djiuwérit
da rek ngadéjerit, taja tanaga
rek tjeurik, ejeronon garing

itu paon-panon suréni tjarélong
waruga mu ngem anggal kulit + tulang
komo nampuh meremutan semiu naraka

tapi muri ieu padesan
geus rolohi djudi rumahgih
endalih, lejung dicung li atur modjeng lese
beris pasih sedilari .

Tina Penghoger no. 43 th. IV
tg. 6 Dulu 1956

PA NANJA

Teu kapaluruh siamatna,
Dina ieu buku dimuat tjarponna :

TEPUNG DEUZ



Tēpung deui

Meuting di Sukabumi teh, da kamarina tas ngajun orok 40 poe.

„Tang, Tang, geura hudang!” indung kuring ngageugeung.

Koredjat hudang. „Wajah kumaha ieu teh?”

„Kohkol subuh”, walonna, „kapani rek kana kareta kahidji, supaja kaburu!”

Géret nimba, geus pinuh gěbrus mandi. Teu lila dur, dur, dur bědug subuh, tanggara waktu solat subuh geus mandjing.

Sakeudeung mandi teh dapon baseuh bae, tiris. Ungkūd solat ... assalam mualaikum ... tjutjul samping, kopeah, rap dangdan ala Eropa.

„Tang, ieu nginum heula, tjikopi beunang ēma, tambatiris,” indung ngagégéro.

Sup ka dapur, ēnja tjikopi panas, lalawalina beuleun sampeu kakara njat.

Rēgot nginum, sampeuna dibeulah dua ... dipotongkem, am dihuapkeun.

Edas, nimatna lain lumajan, bubuhan sagala panas, eukeur tiris. Geuning teu kudu kueh bar nu ngeunah teh, hasil bumi urang oge teu matai weureu.

Ret kana erlodji geus tabuh lima, beu ... tinggaleun ieu, kareta indit tabuh 5.20.

Wēl sapotong deui d'huapkeun, disusul ku tjikopi. Bari ngosom kuring pamitan rek indit.

Tjēg kana ijungdjingan, leos indit ka sētatsion. Leumpang teh ngahadja gagantungan, ngan ingkuud-ingkudan. Ingkuud soteh lain letjet ku sapatu weuteuh ieu mah katjotjog bědog keur njokelan kalapa parudeun, kamari.

Kabénérān datang teh aja keneh waktu lima ménit deui, gantjang meuli kartjis. Song duit dua perak. „Tjilaku hidji!” tieuk kuring. Sup ka peron, tjat unggah kona dareksi, ditēmpe

Li djero poek, bari tarat-reret sagan keneh aja nu lowong
Dasar milik nu bagdjia, ret ka gigircun aja saurangeun
Cek diuk, „Partien sare, ngiring saeutik” tjeuk kuring.

„Manggo” tembalne mani balimpu sorana oxe, matak de-
denggeun. Ari diceret bét pangawakan istri gigireun teh.

„Saha ieu” tjenk dina pikir kuring ... eri sorana mali,
sora isbi dicing mala asa-osa deuh.

Dipikir dibuliak-balik, di-inget² amu bogé zora, tapi wéleh,
saha nju?

„Handjekal poek, lamun teu poek ... lah ...” pikiran teu
pararanguh.

Tuk panon poe geura bidijit ... saha ieu teh, hajang nen-
dijo rupana.

Tjapa-tjipi kana pesak, gorchel aja nu pandjang buleud ...
euh enja roko sesa kamari, ngeteng dua siki. Kusiwéł kana
paneker, tjrek, tjrek gur hurung, bari ngasongkeun seumueuna
kana njud panon ngagilér ka kentja sagan we ... Tapi wóleh
tatjan sidik. Ah kemu bar, rek sabar boe, da éngke oge mo'
burung sidik, ngupaihan maneh.

Teu lila kapala sétatsion kadenge niuy surilit, nitah kareta
geura padjukeun, ka masinis. Ditema ku kondiskur, tuluj
disambing ku orana kuluna „kwong” tjenah.

Gélesér mudju lalaianan beuki lila Leuki ganipung. Di Randji
eureun poek keneh. Ti Gandesoli mimici braj-brajan tjaang,
bubuhan roadju ngeten atuh teu késél ngadago tjaang.

Kuring diuk teh tungkul ngékuk nangkeup harigu. Tjétaan
tjata nu bageur api² nu naduhun. Padabel heue ngawas⁴
sélopna, sukuna, campingna népi ka lóbah teurna.

Dumadiakan manehna ieu tungkul ngomekeun babewasanana
di kolong pangdiukan

Kuring tjenahkast bari ngagilér neudjo ku djuru ponon. Ma-
nhema ngareret piuk amperok patéung tinggal. Gélegéng kuring
mala kapiring leutik. Njeh manelma ngedjak seuri, kuring
ge kebawakeun.

„Aeh” tjenah bari ngaragap pingping. „Geuning Utang
ieu teb i” ?

„Eoja” ieuuk kuring. „Ari sugaran teh saha tadi mah, sehoreng ...”

Teu anggeus kapéget ku nu nanja.

„Arek ka manua ieu teh? Djéung naha geus tila tara kapanggih. Di menia ajeuna teh?”

„Ka dinja, ka Tjilaku,” tembal kuring. „Kapon ajeuna mah geus djadi urang Tjilaku, geus tilu usum. Taungku bae moal papanggih da énggeus paanggang.”

Enja ari ku kituna mah, gënep taun kuring djéung mi nelina teu tépung tiotur gujon, silih gondjak ku tjarita.

Ras ingét djaman gënep taun ka takeng, keur waktu baba-reng mi keneh. Duka teeing harita tel. meunang lajeut djéung mi nelina.

Katjipta we manehna basa ngadjak mëtis manggali, teu anengang ti buruan zakela.

Tuljuhan batur ieh, tiluan lalaki opatan awewe. Ma'lum harita djamanai païjéklik ku nuwil di desa ieh. Teu tjara ajeuna népi ka aja babasan seopeni témpat.

Mëtis teh handapeun tangkalna pisan.

Manehna mi njieni cimbulan ngiringku kuring pisan tjara ajeuna, egan harita mah nagog. Ari kuring anu njiksikanana, mi sediun miérek diperpi ugung ali.

Ngen ... Barang kréng teh mëtis. Ieungeun tudjuh teh mani pabuis. Tiéng ah-téngahna mi lutju mah, saretea kesanž buat-leet, tijpanca rambaj, lebo bidjil. Sora njapek tjampur djéung seuhish dipirig barang djéung anu ings-reuk-ingareukan nahian anu rek meuntas. Malah aja anu kabésekán sagala rupi.

Iéksananana keur kuring mah teu kurang djadi pangeling-ningeling djéung nimnehna teh. Kieu, ieungeun manehna pinuh ku gula. Tajohna bae rek dilumbah. Barang arek nangtung ieungeunai mi praudi iu guli teh níkén kana taktak kuring, deka teu iagét iamtaran nahian lada. Dilikau teh taktak badju kuring ngadjéplok satopak dampel ieungeun.

Manehna bimpai seuseurián. Ku kuring diudag-udag ... krewélik ieungeunna ditijékél, bek tangtengna diitunggeul ...

tapi laiaunan. Heran, manehna teu daekeun ngambék, kalah ka ongkok² bae seuseurian.

„Na rek ka mana Emi teh ?” tjeuk kuring.

Ari ngaran bénérna mah Sulami.

„Abdi bade ka Tjiandjur, da ajeuna mah di Tjiaudjur. Kintén² mah tos aja sataun,” tembalna.

„Har, geuning deukeut tah ! Kutan djadi urang Tjiandjur ajeuna mah ?”

„Améng atuh ka ditu ka abdi di Panembong djalan pengkolan ka Limbangsari. Tah lérésan dinja we naroskeun wasta pun bapa, moal teu kapéndak.”

Lah asa mobok manggih gorowong ngadenge kétjap teh. Alam dunja teh tjaang narawangan, plurungplong awas ka mana-mana. Tetendjoan nu sarwa endah narembongan, lir nu hajang geura disorang ku kuring.

„Puntén”.

Kuluprak tulak panto, braj muka, breh manehna

Aduh, hate kuring ngalénjan.

Njeh manehna ngadjak seuri.

„Bapa aja ?”

„Aja. Mangga tjilik atuh !” tembalna.

Gek kuring diuk. Teu lila djol Pa Widi — bapa manehna — njampeurkeun.

„Ach haturan. Geuning djang Utang. Lawas ti lawas.” omong Pa Widi.

„Sumuhun”, tembal kuring bari ngasorkeun leungeun sasalementan.

„Njai ! tjai atuh ka dieu ?”

„Mangga, ieu oge nudju,” sora ti dapur.

„Dipi ibu angkat ka mana ?” kuring ngamimitian neangan tjatur.

„Tadi teh rek ka pasar tjaritana mah. Lain ari udjang ajeuna teh di mana ? Lanun teu si Njai niawa tjarita mah, basa tas ti Sukabumi, bapa mah poho deui. Padahal mah nja, bareto rémén ulin ka bapa.”

„Sumuhun”, tembal kuring. „Dipi ajeuna naon margina, saréng kumaha asal-usulna nu mawi Lépa ngalih ka dieu ?”

„Beu, atuh pandjang dongengna lamun diwintjik hidji²na mah. Kieu geura : Dina taun 51—52 lamun teu salah mah. Di lémbar katjida harenghengna, riweuh, rakjat loba kapaur bangreung nandang kakeueung.

Ti peuting teu bisa meuting ti beurang teu bisa liar, nja eta ku meuweuhna gorombolan Ijitarum. Loba rajat balangsak, bandana katut dahareunana beak digalaksak. Malah teu kirang² nu ditandasa něpi ka němahan pati. Matak watir matak gimir.

Bapa oge teu beda ti nu lian.

Udjang oge meureun těrang, pikeun di lémbar urang mah bapa teh kawilang djélěma tjukup.

Sawah boga, munding aja, dahareun mahi.

Malah sok bisa njember batur.

Ingět bae malém Ahad harita teh. Bapa teh keur nangkeup tuur di tengah imati njanghareupan bubuj hui beunang si Njai, mikiran kaajaan djaman. Ari ibu lěbah panto lawang ka sěpen keur ngabulach njeupah, diukna njanghundjar lambar bari njaliksik si Njai nu geus-sare.

Di luar tjombrek djémpling, nu kadenge ngan sora djangkrik pating djarérit. Keur mělénjan bae udud bari tanggah nendjoan lalangit.

Trok-trok-trok. Gébég teh reuwas. „Buka pintu !”

„Saha ?” tjeuk bapa telih bari haroshos teu soraan.

„Buka pintu ! Lékas ! Mau mati mau hidup ?”

Lékětěj teh Djang, awak rampohpoj leungeun ngadegdeg, pangatjian mah duka di mana ngantjikna. Djung nangtung, koloprak tulak dilaan. Braj song bědil kana dada. Aduh rasaan eusi peudjít leungit. Pokna telih : „Mana uwang ?”

„Teu gaduh bapa mah” — baris ngadegdeg. Da énja harita teh teu saperak-perak atjan.

„Bohong ! Dibikeun, teu dibikeun munding dibawa keur marab těntara. Lapor ditembak.”

Leos arindit aja 40 djélémah.

Munding duanana dibawa. Bapa tjeuneungneung olahok.

„Pa tutupkeun bae ari geus djasuh mah,” omong indung si Njai teh dumareuda.

Tuluj ku bapa ditutupkeun deui, ditulakan.

Goledag ngédéng tengah imah ngingét² kadadian tadi. Djadi reuwas kareueuhnakeun, kumaha lamun barang braj dje.lor ... émh, tjeuk hate.

Sapeuting ujilcuk neangan hodjañ.

Ari teu dilaporkeun da puguh kawaduhan, ari dilaporkeun kurnaha atuh.

Dur, dur, dur bédug cubuh, teu sare sakérédjép.

Koredjat hudang rap kopeah badju djung indit ngadjing-djing lanter ka tja. Sanggeus hélèrésih wudu, sup ka tadjug ... tjong solat.

Dina solat Baja njuhunkeun ka Nu Kawasa, mugi diraksa ma pantjabahaia sarta njuhunkeun eta djalma² nu kitu teh geura babalik pikir.”

Rög eureun heula nginum, njeuneuan udud.

„Teras kumaha ?” tjeuk kuring.

„Teh dina malémi Sénen cubuh², sabiasa sasori bapa rek ka tja. Barang braj mukakeun pánto, duka ti mana djolna, troktrek trek ... kokang bédil tejohna mah. Seng tjongona kana deukeut irung. „Angkat tangan” pokna teh bédas pisan kéri njéntak. Atuh reuwasna lain reuwas meumeueusan. Tungtungna rämpéjék bapa teh diuk, leuleus lësu teu aja tangan pancawasa. „Ikat tangomja !” Direret ku Bapa, seu-niré saluriling imah.

„Ikat !” Bari budjur disungkal bédil, nuturkeun ; kutjubung bédil mah kana tonggong geus teu hajang njaritakeun.

Sadjadilan teu rarat-reret, tungkul, nalangsa něpi ka rag-ragan tjiimata, ingét bakal didorhos di tengah-tengah sasak gonturuwé wahaniyan Ti’heureum tjiara nu lian, . . . cröh nasib.

Beuki lila, diauh, diauh, ... beurang, andjog ku kuburan nu dipagér kawat tjutjuk tea, sup asup.

„Masuk,” tjénih bari njidék kana birit, mangkaning ku

sapatu dinés. Durugdug, djolongdjong běk kana bilik tembok, djépret panto dikontji.

Léng ... lieur bumi alam poek mongkleng dunja asa muih. Ras eling rarat-reret tungguh-tanggah mana horeng dibui.

Saminggu dikérém teu bidjil-bidjil teu ditari teu ditakon, ukur tjai tjadong, tjai tjadong weh. Kadlapan peona kaluar digiring rek dipariksa.

Ari dina pamariksaan bapa teh dituduh sailon njumbang ucang leuweung ku duit djeung munding.

Ku bapa teu diaku, paralak ditérangkeun kitu-kitu kadjadianana pérkara munding teh.

Euweuh tungtungśia, bapa dikérém deui. Ti harita meunang aja nu ngalongok djeung kikiimán, ti si Njai, tilu opat poe sakali."

„Geuning Émi nyaah, bela ka bapa korno ka ...," tjeuk hate kuring.

„Sélang dua minzgu dipariksa deui, sarsan nu mariksana teh. Pananjaan djeung panuduh tétep tjara nu ti heula, tapi ku bapa teu diaku.

Harita bapa meunang balik."

„Saladjéngna?" tjeuk kuring teu sabar da disélang ngéyémët heula.

„Tah, heuleut tilu poe si Njai dikawinkeun ka sarsan tea."

„Sumuhun", tembal kuring négér²keun maneh.

„Lila ti lila si Njai kakandungan. Barang geus gënep bulan, sarsan dipindahkeun, si Njai disérahkeun. Énih dasar milik si Njai meureun.

Naha Djang teu sabaraha lila antarana ana gér teh imah aja nu ngaduruk. Kabeh sapangcusing teu aja nu kapuluk, iwal ti nu rakët kana diri.

Geus kitu mah, lantaran beak nja kasédih, kanalangsa, kasieun djeung kakeueung, këbon deukeut sakola tea didjual.

Ladangna nja ieu pisan anu ditjítjingan, ukur bangsa kieu."

„Dipi Émi ajeuna kumaha?"

„Ah teu kukumaha. Gawena njoo budak. Tuh geuning budakna di buruan”, walon Pa Widi bari nundjuk.

Kuring turun hajang mangku budak, ngan kapiheulaan ku indungna. Manehna ngaliek gëlönju imut nendjo kuring teh, budakna tutundjuk ka kuring apa-apaan kawas nu sono hajang dipangku.

Sadongdongan mah nagën bae ngawaskeun anu ka dapur.

Tina Panghegar.

E. PĒRMANA

Dilahirkeun di Bandung tanggal 11 Septembēr 1926. Ti S.R. nulujeun sakola ka Sakola Tehnik Radio Balonggēde, tapi same-meh tamat, kaburu kapēgat ku repolusi. Nja asup djadi tentara (ti mimiti 1945), nēpi ka taun 1950. Tuluj digawe di Panitia Sensor Pilēm R. I.

Sadjak-sadjak djeung tjarpon-tjarponna dimuat dina madjalah-madjalah : *Warga, Sipatahoenan* dst. Ti mimiti taun 1955 djadi rēportēr sukarela sk. *Sipatahoenan* keur daerah Djakarta.

Dina ieu buku dimuat tjarpon-tjarponna :

NODA

PAMASOKAN

Noda

(Sémpalan tina : notés pulisi susila)

BALIK ti Gang Tégalléga, měntas nungkulan tahlil tiluna bapa kuring, nikreuh bac, teu kana betja, piraanan ka Situsaeur djeung ongkoh itung-itung ngalémpéngkeun urat, urut dipake sila aja djamna. Bulan keur meudjeuhna ngolotkeun, ngan bentang-bentang tanpa wilangan lir pěrmata mawur ngabarak tingkarétip tingkaritjen, terus njakseni saeusining djagat raja nu salawasna disimbutan „halimun pěrtanjaan”.

Angin peuting karasana tiis nětjép sumarambah saluar awak, němbus sungsum balunç. Ijenli ditjabak tjambewek, padahil kakara ge pukul sapuluh.

Motong djalan ngaliwat ka Gérg Aleng. Bari nojod, njeungeut roko kérétek, sababaraha kali teu burung, njimpang heula ka panjaweran pabrik tinun, kaju api ditungkup, kotret, pčrepet sěng tjéngkehna kaambéu hareujheuj kana tikoro. Rek djung leumpang ijeruskeu i slampahan, solongkrong nu menta seuneu, ... awewe ! Tadina moal diwaro da njaho eta teh kěmbang djalan. Ku saab menta tulung sasatna mah, kapaksa ngodok kaju api. Tret énjaj braj, breh beungeutna tjamerok ku wédlak, liwirna disétrip heureum kandél, burahaj, gěbèg kuring ngarendjag, asa-asá wawuh ...

„Geuning éngkang ?“ awewe teh sěmu nu reuwas bari měntjrong ka kuring.

„Djudju !“ tjeuk kuring sawatara djongdjongan.

Pahuléng-huléng.

Kuring maksakeun maneh : „Na Djudju teh aja di dieu ?“

Djuariah tungkul : „Langkung sae urang ka rorompok bae, ngarah iasa ngobrol rada pandjang !“

Tikoro kuring sěrak : „Ah ... eh ... di mana kitu ?“

„Itu pěngkéreun bumi nu aja tukang tjkopi !“ bari mundjur ka kulon.

Kuring rada mugén, boga pikiran nu leuwih hade : „Lain Dju, mun rémpug urang ka Binong bae ajeuna !“



Sanggeus ngahulēng sakeudeung, Djudju ngomong : „Manga, nanging antos sakēdap, bade ngontji heula kamar sarēng nitipkeun ka Bi Emih !”

Djuariah ngaleos, ngilés ka nu poek. Kuring nungguan ngadjantēng sisi djalan, hate ratug tutunggulan teu pararuguh rarasaan, pinuh ku pērtanjaan pabaur djeung sēdih. Kuring ngodok saputangan dipake mēngkék irung.

Kana betja ka Binong teh ongkosna lima perak. Katjida poekna di Kébon Katjang, kawantu geus pukul sabélas, da sanadjan teu kitu oge puguh euweuh listrik panērangan di lēbah dinja mah. Turun tina betja mapaj-mapaj galēngan ngaliwatan rungkun awi, beak sapangududan geus andjog ka buruan nu ditudju. Bentang-beritang di satungkēbing langit ἁnggēr keneh bae ngitjeupan, ngabandungan insan nu pada baroga lalakon. Sanadjan geus peuting teu kungsi ngētrocakan panto, ku tingkēdēprukna sora suku oge nu boga imah geus dedeheman.

„Ma, ma Itjih, hirup keneh ?” (Maksud kuring teh „njarin” keneh) rada ngagorowok meueusan.

„Saha ?” sora ti djero imah, ngosom djeung tēlēh.

„Abdi Ma, laan tulakna !” bari tjat unggah ka golodog.

Ma Itjih kaluarna kundang damar. Sanggeus djonghok, panonna dikērungkeun. Teu lila bari seuri : „Aeh, geuning Aden, ti marana wajah kieu tingalasruk ka kampung ? Man ka djarōro, keun weh sapatu mah tong dibuka !”

Djuariah djeung kuring nuturkeun Ma Itjih asup ka djero imah. Pribumi tjakah-tjikih ngamparkeun samak, beberapa. Barang rek ngodjengkang ka dapur, dipēgatan ku Djudju : „Atos bae Ma tong ngarepotkeun da sanes tamu, sarēngna ongkok areunçap keneh !”

Ma Itjih d'uk emok tjabok, njeupah ngabulaeh njangha-reupan kuring : „Sanes Aden, Éma mah asa rareuwas teuing wēngi-wēngi sarumping ka dieu, reuwas sotéh eta bae duigi ka parantos sababaraha taun nya teu ka darieu, bahcula teh bulan Rēwah, Rēwah-Rēwah, Puasa ... aja kitu Den tilu taun ?”

„Sanes kitu Ma, nu mawi wěngi-wěngi ka dieu teh, noměr kahidji seno, noměr kadua njanggakeun kawiludjéngan saréng upami widi sakalian bae moal waangsul, bade „nginép“ maksad teh ...”

„Nuhun atuh Aden, saréngna aja kalérésan puguh Bali Ijas nudju suwung ka Bandjar milar ēndog itjaleun. Ēma teh tjunggělik bae sorangan, ajeuna aja batur keueung, eta Enden mani alit kitu salira titingalan ēma mah, teu damang ?”

„Sumuhun Ma Itjih, hilap-hilap teuing, dupi Abah Ijas damang saréng sadajana urang dieu ?” tjek kuring ngaleng-gotkeun pěrtanjaan Ma Itjih ka Djudju.

„Hih ari Aden, apan tjeuk ēma nudju ka Bandjar. Sadajana ge pangestu !”

„Lali wararaas nja, emut kapungkur waktos ...,” Djudju teu kěbat ngomongna.

„Ēnja Aden mah ari geus harasil poho ka nini-nini teh, tah pangna bisa sakitu, mun lain djasa nini-nini saha deui ?” Ma Itjih nambalang kěruning bari ngadilak ngagilir-gilirkeun sisig.

„Ēmbi ! bi Itjih !” sora nu gogorowakan ti kadjanhan.

„Huuuh !” tembal Ma Itjih tjuringhak.

„Bi, bi, tjing tulungan itu pun bodjo ... !” sanggeus pasang-hareup-sanghareup di tēpas, semah ngahehoh.

„Naon bakuna ieu teh, ih geuning Djang Didi, na aja naon ?” Ma Itjih hariweusweus.

„Lah ibi mah seueur tjatur. Enggal bi, ieu oborna deuih bilih seepeun minjakna, bilih kabudjéng brol !” semah teu scbar.

„Ke atuh ... Den” (ngomong ka kuring bari dangdan), „Ēma teh bade neang nu rek ngadjuru heula, itu bodjona Djang Didi ngusial meureun. Kabēnérān aja Aden, aja nu tunggu saung, marangga wae Neng, sing djongdjon sing tjara sasari, ulah namu !” bari tērus Ma Itjih ngaleos dituturkeun ku semah nu mawa obor.

Di imah sěpi, pahěněng-hěněng ngaharulěng.

Dimimitian ku kuring : „Tah Dju, ajeuna mah rineh, ku-maha pangna něpi ka kieu teh ?”

Djudju tungkul teu wani neutcup kuring : Engkang ... waktos abdi kapungkur ngantunkeun sěrat dina medja di-wartoskeun ku ma Kiah ?”

„Dibedjakeun, nu matak ēngkang teu tērus njusul oge !” teribal kuring ngangrēs.

„Si Udjang sae, Engkang ?” ngalimba.

„Schat Dju ! Tjing dongengkeun heula,” kuring sěrak.

„Rupina moal aja djalma dorakuna sapertos abdi di ieu dunja ... abdi teh isin, teu kiat (ngahulēng) nanging kumaha da kieu buktina (beuki tatag). Sajaktosna abdi dugi ka tega ngantunkeun ēngkang nu djadi salaki abdi lahir batin sarēng si Udjang nu meudjeuhna piindung keneh, nja eta (eureun heula) pun Bapa, magar teh djang naou lakian ari ngadon sungsara mah. Fatērusna mah naroskeun barang pěrhiasan abdi nu parantos dilitjalan dionggo majar ongkos-ongkos ngadjuru di rumehsakit. pun Bapa teu kintēn běnduna, abdi dipaksa dipiwarang ngadamel sěrat kanggo Engkang kalawan ditungkuluan ku pun Bapa bari ngantiam. Samaos abdi beurat alahbatan njuhun batu sakarung, abdi kapoksa sarēng dipaksa dibantun ka lēmbur.

Sarengseno pun Bapa meser talak, tēras abdi ditikahkeun ka Mang Hadji Djubaedi djadi painadjikan nu nomēr ... tilu! (Eureun heula). Ku margi abdi teu reos ditjandung sarēng biasa hirup di kota, abdi minggat ngenitunkeun rumahitungga.

Tilu sasih ti harita disusul model D. Ku pun bapa abdi diseuseul beak-běrsih dugi ka tega teu ngangkēn anak, isin ku Hadji Djubaedi tjénahi, ngawirangkeun ! Tadina pangna abdi nurut ka pun Bapa teh tina balating hojong njénangkeun ka nu djadi sěpuh ! (ngahulēng). Ku margi sagula kapēgung abdi teh aprek-aprakan milari pakulian, da wangsu! deui ka Engkang mah (ngareret ka kuring) teu wě:at, rumaos dosa sarēng noda nu djadi perong dina beungeut abdi djadi panghelang nu abot pisan sanadjan batc abdi teu kēndat tjumantel ka Engkang sarēng si Udjang (tungkul tjimatana ngětjlak,

sanggeus lēlēr ...) ku margi abdi teu aja katiasa atuh sēsah pisan kenging padamēlan, nja lami-lami aja tēntara nu nulungan, abdi dibantun ka tangsi dimemenan sakumaha biasa ka bodjona ku andjeun. Nēmbe oge aja saminggu aja di tangsi, istrina ngontrog. Njarosna mah lengoh. Kadjabo wiwirang sarēng sēdili teh pugag kalakuan, sagala buntu, kapēgung. Ahirna pēndak sarēng Ma Enah nu di Gang Aleng tea ... saladjēngna tangtēs ēngkang ma'lum ..." tjiyatata Djudju murubut disusul ku sēsēgruk.

Kuring ngahulēng teu bisa njarita, tikoro asa garing njérē-lēk ngan batî watir, rarasaan sisikaran paranas tiris, rusras ka djaman ka tukang, waktu bobogohan djeung Djudju di imah Ma Itjh nu ajeuna dipake ngobrol, uja Ma Iijih pisau sasatria nu djadi tjukang pangna kuring bisa ngadahup ka Djudju sawatara tam ika tukang. Ma Iijih mah te : njahocun jen Djudju kungsi kabur ninggalkeun kuring nu djadi salaki parutanana. ninggalkeun rumah tangga nu djadi urusanana djeung si Udjang panjileukanana.

Sawatara mēnit repeh.

„Engkang, dupi Apa sorēng Ibu dorainang ?" sorana dareuda manjakeun urut mitohana. „Abdi mah kahutangan budi nu teu kintēn ageungna dugi kq teu kiat nēpancau !!" bari tērus ngingsreuk.

Kuring tjan bisa njēdalkeun nanson.

„Abdi teh djalmi doraka 'ngkang ! Pinoh ku noda !" bari tjeurik.

Sērak-sērak ge kuring maksakeun maneh neupahan . „Geus Dju, tong tjeurik, tengah peuting ieu teli bisi kadarengeeun ku batur ! Baribin !"

„Engkang mugi kērsa ngahapuntēn kana sagala rupi kalépatan abdi !" tjeuk Djudju bari ingbak-inghakan.

„Dju, Djudju mah teu salah (kuring rada tēgēr), nu salah tea mah Engkang, pangola leutik teu bisa ngajunkeun nu djadi mitoha, pangna Mama (bapa Djudju) nitah kitu ka Djudju, Djudju ulah salah ngarti, eta teh ku lantaran ujaah hajang uendjo anak sēnang, da apan Engkang mah nu sakien buktina.

Djudju teu salah sabab Djudju nurut kana kapalaj sēpuh, nu sawadjibna diturut." Kuring neureuj tjiduh heula. „Tapi kannaahna Mama salah ngagunakeunana, nu akibatna matak teu hade ka sarerea (Kuring eureun heula). Dju tadi teh Engkang tas ti Tégalléga, nja eta . . . tiluna Apa . . .”

Djudju nu geus rada lélér kahudang deui, tjeurikna antépan. Samarukna ku murubutna tjemata djeung djérithna djiwa, noda nu geus merong bakal leungit kabawa djérith palid baréng djeung tjemata . . .

Ku kuring diantép.

Tina Warga no. 145 tn. V,
tanggal 22 Agustus 1955.

Pamabokan

tina : kahirupan sapopoe

„GCC NAGOC, djung nangtung, lěng pujěng, ěntong salěm-pang para saderek njandak landong ieu, teteskeun sakědik, pěl tapčlkeun kana taar, tēras gosokkeun saparantos panas goděgkeun (bari ngagoděg) Insja Allah dina lěbět 5 měnit dadak sakala ilang tanpa karana ...” Kituna teh Kasdja bari djeung boborot tjiduh ngentja-ngatuhu, dilaladjoan ku mang-puluh-puluh djělēma ngalingkung siga sireum ngagonjok kana peueut sakětlak, nja eta tongtonan gratis pikeun „semua umur” kalawan suka rela.

„Para saderek ...!” Kasdja něruskeun deui pidatona, „di dieu sanes kampung, kota, doktér pabalatak, rumahsakit ngadjalěgir, dukun-dukun masih lalěpus, nahe atuh nu garěring saban poe bět aja bae; astana teu aja towongna ?”

Nu nongton tambah běngong ngabandunganana beuki lělěb. „Ku margi eta sim abdi ngabantun ieu pěndapatan baru nu dari rakjat untuk rakjat nja eta obat-obatan made in dalěm něgéri !” reureuh sakeudeung matana murělěng heula meh kapapaj nu laladjo panghareupna mah, „ulah lěpat ngartos nu palintér seueur, di dieu teh, nanging ieu obat sateuatjanna dipudji kenging diudji upami teu bukti kalawan njata bantingkeun hareupeun abdi, tjiduhan penta deui duitna !” ngomongna bari ngorongot ajeuna mah. „Sarěng ulah lěpat ngartos, abdi gogorowokan di pajuneun para saderek sadajana sanes bade ngitjal obat, sanes, kade lěpat, ieu mah ukur propaganda da abdi mah digadjih ku pabrik! Saha nu rido kalawan suka nengton dipěrsilahkan teu dipungut bajaran, reklamě adalah buat reklamě !” bari ngatjungkeun leungeunna, „karugian buat pabrik, kauntungan kanggo para saderek sadajana ieu obat,” (bari njokot sapěles), „moal diitjal, mung Lade něrangkeun kumaha aturan nganggona, saparantos ieu, ᨇngke bade dipintonkeun rupi-rupi kamonesan, sulap, ngatjapi

bari gugulingan, miul ku suku, tambang djadi oraj ... gratis! ... prodeo! (bari ngahuit ku leungeun), disuhunkeun ka murangkalih nu di pajun kēprok heula ... heup!" (barudak nu di hareup bari tjingogo narurut kalēprok).

„Abdi dongkap ka dieu mung bade bēladjar kēnał, sarēng ngēnalkeun usaha nasional nu saratus prosen” (sorana rada leuleuj), „kanggo ngamadjēngkeun usaha nasional dina pērgolakan dunja intērnasional ieu.” (nu laladjo mangkin helok). „Ku saha deui disokongna upami sanes ku bangsa awak? Apan urang teh parantos Mērdika, bērdaolat, leupas tina gēnggēman impralis”, (nu laladjo beuki antēng), „naha atuh daun senamaki diundeur, dikirimikeun ka nagri, ari datang dibotolan anu sarwa netjēs. diitiketan, djadi Kastor oli, obat urus-urus!? Geura kapan kopra teh kalapana pēlak urang, naha kudu bangsa asing nu njieum sabun djeung mantega?” (nu laladjo beuki olohoł). „Nu kitu teh taja lian ngan nguntungkeun pihak impralis, pihak kapitalis, mēngatjau ekonomi dalēm nēgri!” (bari njusut kesang Kasdja ngarongkong kana pēles obat) „Buntjireung beuteungna, rēniĕn kitjeupna, tjtjingeun ngaranna. tah ieu landoungna! Nanging ieu obat mo:1 diitjal sapertos ditērangkeun tadi, ieu obat bade dibagi-bagi,” (nu laladjo beuki njérēd ka hareup sarta nambahan), „awas barudak, ulah hareup teuing lantaran ieu obat rek diawurkeun.” Nu laladjo ueweuli nu teu marahmaj, Kasda njokot pēles obat sarawu barang rek diawurkeun, baturna tukang miul nahana bari pokna: „Ke ... ke ... heula Ka!” Kasdja siga nu handueul rek ngawurkeun teu tulus, bari malik nanja kalawan sopan santun, siga protokol masrahkeun mandatna. „Na aja naon ji, kaka parantos djangdji ka nu haladir bade diawurkeun apaan dari rakjat untuk rakjat!” Ngomongna pasanghareup-sangharecup siga keur maen sandiwara. „Kieu emulan raji malih.” tjeuk batur Kasdja purah miul tea, kalawan teu kurang sepaatu, „urang parantos ngagaduhan nēgara mērdika, ngagaduhan kēdaolatan, ajeuna urarg taros heula para djuragan-djuragan” bari nguriling ka nu laladjo. „Satudju upami ieu obat diawurkeun?” „Akuuuuuurrrr!” tjeuk

nu laladjo saur manuk, komo barudak nu di hareup mah pangtarikna.

„Tah geuning kitu ji,” tjek Kasdja bari rek ngawurkeun deui obat-obatanana, tapi baturna rikat ngomong. „Ke, ke, ta, emutan raji mah lēpat ieu tindakan akang teh.” Kasdja nempas : „Lēpat kumaha apan tos nurutkeun kēdaolatan!”

„Sumuhun ku kitu tea mah ka, nanging teu adil!”

„Teu adil kumaha ari raji?” Ajeuna mah bēnēr-bēnēr siga sandiwara.

„Kieu geura Ka, upami obat ieu diawurkeun,” (nu laladjo tēnang), „tangtos nimbulkeun teu adil teu sama-rata, nu bodo ... katondjok, nu pintēr ... meunang sapuluh, ... tah apan urang mah ngaharēp kaadilan di nagara nu mērdika teh!” Nu laladjo rada ngarenghap nahan ambēkan. „Kudu sama rasa sama rata!” „Sumuhun nja!” tjek Kasdja siga hari mikir, ari tjēngkat deui ngong ngomong : „Kieu bae atuh, supados kabagi rata, katēpi ku kaum leutik, kahontai ku kaum kaja, pada ngabogaan, ... tah ieu obat nu ngan 50 pēles teh dibagi rata bae, ku margi hotel sanes nu mitoha, betja sanes nu mitoha, tah etang-etang gēntos ongkos pērdjalanan nu 50 teh bade dilironkeun kana artos duapuluh lima perak! Saha nu ngartos sarēng butuh sarta rido, mangga geura mādjēng ka pajun, ngadjagi supaja kabagian sadajana, saurang mung kabagian sabotol!”

Nu laladjo tingglieus, aja bagdja teu daulat teh ieuh, pikirna :

„Mesar hidji” sambungna deui, „dipērsen hidji, djadi haratosna : artos lima pitjis kenging dua botol!”

Harita mah meneusian Kasdja teh ngadjual obatna rada laku sanadjan paéean djibrug ku kesang oge. Balikna teh teu wéleh imut, siga djadjaka balik ti bebenena, pasini rek pēlésir! Tapi da dunja mah ten salawasna kitu, 3—4 poe ti harita geus kēndor lakuwa da eta sulapna tara ditulujkeun djadi kurang narik nu laladjo. Ku lantaran ngan eta-etana tjabakna atuh beuki lila beuki koredas kapitalna, nja tungtungna lēdis ka modal-modalna, dipake dahar. Ngau njesa sapuluh perak.

Basa Kasdja ulin ka alun-alun nendjo nu daragang. Manehna katadji ku nu dagang peso tikél nu bisa dipake motong katja ; kalawan teu dipikir heula duit nu sapuluh perak teh geus djadi peso tikél dua. Ti alun-alun balikna leumpang, da teu boga duit pikeun tutumpakan. Sadjeroning leumpang Kasdja mikir, dikurnahakeun kuduna eta peso teh, piraku rek didjual didadaserkeun ngan dua onaman mah. Ari rek diangkleung-angkleung nja kitu deui siga nu butuh pisan ku duit, matak djatoh kana hargana.

Isukua kira wantji tengah poe, geus tjerowok deui bae Kasdja gogorowokan : „Obral ... obral..., kaséropétan baik ...! Kadulung upami teu ngagaleuh, mung sadintén ieu, endjing teu aja, endjing pangasna naek ..., saha nu tjepet tangtu dapét.” Kesangna ngamimitian deui ngutjur. Mimitina mah hidji-dua djalma bae, tapi lila-lila mah teu wudu ngaronom. „Pera saderek, handjakal pisau, barangna mung kantun dua deui, tadi parantos padjeng aja nu meser seueur, tah ieu barangna, endjing mah moal tiasa kirang deui duapuluhan lima rupia hidjina, ku margi kantun dua deui dibanting, harga obral, mangga lima bélas rupiah hidjina !” Opat ménit ti harita dina kautong Kasdja geus aja 30 perak. „Mudjur, ngan handjakal barangna ngan sacutik.” Teu mikir pandjang deui, bélénjeng kana betja murnu tukang peso nu di alun-alun tea, djebrod meuli lima, sarta tuluj diobralkeun deui.

Sanadjan katoong tina peso aja batina tapi Kasdja teu daek nulukkeun usahana, duka bosenan duka kumaha, da eta bae heuleut 5 poe ti harita geus gogorowokan hareupeun sétasian ngadagangkeun buku, dëmi bukuna lain meunang ngomisi atawa meuli ti toko buku, tapi ti babah A Hoy, kiloan, meu-lina oge tjampuraduk madjalah djeung buku tehnik, djeung aja sawatara rupa nu lianna. Sigana keur haneut Kasdja tel, da eta bae buku nu sakilo tjampuran tea dua poe di sétasian djeung hareupeun bioskop teh lëdis, atuh sakuna mutjékil meucusan.

Geus boga untung tina buku kitu teh, hih, nganggur deui bae, siga moal bakal beak duit baté teh, da buktina saminggu

ti harita ngan kari duapuluhan lima perak deui, gégédéna dipake dahar, pikirna tangtu kudu gantjang gérak deui ari békél tereh ipis mah, naon nu djadi érongan teu katoong, da duitna teh dipake meuli anggur obat, sabotol djeung tjangkir leutik tina pénju, ngadjuwalna ti peuting ajeuna man, babakuna nu djadi sasaran tukang-tukang betja nu keur rareureuh, diketengna teh lima kétip satjangkir leutikna. Népi ka pukul sabélas peuting teu beak, njesa saparapat botol deui sédéngkeun duit ngan lima bélas perak nu geus aja dina saku, rada ngujung balikna harita mah, kawas hajam djago di-bandjur, sanggeus keok eleh tarung Teu dipikir deui anggur nu saparapat botol teh lèguk bae ditotor tina botolna mani ngalèkik, siga djamaah di gurun sahara, halabhab manggih tjai.

Pukul dalapan harita teh mun teu salah mah Kasdja nguliatna. Barang braj beunta puguh bae manehna kaget sabab sare di pangberokan, di djero pandjara. Entjan oge manggih laratan pangna manehna aja di djero bui, geus kurunjung pulisi datang. Sanggeus muka kontji Kasdja digiring ka tjai sarta tuluj dititah ka kantor.

Mimitina Kasdja teu puguh pipikiranana asa ngimpi asa hënteu, sabab teu gugur teu angin manehna geus aja di kantor pulisi, tapi sanggeus Pa Komisaris njarios, rada oge ngémplong pikiranana

„Ajeuna manchi teu meuriang mabok di djalan gëde deui, nja ! Mun rek mabok di imah atawa di restoran, tapi kudu mawa batur, untung tukang betja nu ku maneh diteunggeul ku botol anggur obat teu keuna ! Geus ajeuna mah geura balik !”

Tina Tjandra no. 9 m. II,
September 1955

SJ. BASTAMAN

Ngaran lèngkèpna Sjafei Bastaman. Dilahirkeun di Padaherang, Tjamis, tanggal 11 April 1928.

Waktu repolusi ngagabungkeun maneh ka tentara. Milu Hidjrah ka Jogja baréng djeung Corps Péladjar Siliwangi (C.P.S.). Asup ka Djakarta dina taun 1950, di Komunikasi Pos, ngajakeun hubungan djeung para péladjar anu asup kota. Dina bulan Djuli 1959 kaluar ti katentaraan. Kiwari usaha partikelir.

Sadjak djeung tjarpon-tjarponna dimuat dina madjalah-madjalah *Sunda* djeung *Panghegar*.

Dina ieu buku dimuat sadjak djeung tjarponna :

TAPTU

Si LIKUR

Taptu

KEUR SERDADU (BATJA PRADJURIT) :

Asa panghudang katineung,
 mawa kêtir kana pikir,
 ingêt ka nu geus pêrlaja,
 kasambut di medan djurit,
 tinggal tutunggul ngadjéntul,
 ganti raga nu geus taja,
 teu puguh bugang-bangkena,
 teu dumuk tulang-talengna.

TJEUK NU DITINGGAL :

Raheut hate kantjeuh deui,
 nalarqsa kasuat-suat,
 peurih asa digérihan,
 mun njawang nu geus kasorang,
 lain ku aral subaha,
 atawa manghandjâkalkeun,
 sina indit mihi tarung.

..... lain eta,,
 teu wêleh ku deungdeuleueun,
 keurna miang panungtungan,
 teuneung ludeung haram-sungkan,
 nadjan têrang mapag pati,
 teu gëdag bulu salambar
 tjékél sabuk bilang tatu,
 da jakin baktina sutji.

TJAREK SI JATIM :

Teu rek nagih, moal menta,
 da lain rek ngahutangkeun,
 iklas teu djadi tjarita,
 suka teu djadi bubuka,

ēnggoring njsurup lagu,
garapeun pikahareupeun,
dapon ulah njapirakeun,
kana pangorbananana.

..... Kiwari
hantjaeun teu kakurangan,
ngan kari prak djeung daekna,
ulah ngan ukur tjarita,
ngupahan ku djangdji kosong,
tamba euweuh teuing basa,
panarima ka nu bela,
ditēbus polah sarakah.

MEUREUJN TJEUK ARWAH TEH :

Deudeuh teuing, utun-indji,
bēt teu njana

Tina Sunda no. 16 tm. 1,
10 Oktobēr 1952.



Si Likur

AMPIR kabeh di kampung kuring mah wawuh ka djénatna si Likur (hilang malém Rébo taun Nippon 2602). Malah kungsi djadi tjarita sadesa, tjatur salémbur, tina sarerea pada njaho tea. Komo kuring mah sasatna nu pangdeukeutna, sattingkahpolahna teh masih deungdeuleueun keneh. Sakitu djaman Djépang harita wérit romusha, manehna mah teu ngarasa keuna kingrohosí-kingrohosí atjan. Teu milu ngarasa dahar direumbeuj, istuning hirupna teh lubak-libuk.

Nurutkeun djudjutan sarta runtuan nu geus dipaluruh, tjénah bedjana manehna teh kotjoran Sangiang Kalang. Tapi mun nendjo dangong, kérěp kitjeupna, moal boa aja nu njangka tetesan Sagara Keusik, turunan ti Pakulonan. Ngan edas, karuag ku rigig, kasilěp ku děpong, mun lain ahli-ahli teuing mah, hamo kabade. Geura teu kaop pisan ngadenge tarompet këndang pëntja atawa dogdog badjidor, hih tèrus baé tjeulina rantjung. Ngan teu pati disidikkeun, naha rantjung reuwas atawa pedah biasa ngadenge tanggara di medan djurit. Ongkoh deui teu kaop ngaliwat ka deukeut tadjug, nadjan dikénjéd-ditjépret oge, manan ladju kalah meped njalisir bilik. Antukna ngadjétén, tinimbang madju kalah nambru.

Likur, Likur what is in a name ? Saénjana mah si Likur teh teu kurang teu leuwih ti kuda tunggang. Ketah mimitina kuda tunggang soteh, da kabeh-dieunakeun mah ngalaman narik roda sagala. Děmi pang digaleuh ku bapa kuring, istuning babalagondjangan pisan. Sasatna teu ngimpi-ngimpi atjan rek boga kuda. Masih ingét harita teh poe pasar. Isukna poe Djumaah, poean Bang Desa. Geus kawangwang ku urang oge, hesena neangan duit djaman harita (djaman Walanda). Komo sasatna pikeun si Leutik mah.

Kabénéran sore eta, lar aja nu ngagiring kuda. Rupana Bandar ti djauhna. Teu ku hanteu hajoh make eureun ha-reupeun imah kuring. Djigana ngareureuhkeun tjape, da tuluj

ngadon diuk dina golodog. Atuh ku bapa kuring dihiapkeun Malum kolot tea, tērus ngobrol, tug nēpi ka waleh. Djigana ki Bandar teh kakurangan duít, pikeun naur ka Bang Desa. Turug-turug waktuna santék pisan ngan saisukeun deui. Moal boa mun teu buru-buru dilunasen teh, matak dibéslah imah. Mangkaning sarua bae djeung ditundung. Ku kituna dina poean pasar harita, kapaksa ngajelangkeun kudana. Tapi sanadjan kitu rupana teu pati paju, istuning meleset tina sangkaan. Pasar kaburu bubar, duít masili tjan tjukup. Teu loba ari kudu ngembahanana mah, ngan ukur salikur kētip deui. Antjogna nja nēpi ka imah kuring tea. Sanadjan era-era oge kapaksa nawarkeun daganganana. Sakitu harga kuda ngan ukur salikur kētip teh barianeun, ku bapa kuring make ditawar. Eta padjar teh iuitna kurang, djeung teu batu butuh ongkoh, saurna. Duka ari batin-hatinna mah. Itu keukeuh teu mikeun, ieu keukeuh nawar, tungtungna bapa ngelehan. Gondjrang dibajar, perakan hidji, talenan opat, sētipēr dua. Sabadana make dipariksa nanaon, gémét pisan, ti huntu nēpi ka buntut. Malah make sina djogdjrog, da eta kudu alus nēpi ka lumpat-lumpatna. Sasalsena ditungtun ka pipir. Saénjana indung kuring mah rada gégélendēng, madjar teh urus-urusaneun, saurna.

Sapeuting eta euweuh nu daek sare, hariwang ku kuda, ukur ditjangtjang di pipir leuit. Teu kaop disada, tērus dioboran, sieun aja nu maling. Sesepak mah sesepak geus lain dengekeuneun. Kalah ku inggis tihang panjangtjang rungkad teu kuateun. Komo mun diimplik-implikan kudu ngadupak leuit mah, tada teuing ributna kudu kuriak. Ana diteang subuh-subuh, leuit tea mah aja keneh ngadjugrug, nadjan dojong-dojong oge, orokaja kuda euweuh. Atuh djadi gawe saimah-imah. Obor-oboran, asruk-asrukan, meh-meh ngarerab saung lisung, wěleh teu kapanggih. Malah abrulan kuring mah nēpi ka tungitung lēmbur pisan, watēs sawah Nji Imoh. Tina tjape djeung tiris, gek dariuk dina tjetatang waru sisi solokan. Na atuh ari bérêték kuda nu diteangan tea ti tēngahan. Tuluj pada muru, diarudag. Beunang di walungan.

Buru-buru dibawa balik. Sarerea pada hoream njanghareupan beurang. Sabab moal hënteu nu boga sawah, tangtu gehger. Mangkaning pare keur meumeudjeuhna njeuweu. Saleuheung mun ukur kaidék, kumaha mun beak dihakan? Beu tjilaka kaja kieu mah, tjeuk kuring. Teu njalahana. Isuk-isuk keneh geus kadenge aja nu tjeurik di desa. Singhoreng Nji Imoh, lapor rawah-riwih ka Kuwu, parena dua kotak beak aja nu „ngagéget”. Teu pindo gawe, gidig bapa kuring angkat, ari mulih mundut artos ka indung kuring sapuluh perak. Sanadjan kungsi pasalia saur heula oge, tungtungna indung kuring eleh deet. „Ilung-itung pamelulina”, saurna ngupahan andjeun. Tutas eta, tuluj kuring neang panjawah sina njieun kandang. Ngahadja nuar kalapa tilu tangkal. Bapa kuring mah geus rumahuh bae, tina antek-antekna něpi ka kudu meakteun bahruténg. Ongkoh deui hariwang bisi aja kadjadian deui nu aja matakna. Tapi sanggeus ningali istal nu sakitu tohagana mah reugreug manahna.

Ti sabarang kadjadian di sawah Nji Imoh tea, batur salémbur mimiti taki-taki. Lain ngan ukur ngadjaraga palawidjana bae, tapi kapaksa milu mangnalingakeun kuda kuring. Atuh saha ari ku kitu tea mah nu hajang rugi. Malah kakapeungan mah, sakalieun ngaliwat ka imah kuring, kudu bae ngahadja ngalénggo heula ka istal. Rupana asa ka Měkah teu ka Madinah, lamun tjan sidik gědogan katendjo pageuh mah. Sanadjan kitu, osok oge kuda teh kabur. Ngan tara daekeun deui ari ka sawah mah. Eta meureun kapokeun da ku kuring disétrap teu dibere nginum.

Teu salilana si Likur (ngaran kuda tea) ngahesakeun. Malah loba tulungna sakapeung mah. Waktu paréng rea maling, wěrit bangsat, si Likur bageanana. Wantji Isa geus diteang ku ronda, ditungtun dihawa ka garduh. Lamuri geus waktuna nguriling, kuda teh diabur. Baratak-béréték lulumpatan, dituturkeun sora kohkol nu ngaronda. Lumajan gede mangpaatna, ngabaturan nu keucung. Děni kangewana ka ronda nundutan. Teu kaop nendjo sirah klénggutan, tara antara-rahang. Nadjan totopong pageuh, bisa bae ngudarna teh. Teu

asa-asa, ikĕt nu sakin dipikameumeutna, rĕmus bae digajĕm.
Eureun soteh mun geus taja pupurieunana.

Sakali mangsa, sabada taruang, djuragan Tjamat, ngarobrol di bale-malang humina. Keur uplék ngadongeng keun djaman kominis (taun 1926) rea nu dipæhan, didrel, dihukum gantung, udjug-udjug rĕket-rĕket panto aja nu njurung-njurung. Atuh sarerea tjuringhak, reuwas. Kumaha teu rek kitu, kari-kari ngadongengkeun nu matak pikasieuneun, ari heg aja nu ngintip. Sarerea tingharewos, ngahephep ngadedengekeun. Malah Golongan mah, make ngantél-ngantél tjeuli kana bilik nanaon. Djĕp djĕmpling, teu lila rĕket deui panto, aja nu njurungkeun. Djuragan Tjamat miwarang njidikkeun ka Golongan, bari dibahanan bĕdog. Kodjengkang manehuna indit. Indit soteh kapaksa, pedah hareupeun dunungan bae, da ari ningal konipodna mah tetela sieuneun. Kĕtĕjĕp ngadeudenkeut, dongko noong tiba sĕla-sĕla panto. Teu lila balik deui, hariweusweus bebedja, aja djalma nu keur ngintip. „Katingal sukuna oge, gamparan. Sidik pisan, duaan!“ tjeuk nu dititah. Gĕlilig djuragan Tjamat angkat, ngadeukeutan panto. Braj dibuka, bari ngabetahkeun. Bĕrĕtĕk sora nu lumpat, borobot sora pagĕr raruntuh, bra-bru sora pot katadjong. Braj dibatrean, ngan ukur lapat-lapat katembong buntutna djĕtjĕng. Singhoreng si Likur, kuda kuring. Djigana bae tas ngadon „gagaro“, ngasah awak, katjiri kapur lsilik deukeut lawang beak dadas. Malah katembong urutna oge kĕlob tapak „gagasah“. Djaba kokotor mah tingarĕntjo di mana-mana. Atuh teu wudu isukna bapa kuring disaur ka kantor. Ngan hadena teh teu kungsi dipĕrbal, tina kataksir bakal sanggup ngagéntosan. Orokaja awi oge teu mahi sapuluh leundjeur dipake ngajuman pagĕr, djaba djeung kudu asruk-asrukan neangan kuping gadjah tea mah.

Nu lutju mah eta basa djuragan Panghulu rawuh. Malum menak ti kota, rek tĕrus ngaroris ka desa-desa, teu wudu tata-harna oge make aja poena. Tina djalanna tarahal, katurug-turug lain lakon-lakonaneun nu leumpang, sok mun komo suku urang dajeuh nu tara biasa dibawa bĕbĕlĕsĕkan, nadjan

diganda ku djalan mudun djeung rata oge hamo kana kuat teh Kapaksa kudu njajagikeun kuda tunggang. Nu kapēto si Lukir Kuda sakitu pēndekna, ari djuragan Panghulu sakitu bajuhjuh lintuhna, meh bae bolaj kuda teh teu kuateun. Ngan ku bari djeung dibelaan dipaksakeun, maen pētjut sagala antukna nadjan rarampeolan oge teu burung ladju. Rupana kuda geus boga wirasat, njaho jen nu mumpakan teu sabanding djeung pangawakanana. Parēng tépi ka hidji desa, si Likur ngadadak djogdjrog, sakitu ku Mama Panghulu dipegeg oge.

Teu ku hanteu deui kudu ngaliwatan sasak. Ari walunganana tea mah teu sing djéro, tapi ari kuda mah tangtu laput Djuragan Panghulu megeg éles. Tinimbang eureun, si Likur kalah mengkol ka sisi walungan. Dibébénér mah dibébénér, hih kuda tea mah nojed bae. Rek ngadjiléng-ngadjiléng kumaha, nu tumpak sakitu lintuhna, ongkoli geus deukeut deui. Tungtungna, kétjéhék bae kuda teh meuntas, ngaraas. Para pangiring lain reuwas meumeueusan, sieun katempuhan. Mama Panghulu kapaksa numpra dina sela, meuntas, walungan laput udé! Tapi salamét něpi ka sisi beulah ditu Orokaja sindjang mah djibrug. Sarerea mèngkék piseurieun, ningal Djuragan Panghulu murukusunu hari lungsur. Sok kuda ka Lébe, gidig èngkat ka Desa, da geus teu pati djaub deui. Sasumping sumping mundut pisalin ka Kuwu. Kuda tea oge térus dilaanán Maksudua tek ditjangtiang cina reureuh. Teu ku hanteu tambangna pégat, si Likur kabur, mulang ka lémbar. Nu marégatan kalah njingraj, da rek disepak. Atuh kapaksa isukna djuragan Panghulu mulihna ditendu, diiring Lébe manggul sela. Ti dinja, awahing ku pusing, bapa kuring neangan djalma nu daek ngurus. Kabénéran manggih kusir butuheun kuda. Teu pandjangan tjarita, sok dibikeun, disewakeun. Duka ku naon sababna, heuleut samingu ti harita kuda teh geus aja deui di pipir imah. Teu lila kurunjung nu njewa tea oge datang, haruhah-harehoh. Padjar teh ti isuk djédur ngudag-ngudag kuda. Sadjaba ti eta, anak ki kusir kungsi ngaringkuk sapoe sapeunting, tjarehamna bareuh, kasepak. Antukna, něpi ka sakalian seseren, teu sanggupeun

miara. Malah make diimplik-implikan mere sētoran nanaon, nadjan ngan ukur lima-wélas kétip oge. Ditambah sumpah sagala, padjar teh ngarasa rugi, tina kakara dipake nam-bangan sekali, tjénah. Kitu pokna.

Ngan nu sidik tea mah, barang kuda diilikan, bét djadi bégang, djeung borok. Tina watir ka hewan nu sakitu „satiana”, ti harita dipangsiun. Hartina meunang sabulan mah tara ieuh digawekeun. Komo barang katembong keur reuneuh mah, beuki ati-ati bae ngurusna teh. Ngahadja unggal isuk dikokombong, kapeung-kapeungeun diparaban bangsal. Beu teu wudu awakna beuki buleud. Ngan ajeuna mah geus teu pati kuateun gawe. Sakalieun narik roda, basa djuragan Tjamat ngalih oge, mehmeh bolaj. Ngan awahing ku hajang nembongkeun djasa panungtungan bae meureun, daekeunana teh.

Waktu si Likur ngadjuru, kaběněran keur pesta radja (opat puluh taun radja Walanda). Malum tatahar keur pesta gěde, karasa riweuhna teh, nadjan di pakampungan oge. Běbětek geus teu babilang, meh unggal pagér sadjadjalān dirarang-kenan dangdaunan. Tjaringin ngadalak darugul, baluntas rata dipapas. Ku pokal Lurah Dongkoł kuda kuring dipapaesan. Maksudna rek sina milu alentan nu iring-iringan. Malah make dipajungan sagala, da eta ngarah siga kuda kabujutan, tjénah. Atuh dina prungna, teu wudu gagah, make adean nanaon. Nu surak ajeuh-ajeuhan, kěndang kimpul teu puguh dengkeuneuneunana. Djalma nojek, laladjo. Djigana bae teu biasa ngadenge nu rame-rame kitu, da udjug-udjug bě-lěnjěng bae si Likur leupas tina tjangkingan. Hihijěm, gě-gěbris, nobros lapisan nu laladjo. Budak djeung awewe, pating kotjeak, djalma buriak njingraj. Ari ki Lurah tea mah, kalah beuki motah, engklak-engklakan, da samarukna nu tinggorowok teh milu ngaramekeun. Eureun-eureun sotéh ngadenge aja nu tulung-tulungan. Singhoreung tukang dawět kaiděk kuda. Daganganana beak, kelče parcupeus, tjalana anjarna pinuh kintja dieung tjiptati. Antukna prohrama diruksak si Likur.

Buru-buru kuring ngudag kuda kabur. Sanggeus tjape neangan, kakara kapanggih tukangeun pabrik. Nu tadina ambék njédék teh, ngadadak marahmej nendjo si Likur geus aja baturna. Singhoreng kabur soteh karasa beuteung meureun mun urang mah. Anakna dingaranan Polin, njokot tina Paulina, ngalap bérékah ngaran radja Walanda harita.

Ti wangkid eta kuda tara digétrik-gétrik kana gawe, sabab katembong geus moal pikavateun. Awakna djadi bégeng, sanadjan ngan ukur disuwuk díukut. Djépang datang, si Likur ngadadak lolong. Katjida matak pikawatireunana. Ngan untung teu kungsi ditjokot ku si Kate. Ari anakna tea mah, kabénéran ku kuring diungsikeun di gunung, salaméti teu „kadaptarkeun”.

Malém Rëbo, taun Nippon 2602, si Likur kapanggih geus palastra, ngadjengdjehé di istalua. Suku hareupna potong sapada pisan, tiséláp kana papan gèdoganana. Aneh, teu kadenge motah keurna sakarat. Sigana mah geus pasrah meu-reun. Bangkena ngahadja dikubur deukeut sawah Nji Imoh


„In Memoriam si Likur . . . ”

Tina Sunda no. 20 tn. I,
20 Nopember 1952

RACHMAN O. M.

Teu kapaluruh alamatna,
Dina ieu buku dimuat tjarponna :

HANA



Hana

BANDUNG taun 1952 katolpernakeun Poe Minggu.

Sanajan isukna loba ulangan, kuring masih bisa laladjo katilu-kalina. Laladjo, laladjo, ulangan, ulangan, naha ?

Malém Minggu balik ti sakola sakali, pukul sapuluh djeung sorena. Beak tilu perak tilu kétip !

Kaluar ti Majestic. Gér hudjan ngagébret. Kuring ngiuhan di Au Bon Marche. Nu keur ngantaj kartjis lalumpatan ka djéro. Aja wanita, meuntas ti Onderling Belang. Rek laladjo sigana. Lipstickna luntur. Moal mangsi beureum atawa gintju paranti njieun kueh ? Komo wédakna. Disusutan ku saputangan.

Nu kabénéran mawa djas hudjan oge teu indit. Merék Swan mah teu tahan hudjan gëde. Mantél harga Rp. 500,— dina etalaseu, sédeng ieu mah. Kartjis didjual. Nu meuli kartjis kèles dua atawa tilu mah (tjara kuring) kudu nguriling heulsrek asup teh. Kahudjanan saeutik.

Pukul 6.15 nendjo dina erlodji batur. Hudjan tjan raat. Betja paju.

Sawareh huhudjanan. Nu ngadaragoan raatna rea.

Aja pémuda samantél djeung pémudi, huhudjanan. Tamba tiris teuing aja nu ngodok saku tjalana, aja nu térus udud, aja nu térus batuk, aja nu térus ngambeuan Vicks. Kuring émbung huhudjanan, sieun salesma djeung njaah badju beunnang ngistrika tadi beurang.

Djam tudjuh, meureun ! Nu ngiuhan tinggal kuring sorangan. Djol betja ti Kaler.

„Betja ! ... Sabaraha ka Pagarsih ?”

„Pasihan bae tilu rupia !”

Ditawar saperak, biasana. Tukang betja teu ngadjawab. Ngaboseh deui.

Ti témplate neundeun kareta mésin gigireun „Dwiwarna” aja pémudi (mun kuring teu salah nendjo) ka luar, lumpat. Beuki deukeut : „Mun ngiuhan di dieu,” djéro pikir. Didjas

haneut, wol. Erok handapna djibrēg. Beuheungna dibeungkeut ku saputangan.

„Tjilaka, tuluj bae geuning !“ djero pikir. Diawaskeun ku kuring. Meuntas ka Baltic. Balik deui. Leungeunna tjapatiipi kana saku djasna. Alak-ilik ka handap, kana urut leumpangna. Bari njusutan panon — djeung irungna. Geus tilu balikan. Ditēgēs-tēgēs djiga Indo geuning. Dasar kuring, bangor.

„Milari naon ... Neng ?“ sugar ngartieun basa Sunda.

„A ... a ... rtos,” djawabna bari inghak-inghakan.

Kuring milu neangan. Sababaraha balik, euweuh.

„Tadi mulih ti mana ?“ tjek kuring.

„Ti ... tti ... ditu,” djawabna.

Badju kuring djibrēg teu dirasa. Isuk bae litjin deui.

Di hareupeun Concordia kapanggihna ku kuring. Lambaran salawe perak.

Pinuh ku tikuda. Dibérésihan heula, sok dibikeun.

„Nuhun,” tjènah.

„Endjing tiasa angkat ka dieu ? Tabuh salapan ?“

Tjékkleuk ! gondoklaki kuring naek. Dég-dégan deuih ! Kakara didjangdjian.

„Mangga upami ...“ napas sésék. Manehna kaburu indt manten.

Kagok, kuring térus batik hujudjanan. Datang ka imah pukul dalapan leuwih. Tuluji naheur tjai. Gébur-gébur mandi ku tjihaneut. Rap make badju sare. Njokot Vicks, diulas-ales kana beuheung. Rot nginum tjiteh digulaan. Beak saténgah potji. Teu dahar-dahar atjan. Tuluji ka pangkeng. Radio (radio tatangga !) geus tutup. Teu daek reup bae sare. Guling-gasahan. Katjipta bae. Huntu manehna, teu beres tapi njari. Siga Audrey Hepburn. Eta buukna deuih, model. Dikreul lain, diuntun lain. Ah, pendekna mah blek bae Lucia Bose. Njokot buku. Njoba-njoba ngapalkeun. Teu bisa asup. Kumaha isuk bae.



„Man, Man ! Geus beurang !” Ema ngéetrokan panto kamar. Koredjat hudang. Enja geuning geus pukul dalapan.

Tas mandi, tèrus dangdan. Rada loba ngaminjakan buuk teh. Kop njokot kolonjo tina lomari Ema. Kétjrot-kétjrot kana kamedja, djeung saputangan. Kumis djeung godeg diraut saeutik. Tjeuk pémudi babaturan sakélas : „Rachman alus go-degna.” Djanggot, ngan fima lambar, dikurud

Ngewa atuh da. Dilantém digémuk ku tjai peujeum kétan hideung djadina heunang dibilang.

Sasarap.

„Naha rurusuhan teuing ?” tjek Ema.

„Rek ka babaturan heula ?”

Pukul salapan geus djogo hareupeun Au Bon Marché. Ah, mulangkeun buku heula bae ka British Council.

Barang turun, djol manehna ti Djalan ABC. Tas ti pasar meureun, da mawa djingdjangan.

Ari kuring disarupakeun make badju teh, sëporhem bodas, tjalana pondok pulas bulu monjet.

„Saudara ...”

„Sumuhun !” rada ngadegdeg.

„Ngénalkeun ... Hana.”

„Rachman.”

Leungeunna lémés. Teu djauh ti rupana, geulis, manis. Kulitna koneng. Bunkna hideung. Irungna rada mantjung. Panonna bulao. Semu hedjo ketah. Sapantar djeung kuring. „Moal lami, ieu balandjaan ..., bilih njeuseul !”

Kuring ngadjadljapkeun sémét Van Dorp. Tjlak manehna kana bus. Sadjadjaan kuring bingung. Bangsa naon ari Hana. Da basa Sundana teu kaku djeung lémés deuili.

**

Dua poe sakali Hana balandja. Atuh kuring oge népungan di Braga. Ngadon ngobrol. Aja pangaruhna : Pangadjaran kuring katjow. Ku Guru mindéng ditjarekan.

Dina hidji poe kuring nanja ka Hana meakkeun kapanasaran.

„Ari Hana urang mania, Han ?” Teu wani nendjo beungeutna, bari ngodok saku kuring njepakan dus kajuapi kosong.

„Pandjang dongengna, Man. Mun salse ditjaritakeun.” Kuring ngalieuuk. Hana oge Romanna pikasédiheun. Asa boga dosa kuring teh.

Malém Minggu. Rek meuntas hareupeuan Goodland ajé Chrysler mengkol ka kulon. Gigireun supir . . . Hana. Leungeunma sabeulah disangsangkeun kana panto mobil. Di tukang andjing dijabrig, buluna boda, dipitaan beureum. Nga dangong.

„Haj”, meh kuring ngadjuralit. Beuki geulis. Mobil bapana meureun.

„Gède bohong.”

Ari Hana sakola ? Sakola, tjénah di SMA-B. Didodja ku rumus Gonio, bisa. Na ari malik nanja, kuring arapap-eureupeup. Da ari ulangan sapopoe peunteun dua. Paling untung tilu. Dina rapor djadi gënep, kabènjeng ku aldjabar.

Pakantji kawartal. Kuring nagih djangdji ka Hana, dongeng tea. Ditjokot pondokna.

„Hana teh, Man !” (kitu ngabasakeunana), „wakiu pérang dunja kadua leutik keneh. Tjitjing di kota palabuan X (mun diteangan dina atlas moal aja, teu dibedjakeun ngaran kota nu sabènérna mah djeung teu pati pérlu). Ari Pap harita teh keur euweuh. Adatna, geus biasa. Geura nja. Man, pléng mangbulan-bulan tapolana népi ka sataun. Ari balik rebo. Hulu untjal, kulit meong djeung sadjabana. Imah Hana teu beda djeung musium. Tjilakana, Mamah harita dirawat di rumahsakit. Waktu kota X digémpur, babu balik ka lémburna. Imah Hana keuna ku bom. Hana salamét. Lumpat ka djalan, aja matros. Hana dibawa ka kapal. Tuluj balajar, kabur. Teu njaho sabaraha minggu Hana di kapal teh. Ingét keneh, Man, kaptenna bageur teh.

Wantji magrib. Hana oge tjan sare. Keur dipangdongeng-keun ku matros teh. (Hana njusutan tijpanonna ku saputangan, apal seungitna 4711) Djélégur-djélégur teh kapal

ditorpedo. Seuneu ngabulak-bulak. Matros-matros ribut. Hana pangheulana dikana-sakotjikeun. Waktu matros tea rek turun pisan, djēlēgur ! Lēs Hana teu ingēt. Barang braj beunta Hana keur dirubung-rubung. Aja nini-nini njeungtjeurikan. Hana ditanja teu ngarti."

„Ke, ke, Han, ari Hana kapangpengkeun ombak teh di mana ?”

„Di Bantēn. Ulah ngagokan, Man. Lila Hana tjitjing di dinja di Tua-kampung. Pagēbug disentri. „Bapa” djeung „Ibu” sapoe reudjeung marao.” (Hana njesutan deui tjiapanonna). „Hana aja nu mawa ka Djakarta. Moal ditjaritakeun pangna Hana dikukut ku Opsir Djēpang. Ngan untung Hana ku Mamah diadjar basa Djēpang. Teu wudu ngeunah tjitjing di imah Opsir teh. Boga guru sorangan deuih.”

„Ari Hana mimiti diadjar basa Sunda di mana ?”

„Tah Rachman mah geus ngagokan deui bae. Nu ngadjar basa Sunda ka Hana teh babu Opsir tea. Djēpang eleh. Hana dibawa ku babu tea ka lēmburna. Waktu repolusi Hana ngabantu-bantu dapur umum. Dapur umum bubar Hana dikukut ku urang Tionghoa pēranakan, nēpi ka ajeuna. Taun 1946 ka Bandung. Sēpi harita mah Bandung teh. Rachman keur ngungsi meureun, nja ?”

„Enja, ka Tasikmalaja. Rame geuning Han, tjing tulujkeun !”

„Hana boga „adi” saurang. Bageur oge „Mamah” Hana nu ajeuna teh. Make ngadjar njeun badju sagala rupa, geus puguh masak, njeuseuli djeung ngistrika mah. Kudu sagala bisa tjēnah.”

„Paingan Hana alus potongan badjuna,” tjek kuring bari tjengkat. Dērēkdēk, dērēkdēk tjangkeng dibatēk. Geus asa djeung dulur bae kuring ka Hana teh, asalna „lain”.

**

Taun 1953. Poe Salasa. Djam 11 beurang.

Balik gērak badan ngaliwat Braga. Sapoe teu ka Braga asa

tapi teu ari balas geringan bae da mikiran Hana. Geus aja taunna neangan Hana teu kapanggih laratanana, nja andjog ka Bandung.

Ditanja ku kuring, urang mana ari Bapa Hana ?

„Kuring turunan kolonis Inggris, turunan pionir. Papanggih djeung Mamah Hana — urang Djépang — di San Francisco.”

Gelas duanana geus kosong.

„Geus pukul 12 geuning, Han ! Teu lila atuh. Engke aja ulangan djeung ongkoh Hana bisa rek djalan-djalan.”

„Mun bisa isuk djadhap ka sétasian, Man ! Rek muru nonstop.”

Kaluar ti Baltic, bingung. Rek kadupak mobil.

Sapeuting djéput kuring teu sare. Djahat, djahat pérang teh.

Pukul opat. Rékét muka panto kamar laalaunan. Tuluj ka dapur. Sabot mandi tjai ngagolak. Tas nginum rap dangdan. Tamba tiris teuing make djas bapa. Kuring indit.

Rame geuning di sétasian teh. Tukang tjikopi, tukang soto, tukang roti, tukang ontjom, tukang roko, tukang ... sagala rupa. Tukang badjigur (sesa peutting kitu atawa ngahadja dagang subuh-subuh supaja euweuh saingen ?). Nu mawa tolombong, nu mawa kopér, nu ngais budak, budak tjeurik, nu katjopetan, nu diharudum sarung, bau ménjan tina roko siong, ah pendekna mah 1001 rupa !

Kuring ngadjanteng heula sakeudeung. Djol Chrysler nu ditumpakan ku Hana. Parto mobil muka. Hana, badjuna bodas, ka handapna abu-abu, wol. Make badju haneut bodas. Dituturkeun ku bapana, udud surutu, mawa djingdjingan kulit, gëde.

Hana meuli kartjis, dua djeung peron hidji. Wagon nonstop geus ngadjagrag.

„Awas ... sépur satu !” Gébos, gébos locomotief taun mana mah. Gorobag ! Hidji, dua, tilu ... dalapan !

Sup kana wagon kelas dua. Lalowong geuning. Tjaang deuih ! Kawaniu wagon anjar.

„Han !” (basa geus dariuk), „Rachman hajang njaho, pang-na Hana pauggih djeung Pap !” Bapa Hana olahok.

„Mangkukna, basa Hana balik ti pasar. Biasa ngaliwat Braga, ngadagoan Rachman hareupeun Onderling Belang euweuh bae. Ka mana heula ?”

„Puguh banu bitu di djalan, Han. Geus kitu kumaha ?”

„Kongkorong oleh-oleh Pap baheula ti Afrika meureun, nja ? (Bapana unggueuk). Mangkukna mah teu karasa kaluar.” Ngomongna kitu teh bari ngodok kongkorong tea tina djero badjuna. Pangpangna kuring mah nendjo beuheungna nu artistik.

„Paingan atuh djéléma-djéléma di pasar narendjokeun bae tara-tara ti sasari. Teu kanjahoan aja nu ngarontek ka Hana. Ditégés-tégés Pap geuning. Hana djeung Pap tjeurik paungkuungku. Nu ngaliwat pantésna heraneun. Tadina Hana oge diandéng ku Mamah nu ajeuna. Kumaha, tjénah Tientje Nio euweuh baiurna.”

„Djakarta, Jimat ménit lagi bérangkat !”

„Urang silih doakeun bac, Han. Muga-muga sing salamét sarerea.”

„Good bye,” tjek kuring ka Bapana bari sasalaman. Heuras. Tuluj djeung Hana, rada lila, lémés ! Kusiwé! Hana njokot saputangan, mclébér 4711. Djut kuring turun.

Kapala sétasian nu make pet beureum ngulangkeun „panépak”. Pukul 6 geus tjaang.

‘Tit-tit-titiit-pritti ... Kooooook ! Nonstop ngagélésér. Hana gugupaj, kuring kitu deui ... Tjipanon kuring njurutjud ... njurutjud ...

Nu ngiuhak tinggal kuring sorangan. Djol betja ti Kaler.

„Betja ! Sabaraha ka Pagarsih ?”

„Pasihan bae tilu rupia . . .”

Tien *Tjandra*, no 6/7 tn. I,
Oktobér-Nopembér 1954.

OLLA S. SUMARNAPUTRA

Dilahirkeun di Limbangan, Garut, tanggal 6 Agustus taun 1929. Nulujkeun sakola ka fac. Sastra & Filsafat Universitas Indonesia Djurusan Purbakala meunang sababaraha taun, bari ngadjar basa Sunda djeung sadjarah kabudajaan di sababaraha S.M.A. di Djakarta.

Dina taun 1956 ilubiung dina redaksi sk. Senda *Siliwangi*, 1958 kungsi djadi redaktur *Kalawerta LBSS*, 1959 djadi redaktur kabudajaan sk *Sipatahoenan*.

Kadjaba ti nulis tjarpon djeung dangding, babakuna nulis bahasan ngeunaan sadjarah djeung sadjarah kabudajaan, ngeunaan adat-istiadat, ngeunaan basa Sunda dsb.

Dina ieu buku dimuat dangding djeung tjarponna :

EMBAT-EMBAT
RIKIP

Embat-embat

(Katineung ti kuring ka kuring patali
mangkukna 6 Agustus ulang taun).

Rek ngeumbing-ngeumbing ka mendi
rek muntang-muntang ka mana
rek nete da sieun semplok
rek nintjak da sieun semplok
mundur djurang madju djungkrang
sagala lampah kapahung
katineung samar kasorang.

Hajang njorang njanding peuting
lugina ngawasa beurang
sugéma kuina tjeuk hate
da hate tara kabandang
nadjan raga dipandjara
dikérém tur ditalikung
mo kahalang kumélendang.

Tina *Sipatahoenan* no. 176 th. XXXVII,
tg. 8 Agustus 1959.

Rikip

KUMAHA sentimenna kuring ka Mimi — kabogoh kuring —, kawasna moal beunang ditjarek kawas kuring beuki kana peuteuj. Sanadjan peuteuj bau, ari beuki ? Atawa sanadjan Mimi teh goreng patut, ari kuring bogoh ? Teu wudu ku kituna tea mah, kawantu bogoh mah wěnang, taja bedana ibarat mikahajang hidji barang.

Minggu tukang Prijatna — sobat kuring ti bubudak — datang ka imah. Manehna teh lain datang sadatang-datangna, tapi ngěmban utusan nu djadi kolot ti Bandung. Mawa tjarita anu saenjana mah lain masalah anjar pikeun kuring. Kuring njaho, pang Prijatna datang teh taja lian iwal ti deuk njaritakeun hal-hal anu geus lila ditjaritakeun ku bapa, anu geus ditogmolkeun ka kuring. Bapa geus ti taun tukang njarita, jen kuring kudu buru-buru boga bodjo, sarta pihodjoeun geus aja. Kuring njaho saha anu dimaksud ku bapa, nja eta Kartini, masih kapiputra ēma.

Kuring lain teu daek kana panawaran bapa, tapi kumaha atuh da hate kuring geus lila njantel ka Mimi. Lain kakara sabulan dua bulan kuring bogoh ka Mimi teh, tapi geus tilu taun leuwih, turug-turug dina waktu anu sakitu hilana antara kuring djeung Mimi tara pisan aja patjogregan. Malah teu salah-salah teuing upama disebutkeun rapih teuing teh. Kajaan anu teu harmonis dina laki-rabi mah. Tapi keun, nu kieu mah urusan kuring djeung Mimi tangtuna oge.

Bapa kungsi ngagélendeng ka kuring lantaran kuring hahadean djeung Mimi. Tjenah mah lain pedah bapa teu panudju, tapi era ku omong batur. Teu salah saenjana mah bapa ngomong kitu teh. Kaharti ku kuring oge, ari sababna nja eta pedah Mimi teh murid kuring di salah sahidji S.M.A. sore di Djakarta.

Kurang hade, tjeuk bapa, era ku këtjap batur. Nja kitu tjeuk Prijatna oge, teu hade kuring hahadean djeung murid. Tapi da ari pikeun kuring mah, sakuringeun, estu ngan

kabēnēran wae Mimi djadi murid, sarta kuring sorangan kabēnēran djadi guruna. Dalah dikumaha atuh kawantu tjeuk kuring oge bogoh mah wēnang. Lian ti eta, naha dosa kitu upama kuring mibogoh hidji awewe anu kabēnēran djadi murid? Naha dosa kira-kirana upama dina hidji mangsa kuring ngarangkēp ka Mimi tur dina waktu rangkēpna mah, Mimi teh geus lain murid deui? Tjeuk pangrasa kuring hēnteu, kawantu geus ditjaritakeun, jen kabēnēran wae Mimi djadi murid. Komo deui mun diingētkeun jen djadina murid kuring teh tangtu moal salawasna, turug-turug geus prah di manamana jen guru sok rēmēn meunangkeun murid. Lain djaman ajeuna wae, nu guru-guruna meh sababad djeung murid. Tapi nja kitu djaman baheula oge, geuning dina Mahabharata oge katjatur jen dewi Kunti putraan ti dewa Surya, sēdēngkeun dewi Kunti teh murid dewa Surya.

Kuring rumasa, jen pantaran kuring kieu, ngora teuing pikeun djadi guru di S.M.A., tapi kołot teuing pikeun mitjinta. Padahal sabēnērna mah asa teu kolot teuing atawa teu ngora teuing, da tanggal 6 Agustus atau anjar kaliwat teh umur kuring kakara tudjuhlikur taun.

Atawa naha bapa teh boga anggapan, jen kuring teu pantēs kitu rimbitan ka Mimi? Teu pantēs kitu pedah Mimi kaitung wanita pangpantēsna pikeun di sakola anu kaadjar ku kuring? Atawa pedah Mimi beunghar kitu?

Kuring teu njaho, tapi boh bapa boh Prijatna rada ngeukeuhan supaja kuring rimbitan ka Kartini wae. Kuring njaho, jen Kartini tjukup didikanana, malah lanun lulus udjianana, taun ieu teh bisa ngantongan diploma B hidji. Rupana kaitung pantēs, bisa tiampor djeung someali. Ari anu pohara narikna, bisa djadi pikeun bapa lantaran katendjo pohara njaahna ka adi-adi kuring, dieung mikolot pisan ka indung-bapa kuring. Sēdēngkeun Mimi, éntjan-éntjan atjan njahoeun ka kolot-kolot sarta dulur-dulur kuring. Bisa djadi eta salah sahidji faktor anu ngalautarankeun bapa ninitah kuring supaja nikah djeung Kartini. Tapi dalah dikumaha atuh, sanadjan geulis rupa, ari kuring teu bogoh. Atawa sanadjan hade adat ari taja

duriat? Sarta saha atuh anu dek rimbitan teh, naha bapa, atawa kuring?

Lébah dieu kuring sok asa ngarasa bénér. Bénér sagalaganan, bénér pilihan kuring. Urusan rimbitan teu kudu aja tjampur-tangan ti batur, sanadjan ti kolot sorangan. Kuring bénér, jen kuring ngan daek nikah djeung wanita pilihan kuring ... Mimi. Hanas eta pedah kuring guruna, tapi atuda pikeun hidji guru oge, komo anu tjara kuring mah — guru ngora —, sok aja hidji kahajang. Kahajang geusan meunangkeun tjinta anu mangrupa salah sahidji panghalang hate. Sanadjan eta tjinta teh lojogna ka murid sorangan. Apan tjeuk kuring oge kabénérnan bae djadi murid.

Bapa di Bandung kungsi njarita, jen andjeurnna moal rek nguruskeun nanaon upama tea mah kuring nèpi ka kauntunlipung ka Mimi, sagalana mangsabodo kuring tjénah. Ngadenge tjaritaan bapa kitu, mimitina hate kuring radè ngarakatjak, kawantu tangtuna oge kolot-kolotna Mimi hajangeun kadatangan ku indung-bapa kuring, boh dina nanjaan atawa dina prungna kawin. Tapi kuring ingét jen dina buku-buku roman sok mindéng digambarkeun ajana djadjaka djeung modjang nu kalabur ninggalkeun kulawarga, awahing ku ngabelaan kasuka. Kuring oge mimitina aja lamunan kitu, upama kaparéngkeun kolot-kolot Mimi teu narima kuring lantaran kuring dataung torodjogan tanpa kulawarga. Rek naon deui atuh, mapan anu rek rimbitan teh lain nu sedjen, tapi kuring djeung Mimi. Kuring lain rek nikah ka kolotna.

Kuring sajagi pikeun mutuskeum sagala hubungan djeung anu djadi kolot, lamun pérélu. Kitu tjeuk buku-buku atawa tjeuk dina pilém anu sok rémén dilalaujoan ku kuring. Tapi ..., naha Mimina sanggupeun dibawa hirup kitu ku kuring?

Sanggupeun kitu Mimi dibawa hirup mèntjil, leupas ti kolot-kolot kuring atawa ti kolotna sorangan? Hal ieu kuring teu njaho, kawantu boh kuring boh Mimi lain palaku-palaku nu maen dina tunil atawa dina buku-buku. Dina sagala hal, Mimi katendjona teu bisa lesot tina talari budak bungsu, anu polara piindung djeung pidulurna. Lébah dieu kuring

rada ngarasa tunggara. Tunggara dumeh bakal aja halangan harungan anu baris ngadjauhkeun kuring ti Mimi. Tapi ka Mimi kuring bogoh beak karép, turta tina bogoh teh hajang aja hasilna anu mangrupa beungkeutan anu disahkeun ku panghulu atawa kalipah. Kuring ngarasa tunggara reh ēng-goning mitjinta Mimi teh geus kaérong ti anggalna, jen rea nakér halangan harunganana.

Komo deui upama ditclék-télék dipikir, jen saénjana mah pamohalan kuring bisa mutuskeun sagala hubungan djeung nu djadi kolot. Pamohalan, kawantu kuring ge ngarasa jen kuring teu djol-djlég wae aja di dunja. Teu djol-djlég wae, tapi aja lantaranana. Dilantarankeun ku kongsi antara Ēma djeung Bapa.

Kuring sabil dina ati.

Sakapeung kuring rada ngaénjakeun kana pilihan bapa teh. Komo upama ras ingét jen Kartini geus sakitu mikolotna ka indung-bapa kuring, geus polhara midulurna ka adi-adi kuring. Estu kawas ka kolotna djeung ka dulurna pribadi wae. Heug besé saénjana mah neanganan anu saperti manehna kitu teh. Malah lantjenk kuring sorangan, bogana bodjo teh siga anu teu rēsépeun-rēsépeun atjan ka dulur-dulur salaki djeung kolot salaki teh. Sédéngkeun di Kartini hal ieu teh euweuh tanda-tondana. Teuing atuh. Ari ingét ka dinjana mah, asa hénér bapa djeung Prijatna teh. Tapi kumaha atuh da hate kuring njantel ka Mimi. Turug-turug geus tilu taun Mimi teh dipitjangtjam.

Tjenk pangrasa kuring, ingétan kuring moal bisa leupas ti Mimi sanadjan něpi ka iraha wae oge. Malah upama něpi ka teu kauntun-tipung tea mah, kawas-kawas moal wéleh panasaran.

Kuring balik deui ngingét-ngingét Mimi. Katjipta wae buukna ngarumbaj pandjang tur gomplok. Kulitna hideung sari, beungeut buleud kawas Marilin, panonna herang ngagéntjlang beunang dipake ngatja, pangawakan djangkung hénteu, pěndek hénteu. Ah ..., pendekna mah pikeun kuring manehna estu sampulur. Hénteu soteh bapa ngarudjukan,

atjan wae, pedah atjan dideuheuskeun. Geus djonghok adu liareupan sarta kauninga tindak-tandukna mah, sageuj nəpi ka teu njalujuan. Da geuning tjeuk paribasa oge, sagalak-galakna matjan moal nəpi ka ngahakan anak. Kuring jakin. Jakin jen di ahir balakangkali mah bapa oge mo bisa kumaha. Bapa tangtu njatudjuan. Kuring tētēp nja pamadēgan, jen kuring ngan daek rimbitan djeung Mimi. Ènibung djeung nu sedjen. Pamadēgan kuring geus moal dirobah deui. Tangtungan kieu teh ku kuring didjentrekan ka Prijatna, malah ka bapa oge kuring njuratan.

Ngadenge omongan kuring kitu, Prijatna ngahulēng, han-deueuleun taksiran. Waktu manelina rek djung pisan balik. kungsi ngomong kieu ka kuring :

— Nja ..., La, ari kitu onaman kahajang silaing, boh dewek boh bapa ilaing mo bisa kumaha. Didungakeun wae sing tinékanan sagala kahajang. Ngan, tjing dewek kénalkeun ka pieun ilaing teh. Malah geura deuheuskeun ka nu djadi kolot,

Kuring ngahulēng ngadenge kétjap Prijatna kitu teh. Ngahulēng, kawantu kakara kuring ingēt, jen salungtung mibogoh Mimi teh, kuring tjan ngarasa njarita ka manehna. Kakara bogoh sorangan wae.

Kuring ngahulēng ... Prijatna ngagélēnju waktu kuring njarita ; jen saéijana kuring tatjan njarita ka Mimi jen kuring aja karép ka manehna.

Prijatna ngagélēnju teh bari pok ngoneng :

-- Alus tah, La. Rikip silaing mah mibogoh diélēma teh. nəpi ka anu dipikabogoh ge teu njahoeun .

Subang, 1 Agustus 1956

Tina Dangiang/Siliwangi, no. 66 tn. I,
25 Agustus 1956.

R. A. F.

Inisial tina Rachmatullah Ading Affandie, dilahirkeun di Bandjarsari, Tjamis, tanggal 2 Oktober 1929.

Pendidikan : Sekolah Rendah (H.I.S.), Pasantern Islam "Miftahul Huda" Tjamis, Sekolah Pertanian Ménengah Tjamis, S.M.A./A Bandung.

Sudjana Muda Hukum Universitas Indonesia Djakarta.

Mmiti nulis dina *Sipatahoenan* taun 1948, mangtrupa tjarpon, sadjak, artikel, esej djeung rēportaseu.

Wartawan harian *Indonesia* (Bandung), madjalah *Olahraga*, djeung *Puras Nasional*, (Djakarta).

Rédaktur madjalah *Sunda*, Bandung.

Gede ketineung kana olahraga, babakuna maenbal. Lila djadi sésépuh komisi Persib, djaba ti djadi sésépuh seksi Sastra Lembaga Basa djeuaré Sastra Sunda, Bandung.

Sandiwarana *Dakwaan* djeung *Juomal Qijamah* geus sababaraha kali dipanggungkeun di Bandung, Tasik djeung di tempat-tempat lienna.

Kumpulan tjarponna *Tjurita Biasa*, dikaluarkeun ku Dinas Penertiban Balai Postaka, Djakarta (1959).

Meunang Hadiah Sastra Lembaga Basa djeung Sastra Sunda 1959/1960 ku kumpulan tjarponna *Dongeng-dongeng Enteng Ti Pasantren* nu kaluar kakara dina tn. 1961 katompernakeun

Dina ieu buku dimuat tjarpon-tjarponna

BAPA KUNING MATA-MATA MUSUR
MAEN BAL

Bapa kuring mata-mata musuh

„Di mana bapa, Sur ? Di mana bapa, Sur ?”

Barudak leutik keur ngajeuh-ngajeuh si Mansur, djalma teu pati djēdjēg ingētanana.

„Hej Sur, mana bapa andjeun ?”

„Bapa kuring mata-mata musuh ! Bapa kuring mata-mata musuh !”

Si Mansur ngadjawab bari ngulang-ngulang pameupeuh. Atuh buriak barudak teh lalumpatan bari saleuseurian. Mun geus djauh pok deui bae naranja :

„Sur, mana bapa andjeun ?”

Kitu djeung kitu bae. Beuki djauh, beuki djauh. Sora nu ajeuh-ajeuhan beuki hēnteu tetela. Ukur hawar-hawar. Nu kadenge kench ukur surakna barudak djeung djawab si Mansur : „Bapa kuring mata-mata musuh ! Bapa kuring mata-mata musuh !”

Karunja.

Barudak leutik mah teu njarahoem naom hartina kētjap-kētjap si Mansur. Bēbēndjit ukur rēsēp salusurakan, asa aja kaulinan. Ukur suka, mun si Mansur ngadjawab. Ngudag, bari ngulang-ngulang pameupeuh.

Ku pangheureujan sedjen si Mansur tara ganggu. Tapi mun ditanja tina hal bapana, nadjan keur kumaha bae oge manehna ngudag, ngulang-ngulang paneunggeul bari ngagorowok : „Bapa kuring mata-mata musuh !”

Saēnjana salēmbur kuring mah geus taja nu bireuk kana tjarita si Mansur teh. Kabeh pada njaho, jen langlang-linglingna lain bawa ti adjali, lain gelo ti bubudak. Umumna di lēmbur kuring mah geus euweuh nu teu njaho kana lałakon si Mansur. Tapi nja kitu, teu bisa kumaha. Da geus kitu djadina.

Mun nendjo manehna keur matjeuh, ukur bisa gogodēg bari istigpar, atawa kékētjrek bari ngagērēndēng : deudeuh teuing, karunja teuing. Atawa paling-paling njarem barudak bēngal : montong garanggu !

Kieu geura : nasoro-jansuru-nasron-fahuwa nasirun-wadzaka mansurun. Tuh geuning kapanggih, djadi mansur isuu maf'ul, hartina „nu ditulungan.” Sabab eta nurutkeun saképlasna, harti nu satjerewelena. Si Mansur hirup, sareatna istuning bérkatna panulung.

Ti sabarang dina kandungan kituna teh. Indungna keur njiram, keukeuh hajang angeun poloj, wéleh teu beunang disisilihan. Kungsi njaksrak ka mana-mana, tapi dumadakan nu dipikahajang, keur suwung pisan. Kabénérnan dina kareta api kuring papanggih djeung nu mawa poloj dina karaudjang. Era-era oge ngawajahnakeun maneh, mamandapan. Sirikna teu bari tjeurik menta rek ngahilian.

Taksiran karunjaeun, da sok mere. Panghilian teu ditarima. Pokna hénteu niat djual-heuli, ieu mah ukur nulungan.

Kakara tudjuh bulan leuwih saeutik, bro! budak teh lahir. Leuh ripuhna! Keur mah ngadjuru kakara, turug-turug hese pisan. Tjilaka, memeh djabang baji lahir, indungna dipundut ku Nu Kawasa. Sakitu ge alhamdulillah, sabab maot keur ngalahirkeun kalawan rido. Eta djadi káuntungan, kagolong ka para sjahidin. Nu maot sjahid, bebas tina patékonan kubur. Di aherat, di sawarga. Moal di mana témpatna.

Hadena katulungan ku doktor nu kabénérnan keur turni ka lémbar. Budak lahir kalawan salamét. Hirup, sanadjan matak watir. Tjek babasan, ngan ukur sagéde leungeun.

Alhamdulillah! Disusuan ku bibina. Budak morontod hénteu ririwit. Tah, lantaran eta pisan, lantaran sareatna hirup tina panulung, rarasaan ngaran Mansur pangalusna keur manchna, kalawan harépan satérusna meunang pitulung Nu Maha Sutji, djèga dina mangsana njanghareupan sakaratil maut.” Kitu dongeng bapana.



DÉDÉG pangadégna taja anehna, biasa bae kawas djalma lumrah. Kulitna rada hideung, irungna rada dëmes, panonna tjarekas, zandakeun entjer uteukna.

Aja sipat nu hade pisan di si Mansur teh. Nja eta boga katéguhan hate anu katjida tohagana. Mun boga pamianggil, hese rek diongget-onggetna.

Si Mansur arang langka ngaletak tjuduh, tara gampang ngarobali omonganana. Tigin kana djangdji. Omongna beunung dipertjaja. Mun tjeuk manehna hideung hese ku urang diongget-onggetna. Mun aja soal nu geus djadi tangtunganana, henteu gampang dirobahna.

Eta pisan sababna, ti bubudak geus boga sipat pikapertja-jaeu batur. Sipat-sipat sedjenna taja nu aneh, prah djeung djalma biasa. Djeung da memang ēnja si Mansur lain djalma istimewa, tapi djalma lumrah kawas nu sedjen.

Disiplin seinéndan djaman Djépang nguatan waték si Mansur. Tambah ku djiwa militer. Wani, tur njaho kana kawadjaban sorangan.

Euweuli hidji pérkara goreng nu sama-sakali taja alusna ; oge euweuli pérkara alus anu sama-sakali taja gorengna. Mak-sud teh saperti djaman Djépang, nu njangsara, nu ngaripul-keun, teu saeutik merena kauntungan ka urang, sasat mere modal kana pérdojoangan kamérdikaan. Djaman Djépang ngalahirkeun manusa militer nu pituh ku kawani, nu njaho naon hartina bérdojang. Saperti si Mansur tjontona.

Barang dër repolusi. ēnja-ēnja djadi salah saurang pélopor, nu wani madju ka harcup ngabela běhénéran. Bukti-bukti dina pértempuran leuleutikan djeung Djépang, estu ngebreh-keun jen si Mansur djalma wani. Wani tur tégas. Saluju djeung sipatna : katéguhan hatena hese dirobah-robahna.

J

REFOLUSI lain hartina kakatjoan djeung kaributan. Kari-butau djeung kakatjoan ukur hal-hal anu biasa kadadian dina repolusi. Meh teu aja repolusi anu di djérona taja kakatjoan djeung kaributan.

Oge nu kaalamau ku urang. Népi ka antukna korban tina kakatjoan nu kadadian dina repolusi, geus prah bae disébut

korban repolusi. Sok radjeun pabaliut hese ngabedakeunana, nu mana saenjana korban perdjoangan dina ngabela kamér. dikaan djeung mana korban kakatjoan dina waktu repolusi.

**

HARITA teh tengah peuting. Poek mongkeng ludjan ti heurang keneh teu eureun-eureun. Di imah denkeut Kaum, para pamuda keur karumpul, ngabadamikeun soal-soal perdjoangan.

„Dultur-dultur, urang njekél tanggung djawah mu pohara gédena.” Burhan minangka pamingpin muka tjarita.

„Perdjoangan aja dina leungeun pamuda. Urang kudu wani bërtindak. Kalawan langsung urang hënteu adu hareupan djeung musuh anu rek ngadjadjah. Tapi saenjana kutu-kutu alat pëndjaduhan geus loba di urang. Loba djalma nu ngahalangan kana perdjoangan.”

„Nu kitu kudu diberesan !” panempasna saurang pamuda.

„Kuring geus meunang daptar tjetetan, saha-sahauna nu ngahalang-halang perdjoangan,” omong Burhan.

„Sanggeus kitu naon hesena ?” tjek si Mansur.

„Hesua loba,” Burhan nempas deui. „Urang loba katalian ku kawawuhan djeung duduluran, loba nu kawéngku ku kolot djeung baraja.”

„Dina perdjoangan euweuh koloi, euweuh baraja. Mun sakira ngahalangan perdjoangan, kudu disirnakeun. Urang niaah ka lémah-tjai, leuwih njaah batan ka diri pribadi. Urang sanggup ngétoheun pati,” tjek si Mansur deui.

„Sébutan, saha nu kudu diberesan teh ?” tjek salah-saurang.

„Kuring teu jakin guna-hënteuma, mun ajeuna ku kuring disébutan, sabab tatjan kanjahoan naah arandjeun pertjaja atawa hënteu, djeung naah kira-kirana arandjeun wani migawena.”

„Ieu djaman repolusi, dina sagala tindakan ulah mijumi hajam kabiri. Asa wani asa hënteu. Urang kudu tegas. Wani, atawa hënteu ?” djawab nu sedien.

„Mun kitu urang sébutan,” tjek Burhan.

„Hidji : Sumarta tukang kai.“

„Akur,” tjek nu sedjen. „Memang si eta geus kadenge ngahina kana pērdjoangan. Malah teu daekeun meuli potret Bung Karno oge.”

„Kadua : Lurah Amin. Katilu : Hadji Kartobi ...”

Ngadenge ngaran ieu, tjaritjing taja nu ngomong

„... Bapa kuring ?” tjek Mansur.

„Enja, bapa andjeun,” walon Burhan kalawan tēgas.

„Bukti-buktina geus kapanggih. Kamari kapanggih di djēro lēntjanana aja lawon bulao. Basa digaradalu kamari, dina beuteungna tjap Nica.”

Euweuh djalma nu ngemong. Djēmpe lir gaang katintjak.

„Arandjeun teu meunang ingkar tina sumpah,” tjek Burhan mimiti njarita deui. „Andjeun geus sumpah ka Nusa djeung Bangsa; leuwih tjinta kana pērdjoangan batan ka diri sorangan, batan ka kolot, batan ka baraja. Dina pērdjoangan taja sanak taja kadang, mun sakira ngalahangan kana djallanna pērdjoangan, kudu diberesan. Geus bukti Hadji Kartobi mata-mata musuh.”

„Mun kitu bēnēr kudu diberesan !” tjek nu di djuru.

„Kuring sanggup ngaberesan,” tjek nu deukeut panto.

„Djadi ... peuting ieu : Sumarta, Lurah Amin djeung Hadji Kartobi kudu pērlaja !”

„Akur !” saur manuk.

„Kuring menia ...” tjek Mansur lalaunan.

„Naon nu rek dipenta ?” tjek Burhan. „Asal ulah ingkar tina azas pērdjoangan.”

„Kuring tjinta kana pērdjoangan, sarta tjinta ka bapa sorangan. Pamenta, tong aja nu wani maragatkeun bapa kuring. Tanwande aja ribut di antara urang djeung urang. Sabab tangtu kuring bakal malēs pati.”

„Maksud andjeun ?” tjek Burhan. „Naha mata-mata musuh ku urang kudu diidinan hirup ngadjalankeun pagaweanana, pedah eta bapa andjeun ?”

„Tong kasar kitu,” walon Mansur. „Maksud kuring, kuring sorangan nu rek njirnakeunana, sabab ku djalan kitu kuring

moal malès pati ka nu ngarogaha la bapa kuring. Tapi aja pamenta : menta bukti !”

„Tong loba teuing urusan. feu Jain djamian aman. Urang teu bisa ka landrat. Tapi saksi ènggeus tjukup, Hadji Kartobi mata-mata musuh ! Bisi arandjeun teu wani, kuring nu rek mereskeun ! Tjaritana saderek Mansur rek malès pati, kuring sadia. Kuring njah kana pèrdjoangan. Pikeun eta, kuring wani ngorbankeun sobat. Tapi kuring oge pèrtjaja Bung Mansur lain agen Nica !”

„Repeh !” tjek si Mansur. Awakna ngagidir bawaning ambék. „Prung ! Kuring nu rek meresan. Arandjeun nu ne-wak, kuring nunggu di sisi tjai !”

Saur manuk : „Akur ! Akur !”

Riungan bubar.

**

HUNDJAN beuki kérèp. Kaajaan beuki poek.

Sora Hadji Kartobi nu keur husu matja surat Jasin ngawawaas djalma nu sok ibadah. Soara nu naek turun, djiga dibaréngan ku sora njerelekna tjai tina telang. Husu, estu husu pisan.

Kétjap-kétjapna — kétjap-kétjap Arab nu teu kaharti — mani djiga njérèp kana tulang. Njérèp ... djigana moal njérèp kitu mun basana basa lantjaran biasa, basa nu kaharti sapopoe mah.

... Kola ja waelana mambaaisana, mim markodina-hadza mia waadar-rohmanu wasodakol-mursalun ...

Mani sêmu katjipta, djeung karasa ; ari hartina eta ajat teh : Djalma-djalma harudang tina kuburan, luak-lieuk di jaomil ahir. bari ngagéro : „Saha nu ngahudangkeun kami ? Nja ieu nu didjangdjikeun ku Nu Mahamurah ; sidik bénérna para rasul teh.”

Enja mani djiga njérèp pisan. Eta da barang nèpi kana sakat, eureun sakeudeung bari narik napas teh, bangun rĕj ... rĕj ... bulu pundukna muringkak.

Ngadjina tereh tamat. Nu ngadarépong di luar geus hčnteu sabar.

Barang tamat, gedor ! gedor ! kana panto.

„Saha eta ?” tjek Hadji Kartobi.

„Kuring, buka panto !” tjek nu di luar.

Teu talangke panto dibuka.

Bělětak kana sirahna, lěng manehna teu ingèt.

Ingět-ingět geus di sisi tjai, pedah karasa angin tuis nga-hiliwir, djeung sora tjai ngagolontor. Tapi geus teu walakaja Ditalian, panonna dipeungpeukan.

„Rek dikumahakeun kuring teh ?” manehna nanja.

„Montong ngomong. Mata-mata musuh kudu musna !”

„Kuring rek dipaehan ?” manehna nanja deui pěgat-pěgat

„Běnér, pikeun kapětingan pěrdjoangan”

Hadjı Kartobi teu ngadjawab.

„Mang Hadji,” tjek salah saurang. „Bisi mamang rek ngado'a, bisi mamang rek njuhunkeun disalamětkeun dina sakaratil maot ku Nu Maha Sutji, sae ajeuna. Mamang moal lami deui ngadangu guruhna tjai, ngaraos hiliwirna angin.”

„Geuning maneh, Run ?” tjek Hadji Kartobi. apal kana sora Harun batur Mansur.

„Sumuhun mang, sanes iklas, mung kaajaan nu menta.”

„Hajang panggil djeung si Mansur. Run !” Hadji Kartobi njarita deui.

„Manehna teu aja di dieu, mang !” walon Harun.

„Mamang iklas němahan pati, Run, mamang těrang, ieu buahna nu hianat. Tapi boga pamenta mun mamang geus lastari, hajang dikubur. Tong dipalidkeun.”

Lila Hadji Kartobi njaritana djeung Harun, bari ngadagoan wadal nu dua deui daratang.

„Mangga mang Hadji, geura sajagi,” tjek Harun.

„Nja atuh, mana kieu ge geus milik memang, kudu paeh tanpa lantaran. Geus aja tulisan ti azalina. Ngan, těpikeun pangdo'a mamang ka si Mansur, Djang !”

„Dongko !” tjek nu marentah.

Hadjı Kartobi dongko.

„Asa ngadenge sora anak kuring, si Mansur !” manehna njarita heula.

Teu kungsi didjawab, si Mansur taki-taki ...
Inna lillahi wa inna ilaihi rodji'un ...
Maot dihukum kalawan teu kanjahoan salahna.

**

PERDJOANGAN beuki lila beuki panas. Korban beuki loba, korban kamērdikaan, korban tekad anu tēguh : ngabela hak satjara hidji bangsa !

Pamuda-pamuda ti lēmbur kuring geus ngurangan, dipenta ku pērdjoangan. Si Burhan geus tiheula nēmahan pati, digorok ku baturna sorangan lantaran hawēk teuing.

Si Mansur masih tētēp djadi pēdjoang, tara pisah djeung si Harun. Si Harun estu satia kana amanat Hadji Kartobi memeh lastari : „Djang, mihape anak mamang !”

Hidji poe.

Keur raramena pērtēmpuran, teu kanjahoan ti mana djolna pelor ngahiung neangan wadal, keuna kana dada Harun. Mansur muru. Sobat dalitna disangkeh.

„Kuring rek njarita heula,” tjek Harun pēgat-pēgat.

Si Mansur teu ngadjawab. Leungeunna ditungkupkeun kana dada Harun nu pinuh ku gētih.

„Andjeun kudu tobat, Sur !”

„Maksud andjeun ?” tjek si Mansur.

„Saēnjana bapa andjeun maot tanpa kasalahan. Bareto kuring teu wani njarita, sabab si Burhan rek ngarah pati. Bapa andjeun maot ku hianatna si Burhan nu hajang ngarēbut harta banda bapa andjeun.

Andjeun kudu tobat, Sur ...”

Ngan nēpi ka dinja, Harun geus taja di kieuna. Hēnteu daja teu upaja dipundut ku Nu Kagungan.

Si Mansur balik ngadigdig, muru astana tēmpat bapana. Tjeurik njuuh kana tutunggul. Teu daek balik, tērus tiitjing di kuburan. Tēngah peuting manehna nangkuban. Tjeurik katjida njērina. Mun bisa, taksiran moal boa tjeurik gētih.

Teu puguh ti mana djolna, udjug-udjug bělégéděg di ha-reupeunana aja nu nangtung. Djangkung gčde, tur sarwa bodas.

Barang si Mansur tjēngkat, nu nangtung njakakak seuri.
„Andjeun nu maehan bapa teh ? Djalma teu tuah teu dosa ?” pokna.

„Kuring ngadjalankeun parentali,” djawab si Mansur.
„Bapa kuring mata-mata musuh.”

„Ha ... ha ... ha ...,” nu bodas teh seuri deui. „Teu njaho maneh jen eta teh palsu ? Gěde dosa maneh, anak maehan bapa !”

„Bapa kuring mata-mata musuh ! Bapa kuring mata-mata musuh !” djawab si Mansur.

Nu bodas beuki ngadeukeutan. Si Mansur ngadegdeg.
Kék leungeunna nu bodas teh kana beuheung si Mansur,
djérít si Mansur ngadjérít ...

Kesangna luut-leet, manehna hudang. Impian goreng pisan.
Manehna tjēngkat, breh bapana nemongan, breh nu bodas
dina impian tea oge nemongan. Nadjan nutupan tjeuli tětěp
kadenge seuri nu bodas teh. Maneh maehan bapa ! Maneh
maehan bapa ! kadenge sorana.

„Bapa kuring mata-mata musuh ! Bapa kuring mata-mata
musuh !” tjeuk si Mansur ngagorowok bari indit.

Teu eureun-eureun kituna teh, těrus něpi ka beurang go-gorowokan. Matak karunja. Si Mansur owah ...

Unggal ingět ngagorowok : bapa kuring mata-mata musuh !
bapa kuring mata-mata musuh !

Běběndjít mah ukur rěsěp ngaheureujan.

Tina Sunda no. 15 ta. II,
31 Mei 1953.

Maen Bal

WANI sumpah. Sadjero masantren teh kuring mah teu kungsi budug sakali-kali atjan. Kungsi aja nu maréltentis mah, dina séla² ramo. Tapi lain budug. Kuman tjai eta mah. Buktina, diubaran ku minjak haneut sakali oge. bérésih pisan.

Népi ka wani susumpahan teh, pedah geus pada térang, jen umumna santri mah sok budug. Népi ka djigana teh, tjan afadol djadina santri lamun hënteu budug.

Atuh dina ngadji, kuring teh teu muritik² teuing. Nadjan hënteu njongtjolang, tapi hënteu kasébut santri bélét. Malah aja nu njébut tjalakan. Pedah djéro dua taun teh make bisa njusul nu geus mukim lima taun. Tapi eta miah bisa njusul, lain pedah kuringna tjalakan, tapi ituna nu pohara bélétna.

Djeung ku kituna mah kaharti. Kuring memeh asup ka pasantren teh make kungsi tudjuh taun sakola H.I.S., djeung basa keur di lémbar kungsi diadjar ngadji djeung sakola agama. Ngadji di imah, sorena sakola agama, peutingna di Adjéngan Énob. Atuh mun keur père sok ngahadja keurseus basa Arab di adjéngan Suganda. Djadi aja dadasar barang djol ka pasantren teh. Dëmi nu sedjen, umumna teu taramat sakola rajat, malah loba nu ngan ukur népi ka këlas tilu sakolana teh.

Katurug-turug kakasih Adjéngan deui. Përlu hal ieu ditérangkeun sabab santri² nu sedjen miah nganggapna pang kuring tjalakan teh pedah djadi kakasih Adjéngan. Lamun djadi kakasih Adjéngan hartina sok pangheulan meunang nginum tjai sérédan Adjéngan. Da di pasantren mah sok parébut atuh tjai sérédan teh. Pada² hajang ngirum. Ngalap bérékah, djeung sok matak tjalakan tjénah. Dëmi Adjéngan sok ngahadja mikeun ka kuring heula. Mun kuring geus nginum, kakara dikanu-sedjenkeun.

Djadi kaharti mun di pasantren — malah di sakampung eta kuring kaasup santri „térkémuka”.

Santri nu hënteu budug. tjalakan djeung kakasih Adjéngan Tapi saënjana kuring leuwih „térkénal” di kampung eta

teh, satjara santri nu bisa tunil djeung bisa maen bal.

Teu deuk susumpahan. Ngan loba saksina nu njahoeun, jen harita di pasantren teh dina lēbah maen bel mah kuring teh „radja bolana”.

Djeung lain ngan wungkul maen deuih. Tapi djeung ngurusna. Kuring nu sok njieun surat mun nangtang ka kleup sedjen, kuring nu sok njieun pasangan lamun rek maen, kuring deuih nu sok djadi „kapten” kasawēlasan. Pendekna ari dina lēbah maen bal mah — saperti dina tunil — kuring teh tjlok ti tengah. Mang Udin „asisten” Adjēngan, mang Hudari santri kahot, kang Ēngkus radja Lugoh, dalah Adjēngan pisan, ari dina lēbah maen bal mah nurut ka kuring. Mun tjeuk kuring djadi bek, djadi bek. Mun tjeuk kuring tong maen, atawa eureun maen, tara make kadenge gēgēlēndēng.

Sakitu mah njá beunang disébutkeun wewéng kasawēlasan pasantren kuring teh. Pek bae geura, kipér si Ibro. Budak djangkung hideung, siga keujeup leuleus tapi tangginas. Lung-haj-lenghojna, gumasepna, aksina, mun beh dieu mah asa nendjo kipér PSSI Paidjo. Ngan pedah si Ibro mah teu pati bisa nalapung djeung sok rada djantungeun mun aja bal ka luhur. Ku kituna mah, ujuhan bisa ngipéran oge. Da panonna delengna pohara. Da mun pahareup-hareup djeung urang, hese urang nangtukeunana, nendjo ka saha manehna teh. Naha ka urang, atawa ka batur? Djeung teu paja disurakan deuih. Komo ari lēbah di Tjigombong mah panongton teh sok katjida teuing. Népi ka aja nu njébut „si teleng” atuh.

Bek katuhuna si Usup. Budak bosongan pikasicuneun, da hapur saluar awak. Si Bahrur galandangna. Djangkung leutik, tapi bangenan. Mun nendjo kana sukuna mah teu djiga² bisa maen bal. Da patjer atuh. Tapi lamun geus maen, asa nendjo si Jonquet galandang Perantjis nu kakontjara. Da mani siga „dipatjokan” mun bal ka luhur teh. Si Komar katuhu luarna. Gantjang djeung tarik sepananana. Da lamun seg si Komar maen bal keneh ajeuna, djigana ari kana pa-maen PSSI mah kudu djadi. Ah, da nadjan djeung Witarsa oge, kuring mah asa wani ngadukeun.

Kuring sentērpur. Da ngan sagaleong-sagaleong atuh galandang pasantren Tjidjahe mah. Nadjan ēnja galandang Tjidjahe teh dēdēg, tapi da bojot. Teu kaop kaliwatan meu-eusan, tara diudag.

Nadjan barudak keneh oge pamaenna, tapi pasantren kuring teh hese tandingna. Bangsa kasawēlasan² pasantren mah kabeh oge dilalab. Kleup desa pisan, nu pamaen²na geus karolot diantarana aja mang Karim nu kawēntar „si patok”, ku pasantren kuring mah tilu-ēnol elehna. Diganda katuhu luarna lain si Komar, tapi si Atjeng. Sabab harita teh si Komar keur bisul dina pingpingna.

Ku kuat²na, nēpi ka lamun pasantren Tjidjahe rek maen djeung nu sedjen, tiluan mah kudu ti pasantren kuring teh „di-bon”. Biasana mah si Usup, si Komar djeung kuring. Malah, mang Sukri mah kokolot pasantren Tjidjahe, geus saba-baraha kali ngolo, sangkan kuring pindah masantren ka Tjidjahe. Pokna teh : „Rēsēp di Tjidjahe geura masantren mah Anak Adjēnganana oge leuwih geulis batan Nji Halimah.”

Kungsi malah aja kasawēlasan barudak sakola ti T. Barudak kota, djadi tangtu leuwih barisa maenna. Malah si Musa oge milu. Ari si Musa tea, di T.-na oge geus milu maen bal djeung kolot. Ēnja, ari barisana mah. Tapi barorangan. Di opat-ēnol teh djeung rada diheureujkeun malah. Atuh si Musa nadjan bēbērēbētan oge, teu bisa nanaon. Malah balikna mah ingkud-ingkudan. Disabēt ku si Usup.

Ari Adjēngan (tjek kuring oge moderēn) sēpuh² oge sok ngērsakeun maen bal. Ari latihan. Katijpta keneh, sindjangna disinglidakkeun, nu tempong nēpi ka dēngkulna teh, ngan tjalana tjéle bae wungkul. Diraksukan kutung, sakapeung mah mastakana sok dibeungkeut ku anduk leutik.

Sakali mangsa mali kareureuwasan. Ari reuwasna pisan mah, eta si Atokna kakara pisan ditjarekan isuk²na teh. Pedah aja nu ngčlakkeun padjar si Atok ngadji hēnteu wulu heula. Duka teuing ēnja duka teuing hēnteu. Ēnja bae atuh bisa djadi. Sabab ku kuring oge katembong, si Atok teh tas heureui djeung si Atjeng, pabau-bau „richul qobih”. (Di pasantren

mah ari bobos teh disébutna richul qobih. Richul hartina angin, ari qobih goreng). Tah ari tas kitu teu katembong ka tjai deui. Kek njékél kitab.

Tah ari sorena maen bal. Adjéngan ngérsakeun djadi bek. Teuing kadupak ku si Atok teh, teuing memang ngahadia didupak. Si Atok keur lumpat mèngpèngan, adjéngan rek ngarébut bal. Da mani djiga dipangpengkeun atuh Adjéngan teh. Njangkorah dina kamalir. Eta bae da tidjéngkangna oge aja kana tilu diurnalitna. Mastakanan mani siga nautjéb kana leutak taneuh beureum. Ari mastaka tea, mastaka lenang. Puguh, ari tjéngkat teh mani djiga tas ditjélep beureum. Reuwas sarerea oge. Mulihna oge disangkeh Adjéngan teh. Sabot kitu, katjiri si Atok teu puguh polah. Buru² njampeurkeun ka kuring. Pokna : „Wallahi Den, teu dihadja. Ana lumpat kalépasan . . .“

Meumang tilu poe si Atok teu dipariksana oge ku Adjéngan teh. Malah Ibu Adjéngan mah, make kungsi ngontrog sagala ka ɭobong. Nundjuk² bari saurna : „Awas lamun Adjéngan „marid” (teu damang), anta kudu ngaganti ngadjar ngadjii ka santri?“ Mum si Atok rek nembal, gantjang pisan Ibu Adjéngan mègat kalimahna : „Uskut anta, la tatakallam“, (Tjéting maneh, montong ngomong) saurna.

Ari akibatna, santri² meunang saminggu teu bisa maen bañ. Sabab balna disumputkeun ku Ibu Adjéngan. Hadena basa Ibu Adjéngan keur angkat, ku Nji Halimah bal teh dipulangkeun. Malah basa tas ngadjii, Adjéngan kungsi mundut ham-pura ka si Atok. Saurna : „Atok hampura ana, harita make ngambék, padahal ana oge njaho, jen anta harita teu ngahadja ngadupak ana.“ Sportip Adjéngan guru kuring mah.

Dina ujaritakeun maen hal di pasantren aja sawatara hal nu hese dipopohokeunana. Sapèrti dina rek njanghareupan pèrtandingan. Sok lajang seuri ruguli oge ari dipikir ajeuna mah.


Lamun ajeuna, dina rek njanghareupan pèrtandingan teh, peutingna kudu tibra sare. Paling èlat tabuh sapulch teh kudu geus ngampili

Ari di pasantren mah sabalikna. Peutingan rek njangha-reupan pèrtandingan teh, malah tara sare. Tapi ngariung ngadji Jasin nèpi ka djanari leutik. Malah sok rémén tuluj mèlek nèpi ka subuh. Ngadji teh ngariung nu isuk arek maraen bal. Di tengah² riungan aja baskom dieusi tjai bérésih. Ti Isa nèpi ka djanari leutik teh, saurangna ari limapuluh balik sewang sok meunang matja Jasin teh. Komo ari di lèbah si Djael, da geus apal pisan Jasin teh. Teu kudu matja deui. Salian ti baskom dieusi tjai, bal keur isuk deuih nu diteundeun di tengah² riungan teh. Bal meunang ngompa, ngan kari make.

Isukna memeh prung, bal teh dikumbah ku „tjai Jasin” nu dina baskom tea. Nu rek maraen deui kudu ngatjomkeun leungeun katuhuna kana tjai, tuluj diusapkeun kana beungeut. Djadi kitu lah, tjai Jasin teh dipake sibeungeut.

Sesana, dipake maseuhan bintjurang. Ngarah kuat, ulah babari njéri lamun katadjong batur.

Aneh puguh oge. Da nadjan meh sapeuting djéput teu sare oge, ari dina prungna isukna mah asa tara totolondjongan. Djagdjak waringkas bae. Bal deuih asa pohara hampangna. Da sanadjan hudjan oge, bal teh asa ngoleang. Asa njepak



pépéldungan sakapeung mah. Bakat ku hampang.

Aja babatjaanana mun rek sup ka lapang teh. Hénteu kitu bae. Moal dibedjakeun babatjaanana mah, bisi ditarurutan. Ngan bisi panasaran, rek dibedjakeun ari babatjaan mun rek njepak „pinalti” mah. „Waljatalatof”, babatjaanana teh. Eta teh ajat Quran nu pangtengahna. Ditulisna oge geuning sok ku mangsi beureum. Arang gagal njepak pinalti make baba-tjaan eta mah.

Lamun dina hidji waktu maen bal eleh, biasa nakér mang Udin ngagéldéng : „Tah nu matak berudak sing harusu ari ngaradji Jasin teh ...” tjénah. Djadi lain njalahkeun maen bal, tapi njalahkeun ngadji.

Adjéngan ngalulugukeun. Biasa nakér saurna : „Ari olahraga teh eta sabagian tina iman. Ku Gusti Alllah urang teh dipaparin badan. Tah eta badan teh ku urang kudu diriksa sangkan sehat. Salian ti ku dahar ngariksa badan kudu ku olahraga, sangkan sehat.”

Kungsi aja santri nanja : „Adjéngan jaktos ari maen bal haram? Pedah eta wartosna kapungkur nu disepakna teh mastaka sajjidina Hasan-Husen.” Mani njakakak Adjéngan gumundjéngna. Saurna . „Heueuh haram sotéh lamun balna ku sirah djalma, ari balna ku kulit’ mah, naha make haram ... Bisa djadi haram maen bal teh, lamun sakira matak poho kana ibadah, atawa matak ruksak awak. Djeung ari matak ruksak awak mah, ulah boro maen bal, dalah dahar oge haram.”

Saur Adjéngan keneh, ari maen bal teh saénjana mah ngalatih lahir djeung batin. Lahirna atuh badan djadi sehat, batinna atuh pikiran djadi tjageur. Kapan dina maen bal teh urang kudu nahan napsu. Ulah hajang njilakakeun batur, ulah hajang malés lamun kasepok ku batur. Pokona mah teu meunang goreng hate

Ana dipikir ajeuna, bët teu beda meueus² atjan kasauran Adjéngan teh djeung pamanggih ahli² olahraga modern. Ngan beda kétjapna wungkul. Hakekatna mah gcus karawu harti „mens sana in corpora sano” (djiwa nu sehat aja dina badan nu sehat) teh

Adjēngan mapatjuān teh dina palēbah maen bal ulah djadi ngadu. Maksudna dina lēbah eleh meunang. Eleh ulah djadi gēring (kawas eleh ngadu), mun meunang ulah djadi dir. „Urang njehatkeun badan sangkan bisa ibadah, hartina lamur sakira matak djadi doraka mah — lantaran djadi dir upama — kateu-teu ari njehatkeun awak,” kitu saur adjēngan anu baku ka para santri.

Bulan Puasa harita teh.

Pasantron kuring taten² baris nampa nu marag ti pasantren M. nu geus kawēntar pohara kuatna. Ku kuat²na nēpi ka urang M. mah sarombong. Pokna : „Ku kleup djin oge pasantren M. mah moal ēnja eleh”. Loba santri² ti pasantren sedjen, nu barisa maen bal parindah masantrenna ka M. Ku sabab hajang meunangan maen balna. Kaharti nu matak djadi kuat oge.

Kuring ge tjan kungsi ngabuktiikeun kuat²na mah. Ngan ari ngadenege mah geus rēmēn. Jen barudak pasantren M teh ēnjaan barisa maen bal. Tjan aja nu kuat di lēnburna mah. Ari meunangna deuih tara sacutik-saeutik. Pasantren Tjidjambe oge dalapan elehna. Ari pasantren kuring meunangna ka Tjidjambe teh ngan ukur dua.

Datangna ka pasantren kuring lain diondang. Tapi ngahadja marag. Ari pokna mah, itung² ngabuburit.

Ari kuring, mun poe² kahidji bulan puasa mah sok balik ka lēmbur. Sok hajang munggah di lēmbur. Tapi ari harita, kakara oge dua poe aja di lēmbur, djol si Atjeng djeung si Atjeng njusulan. Pokna, disaur ku Adjēngan kudu kairingkeun. Reuwas ari mimitina mah sugan teh aja nanaon.

Kakara dina pērdjalanan si Atjeng njarita, jen pang diala teh lantaran isuk kudu maen bal. Saēnjana mah lain dititih ku Adjēngan, tapi ku mang Udin. Salian ti kuring, tjēnah si Komar deuih nu ngahadja diala ka lēnburna teh. Da kabēnēran keur balik deuih.

Kuat pisan harita mah puasa teh. Da diganda maen bal teh tara ripuh² tening. Djeung djagdjag deuih maen balna

oge. Malah awak teh sok asa leuwih ngoleang batan keur teu puasa.

Adjéngan ku andjeum ngandjurkeun maen bal bulan Puasa teh. Salian ti itung² ngabuburit teh djeung latihan nahan napsuna leuwih énja². Pada tērang ieuuh, jen lamun keur puasa mah sok dareukeut pisan kana piambékeun teh. Dina maen bal mah nahan napsu ieu teh leuwih beurat. Sabab mun ngambék salian ti teu hade teh, djeung matak batal puasa deuih ari bulan puasa mah. Naon hartina ngabuburit ari matak batal puasa mah.

Si Atjeng deuih nu ngadongeng, jen nu baris dilawan teh pasantren M nu kawéntar tea. Kuring nanjakeun, naha kabeh tukang maen bal di pasantren araja. Djawab si Atok . „Nu rada géring oge teu sirkna ditiupan ngarah bisa maen.” Nu disébut rada géring teh si Ibro. Teu aneh ari si Ibro mah, da unggal puasa sok géring. Eta tuda ari lain bulan puasa sok pohara tjapek rahemna. Djadi ari puasa teh ripuh pisan.

Basa kuring djol ka pasantren, mokaha dibageakeun pisan. Si Ibro oge ngadak² djagrljag, da sieuneun teu dimaenkeun meureun ari ngaringkuk bae mah.

Memeh barudak M daratang ege. kuring geus jakin jen pertandingan teh baris djadi „duel niet” (ngadu djadjaten) anu rame pisan.

Wantji lohor barudak M teh daratang. Leuh énja lengkép pisan. Kabeli djago²na daratang. „Tuh itu Den djagona teh,” tjek si Obi bari nundjuk ka budak petekel pikasieuneun.

Nu disébut djagona teh si Salim. Maenna djadi galandang. Kareret, bitisna oge babalingbingan. Tjek si Obi keneh, litjik saénjana mah. Sabab si Salim teh hënteu mukim di pasantren. Ngan unggal poe ngadon ngadji. Da ari gawena mah tukang ngangon munding.

Geus pada mupakai. Jen bal maywa hidji sewang. Sarta dipakena saténgah mænan sewang. Malum, kapan geus pada tērang, kumaha ari jalakon bal di pasantren teh.

Nu djadi lepri geus dipéto. Mang Ulis Djakat urut djagoan

Geus patotos deuih, jen memeh prung mang Ulis teh kudu disumpah heula hareupeun Quran, jen baris adik. Mun geus disumpah kitu, dua pihakanana reugreug djeung gembeleng pertijsaja, jen lepri teh moal beurat sabeiulah. Da mustahil aja djurutulis djakat teu sieuneun ku sumpah Quran.

Tening sabaraha puuh urang nu datangna urang M teh. Maksud teh djeung nu rek ngabobotohanana. Atuh barudak santri di pasantren kuring oge pada hajang njaksian. Ditambah deuih ku urang kampung mu hajang Laladjo bari ngabuburit.

Umumna pamaen² ti M teh leuwih darèdèg. Djeung barosongot pisau deuih. Kipérna djangkung gède. Djeung tonggar deuih matak wégañ nu brukna. Ngan bedjana ngede, hartina ngan leungeun kentjana wungkul nu birup teh. Djeung tjénah nadjan bosongot oge, rada borangan.

Memeh kuring njaritakeun përtandinganana, asa përlu mun kuring ngadongengkeun heula përmaenan barudak pasantren kuring. Maksud teh, sangkan aja gambaran.

Djadjaweun kana make sistim kawas ajeuna. Ieu mah saprungrna. Ukur kudu njepak djeung kudu lumpat. Tapi nadjan kitu, lamun ku kuring ditjipta ajeuna. përmaenan pasantren kuring teh kira² kieu.

Sistimna, sistim „ortodoks”, hartina galandang milu ka hareup. Kaharti lèbah dinjana mah. Da di sakuliah Indonesia oge kapan tjarang ajana sistim „stopperpil”, teh. Hartina galandang nu djadi palang-panto di tukang. Halcp nu maradju. Harita mah sakuliah Indonesia oge make sistim ortodoks.

Ditendjo tina gaja përmaenan, pasantren kuring teh mirip² kana gaja „kontinental”. Maksud teh pondok, tapi gantjang. Atawa meureun mun di Indonesia harita mah, djiga Persis Solo, keur djaman Maladi djadi kipérna. Ku gaja eta, kapan Solo harita make bisa djadi djuara PSSI meunang sababaraha taun teh.

Djeung memang teu bisa teu kitu deuih. Sabab barudak pasantren kuring teh laleutik. Djadi teu bisa tararik njepakna. Iwal si Usup djeung si Komar meureun nu tarik teh.

Nadjan harita mah iara dipikir heula memeh maen teh, tapi kitu kira²na gambaranana teh.

Nu dipahing pisan teh, barudak teu meumang ditumanan mawa sorangan. Mang Udin nu sok njarekan budak nu hajang disebut „si Oraj” teh. Pokna „Dina Islam haram hukumna djalma pupudjieun teh.”

Bada Asar ari maen bal teh. Salat Asar heula bērdjamaah Santri semah nu adan djeung komatna, Adjēngan pribumi nu ngimamananana. Kitu kabiasaan di pasantren teh.

Sanggeus aweh salam, Adjēngan sasauran heula. Mapatjuuan sangkan maen bal teh ulah narapsu. Sing inget kana bulan Puasa. Lamun sakira matak batal puasa mah, leuwih hade montong maen bal.

Tah harita deuih, lepri disumpahna teh.

Dimitian ku utjapan „bismillah” djeung „biidznillah” barudak kuring asup ka lapang. Gér kēprok. Leuh, asa ēnja. Katendjo santri² M memeh arasup ka lapang teh barabataan heula. Sidik, da katendjo atuh nalamprakkeun leungeuna ianda keur ngado'a. Geus kitu kakara arasup ka lapang. Papakeanana mah sarua bae djeung kleup kuring. Hartina aja nu dibadju, aja nu buligir.

Ēnja, Sagērēbēgan oge geus karasa, jen musuh teh beurat. Garalak djeung garantjang. Sepakanana tararik. Eta bae, kakara ge prung, si Ibro geus njékél bal. Ēnja deuih si Salim teh hese diliwatariana. Sukuna kentja katuhu harirup. Ari njepak teh manji ngahiuk, matak sieun ngadeukeutan. Ari pētana, hēnteu daekeun ngadjauhan kuring. Ngikintil bae ti barang prung oge. Geus aja bedjana taksiran ka maranehna oge, jen kuring radja bolana teh. Si Bandi deuih — salentēr tēngahna — nu gantjang teh. Babalitjētan bangun rada bariueun ngaliwatan si Bahrur teh. Hadena sore eta teh si Usup maenna mati-matiyan, djeung si Ibro keur rada mudjur. Bal sepakan si Bandi oge, sangkilang ka djuru, da dirontok atuh. Ēnja ari ēnjana mah djadi kornel, tapi mun teu dirontok, moal boa bakal asupna.

Gér atuh nu laladjo surak, si Ibro asa heueuh, datang gu-

masepna. Naha atuh, bal ti katuhu luar musuh, ngagorolong laun nakér. Ah ditewak kitu bae oge, naon hesena. Ari ieu si Ibro pupudjieun. Da rek newak bal sakitu launna oge ngagoler atuh. Bal djauh keneh, manehna geus ngagoler. Ari geus deukeut, ari tjléng teh bal ngantjul, keuna kana batu sagède muntjang. Atuh si Ibro ngagoler, ari balna ngaliwatan sirahna. Blis teli asup. Pek geura, saha nu teu sèbél. Katendjø mang Udin gégédjlig di sisi. Mun lain bulan Puasa, taksiran kana ditjabok-tjabok ēnja tali si Ibro teh. Mimiti rada paur basa geus eleh 1 — 0 mah.

Basa bal ka sawah, kuring ngaharewos ka si Usup. Manehna unggueuk-unggeukan. Geus kitu kuring mere parentah deuih ka si Atok.

Djol si Bandi mawa bal, „dirébut” djeung suku²na. Da mani kawas nangka asak ragragna si Bandi teh. Moal hënteu njérina teh.

Barang mawa bal deui, bangunna mah rek malës, tapi si Usup ngagorowok : „la tagdib, sjahrussija” (ulah ngambék, ingét bulan Puasa !) tjénah. Atuh teu tulus ngambékna si Bandi teh, kaburu ingéteun. Geus kitu, djékek deui si Dahir dibabuk ku si Atok, mun rek malës gorowok deui si Atok kawas tadi si Usup, ngingétan jen bulan Puasa. Atuh teu bisa malës. Tah ku kitu raripuhna barudak M teh. Hajang malës, tapi teu bisa. Ari barudak kuring mah nadjan ngababuk oge moal matak batal puasa. Sabab ngababukna hënteu djeung napsu. Beda deui djeung lamun malës. Kapan ari malës mah tangtu bari napsu.

Kuring sorangan teu bisa walakaja. Da teu didjauhan ku si Salimi. Rek ngababuk, teu wani. Da nendjo bitisna oge babalingbingan.

Basa reureuh teh pasantren kuring eleh 1—0 tea bae.

Dina babak kadua bal teh diganti ku bal ti pasantren kuring. Eta da aneh, tadi mah asa beurat nakér bal teh, asa njepak batu malah. Naha ari ajeuna, da mani asa ngoleang bal teh. Rarasaan ngan ukur katoel ku suku bal teh, tapi

na atuh ari bĕlĕsat teh tarik pisan. Mimiti barudak kuring meunang angin.

Teu katara-tara atjan ku kuring oge. Katembong teh si Komar nampa bal ti si Atjeng, disakal'keun kana gul musuh. Da ngan sakolepat, bal tch geus asup negtog ka nu laladjo di tukangeun gul musuh. Bangbaraan.

Kuring geus njaho kana sepakan Sumo, nu kawĕntar ..mĕ riam D'akarta", kuring kungsi njaho kana sepakna bangbaraan Backhuys nu kawĕntar ka mana² tea, kuring geus njaho kana sepakan San Liong nu nĕpi ka djiga "ombak banju" bakat ku tarik, kuring geus njahio kumaha tarikna sepakan si Lubukin salentér hareup Rusia anu tjek nu bohong mah matak meupeuskeun sirah nu ngahedĕn, tapi .. sepckan si Komar njeun gul harita asa tjan manggih bandingna. Maksud teh tarikna. Da mani siga ngaliung disada atuh. Eta bae, da si tonggar oge kipér M, teu ngalieuk-lienk atjan. Marukan mah tjan disepak ku Komar. Eta bae deu'h, da kolot nu kasentér di tukangeun gul oge mani nangkarak bĕngkang. Tja-tjakan kasentérna teh hĕnteu nĕnggĕl. Teuing kumaha djadina lamun nĕnggĕl.

Sieun disébut wadul bae kuring mah, mun njaritakeun sa-baraha hasilna pĕrtandingan harita. Da siga rahul atuh. Kumaha teu rek siga ngabohong, ari sabab pasantren M nu sakitu kawĕntar moal eleh nadjan ku kleup djin teh teu kurang ti 7—1 elehna ku pasantren kuring mah. Kuring sorangan nrasupkeun tilu. Rek disébut wadul rek hĕnteu, tapi da énja kitu harita teh.

Eta pisan sababna pang kokolot santri ti M memeh balik teh njampurkeun heula ka kuring. Ngolo-ngolo sangkan kuring pindah ka M. Tiĕnah : ..Mun anta masantren di ditu mah, tong mikir ngaliwĕt sorangan. Dipangliwĕtkeun unggal poe oge." (Teu njahoeun padahal harita oge kuring tara ngaliwĕt sorangan, tapi sok ku si Atok). I euh asa ngapung, irung diolo kitu tch. Asa dijadi Raymond Kopa nu diolo ku Sĕpanjol pedah djadi radja bola Pĕrantjis.

Tatjan diumumkeun.

TAN BIE HUN

Sandiasmana Muh. Usman. Dilahirkeun di Bandung dina taun 1929. Sanggeusna namatkeun S.R. nulujkeun sakolana ka Sakola Teknik bagian Radiotélégrafis di Djakarta, tapi samemeh tamat geus pindah deui ka Sikota Périkanan di Bogor. Kaburu kapégit ku révolusi, nja asup ka Angkatan Pémuda Indonesia (A.P.I.).

Dina mangsa ngungsi di Tasikmalaja siring ngabandungan tableg anu séring diajakeun pikeun umum, nèpi kapangaruhan djomodjo hajang ngadji sorangan. Kabèntran nja kiai anu kirsaeun ngawurukan, nja tèrus masantren. Dina pamastrahan kadaolatan, pindah ka Bandjar, masantren di pasantren Bandjarsari. Ti dinja nulujkeun sakola di S.G.A.I. (ajeuna mah P.G.A.) di Bogor. Ngan sataun da tèrus dipindahkeun ka Solo. Ti P.G.A. henteu tèrus digawe da Ikatan Dinas dipulangkeun, nja milu udjian persiapan Pérgruan Tinggi Agama Islami di Jogjakarta.

Karangan-karangananane dina basa Sunda dimuat dina madjalah *Warga*. Kadjaba ti dina basa Sunda, sok radjeun oge nulis dina basa Indonesia, dina madjalah sakolana njaeta madjalah *Criterium* anu dikaluarkeun ku Senat Mahasiswa P.T.A.I.N. Djadi anggota Ikatan Wartawan Mahasiswa Indonesia. Kungsi asup Himpunan Péminat Sastra Islam.

Dina ieu buku dimuat sadjak djeung prosa-lirikana:

DI MUNARA MASDJID SJUHADA
ANDJEUN DJEUNG KURING
TANGTUNGAN

Di munara masjid Sju'hada

SAKURILING bungking djémpling, rehe simpe. Awang-awang lenglang taja hahalang aling-aling. Dewi Ratih rintih ngalirik bumi njawang buana, njiram alam ku tjahja gumawang. Bentang-bentang lapat-lapat tingtjarelak di langit nila kan li. Angin peuting ngahiliwir ngagasar kakaian, ngolear nčbak kakajon. — Dangdaunan aréndag ojag-ojagan arusik lir nu dalikir. Manusa tibra ngageubra taja karingrang, sirna sare ditimang-timang impian diejong-ejong ku gundam.

Djauh, ... ngarunggunuk gunung Mérapi, rémeng-rémeng diharudum ku kembén halimun. Haseupna ngélun mumbul ka angkasa lěga, ngalajang di awang-awang lenglang, ngalindih langit hér'sh.

Gusti anu ngahias ngareka djagat. Gusti anu njungging nçukir bumi. Abdi ... sidakép, madép, tungkul tapakur ... Nil'k bumi, nělčk buana, ngarampa djagat. — Geuning ... diri ngan ukur titik leutik, di tčngah alam gumblung-gamblang, di kolong awang-awang ngémplong. — Tapi ... naha sok kumalungkung ad'gung, di mana měta sok ngadjak měntin ka nu Kawasa. Duh Gusti Jang Widi, nu Kawasa Murba Wisesa ... Abdi njuuh sudjud ka'Gusti — Sudjud ... njaluuh marga rumasa tuna. Njémbah margi adjrih, diri laip, awak hina. — Ngalungsar měgat rčmbésan rahmat, ngabangingk nganti-nganti pangasih azali, měndčko ngantos-ngantos rido, sila něda-něda pangampura.

Lumungsur njuhup, alum ngungun sěmu ngujung, sang bulan amit mulang, reh radja siang arek datang. Tanda Leurang tereh datang, di keulah wetan tingarudat bodas, tanda balebat sumirat ... Haleuang adan ti kaangggangan, hawar-hawar kasawur ku baju subuh, sorana tilém-timbul katiup baju. Manusa sing eling geuwat tandang sambeang, geuwat rikat geura salat, bisi umur kaburu ... surup, bisi hilang tereh datang.

Djogjakarta ahir Nopembér 1953.
Tina Warga no. 81 tg. 30 Nopembér 1953.

Andjeun djeung Kuring

balebat ngan sadjorelat
haneutna pojan geus lēkasan
mangsa pētjat sawēd geus liwat
poe geus tēngange mantjēran

dina angēn-angēn
djangdji rek menggok
lingsir reurcudjeungan
barēng njawang lajung tunggang gunung

tapi ... andjeun djeung kuring
moal sačndēngna ajang-ajangan
mana palita nu hurung ngagatēng
sampeureun leumpang peuting
bisi surup memchi usum

Tutugan Gunung Galunggung
malēman L.baran Rajagung

Tina Warga no. 143
tg. 7 Agustus 1955.

Tanglungan

kuring teu rek mitjeun andjeun saraswati
taja dangiang munu andjeun suwung
lali ka dewi mo aja sari

lain rek diidua andika saraswati
nadjan rea nu sakalungguhan djeung dewi
andika tētēp djadi lambang keumbingan

gilap-kaendahan andjeun saraswati
kivari ulah djang andjeun pribadi
lain wungkul keukeupaneun abdi-andjeun
kuring bosēn ku sēsēbutan
dewi saraswati djeung dewi saraswati

tjing sumiratkeun sing walatra
insan pangeusi alam lawas ngalanglajung
kabungbulēngan kaedanan
hajang itjikibung teuteuleuman
na tjahaja kaendahar dewi

kuring djeung nu saujunan
rek ngahaleuang tēmbang
makalangan ngareka sastra ngalukis
dewi saraswati djang balarea di buana lēga

leuwih ti kitu saraswati
nadjan andjeun cimbung
abdi-andjeun sungkan
sulaman kaendahan dewi
ku kuring rek dipake bakti
ka ditu ka ditu ka Dat nu Hakiki

Tina Warga no. 146 tg. 30 Agustus 1955.

PRIJATNA AFFIATIN

Dilahirkeun di Bandung tanggal 25 Pebruari 1932. Sanggeusna namatkeun S.M.A. dina taun 1950, tuluj asup ka Akademi Seni-Rupa, tapi hentue ijtihad, nja neruskeun ka fac. Sosial & Politik di Universitas Padjadjaran Bandung.

Mimiti nulis dina taun 1950, dimuat dina *Panghegar*. Kadjabati didinja, oge karangan-karanganan dimuat dina madjalah *Sunda* djeung sk. *Sipatahoenan*.

Dina ieu buku dimuat tjarponna :

KASOPONDOK KASOPANDJANG

Kasopondok Kasopandjang

IMAI turut-turut emper rumek ting bélégédéng, tihang listrik radjéng ti kadjauhan, pengkelan ka gang ngélémung hideung. Sarta pikiran ngagélémudut saparat djalan, dada teu wasa nékén angén-angén ngora.

Geus sabaraha puluh, ratus, tihang listrik gigireun anu kaliwatan ku gëtruksna lengkah sapatu ti mimiti indit ti imah mapaj-mapaj djalan kieu. Peuting ukur katjaangan ku tjahaja listrik luhureun anu padjerauh antjal-antjelan. Nu lalarliwat rëndang tjarang, kitu ge sawarch mah bangun rerusulí nakér, luslés di pengkolan ganggang anu paroek. Di ditu di dieu betia eureun ngadjalugrug. Djauh di tungtung ditu këtip lampu tempel tukang tjikopi. Opat lima urang ting raring-kang atawa diuk marujudun sakurilingeunana.

Djalan nu keur ditintjak geus sépi sanadjan peuting kakara puluh saténgah sapuluh kurang. Kuring leumpang lalaunan, salengkah-salengkah dihadja dirarasakeun. Beuheung djekët ditanungkeun nutupan punduk, bari mérékët ramo dikeupeulkeun nahan tiris djéro saku tjaiana dumana. Ni'mat leu-leumpangan kieu batan tiitung di imah mukaan lambaran buku tapi pikiran njolok tjustjos ka nu lain-lain.

Ang'n tiis ngagélémbug. Hawar-hawar kadenge sora gë-djédnna samping sarta gëtruksna nu leumpang rurusuhan tukangeun kuring. Teu sidik rupana. „Muulih”, tjeuk kuring pangangguran bari direret, sora rada diëmpladkeun. Mun awas mali biwirna kurawéud meureun ditanja kitu teh. Leumpangna beuki digantjangan ngaliwatan kuring, alah batan digogog si Tumang. Awewe bénér, tjeuk gë-réntës hate. Sababaraha puluh metér deui nu leumpang bieu geus rëjém-rëjém ampir teu katendjo. Sakeudeung deui ngolebat katjaangan listrik luhureun anu kaliwatan, lës leungit di tungtung djalan. Awewe bénér ..., tjeuk gëréntës hate deui.

Angin ngagélémbug. Lalaunan listrik luhureun ajun-ajunan,

tjahajana alon milu ngajun, djalan anu katintjak sakeudeung poek sakeudeung tjaang.

Duaan deui, nu saurang ditelkung, bari leumpang ngarobrol ting kutjuwés lalaunan. Palébah ngaliwatan kuring djép djarémpe. Lengkah kuring digantjangkeun nuturkeun pandeurieunana. Kuring dedeheman. „Marulih ti mana ieu teh ...?” Teu nembalan. Kuring seuri djéro hate. „Saréngan nja ...?” tjeuk kuring deui. Nu ditelkung nambalang bari ngadjeuwang nungtun leungeun baturna ngagantjangkeun leumpangna, saténgah lumpat. „Ludeung duaan ge!” pokna teh. Bari ngéndoran lengkah, leungeun dibébékscun deui duanana kana djéro saku tjalana. Awewe bénér, tjeuk hate.

Angin gégélèbugan. Hawa beuki tiis. Kuring ngaluarkeun Bison. Waktu ngotretkeun kaju api, teu kanjahoan ti mana djolna aja lalaki njampeurkeun. „Bade ngiring seuncuna”, pokna bari njénjékél roko diantelkeun kana biwirna. Siki kaju api anu geus hurung ku kuring diasongkeun. Manehna tungkul, angin terus ngagéélèbug. Manehna rokona hurung, siki kaju api pareum manter. „Oh”, tjénah „mangga wae ti pajun. Kuring njeungent nu sorangan, dus kaju api disodorkeun ka manehma. „Gan”, pokna deui saénggeus rokona hurung bari ngasongkeun dus kaju api,” bade ... pélésir?” Ku kuring direret bari diterdjoe beungeutna. Manehna seuri, njéngir, huituna karebol. „Indo, Tionghoa, atanapati ... mangga geura seueur nu sac”, tjénah deui teu kireum-kireum. „Geus hurung rekona?” tjeuk kuring tjaang bari ngaleos. Kadenge ku kuring manehma gugup njébut : O-ohh nuhun ...”

Sadjadilan kuring ngingét-ngingét kadjadian anu tijkeneh. Teu kabeh djélémá anu panggih peuting di djalan, djélémá teu bénér, saperti oge nu tjaritjing di iinah peuting ieu tjan tangtu aralim kabeh, tjeuk hate. Beuheung djekét nu mimiti ngeplek ditangtungkeun deui.

Peuting karasa beuki tiis, angin terus gégélèbugan. Tjahaja listrik alon ajun-ajunan sakeudeung poek sakeudeung tjaang. Kentja-katuhueun, imah ting bélégédég, tihang listrik radjéng.

Kuring ngarenghap narik napas pandjang. Ti tadi pikiran terus njarita.

Tukangeun kadenge deui sora nu leumpang. Ku kuring teu direret, bosēn. Waktu nu ngaliwat ngagilisir gigireun, kaambeu bau ... awewe, seungit. Mani lēmpaj, tjeuk hate. Kabaja djeung sampingna dipérētjētkeun ngawangun garis-garis awakna anu narondjol ngeusi. Leumpangna sému gagaleongan dina kēlom geulis anu djangkung, djangkung teuing. Keupatna diajun nurutkeun lengkahna, teu gugup ku panendjo lalaki tukangeun. Lēbar ku awakna mun rupana teu geulis teh, tjeuk hate. Tapi leuwih lēbar deui mun lain djē-léma bénér, tjeuk hate deui. Nu ditaksir djongdjon keupat, kuring teu lemek ngitjlik pandeurieunana. Sababaraha tihang listrik, dua tilu gang gigireun geus kaliwatan. Kuring ngepeskeun kuntung Bison. Sabot kitu teu disangka-sangka nu di hareupeun eureun leumpangna, udjug-udjug terus malik ka kuring. „Andjeun nuturkeun ?” tjēnah. Kuring olahok rada reuwas. „Tjeuk saha kuring nuturkeun” tjeuk kuring, karasa ku sorangan lēntongna bangun tolol, panon teu kahadja terus neutcup beungeutna. Geulis, tjeuk hate.

„Bisa djadi,” tjēnah, „kuring salah sangka, andjeun énja hénteu nuturkeun. Tapi andjeun përlu njaho, kuring lain awewe djalan ...” Tjeuk hate : Wanian jeuh awewe teh.

„Na da kuring ge teu sing njangka teu bénér,” tembal kuring bari rada-rada nékén piseurieun.

Nji modjang neuteup ka kuring bangun wani, nguntup, paromanna teu riuk-riuk tapi teu baeud. Manehna ngalieus néruskeun deui leumpangna. Kuring ngodok saku deui, ngitjlik tukangeunana.

„Andjeun”, tjēnah bari nonggong, „geus dua kali nutur-nutur nu ngaliwat ...”

„Tilu kali djeung ajeuna,” tempas kuring.

„Kumaha awewe rek njahona jen andjeun lalaki bénér,” tjēnah.

„Andjeun nutur-nutur kuring,” tjek kuring bari ngotret-keun kaju api njeungeut Bison, „buktina andjeun njaho kuring

nuturkeun anu ngaliwat geus dua kali ... tilu kali djeung ajeuna ...”

„Kuring ge njaho, andjeun ditawaran awewe ku lalaki nu tadi,” tjénah. „Kuring oge njaho andjeun nolak,” sambungna deui.

„Nja tetela andjeun anu nuturkeun tea mah,” tjeuk kuring bari ngagantjangkeun lengkah marčgan gigireunana.

„Běnér” pokna pondok.

„Andjeun ngaliwatan kuring lantaran andjeun hajang dituturkeun ku kuring,” tjeuk kuring deui.

„Běnér,” tjénah.

„Andjeun njangka kuring lalaki teu běnér ...” Bari njeuseup Bison ku kuring direret ku džuru panon ditungguan sugaran nembalan. Djémpe.

„Kumaha lalaki rek njahona jen andjeun lain awewe bangor ...” Kuring njeuseup deui Bison.

Dipokkeun kitu manehna ngaronděg. „Běnér andjeun njangka ka kuring awewe djalang?” pokna, sorana djigadjiga nu ngantjam, panonna měntjrong panon kuring. Kakara sakali ieu kuring ngarasa ditangtang ku kawani panon awewe. Tetela geulis ieu awewe teh, wanian deuih, tjeuk hate.

„Hěnteu,” tjeuk kuring bari teu pětot njidik-njidik rupana, „ti heula geus dipokkeun kuring teu boga sangkaan kitu ...” Kakara saěnggeus kuring njarita kitu manehna tungkul. Kuring milu ngarasakeun lěga hatena.

„Tapi naha peuting-peuting aja di djalan?” tjeuk kuring deui.

„Ari andjeun naha peuting-peuting aja di djalan?” tembalna malik nanja.

„Djalan-djalan, pusing di imah.”

„Teu meunang kuring oge pusing di imah hajang djalan-djalan djiga andjeun?”

„Puguh we meunang mah, tapi naha hěnteu menta dibaturan ku ...”

„Ku lalaki?” tempasna „Saperti oge andjeun teu boga batur awewe, kuring teu boga batur lalaki ...”

„Tapi andjeun mah awewe,” tjek kuring bari ngalung-keun roko nu pandjang keneh terus newak peupeuteujan nu keur keupat.

„Teu pěrtjaja kana emansipasi bung?” tjěnah bari rikat nge-peskeun panjékél kuring. Leungeun ku kuring disakuan deui.

Angin terus gégčébugan. Djalan nu keur ditintjak sakeudeung poek sakeudeung tjaang. Réměng-réměng kaliwatan djero gang nu ngělwung hideung nu keur pasangkeh-sangkeh, awewena iirihilan. Peuting beuki tiis.

„Kuring tjan njaho ngaran andjeun, tapi ngaran kuring ...,” tjan rampung manehna geus nempas manten.

„Geus njaho!” tjěnah.

„Geus njaho?”

„Leuwih ti panjangka andjeun.” Ngaranna, imahna, sako-lana djeung saeutik tina kaajaanana.”

„Njaho ti saha?” djero hate kuring teu pěrtjaja.

„Nananjakeun wae bisa djadi, tapi eta mah rasiah kuring,” tembalna bari ngagélénju imut. Lila lélémbutan kuring ngalajang, waktu pikiran něpi kana hidji kadjadian sakitu waktu ka tukang.

Bari seuri leutik, leungeun kentja tina saku dikaluarkeun deui, sakali deui kuring ngadjeuwang pigeulangna.

„Sakuan leungeun tch,” tjěnah „tong ngopepang!” leu-ngeun ku kuring disakuan deui.

„Andjeun Edah, Siti Djubaedah,” tjek kuring. „randa sakali, urang kampung Babakan nomer 15 blok 9 B, adi kang Rahmat salaki tjeu Ida ... Běnér ??”

„Njaho timana andjeun?” nanja bangun teu njangka, leungeunna karasa ngagaramang njékčlan siku kuring.

„Rasiah kuring,” tembal kuring bari ngepeskeun siku tin-tjékčelanana.

„Ti si Maman? Njarita naon deui si Maman ka andjeun?” leumpangna ngaranděg. karasa deui leungeunna niékčlan kana siku kuring.” Njarita naon deui si Maman ka andjeun ??”

... Leungeun kentja dikaluarkeun deui tina saku. Mimiti ku kuring ditjékél peupeuteujanana, terus ramona dipasélang-

keun djeung ramo kuring ditarik bari ditungtun.

Djalan sakeudeung poek sakeudeung tjaang, angin tērus gégélbungan, peuting beuki tiis. Hawar-hawar djam garedja disada sakali. „Pukul sabaraha ieu teh ?” tjeuk hate.

„Njarita naon Edah ka si Maman ?” tjeuk kuring bari teu tjitjing ngaramēs ramona. Manelma ngareret ka kuring, imut teu nembalan. „Edah bogoh ka kuring tjénah nja ?” tjeuk kuring deui..

„Kumaha tjénah djawabna ?” pokna bari ngalieus.

„Djawab ka saha ? Ka si Maman ka Edah ?”

„Kumaha djawabna ka si Maman ...”

„Lamun teu geulis mah ēmbung meunangkeun randa !” tjeuk kuring sarta gantjang disambung deui : „Ari pek ..., bari ngaleupaskeun nungtun diganti ku njangkeh,” ieu geuning Edah teh ...”

„Njaho ngaran teu njaho di rupa ?” tjénah, sorana diharrewoskeun bari ngarapétkoun awakna ka badan kuring.

Djémpe sadjongdjongan. Nu kadenge ngan gëtrukna lengkah kuring duaan. Pikiran kuring ngalajang ...

„Tjing ieuh leungeun teh ...,” sorana ampir-ampir hënteu kadenge, awakna hënteu dikédjatkeun.

„Edah ...,” tjeuk kuring, sora teu puguh-puguh djadi sé-rak ..., daek meunangkeun kuring ?”

„Nanjaan ieu teh, tengah djalan ...? Tjing ieuh leungeun teh ...”

„Nja kitu, kuma djawabna ?”

„Saperti oge unggal awewe di djaiman emansipasi ieu, kuring bisa nolak satiap pamenta lalaki. Lain kitu ?”

„Puguh we, tapi kuring mah tong ditampik, karunja.”

„Euweuh alésan keur teu nampik ... ieu eh ...”

„Apan Edah njarita ka si Maman tjénah bogoh ka kuring.”

„Eta mah sakitu waktu ka tukang. Kahirupan ti harita teh madju tērus. Ongkoh bogoh wungkul teu djadi alésan pikeun ngadiadikeun kawin.”

„Edah, njaan Edah kuring nanja teh lain heureuj ...”

„Boga naon andjeun ngadjak kawin teh, lalaki teu boga gawe ... ieuah getek ...”

„Bere tempo Edah, kuring ... tjinta ka andjeun.”

„Bere tempo ... samarukna teu kungsi nungguan andjeun. Hmm ... ieuah getek ... lalaki, lalaki, napsu birahi mah lain tjinta. Kuma rek përtjajana ngadenge këtjap „tjinta” tina biwir lalaki nu keur ngalindur ... iih ieuah ah getek, leungeun ngopepang djiga nu palid. Ku kuring leuwih kaharti lamun andjeun ngadjak sare ... ieuah ah ituh geura ...”

„Alon-alon djalan nu ditintjak poek-tjaang.

„Nja ari hënteu suka mah,” tjeuk kuring, karasa sora djadi ogo, „dalah dikumaha ...”

Waktu ku kuring dileupaskeun tina tangkeupan, manehna ngareret bari imut, pokna : „Tong sok pundungan, ngewa ...”

Nëpi ka lëbah parapatan, hûdján mimiti ngëprul, ngibun. Tjhahaja listrik ti djauhna beuki rumeuk. Angin terus ngagë-lëbug. Kuring ngalieuk ka djalan urut ditintjak, rëmëng-rëmëng djiga aja nu ngabigbrig lumpat ka dieukeun.

Lalaki nu lumpat beuki deukeut. „Neng, neng Ed,” tjenah ti tukangeun, kadenge sorana naham tjape. Edah ngalieuk, kuring ngarandëg. Tjeuk kuring djëro hate : lalaki anu menta seumeu tea ...!

„Aja tamu naroskeun ...,” pokna rada diherewoskeun, mehmeh teu kadenge. Edah ngareret terus neuteup ka kuring. Bari imut teu leupas neuteup sëmu mikarunja ka kuring pokna teu ngalieuk : „Bedjakeun kuring datang kituh.”

Si lalaki unggueuk, malik terus lumpat djiga basa datangna.

Kuring olohog. „Edah ...,” tjeuk kuring.

„Naon Jat, masih keneh rek nanjaan teh ...?”

„Geus sabaraha lila kikituan teh ...?” tjeuk kuring, sora seuseut kaluar, asa-asa. Nëmpo imutna nëmpo tjahaja panonna anu gugurilapan, kuring asa djadi budak olol leho nu keur diera-era.

„Lamun teu geulis mah ëmbung meunangkeun randa, lain kitu tjeuk andjeun teh Jat ?” tjenah bari tungkul. „Enja, si Maman ngabedjakeun anu ditjaritakeun ku andjeun.”

Kuring ngahulēng. Hate motah, teu pērtjaja.

„Jat,” pokna deui, „eta sababna kuring tjkeneh nolak panglamar banjol andjeun, sanadjan hate mah hēnteu mikeun njarita kitu. Ah Jat, hirup kuring geus sedjen ajeuna mah.”

„Tapi Edah, tjeuk kuring teu karasa, „kuring menta keneh supaja andjeun daek djadi pamadjikan kuring.”

„Ah alus teuing kadengena, djadi pamadjikan andjeun, lalaki nu dipikabogoh. Saumur hirup djigana kētjap-kētjap andjeun anu bieu bakal kadenge wae ku kuring ...”

„Njaan Edah,” tjeu kuring bari rek newak leungeunna. Edah mundur bari imut.

„Tong poho, hirup urang teh hēnteu duaan. Aja omong batur anu marēngan.”

„Entong nendjo ka batur.”

„Pandjang keneh Jat djalan kahirupan anu kudu ditintjak teh. Urang masing-masing we bari silih doakeun,” pokna djiga rek sadjungeun.

„Naha ēnja Edah urang kudu papisali djiga kieu, keur naon atuh kuring tadi teh make diparēngkeun bisa panggil diwuhkeun djeung andjeun heula ari ...”

„Aja simpangan di djalan kabirupan kuring djeung andjeun lamun andjeun daek njimpang heula mah,” tjēnah bari neuteup imut dipaksakeun. „Lamun hajang awak kuring, datang we ka djalan ieu ...”

Kuring ngadjēngdjēn nangtung, leungiteun sagala pitjarita-eun sarta kawani anu bieu kungsi ngaradjaaan hate.

„Jat,” tjēnah, „tong nuturkeun, kuring indit ...”

Waktu manehna ngaleos ngigilisir ka gigireun, kuring masih ngadjēngdjēn nangtung. Awak karasa leuleus, bulu punduk sisiakan, hate asa beuki kosong leuwih ti basa mimiti indit ti imeh. Teu karasa kuring geus leumpang deuj bari neuteup kokolebatanana Edah anu geus djauh heulaeun.

Angin ngagēlēbug ditaréngan ku rintjikna kēprulan hujan leutik. Lalaunan listrik luhureun ajun-ajunan, tjahajana alon-alon milu ngajun sakeudeung poek sakeudeung tjaang

Kuring nangtungkeun beuheung djekēt, ngodok saku ngaluarkeun Bison. Sakolebat waktu kuring ngotretkeun kaju api, hate ngalcnjap nendjo rōmēng-rēmēng djauh di tungtung djalan, Edah diburu disangkeh lalaki, dibawa mengkol.

Imah turut-turut emper rumeuk ting bēlgēdēg, tihang listrik radjēg ti kadjauhan, peuting mēlwung hideung. Palébah simpangan ka gang urut Edah djeung lalaki ngaleungit, kadenge aja sora nēpi kana hate kuring : „Aja simpangan di djaian kahirupan kuring djeung an.ljeun, lamun andjeun daek njimpang heula mah ...”

Tina Panghegar.



TIEN WIRADIKUSUMAH

Dilahirkeun di Garut tanggal 22 Desember 1932. Taun 1953 kaluar ti S.G.A. Bogorsarta terus diangkat ngaguruan di S.G.B. Ijikampek. Taun 1945 ngaguruan di S.G.B. IV Djatinégora. Kiwati, diperbantukeun di Departemen P.D. dan K. di Kebajoran-Batu.

Mimiti sok nulis teh sanggeusna djadi guru, tapi lolobana mah teu dipublisir. Dëmi anu dimuat dina madjalah, babakuna mah puisi, (madj. *Tjandra*).

Dina ieu buku dimuat sadjakna.

KA MANA ..KURENO.. NU KURING ?

Ka manz "kuring" nu kuring?

Kuring leungiteun „kuring”
Kēntrong ! Kēntrong ! Trong ! Trong !
Trong ! Trongngng ... Trong !

Brul ngabrus ka djalan gede,
Anu sagēd nu ngaleke.

Madjar teh kakara teuing,
Patjalang nakolan kohkol,
Tapi taja nu dibangkol.

Nu aja djalma „mahiwal”
Mawa obor kawas tumbal,
Da panas ereng-erengan.

Basana leungiteun „kuring”
Ku geus sono-sono teuing,
Bedjana rek luluasan
Indit sakaparan-paran.

Bau banggeut masing deukeut
Pan „kuring” ka kuring geugeut
Ulah sok kēdjot borosot
Kuma' mun agēman lesot,
Naon pigantieunana,
Sakieu patjēklik injia ...


Tina Tjandra no. 5 th. II
Mei 1955.

J. NIRMALA

Ngaran lengképna Jatna Nirmala.
(Teu kapaluruh alamatna).

Dina ieu buku dimuat tjarpou-tjarpocca :

**NINI
DJUMAAHAN**



Nini

Nini kuring ti bapa kaasup muslimah anu taat agamana. Tapi aja hidji aturan Allah anu ku andjeunna dipikangewa. Tapi lain nini kuring bae palébah dinja mah nu ngewa teh. Kitu deui hënteu kabeh anu sadjinis djeung nini mikangewa eta aturan.

Mindéng tjénah digébes ku aki : „Amah, akang oge malun, manehna teh awewe, pantés rek ngewa rek keuheul oge. Kahajang akang mah lain kudu keuheul kana eta aturan, tapi kudu ngewa ka djalma-djalma anu ngagampangkeun eta aturan reudjeung teu make kana sarat-saratna. Pan Amah njaho, ngewa kana aturan Allah tehi kumaha balukarna. Sakitu tetela dina Kur'an unggal poe dihatja. Nu čembung narima kana aturan Pangeran mah taja deui iwal djalma nu teu ngaku ajana Pangeran. Amah daek diasupkeun kana kolom anu teu iman ka Allah, kana kolom manusia nu mikangewa kana aturan Allah ...?“

„Ijij, paralun teuing ᑕengkang, ampun sarebu ampun abdi mah sanes ngewa kana aturan Pangeran ...“ Nini nempas.

„Ah, éntong nganglës,“ aki nempas deui. „Mani teu sirik unggal usik Amah djébras-djébris, kukulutus ngagogoreng njandung. Amali sorangan njebutkeun, sakur nu diajakeun ku Allah aja hikmahna. Ieu oge mana diajakeun aturan njandung ku Allah didjalankeun ku Nabina, tangtu aja maslahatna. Nja tangtu aja madaratna. Tapi ku timbaungan akang, lain sapedah akang lalaki, maslahat djeung mangpaatna leuwih lobu manan madaratna. Pek geura pikir ku Amah masing iantip. Tapi omat ulah dibaréngan ku amarah. Nadjan akang pribadi, teu panudju ka nu njandung dipake kalangénan dipake „sépor“ mah. Djeung asa piraku Allah ngajakeun aturan anu ngarugikeun umatna. Umat palébah dieu nja eta husus awewe.“

Teuing eleh hujjah, teuing ieu kërsaeun papaduan, nini tara tutuluan patjental-tjental.

Baheula-baheula mah tjénah, nini teh tara teuing njabit-njabit njandung sumawonua ari něpi ka kědal utjap ngewa mah, djadjauheun pisan. Sanggeusna bapa kuring njandung tjénah kituna teh.

Turta bapa kuring njandungna ka indung kuring teh tjénah djauh tina djihat kabirahian samata-mata. Lantaran istri bapa nu sěpuh, nurutkeun tjabakna paradji, nurutkeun pamarik-saan bidan dikuatan ku panalungtikan dokter, kaganggu ang-gahotana nu pěnting pikeun njitak turunan, nja bapa mundut widi ka nu sěpuh supaja diidinan njandung. Bisa djadi meu-reun kapalaj nu sěpuh mah apa teh tong teuing boga deui garwa. Tjiri njaah, pamadjikan teu bisa digawe, atuh lalaki ge tong teuing njiar nu amjar. Kitu nu karampa ku angěn kuring papada awewe. Tapi hěnteu, nu sěpuh estu sadrah rido. Saur andjeunna ka bibi kuring, taja gunana dikeukeu-weuh oge sabab atjeuk moal kuat nadah kapalajna. Lamun dipěngkék matak aja matakna. Atawa sanadjan diboborkeun oge ari sagawajah mah aja bablana. Eta nimat ti Allah teh kudu dikamalirkeun kana kamalir nu ruksak. Nu matak ku atjeuk didjurung kagungan deui bae. Ongkoh ěngkangna teh palaj kagungan turunan, pan ti atjeuk mah teu sahulu-hulu atjan.

Djadi ringkésna mah nu sěpuh teh purun sarta rido didua. Ikrarna kitu ka bapa teh kasaksian ku nini ku andjeum djeung ku hibi, rai bapa. Dina mitohana nu anom nu sěpuh teu mundint sarat naon-naon, estu huleud-huleud dipasralikeun ka bapa ku andjeun.

Naon anu djadi daja pamarik indung kuring něpi ka bapa migarwa andjeunna? Palébah dieu kuring teu njaho. Turta indung kuring teh tjénah bësa nikali ka bapa, geus ... randa dua kali. Tapi kanjataanna teu heunang dipungkir, nurutkeun harewosna balarea, indung kuring teh teu eleh dangong teu eleh tagog atawa tata, sanadjan djébul ti kampung nu djaub ka kota. Pondokna mah moal ngerakeun diasongkeun kana pasamoan.

Ti barang ingët, kuring teh geus dikukut ku nini ti bapa.

Dirorok ku indung teh bedjana ngan sabot disusuan keneh. Ti barang hidéng něpi ka ajeuna geus parawari tatjan ngarégot baju asihna indung tatjan itjikibung dina tirta-trésnana biang, anu tjeck batur mah trénsna sadjati-abadi anu moal kapanggih di insan lian. Něpi ka ajeuna tjan kasorang.

Ti saprak hidéng, anu kaalaman teh ngan haokpolototna nini. Rindat djeung utjapna nini beda djeung ka intju lianna. Ka kuring mah peurcus djeung ruséb. Bisa djadi lantaran harita mah budak keneh tatjan ngarasa, ruséb djeung peureus oge teu didjieun hate. Atuh dina diserenan pagawean oge nja beda. Moal disébutkeun hidji-hidjina mah. Ngan di antarana bae pagawean anu karasa beurat dipigawe keur leutik teh nimba kana bak djeung meuseulan nini memeh kulém. Anu pangbeurat-beuratna, sarta rumasa sok ngarasula nja eta ari kudu měntjetan tengah penting keur meudjeuhna pulés sare Ari měntjetan tea lain sakeudeung djeung kudu tarik deuih. Di antara intju-intju mah ngan kuring nu dikčkésék ngabaku měntjetan. Intju sedjen mah lamun disodoran pagawean anu sakira teu kabardanan ku awak make bisa lolak. Sarta ku rini teu dikieu-kieu. Mun kuring mungpang, beu ambeu meureun ruksak awak. Bangbaungeun rek mungpang teh, bareto oge mani goralangan. Turtu pang mungpang teh lain ngédul atawa ogoan, tapi ēnjaan teu kadada. Lain ku kuring bae sorangan.

Sanggeus ninggalkeun mangsa-hidéng nintjak alam dewasa, sok mindéng kuring mikiran naon anu djadi marga nini bët asa ngabedakeun. Rada ngaluis, njisiran, aduh padjarkeun teh kuring geus hajang lalaki. Ari teu beres awak atawa badju, diseuseul, abong kena anak urang kampung. Singsarwa salah. Poho njembah padjarkeun teu gablég tata taja kasopanan. Lamun njeuseul kudu bae mamawa indung kuring.

Kuring teu bisa istori tjara batur ka kolot, wantuning indung djauh, bapa harita teh geus ... pupus. Ingét-ingét poho basa bapa pupus teh. Bedjana bae bapa pupusna teh aja dina sadjeroning dibénduan ku ibuna, buntut tina ngarangkép djeung indung kuring. Ngaran kuring pribadi nembongkeun

mangsa kaprihatinan bapa waktu harita. Ti barang pruk ka indung tēpi ka pupusna dibēnduan ku nini. Loba ari nu sok mangmeunangkeun mah upama kuring hajoh-hajohan di-gambreng teh. Malah aki oge sakapeung mah aja di pihak kuring. Ngari ... lain djadi kauntungan aja nu mikarunja mangmeunangkeun teh. Nini tambah wēra. Kuring dipang-meunangkeun teh padjar diogo. Padahal nu mangmeunangkeun teh lain rek ngogo kuring, tapi lantaran ngarasakeunjen nini kaliwat ti misti, mamawa ka bapa kuring almarhum sumawonna ka indung mah. Djeung lantaran kuring aja dina kajatiman.

Bongan bae budak jatim pikatjuacun, kalah kitu nini ngawalonna ari dielingan kuring jatim teh.

Beuki gēde kuring beuki ngarti, naon sababna nini ari njeseul sok njabit-njabit tjatjah-tjatjah kitu. Nja ieu pisan teu kapanudju nini teh. Bapa kawin ka anak tjatjah turug-turug urang lēmbur. Kapalaj nini da bapa teh menak, kudu ka menak deui. Kadjeun berod asal menak, ti manan geulis manis tapi tjatjah tur ti kampung. Kadjeun djalingkak asal menak, ti batan urang kampung tjatjah lungguh. Eta bae putu nini anu ti menak duanana mah kitu kieu oge, hih kattingalina teh lutju djeung alus bae. Antieum ku antieumna. Djalingkak ku djalingkakna madjarkeun teh sonagar. Ari kuring antieum lungguh. padjah kuuleun urang kampung. Rada bēreg — lain djalingkak — padjarkeun teh djalingkak. Indung kuring kudu kabawa goreng.

Intju nu sedjenna mah dibasakeuniana „agan”. Lamun aja nu teu njēbut agan, ku nini diseuseul. Ari ka kuring mah sabalikna. Nanahaon make diagan-agam, ēnden bae kituh. Andjeunna ngabasakeun ka putu-putuna „nini”. Kumaha aii ka kuring? Kuring njēbut ka andjeunna mah nja sarua bae djeung batur. Tapi nini ngabasakeun ka kuring „kami”. Tjontona ge: „Emi tjandak lēmareun nu nini,” teh kitu ari ka putu sedjen mah, leuleuj, basana lēmēs. Ari kakuring „Geura mantog ka dituh ka sakola, Suprihatin, ari balik kami bantuan meuleuman kueh.” Kasar djeung teugeug.

Indung kuring ku nini, disangka masangkeun pamelet ka bapa basa bareto rek ngarangkép. Tah sangkaan ieu oge djadi alésan pikeun nini tjeutjeub ka indung kuring. Malah leuwih ti kitu njangkana ka indung kuring teh. Padjah teh indung kuring djalma bangor, lantaran tjruk-tjrék teu awet lakian.

Sabab-sabab ieu djigana ku aki teu kauninga. Bénér aki oge rada njékkél kamenakan tapi teu tjara nini. Pamiadégan aki mah, asal kalakuanana hade, njantri nadjan tjatjah teu naonnaon. Iainun aja nu leuwih hade nu boga turunan. Disangkana ku aki nini ngewa kana aturan njandung. Turté anu katingal ku kuring mah, lain ngewa kana njandungna, tapi ngewa ka ki Mahmud — bapa kuring — njandung ka tjatjah. Djadi alécan-alésan bapa kuring hajang njandung teh ku nini djéro-djérona mah disalujuan ngan tjénah handjakal ka tjatjah. Bibi kuring ti bapa kungsi mariksa ka nini, naon margina ibu ku teu kërsa mantuan ka tjatjah Ari djawabna teh eta ku teu sapira. Saur nini padjhakeun teh hese ngabasaken, kararagok

Tapi kuring sanadjan dikukumaha oge, ku mini estu sadrah lilah, itung² panéhus bapa anu geus taja di kievna. Sanggeng didongengkeun ki Alqomah ku aki nini kungsi nancis tengah neuting ngogukguik. Samar-samar ku kuring kadenge „Gusti Allah, abdi parantes ngahampura ka anak abdi, mugi Gusti oge kërsa ngahampura ka manehna .”

Tina Warga, no. 146 ta. V,
30 Agustus 1955.

Djumaahan

— LAIN geura djig-djig ka masigit apan ieu teh poe Djumaaah. Indung ngagero ti tengah imah. Seling naon keneh eta teh geus satengah duawelas.

— Mangga ke kapameng nudju marantoskeun karangan. Ongkoh endjing keneh, sok nundutan. Bari tonggoj kuring nulis.

— Heueuh teu tjara rek laladjo, pisadjameun deui geus indit. Teu kanjahoan deui indung geus na lawang kamar.

— Tuda bilih seepeun kartjis. Kuring tjengkat seuri bari meresan kéretas. Sup diasupkeun kana map, bari kaleked.

— Na teu sieun beakeun gandjaran. Pan nu pangutamana kudu meunangkeun djadjaran hareup. Keun bae nundutan oge, asal diniatan i'tikap. Atuh mawa-mawa mudjidjat tamba tunduh mah.

Leos kuring ka tjai, mandi. Bari mandi hahaleuangan. Lagu Sunda, beak eta tema ku lagu Inggris sakainget. Ngahadja diseling. Djumaahan lila keneh pukul satengah satu mimitina.

Pukul duawelas kakara indit. Njakuan mudjidjat batjaeun memeh bédug. Rek make sëndal hade teu tulus, bongan sok aja nu meok. Gap kana sëndal karet tina ban mobil. Moal sabaraha lèbar mun leungit deui teli. Djol ka masigit geus rek pinuh. Djadjaran hareup mah teu pati pinuh. Kawasna djéléma teh milih djadjaran tukeng ngarah asalamu alaekum leos indit teu kahalangan. Kuring sésélendép pupunténan ngadjugdjug djadjaran hareup. Bonganna teu diareusian, lain teu njaho nu datang pandeuri kudu di tukang.

Tjong salat taijatulmasdjid dua rakaat. Beres salat gap sasalaman ka nu aja di gigireun, hareupeum djeung tukangeun. Memeh kék kana mudjidjat rarat-reret heula. Rupa-rupa tutup sirah teh. Aja nu dikopeah, disorban, diikét malah ajé keneh anu dibéndo tapi ngan saeutik. Nendjo bendo make ingét ka ua basa ngaheureujan amil. Harita teh djaman Wa-

landa, langka nu dikopeah como nu kasčbut pagawe mah. Ki Amil bēndona geus butut ngan hēnteu we ajud. Djigana tara dibuka-buka da eta bae mani lodro. Ki Amil harita teh keur ngadaweweung dina babantjik masigit nukangan sarigsig tēpas masigit. Ua ti djēro ngētējēp ngadeukeutan, njandak indjuk salambar beunang njabut tina sapu. Gēlēsēr punduk amil digere. Gēplak mang amil nēpak lēbah nu digere ta-johna ateul tjampur getek. Ua pindah ngagerena kana handapeun bēndo. Leungeui mang amil oge pindah neunggeulna kana urut panggere. Sēr daun tjeulina ditoelan ku indjuk, kēk deui bae mang amil ngusap-ngusap daun tjeulina. Tapi djongdjon bae, sugar ngalieuk ka tukang. Nu ngagēro kalah ka rēsēp. Kēk mang amil njuplak bēndona, tērus disasar, sangkaanana nu galasər-gēlēsēr teh tumbila. Kawasna teu manggih, rap dipake deui. Geus bēnēr ngadaplokna bēndo mang amil, gēlēsēr deui na ngagere. Teu disangka ti tadina gap berewek bēndo disoehkeun bari njebut bangkawarah kasēbōlan. Bari tērus njasar sisi bēndo. Tajehna aja tumbilana. Mang amil djongdjon nindēsan tumbila, ua kēkētējēpan ka djēro masigit bari mēngkēk baham.

Mani nuhun-nuhun basa mang amil nampa bēndo ti ua teh. Tapi barang disēbutkeun ngagantian nu disoehkeun lantaran digere, mang amil ngan batu bisa ngutjap: Eum djuragan mah badeur. Teu ngambēk pedah ka dunungan meureun.

Ngareret ka katuhueun, sēpuh keur ngētirek bae ngutjēl tasbe disēlang ku heuaj mani mērēlēk. Disidik-sidik mētotan tasbena teh radjeun aja dua siki malah sok tilu siki. Sakapeung rēg eureun, lenggut nundutan dojong ka hareup. Dua desimetēr deui kana samak rēg eureun ngagēntak siga nu diērem. dangheuak tjēngkat deui bari ramo kentja ngusap biwir nadah ēlaj. Di djadjaren kahidji djuragan Patih pangsiun keur ngadukduk bae nētēpan sunat tasbeh. Njumponan rentjanana baheula mcureun, ari geus pangsiun arek gētol ibadah.

Gorolang kuring matja Jas'in dilagu keun tapi lalaunan bae

sieun ngagandengan nu keur ni'mat nundutan gigireun kuring. Barudak tjarektjok, aja nu tjeltjengiran, gégéltutan silih bétot sarung. Nu araja di dinja kawasna geus baroséneun njarek, diantép bae. Tjan tamat Jasin geus dur bédug. Rengse bédug haleuang adan hareupeun mikrofoon. Sakitu geus make microfoon, tajohna muaddin kurang puas lamun teu tarik teh. Eta bae da mani ranténg urat beuheungna teh, ramio sapuluhanana dipake nungkup beungeut, iwal dua indung leungeunna kana tukangeun tjeuli. Djémpling adan radjég salat koblijah. Lantaran teu make imam tea nu salat teh heula-pandeuriyan. Aja nu geus sudjud aja geus nangtung keneh, aja nu keur ruku. Ditendjo-tendjo bét siga nu keur balap salat. Nu ngéduł kawas kuring mah tju'up dua adégan. Nu suhud mah opat adégan.

Tjan anggeus kabeh nu saralat, kadenge nu ngutjap asalamu 'alaekum ti tukang, direret hatib make djubah sirahna dikukudung dastar ngarumbai teu dibakutéti tjara hadji. Sabot hatib leumpang ngadeukeutan paimbaran di hareup gorolang nu ngunggahkeun mepelingan jen sabot hatib hutbah, hadirin ahli djum'ah ulah ngalobrol bisa teu meunang padilah djum'ah. Dangdananana sèrupa tjara hatib ngan sirahna teu dikukudung sorban. Leungeun katuhu njékél tumbak kai, tjetna hedjo aja sametér saténgah mah pandjongan. Bedjana mah ngalap tjonto ti Nabi baheula ari Nabi hutbah sok nalemkeuman pélang. Ngan kuring teu njaho naon sababna teu sakabeh masigt ari djumaah narurutan nalemkeuman pélang. Malah aja nu ditaleukeumanana teh teu djiga pélang teu djiga tumbak, tapi djiga aseuk atawa djiga halu.

Song tumbak teh dibikeun ka hatib, kék ditjékél dibawa unggah kana paimbaran. Netjena hatib kana golodog paimbaran, nurutkeun wirahmano nu ngunggehkeun. Dina allo huma solli ala muhammad nu mimiti tje kana golodog nu kahidji, nu kadua kana golodog kadua, népi kana golodog katilu. Nendjo „overgave overname” tumbak kai, asa dilelingan djaman gerilja. Lantaran bédil kurang, ari djaga teh nja kitu pisan tjara „scene” arek hutbah.

Tjan eureun biwir nu ngunggahkeun, di djuru tinggérēn-déng, naou nu ditjaturkeun teu pati kadenge. Kawasna bae sora hatib teu atra ka djuru mah Ari pěngéras suara ditodjo-keun ka tépas masigit.

Goroleng hatib matja hutbah. Leungeun katuhu njékél kéretas dieusi teks hutbah, leungeun kentja njangking tumbak. Mimiti basa Arab ngalègu ngareunah angin-anginan. Hadirin lolobana ngalènggut tajohna geus lila teuing diuk katambah asa dipepende. Tutas basa Arab kakara basa Sunda Anjar keneh hutbah disundakeun teh. Kudu ku basa Arab bae tjénah, kadjeun ten ngarti oge, da Nabi oge ku basa Arab. Teu dipikirkeun ari djiwana hutbah mah njaeta mepelingan ka djélémá-djélémá. turta ari mepelingan tea kapan kudu kabarti. Teu ngingélikun Nabi butbahna ku basa Arab teh lantaran andjeunna urang Arab. Keun bae masing lain Arab oge kudu ku Arab, turta Nabi ten miwarang kitu. Sanggeus sawala luar biasa, nja tjénah meunang make basa lian Arah, tapi rukun-rukun hutbah mah tétep kudu basa Arab.

Pandjang hatib mepelinganana teh. Aja sual përsatuuan, sual krisis ahlak, sual korupsi. Ti tukangeun nu tjruktjrék letah, nu heuaj disadakeun djiga nu kaluman. Teuing kaluman pedah gens lila teuing kaluman lila-lila. mah dijadi kageuingkeun. Ari hajoh-hajohan kadengena bosén, turug-turug dina njotana anu teu bersatu teh anu njaho kana aturan-aturen agama anu sakuduna niere tjonto, anu krisis ahlak nja gégédéna anu ngalarti kench, nu korupsi nja bangsa kokodjo-kokodjo keneh bae. Umat Islam kudu ngahidjji, buktina mani opat rupa, ulah krisis ahlak buktina pamipin-pamipin ngajakeun pělatijuran rësmi njuguhan semah Istar-nagri, ulah korupsi buktina utut mantiri ditewakan. Memang kuring oge kaluman ku ensi hutbah teh. Djalma leutik tjara kuring mah butuh kench kana bukti manan kana utjapan nu muluk-muluk.

Budak ngoro gigireun kuring mani tungkul-tungkul bae. Sugan teh anténg ngadengekeun, manahoreng sare tibra. Sarungna baseuh kaélaajan. Disigeung ku kuring, tjéngkat

bari njuruput neureuj tjiduh. Waktu konrat manehna mah keur djongdjon keneh ngalenggut. Antep bae, nu sedjen teu daek ngagujahkeun. Eling-eling kageuingkeun ku amin. Mani ngarendjag katendjo ku djuru panon kuring. Meh bae eba' nahan piseurieun. Deungdeuleueun gigisikna djeung ngulas-ngales ramo kana biwir njusutan dahdir, tjong salat.

Barudak patarik-tarik djeung palieula-heula matja aminna. Imam kakara palébah walado, éntjan kana lin, geus seah ditenibalan ku amin. Tas eta gér aha-oho barabatukan. Pedah aja sépuh-sépuh nu batuk tajohna kabésekán tas matja amin. Keur simpe palébah attahijat, biwir diantélkeun kana leungeun ditiup „brot” sada nu hitut. Ditembalan ku nu sedjen. Abong barudak. Keuheul geus kolot mah nendjo barudak badeur teh. Tapi ingét keneh basa keur budak ari aja nu ngageunggeureuhkeun ulah badeur teh sok keuheul. Kalah ka sok ngahadjakeun. Ari rek salat dina takbirotulihromna, tañti dinja mah dér motah udag-udagan di djéro masigit. Geus rek awehsalam djép djémpling tangkétéjép kana djadjaran urut tadi deui saurut-urutna. Kolot-kolot teu bisa nuding saha-saha nu badeur teh. Salaméte teu ditjarekan. Ajeuna oge ari njarek budak teh, badis bae kuring baheula ngalawan, malah ngahadjakeun.

Sanggeus meakteun patihah, palakbinas, tudjuh-tudjuh kali tjong salat ba'dijah. Barudak mah tjan beak awehsalam imam nu kahidji oge geus tingberébét baridjil bari tingtjorowok : dewek nomér hidji ! Nu tinggaleun teh ngan kari kolot-kolot anténg ngutjél tasbe. Djol kana babantjik sëndal teh aja keneh. Teu butuheun tjopet teh kana sëndal ban mobil mah. Balik ngagédig kabétot ku lapar, teu tjara indit ... ambaléje.

Tina Warga no. 151 m. V.
tanggal 4 Nopembér 1955.

ATI WR.

Ngaran lengképna : Tina Rochiaty Wiriaatmadja. Dilahirkeun taun 1933 di Bandung. Pendidikan : B.I. Sadjarah ; patjabakan : Guru S.G.A. I di Bandung.

Nulis sadjak djeung tjarpon dina madjalab² djeung harian² : *Warga, Sipatahoenan, Tjandra* djeung *Sunda*. Ngagunakeun ngaran² sadjabana Ati Wr. Ati Wiriaatmadja, Tina Wiria.

Dina ieu buku dimuat sadjak²na djeung tjarponna :

MODJANG, SULING, KATJAPI
SAKADAR KATINEUNG
ANGIN PAKIDULAN
TJATETAN POEAN
TELEPON

Modjang, Suling, Katjapi

Tēngah peuting
djēmplang-djēmpling
hawar-hawar sora suling
dipirig hariring
modjang ngadangding.

Rēgēpkeun eta lagu.
nēpikeun rasa
njētjēp njelēsēp kana hate
ngadjugdjukan eusi kalbu
neuleuman sagara manah.

Dangukeun djēntrengna katjapi
trio Sunda mēdar sēni
djēmplang tjeurik, djēmplang titi
harmoni sora, suling, katjapi
muka sadjarah Parahyangan.

Katjapi, andjeun mangnēpikeun
sora tjurug nu ngaguruh
ombak rosa neumbag karang
haleuang budak angon di tēgalan
titiran djēro kurungan.

Suling, sora andjeun nu lumiēngis mangnēpikeun
lagu angin pagunungan
ojagna pare kasilir angin
gugupaj djamur ti djauhna
seungitna malati tēpiswiring.

Modjang, sora andjeun nu halimpu ngagambarkeun
satiana Pitaloka
Purbasari nu sabar-darana
tapi oge djéritung modjang
nu nandang lara sungkawa

Tina Sunda no. 23 tn. 1,
20 Desembér 1952.

Sakadar Katineung

keur pradjurit nu hēnteu dikēnal.

Sumawur éros malati
majak bodas tandaning sutji
sumébar njambuang wangi
keur andjeun, pahlawan,
sakadar tanda katineung.

Pélédug dupa
haseupna mumbul
hate djumérít ngado'a
mugia arandjeun
diampi Gusti di alam langgeng.

Duh, angin, pangnëpikeun
seungitua dupa djeung malati
pinuhan kuburan sëpi
taja padung taja tjiri
taja papan tëmpat ngaran.

Raga andjeun ajeuna
tingal tulang-taleng balatak
sumébar di bumi Përtiwi
boh tilém di dasar sagara
atawa antjur mangrupa lëbu.

Tapi, ieu leungeun teu wasa
diobahkeun, pikeun njoretkeun aksara
reh andjeun, pahlawan
pradjurit hënteu dikënal
tanpa ngaran.

Ieu biwir teu wasa
ngahudang sora, ngutjapkeun pudja
reh andjeun, pahlawan
pradjurit hēnteu dikēnal
tanpa ngaran.

Nu wasa anging angin'
nu mangnēpikeun
harewosna dunga djeung katineung
keur andjeun
pahlawan tanpa ngaran.

Duh, angin tēpikeun
tēpikeun ieu
seungitna dupa djeung malati.

Miebing 23 Djanuari 1950—1953.

Tina *Sunda* no. 2 th. II
tg. 20 Djanuari 1953.

Angin Pakidulan

Geus lélér topan
angin ribut bula-bali
ombak ngamuk nguwak-ngawik
ngagulung sagède gumung.

Geus repéh sora ngaguruh
guruh guntur, gëlap ngampar
djeung kilat tingbaranjaj.

Antara topan djeung ombak ngagulung
parahú ngampul tengah sagara
ngadang angin djeung hudjan silantang.

Tamu tukang kuring pamit
ka indung djeung ka'
Inah, djungdjungan
dianteur ku tijpanon
djeung ibun dumëling na daun.

Ka mana nja njungsi harti ...
neang djawab tarutjing alam ?
na topan kuring teu manggih
teu timu di laut biru.

Geus pareum seuneu përdjuangan,
hate tjitjing djung kosong
hideung lir peuting
ngan bulan ipis
gumawang na mega salapis.

Inah, djungdjungan
Mutiara nu diteangan
ajana di Puseur Andjeun.

papag kuring di tandjung sēpi
djeung hariringkeun lagu dēngkleung
kuring mulang dianteur
angin pakidulan.

Tina Warga no 81
tg. 30 Nopembēr 1953.



Tjatētan Poean

Ka : Modjang taun '33

Tjatētan poean,
lambaran kahidji pinuh ku
kembang djeung sinar panonpoe
tiiran gambir patjampur tandjung
djeung ulin ajang-ajanggung.

Katja tilu ngawungkul lagu
lagu parawan dipajung lajung
mun warna paul djeung beureum
parébut tēmpat di langit kulon.

Parawan nembang lagu tjinta,
lagu Sunda mawa wirahma,
ngawur rasa asih djeung njaah,
thema heubeul djeung
illusie barudak ngora.

Katja saratus ēmblog-ēmblogan
tapak kesang djeung tjiapanon,
kaburu surja tunggang gunung,
peuting datang,
mun bentang baranang.

Ieu lagu sakeudeung deui beak,
mun sora geus pēgat-pēgat,
djeung ngilcs kabawa angin,
mawa lamunan djeung tjita-tjita
ka peuntas di beh ditu.

Bagian kahidji poe ieu tamat
mun katja panganggeusan geus p'nuh
djeung kētjap pileuleujan geus kēdal
djadjaran panungtung ditutup ku titik.

Di tēngah-tēngah
antara kertas djeung kertas
éros beureum taun '50 garing
ninggalkeun hapeuk djeung seungit léléb
mawa pangeling-ngeling,
djaman gawe djeung tjita-tjita
menta korban.

Tina Panghegar no. 67 tn. IV,
17 Djuni 1955.



Tēlēpon

DUKA kumaha bēt njolojong kana soal tēlēpon.

Tadina mah maksud teh rek mitjeun waktu opat-puluh-lima mēnit, pēladjaran bebas, di ruang guru bari mukaan madjalah. Tapi bēt gok tēpung djeung artikl ngeunaan tēlēpon, mani pogot dibatja nēpi ka anggeusna.

Ari soalna mah teu aneh teu sing, hidji urang Inggris nolak hirupna didjadjah ku tēlēpon. Teu anch teu sing tjeuk kuring, ongkoh urang Inggris mah geus kawéntar phlegmatis djeung konservatif; djadi mun rek nolak hirupna dikawasa ku tēlēpon teh kaharti.

Bēt ras kuring ingēt kana kahirupan kulawarga kuring, dibandingkeun djeung eta urang Inggris teh katjida bedana, lir bumi djeung langit.

Tēlēpon teh pikeun kulawarga kuring mah katjida pēnting-na, malah kuring mah hese ngagambarkeun kulawarga kuring tanpa tēlēpon. Kumaha teu rek pēnting da kulawarga kuring mah gēde — kawas uniumna kulawarga urang Timur — hidji bana, hidji ēma, sawēlas budak awewe lalaki.

Tēlēpon teh diadi uratnadi kulawarga, Sarebusatu matjēm pērkara diputuskeunana karereanana — ngaliwatan tēlēpon wae.

Ti sabarang kuring bisa mikir, tēlēpon teh geus aja di imah. Lantjeuk kuring lalaki nu nomēr gēnēp kungsi njaritakeun jen bapa kuring mutuskeun masang tēlēpon di imah sanggeus kadjadian jen dina hidji peuting djēmplang-djēmpling bapa dirugubrag ku djagamalēm kantor supaja buru² ka kantor pikeun nampa intērlokal ti Surabaya.

Basa kuring keur budak, kuring dieun¹ adi-adi sok balap paburu-buru nampa tēlēpon, mun bel tēlēpon mimiti ngirining; sainggeus gēde kabisaaan kuring teh robah, aja kalana tēlēpon diantēp ngirining nēpi ka eureun ku maneh atawa ditutuhan ku bantal supaja sorana teu harus teuing mun kuring keur kapalang ku pagawean.

Bapa ngagunakeun tēlēpon teh keur urusan² kantorma. Ema keur kawadjiban-kawadjiban sosialna, lantjeuk-lantjeuk na geus gēde pikeun ngobrol djeung batur-baturna, kuring djeung adi-adi mangnampakeun djeung néruskeun pésenanana.

Dijitung tina prēsentaseu waktu tēlēpon digunakeunana di imah kuring, lantjeuk-lantjeuk nu awewe pangreana make tēlēpon, nomér duana Ema, nomér tilu lantjeuk-lantjeuk nu lalaki, nomér opatna Bapa.

Rekor panglilana make tēlēpon — nēpi ka ajeuna — ditjékél ku lantjeuk lalaki nomér gēnēp, lilana dua djām opat-puluhlima mēnit tilupuluh dětik. Salila nčlépon lantjeuk kuring nganggeuskeun pagawean imah Stereometrie lima soal, hidji tērdjémahan basa Djérman, rēportaseu maen bal Pērsib-Pērsidja, siasat njumputan Annie babaturanana sakola nu awewe sangkan teu kadjurétnraktir ka bioskop. Anggeus nēlēpon, kriüing bel tēlēpon teh disada, keur Bapa. Ari atos nēlēpon Bapa pohara bēnduna ka lantjeuk kuring teh, nēpi ka dihukum tutupan kamēr tilu poe.

Pikeun lantjeuk kuring hidji kauntungan nu lain leutik, sabab tutupan kamēr hartina pikeun kuring sarerea : hudang beurang, dahar di kamar, teu sakola, service katjida mēmuas-keunana.

Pikeun Bapa rugi nu katiida fēdēna — sanggeus kuring meunang bedja ti sekertaris Bapa di kantor — tilu panawaran djeung hidji kontrak pihargacun 500.000 perak poe eta leungit lantaran tēlēpon ka Bapa diblokir.

Bēnduna Bapa beuki kērēp sanggeus kauminda ku andjeun-na jen tēlēpon teh rereana dipake kapērluan barudak wae. Kumaha teu rek pikakeuheuleun atuda, geura dangukeun ku arandjeun kumaha mun Julie, lantjeuk kuring nu awewe, nampa tēlēpon.

Sagala pagaweananana nu keur ditjabak ditunda, da mun keur mandi teu sirikna keur disabun tjul ditunda ; kēran mah kēran tjai dina bak mudal babandjiran ka kamērsare. Rap anduk dipake muntēl awak, bēlēnjēng lumpat kana tēlēpon, tjai djeung budah sabun njaraktjlakan saparat-parat

djalan, lung ngalungkeun anggél tina dipan kana ubin deukut télépon, gek diuk di handap, njarande kana anggél, kakara télépon diangkat. Kalakuan kitu teh pikeun kuring mah nambahan kahelok, kawas njaksian hidji rituil upatjara agama.

Nu diobrolkeunana pikeun landjang nu umurna nintjak wélasan taun — teenager tjek basa ajeuna mah — katjida reana. Tina soal pakean kana soal pangadjaran sakola, tina soal „dates” kana warung lotek anjar, tina film népi ka soal prive guru-guru di sakolana, disélang ku mutér pělat lagu nu panganjarna, „top hits”; song télépon ditompokeun kana loudspeakerna, atawa sabalikna Julie tjitjing teu ngomong ngadengengeun pělat nu diputér ku babaturanana beh ditu!

Tjai djeung budah sabun garing manten; bandjur di kamérmandi barudak di luhur ngutiurna ka dapur. Sanggeus beak pitjaritaeun télépon kakara diteundeun, mandi diteruskeun. Eta njarita nu sakitu pandjangna teh lain pedali Julie sono geus lila teu papanggih djeung baturna. Tadi pukul saténgah dua pisah di hareupeun buruan, isukan saténgah dalapan papanggih di sakola, imahna teu kahalangan ku sapuluh suhunan.

Ku lantaran rudét ku barudak, Éma ngusulkeun ka Bapa supaja masang télépon hidji deui, lantaran Éma tara kabagean télépon pikeun ngurus kapérwan sosialna. Sanggeus Bapa jakin, télépon kadua dipasang di kantor Bapa di hareup. Tapi Éma masih keneh tjan kabagean télépon, télépon katilu dipasang di luhur di gang antara kamérsare barudak djeung kamérmandi, kalawan ultimatum barudak teu meunang ngagunakeun télépon Bapa atawa télépon umum di tengah imah.

Sakali mangsa kungsi Julie ngusulkeun supaja télépon di luhur dipasang di kamérsarena djeung diganti ku pésawat nu warmana bodas — kamar Julie sagala-galana bodas warnana dihiasan udat-udat koneng émas. Tapi Bapa nolak kana pamenta nomér dua, njalujuan kana pamenta nomér hidji sanggeus Julie tunangan kalawan alésan paedagogis keur kuring djeung adi-adi kuring. Julie pundung saminggu, tapi

lila-lila mah lipur sabab mikirkeun, untung keneh aja télépon hideung-hideung oge.

Saha nu teu résép boga télépon ? Modjang-modjang Sèpanjol djeung Itali nampa tjinta ngaliwatan serenade di balkon, kuring mah nampa serenade ngaliwatan télépon. Kieu dongengna.

Harita teh éntas kapapatenan nini ti gigir, Julie keur ngen-dong di Aki Atuh pesta wewétonna nu kaduapuluhdua ditunda da ngahormat ka nu dikantun. Tengah-peutingna, pi-isukaneun poe wéton Julie kirining télépon disada ; kuring geus sare tibra, di kamér Julie da kosong. Bari kukulutus télépon ku kuring diangkat kana tjeuli.

„Hallo !” tjénah sora lalaki.

„Ja” tjek kuring saténgah ngesom „Julie eta teh ?” tjek kang Iman tunangan Julie; tjan kaburu kuring mere katé-rangan kang Iman njorostjos manten deklamasí sadjak dina basa Inggris, duka Robert Burns, duka Walt Whitman duka Shakespeare; ngan nu kaharti ku kuring mah saentik-eutékeun moal salah ngeunaan eta tea. Lulungu teh leungit, kuring djadi tjenghar.

Keur Julie, tjénah, hadiah ulang taun djeung rea-reá deui sakumaha umumna nu keur tunangan.

„Thank you” tjek kuring, „thank you very much.”

„Mama buruhna ?” tjek kang Iman.

„Buruhna ?” tjek kuring olohok „Icecreamsoda”.

„Ah. teu benki” tjek kang Iman. Sakédapan ti beh ditu djémpling. Ari télépon disada deui sora kang Iman beda ti sasari, peura.

„Ieu teh Julie ?” pokna.

„Sanes” tjek kuring „Tina ieu mah” bari sok télépon ditendeun.

Ti harita Julie ari teu sare di imah, kamérna sok dikontji. Ari paréng kuring panggih djeung kang Iman, sok kalamas-kelemes, sému rada eraeun.

Sanggeus kuring nintjak umur wewélassan, kalakuan Julie teh teu helok deui. Waktu eta, pikeun kuring télépon sarua

djeung uangsaku bulanan ti Bapa ; tanpa eta kuring sabatur-batur nu saumur moal bisa hirup.

Sakapeung, mun kuring paréng aja nu karasa, atawa euweuh pakeeun keur sakola, sarta Ema keur sibuk ku kawadjiban-kawadjiban sosialna ; kuring sok nélépon ka tata-usaha sakola, niru-niru sora Ema, ngabedjaan kuring teu bisa sakola, lantaran gering. Sakali niangsa kuring aja nu karasa deui, atawa euweuh pakeeun ka sakola — duka, rada poho deui — kuring nélépon ka sakola — aeh, Ema ketah — bari njébutkeun panjakit nu kira-kira djéro 2 atawa 3 poe bisa tjageur.

Sora ti beh ditu nanja : Ieu teh njonja W. ? Kade, tjénah, da kuring apal kana sora Ibu W. mah. Eta teh sora kang Iman, harita keur djadi guru Elmu Alam keneh di sakola kuring. Poe eta kapaksa kuring sakola.

Sakali deui télépon di imah kuring ngalaran nu kaalaman basa djaman Julie. Njieun „dates”, nambahan sobat lalaki, nambahin sebat djeung musuh awewe, njieun soal-soal Al-djabar, térdjémahan Inggris djeung Pérantjis, ngadengekeun top hits, djeung rea-rea deui. Bedana teh ngan sueutik, mun djaman Julie mah djaman bleus djeung Frank Sinatra, Pery Como, Bing Crosby; djaman kuring mah djaman nu leuwih dinamis, djaman Elvis Presley, Tommy Sands djeung Ricky Nelson. Djaman Julie mah djaman nov-look, djaman kuring djaman can-can petty-coats djeung sack-dress.

Sanggeus dulur-dulur kuring nu galéde nguréni sarta misah imah, télépon teh rada reureuli. Télépon tengah imah — télépon umum — ditjabut. Di imah-imah lantjeuk kuring nu anjar kabeli aja téléponna. Sipat bedja ajeuna rada beda. Ngaliwat télépon Ema kuring mere instruksi ngeunaan rëscp-rësep kadaharan, huntu anjar nu djadi di salah-sahidji intju, soal budjang, kudu kumaha sangkan njeuseuh sëpre bodas pisan, merék pantji nu kumaha nu pangawelan, sarta sadjaba ti eta.

Sanggeus di imah ngan kari kuring, dua adi kuring. Ema djeung Bapa, télépon nu di kamér Julie — kamér kuring ajeuna — ditjabut.

Ngaliwatan tēlēpon umum — tēlēpon Bapa di kantor, kam̄ar hareup — kuring sakulawarga sakapeung djēro sapuluh mēnit ngadenge sora lantjeuk-lantjeuk kuring nu keur digawe atawa diadjar ngumbara di luar-nēgēti, di India, Djerman Barat djeung Amerika.

Kuring sakulawarga ngarasa haroongeun, keueung, kasé-pian, lain wae ku lantaran ngurangan djiwa, tira tiluwēlas anggota kulawarga plus sakitu budjang kana lima anggota kulawarga plus dua budjang, tapi oge tina tilu pēsawat tēlēpon kana hidji.

.....
Katjida anehna eta urang Inggris !

Bel ngamimitian djam pēladjaran katilu disada barēng djeung bel tēlēpon di kamēr tatausaha.

„Hallo” tjēnah — djēmpling.

„Masri” tjeuk kēpala tatausaha sakola ka pēsuruh sakola.
„Tēlēpon keur Ibu Tina ti ramana !”

Masja Allah !

Katjida anehna eta mah tēlēpon.

Tina Sipatahoenan
tg. 27 Oktobēr 1959.

TINI KARTINI

Dilahirkeun di Tasikmalaja dina tanggal 29 Oktobér 1933. Sanggeusna namatkeun S.G.A. tuluj ngaguruan bari milu kursus BI basa Sunda. Sanggeusna tamat ngadjar di S.G.A.

Mimiti nulis dina basa Sunda dina taun 1959, dikirimkeun sarta dimuat dinas suratkabar *Sipatahoenan*. Ku Penerbit Kiwari Bandung, dikeluarkeun kumpulan tjarponna nu munggaran nu djudulna *Djurig?* (1963).

Dina ieu buku dimuat sadjak djeung tjarpon-tjarponna :

ULANGTAUN

SURAT

DJURIG !

Ulangtaun

(keur modjang nu niup lilin).

Lilin hurung 17 siki
dibarung imut pangrungrum
dunja kiwari nu kami
ulang taun pinuh kembang.

Lilin nungtut tambah hidji
diiring imut karisi
dunja kosong ngan dirina
ulang taun ieu sangka njiksa.

Bandung, 29-10-'59.

Tina Sipatahoenan no. 248 th. XXXVII
tg. 5 Nopembér 1959.

Surat

(Supēnir keur dulur kuring zu dirapalan bulan Agustus)

MANEHNA diuk hareupeun toilet, urut kēning nu tadina di-lēning² ku manehna ditjabakan bari ditikēl-tikēl. Panonna neuteup kalangkang di djēro katja, njeh seuri tuluj peupeureuman.

„Ngaran andjeun ajeuna lain Tia Kathia, tapi njonja Tia Hermana ... njonja ... Tia ... Hermana ... Hēmh,” manehna imut. Buukna nu ngarumbaj sēmēt taktakna disikat lalaunan, biwirna teu eureun-eureun umat-imut.

„Njonja ... Tia Hermana,” tjēnah haharewosan.

Ajeuna leungeunna njasaran latji toilet, tuluj dibēdol, panonna nu tadi neuteup kalangkang dina katja, ajeuna pindah neuteup kērētas anu numpuk di djēro latji. Tjahaja dina beungeutna mimiti surēm, diganti ku tjimata nu tinggurilap tina djuru² panonna. Kērētas anu numpuk di djēro latji ku manehna dirawu tuluj dibukaan.

Nadjan manehna geus njaho naon eusina eta kērētas, tapi panonna mimiti nuturkeun djadjaran² aksara nu minuhan eta kērētas. Hatēna milu matja.

Nita,

Andjeun tangtu heran, naon sababna kuring njuratan ka andjeun. Tapi Nita, ka saha deui atuh kuring njuratan ari lain ka andjeun mah? Andjeun ku kuring dianggap sobat sadjati, sobat waktu kuring keur susah batur waktu kuring nandang kabingung.

Nita, tangtu andjeun ge geus njaho jen Hermana teh tunangan kuring. Kuring geus opat taun djadi papatjangan manehna.

Ari ajeuna Nita, manehna rek ninggalkeun kuring. Tangtu andjeun njangka, manehna kagoda ku modjang lēndjang mana ninggalkeun oge. Lain Nita, lain kitu, manehna indit

manna. Padjarkeun teh Hermana moal tulus kawinna ka kunnungguan tilu taun. Duh Nita, pisakumahaeun teuing keueungna hate kuring, mun manehna geus euweuh. Tilu taun kuring kudu ngadagoan manehna, tilu taun kuring kudu disiksa.

Nita sakieu bae heula surat ti kuring, sabab ajeuna kuring kudu beberes mereskeun barang, bawaeun manehna.

Dungakeun bae nja Nita, sangkan manehna buru² balik deui djeung salamēt di djalan.

Kuring nu sēdih.
Tia Kathia.

Nita,

Manehna geus indit, malah geus datang ka Bonn tjēnah. Kamari aja suratna, tjēnah di Djērman ajeuna usum „winter” nu katjida tiisna. Boro² urang Indonesia nu datang ti nagri panas, dalah urang Djērmanna oge ngarasa heran, naoni sababna „winter” taun ieu katjida tirisna. Manehanana mehmehan teu kuat tjēnah Nita, bakating ku tiris, meh teu kuat ngaleungkah-lengkah atjan. Leungeun njētjēp, tiis kawas es, beungeut asa baraal tjēnah.

Dina panungtung suratna manehna nulis kieu Nita : „Tia, dungakeun kaka sing kuat nandangan kasusah di nagri deugeun djeung dungakeun sing hasil maksud. Emh Tia, kajipta haneutna hawa Bandung, kapanasan ku sinar Surja.

Mun kongang mah kaka teh hajang ngapung, hajang balik deui ka dieu.

Tia, sok djeung saha mulan ...? Urang papanggih di pangimpian bae, nja Tia.”

Karunja nja Nita, naha atuh manehna teh teu puguh² make sakola ka luar nagri sagala ?

Sakieu wae heula nja Nita, sabab kuring kaburu tunduh, ajeuna geus pukul dua peuting.

Tia Kathia.

Nita,

Geus lila pisan kuring teu njuratan ka andjeun. Atuda kuring teh riweuh.

Barudak arudjian djaba gēring, mani neunang tilu bulan diopnameu di Rumah Sakit. Tjeuk Dokter mah kuring teh tjape teuing, loba teuing indit²an.

Atuda Nita, ari tjitjing, di imah teh sok ingét wae ka manehna, korno ari malém Minggu mah, karasa pisan keu-eungna teh. Tapi kuring teu bebedja ka manehna, jen kuring gēring ripuh, sabab sieun manehna susaheun, bisi ngaganggu pangadjaranana.

Surat ti manehna anggér datang sabulan sakali. Ajeuna di ditu teh keur usum „summer” tjénah bubuhan nu keur meadjeuhna asak. Manehna mah mani makmak-mékmék tjénah ngadaharan apple djeung peer.

Mun seug kuring di ditu, rèsép tjénah mètikan anggur ku sorangan.

Ngabibita bae nja Nita, batur mah di dieu teu ngeunah dahar² atjan balas mikiran manehna. Heg atuh Nita, kuring tek ngadjar.

Tia Kathia.

Nita,

Peuting ieu bulan montjorong tina sëla² putjuk tjamara, mega pairing-ing ajang²an di langit. Barudak kakawihan di buruan pinuh kabungah.

Tapi kuring Nita, duh pangrampakeun ieu hate.

Nita, geus dua bulan manehna teu njuratan ka kuring. Enja Nita, ka beh dieunakeun mah manehna teh langka njuratan.

Ku naon nja Nita ? Gēring kitu ? Ah muga² bae sing sehat manehna teh, karunja.

Meureun riweuheun keur udjian. Tapi matak naon atuh sakotret mah njuratan nja ?

Atawa boa² ... Duh Nita kumaha kuring.

Nu bingung,
Tia Kathia

Nita,

Kasieun kuring ajeuna djadi kanjataan. Kaimari aja nu mawa bedja.

Lain, lain bedja pikabungaheun, tapi bedja nu maehan sagala angén² djeung pangharépan kuring.

Nita, naon sababna ari lalaki sok gampang mindah² tjinta?

Manehna kakara sataun padjauh djeung kuring, dina waktu sataun boa kurang, manehna gantjang pisan poho ka kuring.

Padahal mah Nita, keur kuring mah, beuki lila padjauh teh beuki katjipta sarengkak saparipolalina, beuki hajang geura gok djeung manehna, papanggih.

Naha atuh Nita ari lalaki mah teu kaop nendjo nu leuwih alus sok gantjang poho ka nu heubeul. Naha manehna teu ingéteun kana kasatiaan kuring?

Kuring geus gënep taun papatjangan djeung manehna.

Siga naon atuh énon Djérman nu geus ngarébut Hermana ti kuring teh?

Geus tangtu geulis nja Nita, djeung pintér ngomong deuih meureun. Da kapan urang Djérman mah kamashur barisa ngalap hate batur.

Nita, kudu kumaha atuh kuring teh? Kudu përtjaja kana eta bedja atawa kudu dianggap angin wae. Tapi ieu hate, asa ngagolak Nita, asa aja seuncu hurung nu njurutan hate kuring. Duh Nita kuring tulungan.

Nu sédih
Tia Kathia.

Nita,

Ajeuna tanggal 12 Desembér 1955, dua taun djangkép manehna ninggalkeun kuring djeung poho ka kuring.

Hénteu ketang Nita, ari poho pisan mah ka kuring teh meureun da buktina ari njuratan mah osok nadjan langka oge.

Bedja mah bedja Nita, padjarkeun teh manehna geus kawin di Djérmania, malah geus boga anak tjénah.

Kuring kungsi njuratan ka manehna, nanjakeun pérkara

bedja tea. tapi eta surat něpi ka ajeuna tjan diasupkeun, sabab kuring risi bisi manehna teu ngeunaheun bisi njerieun hatera, bisi keuheuleun, bisi matak ngaganggu kana pangananana djeung loba deu bisi² nu sedjenna.

Dina hate kuring pěrtjaja jen manehna tangtu balik dewi ka kuring.

Nita, ajeuna kuring malik ngewa ka nu sok njěbar³keun hedja tea.

Naon maksudna djeung naon kauntunganana keur manehna ujarita⁴keun pěrkara Hermana ? Naha manehna teu njaho, ten kuring keur katjida sědihna, lantaran ditinggalkeun ku manehna. Naha manehna teu ngarti jen eta bedja teh lir ibarat peso senkeut nu ngagèrihan hate kuring ?

Enja Nita, da ngan andjeun sorangan nu njaho djeung bisa ngarasakeun kumaha kaajaan hate kuring.

Tia Kathia

Nita,

Gusti nu Maha Sutji sipat murah. Manehna geus tamat sakolana, bulan hareup manehna bakal datang ka Indonesia, datang ka kuring balik ka kuring.

Nita, andjeun tangtu bungah lain ?

Sabulan deui kuring bakal papanggih djeung manehna, sabulan teu lila, ngan opat minggu. Enja Nita teu lila ?

Dungakeun Nita, sangkan manehna salamět di djalan.

Tia Kathia

Nita,

Poe ieu manehna bakal datang, kuring rek mapagkeun ka Palabuan.

Nita, badju nu mana nu pangpanténsna di kuring ? Duh ieu buuk kudu dikumahakeun Nita ?

Kuring rek make badju paul ngarah sarua djeung pulas laut.

Nita, tjing pangnaksirkeun ieu heungeut sēmu pareot atawa hēnteu ?

Ku naon bēt asa djadi bēgang, djeung asa djadi hideung deuih ?

Nita sakeudeung deui kuring papanggih djeung manehna. Tapi ... kumaha mun balikna teh mawa ēnon ? Wah piraku nja Nita ? Manehna tangtu balik sorangan, moal mawa ēnon.

Duh Nita, dungakeun atuh ! Ka mana deuih djērit teh Nita ? Euleuh geus pukul sabēlas Nita, mangkaning manehna rek datang pukul satu.

Geus wae nja Nita, kuring rek indit.

Kuring nu pinuh ku panharēpan.
Tia Kathia

Nita,

Kuring lila teu njuratan teh lain polio ka andjeun, tapi ieu hate keur katjida tagiwurna, aja bungah, aja sēdih, aja keuheul.

Kuring njaho, andjeun hajang geura njaho pērkara Hermana lain ?

Nita, manehna geus datang, hēnteu, hēnteu mawa ēnon, manehna balik sorangan.

Tapi Nita, barang kuring gok djeung manehna, sagala nu ditjita-tjita djeung di-reka² di imah kabeh leungit.

Nita, manehna katjida robahna, manehna lain Hermana nu bareto, nu sok neuteup binarung deudeuh. Lain, lain Hermana nu baheula.

Barang mimiti gok djeung kuring, manehna mēlong ka kuring kawas guru mēlong ka muridna. Kuring ngarasa asa aja djurang antara kuring djeung manehna, teuing ku naon. Naha ieu teh ngan rarasaan hate kuring wae Nita ?

Manehna balik deui ka kuring mawa awak djeung gēlar sardjana, tapi hatena teuing di mana.

Nita, tērus tērang bae, kuring butuh keneh ku pangrung-

rumna djeung ku paneuteupna tjara baheula. Kuring teu butuh ku gēlarna.

Kuring hajang papanggih djeung Hermana nu baheula, nu ngabogaan hate djeung rasa, lain Hermana nu gandang ku gēlar djeung ridu ku elmu.

Manelina deukeut tapi asa djauh.

Nita, kuring mindēng mukaan albeum baheula nu ditulisan ku manehna.

Handapeun potret kuring nu ngarendeng djeung manehna, ku manehna ditulisan sadjak, duka teuing sadjak karangan saha. Kira² k eu mun di-Sundakeun mah ;

*Djungdjunan
ngaran andjeun lir galindēngna sora
nu ngusapan hate kuring
deukeut andjeun djungdjunan
hate ngarasa bungah.*

Aja deui potret kuring di kēbon handapeun tangkal ēros, ku manehna ditulisan kieu :

*Tjinta kuring
kawas kēmbang ros beureum.*

Ah Nita, eta mahi dongeng baheula.

Kuring nu bingung,
Tia Kathia

Nita,

Andjeun meureun bosēn matjaan surat kuring. Tapi wajhna wae Nita, sing karunja ka kuring.

Nita, andjeun njaho hēnteu, naon nu sok diobrolkeun ku babaturanana ?

Maranehanana tingkarētjēwis, naon sababna tjenah kuring tjan kawin wae, padahal Hermana geus lila balikna ti Djér-

manna. Padjarkeun teh Hermana moal tulus kawinna ka kuring, sabab tjénah hatena aja di Djerman. Padjarkeun teh karunja tjénan ka kuring boa rek papatjangan saumur-umur.

Duh Nita, kuring teu kuat ngadenge omongan² sarupa kitu

Dina hidji poe mah, sagala omongan babaturan teh, ku kuring dibedjakeun ka manehna. Kuring nanja ka manehna, naha énja manelina teh geus teu tjinta ka kuring? Ku kuring disébutkeun jen kuring geus sapuluhan taun nungguan manehna, jen kuring geus tjukup sabar nungguan manelina jen kuring era ku babaturan, jen kuring esa diganggajong ku manehna.

Nita, teu sangka sugaran teh manehna moal ambék

Ari pok teh kieu tjénah Nita:

„Tia, naha make ngagugu kana omongan batur? Naha saha anu rek kawin teh urang atawa batur? Kawin lain pérkara gampaing, lain ngan ukur njangharcupan Panghulu tuluj matja sahadat djeung majar ipékah. Tapi hidji tanggungdjawab, ka turunan urang ka kulawarga urang djeung kana birup urang.

Naha Tia make njangka, kaka teu tjinta ka Tia? Urang lain budak umur wélasan taun Tia. Keur naon atuh kaka tipoporose sakola djauh³, ari lain keur Tia mah. Keur naon atuh kaka balik deui ka dieu ari teu ingét mah ka Tia?

Tia, tjinta kaka mah teu kudu diomong²keun, teu kudu dipamer-pamerkeun.

Tapi tjukup ku bukti djeung kanjataan.

Kaka teu njangka, Tia anu sakitu satiana, népi ka boga pikiran goreng!”

Nita, manehna lila ngahuléng paromauna bangun anu katjida sédihna.

Duh Nita, kaduhung sagéde gunung, ngomong teu djeung pikiran.

Deudeuh teuing meureun manelina teh nalangsaéun. Nita kuring kaduhung.

Tia Kathia

Nita,
Andjeun heran meureun sabab ieu surat pinuh ku tjemata
Tjemata bungah Nita.
Enja bénér panjangka andjeun, kuring rek kawin.
Sanggeus kurang leuwih sapuluh taun kuring mapaj² dja-
lan anu katjida sulitna.
Angén² djeung impian kuring ajeuna djadi kanjataan.
Kuring njaho tjipanon andjeun njalangkrung, tangtu lan-
taran milu bungah nja Nita. Duh nja andjeun sobat sadjati
kuring.
Kuring ten bisa pandjang² njuratan sabab loba pigaweeun,,
sakieu wae uja.
Mun andjeun matja ieu surat, kuring geus djadi panganten
Nita.
Tampanan kabungah kuring.

Tia Kathia.

Braj panto kamarna muka, salakina asup.
„Keur matja naon Tia ?” manehna imut.
„Sérat ka.”
„Surat ti saha ?”
„Ti abdi.”
Kéretas nu numpuk teh ku salakina ditjokot, tuluj diilikan
pek dibatja.
„Saha Nita teh ?”
„Rerentjangan.”
„Di mana ejeuna, geuning ieu surat teh euweuh nu di-
alamatkeun ?”
Manehna imut deui.
„Nita aja di dieu dina hate abdi. Manehna sobat sadjati
abdi.”
Salakina ngahuléng tuluj neuteup, paneuteup nu pinuh ku
kadeudeuh.
„Tia, kaka bega pamenta, sadjabana djadi salaki teh, kaka
hajang dianggap sobat sadjati, gaganti Nita ... kumaha Tia ?”

Manehna mēlong ka salakina, tjipanonna mimiti tinggu-
rilap tina djuru² panonna. Leungeun salakina ngusapan bu-
ukna lalaunan, leungeun nu pinuh ku kanjaah.

„Tia, ajeuna lain waktuna keur sēdib. Kakara səminggu
lilana urang laki rabi.

Haju urang ngajakeun pesta.”

Kérēwék kérētas nu numpuk teh ditjokot, pamadjikanana
dikaleng ka tēngah imah. Sok surat teh diteundeun dina asbak
sut disundut. Gek dariuk dina sofa rerendengan. bari nang-
gap nu dihuru.

Kérētas teh tingporongkol tingpēlēnting bangun nu hajang
leupas tina kēpungan seuneu. Barang kari tungtungna nu hu-
rung, manelna muntang kana peupeuteuan salakina bari
ngaharewos :

..Pileuleuan . Nita” tjēnah.

Bandung 17 Djuli 1959.

Tina Sipatahoenan no. 176 tn. XXXVII
tanggal 8 Agustus 1959.

Djurig!

TI BAHEULA oge loba ari nu ngalanglangan mah. Tapi, duka teuing atuh da tara aja nu djadi, aja-aja bae halanganan teh. Teu kitu tea kieu, teu kieu tea kitu.

Ari potonganana, nja meudjeuhna bae sakitu mah, atuh muu rek ditilik tina kahêresihanana nja lumajan bae.

Ngan, eta meutreun pedali kuloneunana aja kuburan djeung pérénahna handapeun dapuran awi. Padabé di wetaneunana mah imah wungkul, atuh pangensina gégék kawantu lémbar gëde di dinja teh.

Ngan ketah deuih, di imah eta teh tjénah kungsi aja nu ngadjuru kembarr, tapi burusat tuluj. Malah dikuburna oge di kuburan kuloneun inaab tea.

Dina hidji poe, gurudug-gurudug aja roda ngaliwat ka djalan koral nu ngan hidji-hidjina di lémbar eta. Rég eureun hareupeun warung. Pangandjél dipasang, kadali dilaan, sok loloh hareupeun kuda diwadahan ember kohok.

Kalatjat kusirna naek kana roda, rek ngundjalan muatanana.

Mimiti nu diturunkeun teh korsi hoe opat, harutut. Ditema medja lendjorg, tèrus bangku rejjod

Torodjol gulungan kasur, leuwih pantés mun disébut sajang tunbila, anggélna ge moal kurang ti kitu dëkilna teh. Rigidig manggul gëntong songhek dieusi beas, leungeun katuhuna ngadjingdjing besek nu dibakutet tambang lamak. Keur kitu djébul nu boga barang, istri lèndjang dituturkeun ku nu manggul rantjatan.

„Udjang, tulijkeun bae barang teh tuh ka imah handapeun dapuran awi. Pek ka injah, kahade aja nu tinggaleun. Mangkaning ajeuna mah usum sagala mahal.”

Kusiwél-kusiwél ngodok duit tina pesak kutangna, sok dibikeun ka tukang roda.

„Akang,” tjénah. „Ieu mah disuhunkeun ridona bae, kuring mah ngan boga sakitu-kituna. Atuh dina kurangna, etang-

etang mēkēlan bae ka kuring. Da puguh kuring mah randa, keur randa ieh sangsara deuih."

Teu ditembalan-teimbalan atjan ku tukang roda teh, ngan ukur ngagérēman, leos bae njampeurkeun kudana.

Bubuhan di lēnbur. aja kadijadian anjar teh dianggap aneh. harita oge nu anjar datang teh pada ngadengdeug.

„Tjos geuning ngalihna, tjeu ?”

„Heueuh nja, da batur mah tara tulis Sariéuneun ...” tjeuk ma Nini bari njisig.

„Na aja naon kitu ēma ?” tjeuk nu anjar pindah teh.

„Ah ... bedjana mah taeun, njai, imah teh ... cusian tjénah. Njao teuing bēnēr hēnteuna mah.”

„Djeun teuing, da kuring mah teu pati sieun ku djurig teh Sieun keneh ku djéléma.”

„Heueuh, sukur bae ari kitu mah,” tembal ma Nini teh.

Sorena, sanggeus beres bēlēnah, meresan bubututan tea. leos manehna nēpungan tatangga-tatanggana. Rek wawa-wuhan meureun ti dituna mah. Padahal teu dibedjaan oge tatanggana geus njerahoeun, jen nu anjar pindah teh ngaran-na nji Ijot. Duka teuing ti saha. mahum di lēnbur tea bae. sok sagala gentjang nérékab.

Nu mimiti diandjangan teh, tatangga gigireun imahna. Nu ku urang dinja sok dilandi tjeu Eneng ari salakina kang Aden. Sanggeus pupuntenan, sakumaha biasa adat nu njemah, sarta sanggeus silih tauja asal-usul, udjug-udjug tjélengkeung bae nji Ijot teh :

„Kieu salérésna mah tjeu Eneng, anu matak kuring pindah ka dieu teh. Tapi omat ulah diutjah-atjeh ka batur, da ieu mah rasiah kuring,” tjénah bari ngiséd ngadeukeutan tjeu Eneng.

„Kuring teh dinjénjéri ku salaki, dipangnjandungkeun. Ari nu matak ngénés, eta ku teu kira-kira, njandungna teh ka anak tatangga. Tatangga pisan tjeu Eneng, tatangga sabruan. Padahal mah, teu geulis teu sing budakna teh. Ngan eta meureun pedah buukna dikreul, djeung biwirna tjamerot. Djeung ngomongna diras-diris-djrés, duka teuing basa nana-

haon, da make ai lap ju ai lap ju kitu. Ongkoli tjénah maneh-na teh kaluaran iskola, tapi teu bisa mangarti, daek ngarebut salaki batur. Mana kitu ge teu paju ka budjang nja tjeu Èneng. Ah, kuring mah teu owé!, djél wae. Mënding oge lalagasan . . .”, tjénah bari gudad-gadeud.

Meineh balik nji Ijot ngomat-ngomatan sangkan rasiéhna ulah diutjah-atjeh.

„Moal atuh njai, moal bétus. Sing përtjaja bae ka eutjeu,” kitu tjeuk tjeu Èneng teh. Tapi, heuleut tilu poe ge, anu padjarkéum iah diutjah-atjeh teh geus djadi rasiéh umum Malah antukna mah, urang dinjana nu barosèneun teh. Atuda nji Ijot mah mun ngobrol teh, cuwenh deni nu didjieun djédjér tjarita teh ngan përkara dinjénjeri ku salaki.

Sabulan ti harita. Isuk-isuk keneh nji Ijot geus dirariung ku tatangga-tatanggana sisi sumur. Anu sasari paboro-boro teh, harita mah ih diarantép bae pantjuran lowong ge.

„Hij, kakara saumur njunjuhun hulu nerdio nu kawas kitu.” tjeuk nji Ijot bari bibirigi-digan.

„Tjing atuh tjaritakeun ti mimitina. lain ngan bibirigi-digan bae.”

„Ke atuh lanan,” tembal nji Ijot bari méménér sampingna „Peuting teh, keur kekerod bae di tengan imah. bari mikiran kesusah. Naha atuh ari tanegah ka para . . . Eh ketang. lain kitu . . . mimitina mah tjémpor teh ngan kulutjas-kalitjés bae kawas aja nu niupan népi ka kekerod ge teu ladju. Dumadakan ari tanggah teh ka para . . . aja nu utjang-utjangan. Hij, budak dua kembarn, harideung teh Tulus tarurun, pek igéł-igélan ngurilingan tjémpor. Unygal kuring rek ngagorowok. tjurukna teh diamang-amangkeun, mani anté! bae kana tarang kuring. Hijij ajeunia ge karasa keneh, tiis kawas gëbog tjau.”

Dér nu ngorariung teh retjok. Aja nu njébutkeun djurig. aja nu njébutkeun lélémbutan nu geus maot, nu teu përtjaja-eun oge aja.

„Ah, eta mah tetendjoan bae meureun.” tjeuk nu teu përtjaja ka djurig.

„Ih ketang énja, da ari sareupna kuring ngaliwat ka imah eta teh sok kadenge sada orok tjeurik.” tjeuk nu përtjaja pisan ka bangsa djurig.

„Lah, kumaha atuh, kuring mali susah, pindah, pindah ka mana, sakieu hararesena kapan neangan imah teh,” tjeuk nji Ijot sému bingung.

„Kieu bae ajeuna mah njai,” tjeuk ma Kolot nu kabénéran harita milu ngariung. „Njai teh kudu njajagikeun kembang tudjuh rupa, tjaí sakéndi, ménjan saguruntul. Unggal poe Djumaaah bawa ka kuburan budak kembang tea, pek hadiahan. Insja Allah, moal datang deui geura ari diakalan kitu mah.”

Gantjangna papatah ma Kolot teh didjalankeun ku nji Ijot. Teu sakara-kara bénér pisan ari dihadiahan mali nu sok igélan igélan teh teu datang-datang deui.

Tapi, heuleut dua minggu, geus gudjurud deui bae di imah nji Ijot teh. Harita mali ti beurang, lain peuting. Da mani teu beunang ditanja-tanja atjan nji Ijot teh. Tjalawak bae bari molotot. Sanggeng diinuman kakara bisa ujarita. Kieu tjénah dongengna teh :

Manehna teh keur di dapur, rek njieun pétjél, Lalabna geus sajagi, tuh sambarana kari ngarendos, ngan nu tjan aja teh tjikur. Kurah-koreh kana parisikan teu manggih. Gek bae manehna teh tjénah dink dina djedjodog bari humandeuar :

„Eh, hirup teh teu boga tjikur-tjikur atjan.” tjénah.

Naha atuh ari tjléng-tjléng teh tjikur ratjléng tina parisikan. Bérerbét bae nji Ijot lumpat, da basa dilieuk teh tjénah naluturkeun tjikur teh népi ka lawang panto.

Nu rada warian mah harita teh gantjanç asup ka dapur nji Ijot, rek njidikkeun. Énja bae tjikur teh kapanggih, ngan hénteu ari ratjléng mah.

Urang dinja buru-buru ngabedjaan ma Kolot, jen di imah nji Ijot aja diurig tjikur.

Ku ma Kolot nji Ijot dipapatahan, sangkan manehna hadjat tjikur ka tatangga-tatanggana, sabungkus leutik sewang.

„Moal, njai, moal aja nanaon deui geura ari geus dihadjatan mah,” tjénah.

Hate nji Ijot rengreng deui.

Malém Djumaah harita teh, da kaumbeu bau ménjan njambuang ti unggal imah. Barudak geus ngagaleubra disimbut buni, kolet-kolet ge geus léléjépan. Bulan kakara sapasi, tjah-jana ukur rějéni-rějéni. angin ngagélébug nambahana tirisna peuting.

Naha atuh ari gorowok teh ti lébah imah nji Ijot.

„Laillahhailallah ! Laillahhailallah !” tjénah. Ditema ku sora kaleng d.takolan mani gandeng.

Atuh gudjrad sarerea hudang. Minitina mah ngadarédém pes bae, da nastukanana aja gorombolan. Ari geus sidik mah lain urang leuweung, kakara bae aja nu wani ngéltrek ngalaan tulak. Tuluj muru imah nji Ijot. Gens kitu mah bréng bae sarerea tarurun.

„Njai ! Njai ! Aja naon nabeuhan kaleng ?”

„Buka punto, ieu eutjeu !” tjek tjeu Èneng-tjeu Èneng tea.

Djep nu nabeuhan kaleng teh djémpe, kélétrek ngalaan tulak. Ari braj, gembég sarerea ngagembég. Atuda nji Ijot teh, blég bae bembégi, teu djauh ti ririwa. Buukna ngaréwig, tjeulina ditjotjokan ku kapuk. Pek biwirna dibébér ku lamak.

„Astaghfirullahhaladdim, ku naon njai teh ?”

„Aja naon ieu teh ?”

Sanggeus pada narja mah, kakara nji Ijot teh daek muka békérna tuluj tjatjarita. Tapi teu matak kaharti. Kieu tjénah :

„Aja monjet, leutik teh, leutik pisan. Huluna ge ngan sagéde djarum pëntul. Ngadjléng tina sarigsig djandela, pek rënjah-rënjah. Ari tjléng teh kana tjeuli.

Dikir pek dikir, tjeuk monjet teh.

Laillahhailallah, tjeuk kuring teh.

Lain Laillahhailallah, Laillahhailallah, tapi Lailahhaileng-kong kituh pok !

Laillahhailallah ! tjeuk kuring teh deuih.

Tapi monjet teh hajoh bae lailahailengkong-lailahaileng-kong, nëpi ka kuring nakolan kaleng. Tah ajeuna ge geus

mimiti norowetjo monjet teh. Tah tah ..." tjek nji Ijot bari dangdak-dengdek djeung buburiléngan. Nu araja di dinja kabeh ngusap beungeut bari taud.

Ajeuna mali saterea sapamadégan, jen nji Ijot teh geus mimiti ngagigihan

Bandung, 26-8-'59.

Tina Sipatahoenan no. 197 tn. XXXVII,
4 Septembér 1959



HASAN WAHJU ATMAKUSUMAH

Ngaran lèngképa Raden Undang Hasan Wahju Atmakusumah Prawirasoebroto, dilahirkeun di Garut tanggal 27 Sapar 1353 Hidjrah (1934 M).

Sanggeus milu kuliah di PTAIN Jogjakarta meunang dua taun, ajeuna nulujkeun sakola di Perguruan Tinggi Djurnalistik Djakarta, bari digawe dijadi Pangatur Tata Usaha di Départemen Képolisian.

Ti taun 1953 — kiwari dijadi wartawan *Sipatahoenan*, 1954 redaktur Lekra Bandung, 1956—1957 pamingpin madjalah *Criterium* Jogjakarta. Basa aja konpèrensi Asia Afrika djeung Mahasiswa A-A, dijadi wartawan.

Aktif dina organisasi pamuda/kabudajan. Anggotha Presidium Dewan Komando Pamuda Sunda (DKPS) départemen Kabudajan.

Karangan²ana dimuat dina : *Warga, Mangle, Sunda, Budaya, Vivat, Mimbar Indonesia, Criterium*, mangrupa sadjak, tjarpon esej. Dina *Sipatahoenan* sok nulis rëportaseu.

Dina ieu buku dimuat sadjak²na .

SANG KURIANG
SADJAK TJINTA

Sangkuriang

sangkuriang ngaran kuring
ti beurang tukang tjaringtjing
ti peuting tukang ngalindjing
neangan indung nu nundung
ah ! kuring hirup njingkahan kabingung
njingkahan rurubéd nu djolna ti aing
bongan kiwari geus taja wantji mustari
rea teuing sangkuriang
geus musna beurang :
alam geus ilang dangiang
tinggal peuting anu pandjang
tjul hantja, ngadukduk atjong-otjongan
tjul raga, muru-muru nu tjan karuhan.

sangkuriang ngaran kuring
nu dibapaan ku badega
da bongan indung nu lingitung
ngutjap djangdji tanpa ungang-ungang
indung ! bongan salia mēdalkeun sangkuriang
kitu tjek adjali
tangtu kaharti
tapi naha ? dajang sumbi ngudar utjap
apan tjek tadi
sangkuriang baris mondong njai putri
nu ninun puluh taun
tapa bari sewot kana bérera
bongan geus njieun tjarita
ngagurat di nu kiwari.
alam ! andjeun musuh nu wēduk ku tēluh
nu ngajuga ! ieu kuring geuwat ropea
ulah didjieun teundeun poho
bisi dumja ditangtang ka tēnghal kalang tanpa sisi

sangkuriang ngaran kuring ! prak saponan
samemeh dunja awut-awutan, panompoé disosoeh
samemeh balebat ngan kari urut
bongan geus njieun elat
ka sangkuriang amu linglung
eli istidjrad injata andjeun ieu beunang dipisobat
tangtu ku aing ditendjrag
ieu kuring sangkuriang
menta hurip mangsa bulan mun geus kembang
radja napsu rek dikentjar-diumbar.

Rakata 20-II-1955

Fina Panghegar no. 69 th. IV
tg. 1 Juli 1955

Sadjak Tjinta

Dina njasar, njawang pangalaman mi kaliwat
Waktu ngarasakeun nimat tjinta nu munggaran
Tina hate tukeur utjap amu suiji
Kuring bogoh ka andjeun !
Tjikuraj nu bisu milu njaksem

Kum !

Tapi eta tjinta laas ku katuge
Ngidjih mujarken pasini ati
Djadi. Eta rasa tjinta nu ieu kedai
Ambruk memeh ngawaugun ngahidii

Nji kēmja ngolesed bari boboleh
Bongan djaman nu kiwari !

Kuring kapeupeuh puhu tjatur
Tarima hirup tatjan tjukup umur
Naha di dunja aja keneh nu bisa
Mere tjinta tanpa djangdji rebu hidji !

Kiwari kuring njukang sasak kinasihan
Ceangan tjinta nu panggēr di unggal Insan

Tina Warga no. 145
tg. 22 Agustus 1955

SAHURJ

Dilahirkeun di Bandung.

Nuluijkeun sakola di Universitas Padjadjaran.

Keur di S.M.A. keneh mindeng nulis dina basa Indonesia dina Madj. *Garuda* (1951—1952).

Tulisan² dina basa Sunda dimuat dina madj. *Sunda, Tjandra, Warga* djeung dina *Sipatahoenan* (ti taun 1952—1959). Kungsi ngumbara di India (1955—1958), djeung mingpin madjalah *GEMA* (organ mahasiswa Indonesia di India/Pakistan taun 1957—1958).

Dina ieu buku dimuat tjarpona-tjarponna :

KA MANA . . . ?

REK TEPI KA MANA . . . ?

MEUPEUS KEUJANG

AREP-AREPEUN.

Ka mana . . . ?

Dt mbu warung kampung anu ngan kavi ngaranna, disaksian ku tetangkalan parecang, ditungkulau ku tunggul-tunggul taruung, tihang-tihang pasesaan, katembong aja hidji mahluk Gusti ngahéruk bari nanggeuj gado neuteup turuntuk iinah nu pasdengkrah hareupeunana. Teu rusuh teu galideur estu ajcm tēngtrēm djauli ti kasieu boro-boro nēpi ka inget tanpaeh tea.

Hiliwirna ongin harita mutuh matak ngahudang lamunan, nitoh ngungkaben hal-hal anu geus karandapan. Sakapeung ajeak nēbak cangdauran nu geus gararing, djiga nu maksa ngadjak balik ka djaman ka tukang, djaman keur ngora nu geus ampir reup-reupan, deukeut-deukeut ka alam ngimpi

Manehna tjēngkat, rumaluh djēro pisan bari luak-lieus nēlēkan kaajaen sakurilingeunana.

Beh ditu katembong runggunuk pasirna, dipuntangan eurih nu geus lawas teu diduruk. Sawah-sawah nu bareto mindēng dipalotretan urang kota masih tētēp ngarupakeun sengked Ngan handjakal bēlēkokna geus teu barētaheun ngandjang, padjarkeun teh bongan irigasina ditjulkeun euweuh nu ngurus.

Rada ka lēbak, djalan satapak ami sasarina lēdug unggal poe dipake nganteuran, geus euweuh urut-urutna, tinggal djukut ngadjēdjēmbrung pasēlang djeung peuteuj selong urut pagēr. Beuki djauh beuki leungit, pundung euweuli nu njambat. Ngan watēsna nu sing arēntjlo keneh teh, mere tjiri ka nu tjan njalo jen eta teh kēbon Bah Hadji, guru ngadji djaman aja kenché nji Amah.

Ka leh-dieuna rada saleuhueung tangkal tjauna aja tapak ngatur manusa, tangkal kalapana paréntul sing lēkētjēng euweuh dauren djiga nu karek diduruk tjkeneh. Ngan susukanana heulah Kidul anggēr keneh, saat teu saat tara aral dipake wada, teu adigung dumeli dipundjung.

Ieu sagala ngingētan manehna ka djaman keur budak, ti

djaman dipangantenkeun dirorangkenan kembang sawo, djaman rĕsep salungkar-salingkér di pipir Bali Hadji, tĕrus tĕpi ka wanina ngandjang, ahirna nĕpi ka kasorang kauntun tipung katambang heas laksana kapiduriat ka nji Amah pututon Bah Hadji iug tĕpi ka harita ...

Madju ka beh Kulon deukcun djalan ronda, katempong keneh urut pasantren. Adéganana mĕntjil teu kabaud teu katkon, leumuring Indeung waru lieng sorangan.

Beuki lila monehna lempang beuki deukeat bee ka urut pasantren teh.

Bilikna geus dalolirek, siwareh euweuh tiempedan. Gambar burok geus pebalatak di lair patumpang-tindih djeung bebekan awi urut golodog. Sabudérumana runtah mani ngundung-ngundung, geus lila euweuh nu mitosca.

Di djero poek ku ramiat iantjah djeung harimunu, ngan palupudina nu katura teh marolongo, katjaangan ku tjhajé panonpoe tina sëla-sëla bilik nu geus utjutan. Gambar-gambar nu pinuh ku aksara Arab panglius bilik geus euweuh hidjihidji atjan nu katenibong. Kitu deui hoc pamandjuk, sobat dalit tonggong para santri, ngan kari urut njelapkeunana di djuru.

Bilik kareupan, aja ajana mah; duka geus sabaraha djamar ngalaman diganti, tapi ari lĕbah nu ngahĕlobna mah ass anggér kench, paranti nundutan bari diajun-ajun ajat Kuran Ajat-ajat nu ngau ukur kaharti laguna ku manehna mah.

Katjipta kasuhudanana ki santri, unggal poe ti surat ka surat, li batjaan ka batjaan diteureujan bari sila djeung ngadépong. Sakapeung kapaksa kudu ngabélel-bélel panon njidikkeun tulisan ustad dina papan albasiah.

Gawe, ngan pupudjian bari silih gasak disélang ngadongeng, dideungekeun bari lĕlenggutan.

Tjita-tjita manehna ge harita mah ngan tĕpi ka hatam, geus kitu mah beak bac waktu ugora teh, ditumbu-tumbu ku mantu-mantu kolotna di sawah.

Aja oge wal tu nu ngabunggalkeun, njaeta bulan Puasa, Rébaran, mulih dijauh laluun diadjak balandia ka kota Tia-

tjap harita meh kabungah teh ... lapi manusia kudu ngalatlon.

Sadjuz deui ka tamat, ka waktu hatam nu dipiadjam, manehna dibawa ku pamanna ka kota rek disakolakeun.

Pokna teh : hirup di pasantren nuuk moal djadi duit, moal hurip, malah kalurup ...

Ti ménit La djam, ti bidan ka taun, teu karasa, waktu beak diteureunjan sadjarah.

Geus opat taun manehna ngandjrék di kota, kabisaaan-kabisaaan pasantren geus ampir musna, kari salatna nu teu leeh teh, malih meh unggal bulan dilongokeun surat ti lémbar.

Menang nimitti pisen mali rada kaluman, sagala diwak-tuan diwatésan, lamun euweuh pangbélberah mah atawa kě lasna kawas pasantren, lapur meureum teu kaur balas ming-gat. Komo ari geus dipaksa kudu disapalu, era-era ge nung-garan mali kapaksa, ngadiglen lempang kawas njonja nagri, bari ngelek roti dibungkus

Aja hidji hal nu ngadjadikenu tjatjad pikeun dirina, uja eta sipat misahkeun maneh. Manehna teu ngarasa deui karakétan pasantren nu geus mangtaun-taun kaalaman. Baba turanana ajenna mali saperti nu niaksa ka manehna kudu ngawatésan diri, ngawatésan tjampur. Karasa ajana gurat-watés nu ku manehna dianggap watés nu mutlak.

Pangaruh guru ku manehna karasana ngan ukur djeroeun pagér sakola, geus balik mali sama-sakali euweuh tapakna

Teu tjaya di lémbar, meh unggal Djumaah kudu kaandjangan ustاد, karasa ajana tali batin antara ustاد, kolot-djeung para santri.

Beuki lila manehna di kota beuki karasa ajana těkěnan djiwa, beuki natrat ginat-gurat nu misahkeunana, antukna geus teu tahan deni waleh ka pamanna rek balik deui ka lémbar ..

Tépi ka émbur, tjeuk abah : „Mana abah mali ti bareto ge teu niken maneh indit teh. Tjontona teu kudu djauh-djauh apal pancau maneh sorangan kurang kumaha luhur

sakolana, kurang kumaha iukup pangartina, geuning hirupna teu rhanggili kasinangan, kalahi ka rangképong, tiktikbrék, pamadjikan guntu-ganti, mana kitu ge di kota mah lain keur hirup bangsa ureng. Anggursi ejeuna nah bantuan abak sagawe-gawe, tanah setiangkewok wae mah sapan urang bogs keneh ten kudu susah-usah ngudag-ngudag nu tjan tangtu. Malah éma maneh zeus ngarép-ngrép bae ti bareto, boga pi omongeun tjénah .” Manehna ngahuléng ngadenge omongan bapana kitu teh, komo barang tas ngadenge omongan indungna mah teu lemek teu piaték, manehna ngadjéntul kawas nu ka pahung. Kahajang kolotna, pangpangna indungna, manehna kudu kawin, bongan bareto kungsi dijadier kudu nurut ka kolot njaah ka jatim piatu.

Nji Amah harita geus iatnu piatu, tunggal keneh baraja Tjéuk éma: „Maneh teh geus gëde, sakola seeutik-sæeutik ge énggeus, rek ngadareun naor deui, ku gawe-gawe kitu keuri bae, radiakan nji Amah ce, tittinggal kolotna moal beal ku satuan dus taun keru seheuleenan mah. Pekona mah kolo teh samemeh paché halang perdio heulis anak laki-laki, ar geus boga batur niah séhuna meureun ninggalkeun teh, moal hariwang euweuh nu nyepis Karunja ku nji Amah mang kaning geus teu indung teu bapa, euweuh salindunganeun Geura unggal aja surat n maneh basa keur di kota, kudu bae nanjaleun maneh. Dieung era ku latangga, basana tel meureun parawau temnikan mah biasana tépi ka kolot ge moal paju Rongan maneh bareto basa pach Mang Hadji make pipilueun ngagugulung zeus bae ku sarevet ge itu mah arér erépeun.”

Atuh da lain “ihadij, éma”, tembal manehna

„Heueuh nu metak adatna lalaki kewin ka sruwe, djeungs ongkoh elo teh ijin nu sedjen.”

Alésan-alésan ku merchua dibudalkeun keur ngahalangat maksud indungna tapi indungna tétep mangaruhan bari nga lélému, jen pérlu aient bibit oniat keur salindunganeun aré geus kolot diaja.

Nie ahimsa ngarép-ngrép bae ti bareto, boga piomongeun

tjénah ...". Manehna mah teu bisa kumaha.

Saminggu rame nu popolali, nu ngapur balandongan teo tinggaleun keur nu njambungan ku gëndjringan.

Ti ulen tépi ka rangginang ti gulampo tépi ka wadjet sur-sor pabaliut njambut tamu.

Manehna dirimng ku turut babaturanana masantren, digacondjak ku sobet-sobatna ti kota.

Teu njana, waktu budak teh bakal balik deui, disangka mah geus leungit baréng djeung rénungna kumis. Sosobatan karasa asa anjar deui !

Katjida manelina bungahna bisa ngalamnan deui djamanan nu ka tukang tukang, nu disangka moal kapanggih deui. Rusras kagagas ku sora gëndjring diseling ku pupudjian

Tutup karia, manelina geus rangkép djeung nji Amah

Kajaan sapopoe biasa cuweuh robalina, ngan anggapan k, kolot geus beda.

Ajeuna, leuleuj tapi eusian, ngabunian tabeat „bapa” pikabaréupeun.

Sakapeung djamanan ngora balik deui dina ingétanana, waktu diuk paduduaan, djaman silih baledog ku siki tasbeh, djaman menta dianteur balik tadarus ... Sanggeus sababaraha bulan kakara kanjalioan ieu manehna bakal djadi bapa énjaan. Bungah aja hariwang aja. Hontjewang, sedih, aral minuhan parasaanana.

Sidik ajeuna mali djamanan ngora moal balik deui, kabebasanana waktu masantren tetela beuki ngadjauhan.

Teu karasa deui kawadijabanana nambahan unggal poe, numpuk menta diangeuskeun. Pikeun satérusna sagala tanggungan bakal ngabetungbeuratan taktikna, pamadijken, anak, kolot djeung dirina pribadi.

Tépi ka mana „dunja anjar” ieu watésna, mana gurat-guratin anji naugtukeun hirupua, ngan hidji tjékélan nu njampak : „Hirup andjeun keur Nu Ngajakeun andjeun ...”

Ka mana tjita-tjita keur ngora ...? Naha kira-kirana bakal jatang deui ...?

Apan ku manehna geus diadonan djadi këtjap „hirup” .

Buktina ajeuna, Nji Amah katut budak musna, ukur djadi lamunan, balitungkeuneun djaga di padang mahsjar. Kampung antjur djadi lèbu, ieu handjakal asal pantjen hirupna katéunan, kamuljaan tjeuk dirina bisa katépi. Indung bapa teu djadi sual, hongan „hirup andjeun keur Nu Ngajakeun andjeun”, buligér euweuh na mere tapsir.

Tungtungna ngahérük njanghareupan lèbu, bari nganaha-naha kana lakuna pribadi .

Tina Tiandra no. 2 tn. 1,
Djuni 1954.



Rek tepi ka mana?

HIRUP saéijana ngandung dua harti, hal ieu ku manehna memang geus diaku ku utjap dicing lampah.

Hirup kalawan hueipna, eta geus lila dipapaj, ti barang gubrag ka dunja ku indung bapa geus diwovoj ku këtjap „hirup”, didjagrakan bubur heureum bubur bodas ditumpangan hahampangan. Tjeurik saeutik lain ngan ukur dipirig hariring putting Lee, tapi ngelunna mësjan dicing bauna buraan panglaj njaratan hirupna nu lurip.

Tébung taun moal gadjlig babantjakan balaketjrakan teu patrí lamun kain paradji teu kabagi, tatangga kaduum rata.

Nintjak umur tujuh taun, kahajang bapana laksana disunatan sabada — lëbaran. Tong ditjatur ubjagna urang lëmbur mah kapan kabeh oge pada njaho euweuh dua euweuh tilu, Den Dana putra Djuragan Komis mah. Bapa kuring kaserenan njieun balandongan kur wajang. Atuh kuring sorangan harits mah rada epe mutjékil, tara pisan anggang ti tukang kukumbah ngarrah sérédan tamu.

Djadjauheun ingét kana tuberuloseu kawas ajeuna, ngeunah bae nu aja nimat asa tas puasa manggih lëbaran. Ngan handjaka tjanolina ngangkir ti tenggoh, lamun seug indung kuring anu kabénum neureun sabulan bae mah niis. Ari pamuan kuring ku sabab hampang birit nya teu wudu, kapeto djadi — si Lengser, purah kantjad-kintjid. Tutundjukna mah teu beda kawas dina pantau ngan labu keleken tara beheeten saukur liang irung rada kënbang, tapi lain pangaruh pudjian, estuning kërbang warisan karuhun, gëde bawana ti kudrat.

Atuh di djaman harits mah bisa ngarondjat pangkat anu ajeuna pabalatak teh geu, lain untung deui eta bae tatangga kuring tépi ka wani narokkeun lahan katut gëdongna, basana teh tjénah, tah sawahna teh ieu duitua bisa hajang ka Mëkah, asel boga minantu.

Tapi dasar sagala ge euweuh nu langgeng, panta rei meu reuni tjeuk urang Junani mah.

Lain soalua kaburna Walaunda atawa Ustrali nu ku kuring tek didongengkeun teh. keun da eta mah bangsa deungeun pantēs rek kituna teh.

Kabeh ge ngan ngarah eusina wungkul, pait saentik naon hesena bikeun bae ka batur teu dipitjeun ge geus untung.

Teu kalis djuragan Komis anu tadina sapopoe ngadéluuk njanghareupan medja, ajeuna mah kapaksa ngulak beas pěni-bagian.

Mimitina mah diangkat tjokaj teh teu daek, tapi barang nireungeuh nu karareueut, djigana manu ulah batur.

Panungtungan kuring papanggih djeung anakna di Dai Toa, Concordia ajeuna, basa igéł-igéłan teu uni, keur amal maksudna mah.

Ti sémét harita pléng lës teu bedja², atjan. Malah ku kuring kungsi ditanjakeun ka kolotna nu geus ngamakim di Tjibodas, tapi tibatan daek nérangkeun mah kalah ka rambaj tjanpanon, teu sakémek-kémek atjan bétus.

Teu pandjang kuring nanja teh malum rusuli katambah-tambah sok sieun andjeunna kasunt-suat. Geus tég bae, moal salah anakna teh ..gugur”

Tapi barang kuring Iunta-lanto ka Pertjetakan Négara, prok teh — amptok. Sadjongdjongan mah kuring olokok, ngagébég patjamput heran, teu wani nanja sieun kasalahan, malum di Djakarta loba dongeng Hitler.

Keut mah pakeanana asal rap bae katurug-turug rupana ge geus salin djinis. Kulit anu sakitu bérésihna teh ajeuna mah tinggal dakina, komo buukna mah geus euweuh tapak²na galing, kalah ka godeg bae djeung — kumis matak mélang popoean.

Ku kituna mah saha nu teu rek pangling, awak anu tadina ngarareusi, djigana ajeuna mah moal salah² teuing lamun disébut peot teh.

Lila² bakat ku diteueup bae, manehna waleh miheulaan nanja

Geus kitu mah kakara kuring sasalaman, silih tanja pangandjrekan, biasa sakumaha ka sobat anu geus lila teu tēpung.

Ku uplēk²-na lat wae kuring poho jen anu dipake ngobrol teh „kamar tamu”, ingèt² soteh sirené pabrik nitah bérénti ka kaum buruhna.

Atuh kuring oge kapaksa mègatkeun obrolan. Manehna ku kuring diadék ku imah, ieu djauh pérnahna mah, kana betja teh Rp. 1,50. mun di Bandung mah meureum Rp. 0,50 go meunang.

Datang ka imah, njonipak teh entog pabaliut djeung hajam rek njemah meureum maksudna mah ngan pribunina nudju suwung.

